# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

СЕНТЯБРЬ • 2020• ОКТЯБРЬ

5



5

IУАЩХЬЭМАХУЭ

2020

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ**
**ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ**
**ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий,
БищIо Борис, Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
Тэтрокъуэ Астемыр, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2020

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ IутIыж Борис къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*


ЛъэужьыфIэ........ 3
**ЩакIуэ Марьянэ.** Лъэпкъ драматургием и классик........ 5
**БакIуу Хъанджэрий.** Зи Iэужьыр мыкIуэдыжын........ 9
**Теувэж СулътIан.** Адыгэ Мольер........ 15
**Гъут Iэдэм.** Псэ дахэм и нур........ 17
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** IутIыж Борис и усыгъэ дунейр........ 21
IутIыж Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 33
**IутIыж Борис.** *Усэхэр*........ 37
**IутIыж Борис.** Мазэгъуэ жэщ. *Новеллэ*........ 48
**IутIыж Борис.** Тыргъэтауэ. *Трагедие*........ 69


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Зэману дахэ, сумыгъэпIащIэ... ........ 153
Вындыжь Марие хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 159


## Усыгъэ


**Вындыжь Марие.** *Усэхэр*........ 160


## Публицистикэ


**НэщIэпыджэ Замирэ.** Адыгэбзэм гуащIэшхуэ иIэщ, абы зыкъыуегъащIэ, зыкъыпхуеIуатэ........ 165


## IуэрыIуатэ


Нарт хъыбархэр........ 169

IутIыж Борис теухуа псалъэзэблэдз........ 174

*ТхакӀуэ ӀутӀыж Борис къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*





# ЛЪЭУЖЬЫФӀЭ

*ТхакӀуэ, усакӀуэ, драматург, публицист, щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэ ӀутӀыж Борис Къуней и къуэр 1940 гъэм октябрым и 15-м Шэрэдж куейм щыщ Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. А жылэм дэт курыт еджапӀэр къиуха нэужь, Борис дзэм илъэсищкӀэ къулыкъу щищӀащ. 1963-1968 гъэхэм абы щӀэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ урыс литературэмкӀэ и къудамэм. ЕхъулӀэныгъэ иӀэу КъБКъУ-р къэзыуха щӀалэр ирагъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым. ПщӀэ зыхуащӀ ӀэщӀагъэлӀу Борис абы илъэс 22-кӀэ щылэжьащ. А зэманым къриубыдэуи ӀутӀыжым къиухащ Тбилиси къалэм бзэ щӀэныгъэхэмкӀэ дэт институтым и аспирантурэр. А институт дыдэм абы утыку къыщрихьащ адыгэбзэм и Ӏыхьэ нэхъ гугъухэм ящыщ зым теухуа диссертацэр икӀи зэдэарэзыуэ къыфӀащащ филологие щӀэныгъэхэм я кандидат цӀэр.*

*Къыхиха бзэ щӀэныгъэм ехъэлӀауэ Борис къыдигъэкӀащ монографие, сборник щхъэхуэхэр, журналхэм статья куэд къытригъэдзащ, адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэлъхьэным, къыдэгъэкӀыным и гуащӀи, и щӀэныгъи ирихьэлӀащ. Борис яхэтащ 1999 гъэм Москва къыщыдэкӀа «Адыгэбзэ псалъалъэ» («Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ») тхылъыш-*

*хуэр зэхэзылъхьахэм. 2001 гъэм дунейм къытехьащ еджакIуэхэм папщIэ зэхагъэува «Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэр». А тхылъ щхьэпэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэлIищым язщ IутIыж Борис.*

*ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэу Налшык дэт институтым 1990 гъэм ирагъэблагъэри, лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмкIэ абы къыщызэIуаха кафедрэм и унафэщIу илъэс хуэдэкIэ щылэжьащ IутIыжыр. Зыпэрыува Iуэхум хъарзынэу хэзэгъа, дихьэха пэтми, аргуэру лэжьапIэхъуэж ищIыныр къыхудэкIат: 1991 гъэм адыгэ тхакIуэхэм я зэхуэсым ар зэдэарэзыуэ щыхахат «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу. 2008 гъэм октябрым и 28 махуэм нэсыху (дунейм ехыжыху) Борис пэрытащ а IэнатIэ мытыншым.*

*Литературэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, IутIыж Борис и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ купщIафIэхэр, новеллэ гъэщIэгъуэнхэр, «ГущIагъщIэлъхэр» зыфIища гупсысэ кIэщI хъэлэмэтхэр, гушыIэ, ауан зыхэлъ тхыгъэ шэрыуэхэр, пародиехэр, эпиграммэхэр, памфлетхэр, анэдэлъхубзэм, литературэм, театрым ятеухуа публицистическэ тхыгъэхэр, сабийхэм яхуитха усэхэр...*

*ИтIани IутIыж Борис нэхъ къызэрацIыхуу щытар драматургыущ, цIэрыIуэ нэхъ зыщIари и пьесэ купщIафIэхэрщ.*

*Сценарийхэм нэмыщIкIэ, едзыгъуэхэурэ зэхэт пьесэу 30-м нэс итхащ IутIыжым. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, усэбзэкIэ тха «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Эдип», «Мазагъуэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Гъуэбжэгъуэщ» трагедиехэр; «Кушыкупщ», «Кхъужьеибэ», «Нартхэ я дыгъэ», «ГукъэкIыжхэм я гъатхэ» драмэхэр; «Шамхъун и фызышэ», «Гуащэмыдэхьэблэ», «Хьэцацэ дахэ», «Хьэпэщыпхэ», «ГушыIэ махуэ апщий!», «Дунейр театрщ», «Зиусхьэн Хьэжыбац!» комедиехэр, нэгъуэщIхэри.*



*IутIыжым лъэпкъ драматургием хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ ирита зыужьыныгъэмрэ я щапхъэ наIуэщ илъэс 40 хъуауэ абы и пьесэхэм ди лъэпкъ театрым и репертуарыр зэрагъэбжьыфIэр. Борис и пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр щагъэлъэгъуащ Адыгейми, Шэрджэсми, Абхъазми, Дагъыстэнми, Осетиеми, Къалмыкъми, Москваи. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хамэ къэралхэми пщIэ щагъуэтащ абы и пьесэхэм. Псалъэм папщIэ, «Тыргъэтауэ» пьесэр хьэрыпыбзэкIэ зэрадзэкIри, 1990 гъэм тхылъ щхьэхуэу Щам (Дамаск) къыщыдагъэкIащ. 1996 гъэм «Дамэлей» пьесэм къытращIыкIа спектакль хьэлэмэтыр ехъулIэныгъэ иIэу щагъэлъэгъуащ Тырку къэралыгъуэм щыщу Истамбыл, Къайсэр, Османие, Мерсин, Гёксун къалэхэм. Борис и «Тыргъэтауэр» франджыбзэкIэ зэрадзэкIащ, Париж къыщыдэкIа «Кавказым ис лъэпкъхэм я театральнэ критикэмрэ драматургиемрэ я антологием» хагъэхьащ. Апхуэдэуи зэрадзэкIащ иджырей ди гъащIэм теухуауэ Борис иужьрейуэ итха «Олигарх гуащэ» пьесэ хьэлэмэтри. Езым итхахэм нэмыщIкIэ, пьесэ зыбгъупщI ди лъэпкъ театрхэм яхузэридзэкIауэ щытащ абы.*

*Борис «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Ар хэтащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм.*

# ЛЪЭПКЪ ДРАМАТУРГИЕМ И КЛАССИК

XX лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм къыщыщIэдзауэ адыгэ драматургием зиужьынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ IутIыж Борис Къуней и къуэм (1940–2008). Драматургым и творческэ зэфIэкIыр зэрыкъулей дыдэр наIуэ мэхъу абы и «Пьесэхэр» (1983), «Дамэлей» (1991), «ГушыIэ махуэ апщий!» (1993), «Адыгэ хъыбарыжь» (1995), «Дунейр – театрщ» (1998), «Тхыгъэхэр» (2000), «ГушыIалъэ» (2003), «Къудамэхэр» (2005), «Лъэужь» (2007) тхылъхэм укIэлъыплъыжа нэужь.

ГъащIэм и зэхэлъыкIэм, цIыхухэм я зэхущытыкIэм кууэ уезыгъэгупсыс драматургщ IутIыжыр. И пьесэхэм ущытепсэлъыхькIэ, псом хуэмыдэу удехьэх ахэр зэрытха усэбзэм. Анэдэлъхубзэм и IэфIагъри, и дахагъри, и шэрыуагъри щызыхыбощIэ тхакIуэм и бзэм. Нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми, хьэлкIэ, дуней тетыкIэкIэ зэхуэмыдэ цIыхухэм я псэлъафэхэр абы IэкIуэлъакIуэу къегъуэтыф. Адыгэ усэ гъэпсыкIэм тету, IуэрыIуатэр Iэрыхуэу къигъэсэбэпурэ тхыдэ дэфтэрхэр, пасэрей тхыгъэхэр, къэхутэныгъэщIэхэр тегъэщIапIэ ищIурэ, IутIыжым блэкIа лъэхъэнэ жыжьэм теухуа драмэхэр, трагедиехэр етх. Апхуэдэщ «Тыргъэтауэ» (1976), «Лъыгъажэ жэщ» (1976), «Кхъужьеибэ» (1984), «Адыгэ хъыбарыжь» (1990), «Дамэлей» (1991), «Эдип» (1996), «Кушыкупщ» (1998). Я зэхэлъыкIэкIи, къаIэт IуэхугъуэкIи, я мыхьэнэкIи мы пьесэхэр зэхуэмыдэми, псори художественнэ Iэзагъ ин хэлъу тхащ.



Трагедие лъагэкIэ зэджэ гъэпсыкIэм тетщ ди лъэпкъ драматургием хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа «Тыргъэтауэ» пьесэр. А тхыгъэм щелэжьым мурад иIам щытепсэлъыхьым, езы драматургым мыпхуэдэу жиIэгъауэ щытащ: «Трагедие. СыткIэ хуэныкъуэ нобэрей цIыхур гуауэкIэ иух хъыбар? Дауи, нобэрей цIыхур хуэпабгъэркъым и гур езыудыхын хъыбар, ауэ лъахэм, лъэпкъым, пэжыгъэм, хуитыныгъэм папщIэ псэр щаткIэ, къэнахэм я гур цIыкIу хъуркъым, атIэ дэтхэнэми къэгъэсэбэпа мыхъу лIыгъэ ин, гурыщIэ къабзэ зэрыбгъэдэлъыр елъагъуж, а джэла цIыхур зыхуэIэба дыгъэми мыдрейр гурэ псэкIэ хуокIуатэ. Аращ дэтхэнэ трагедиеми цIыхухэм я нэм щIилъэгъуэну зыщIэхъуэпсыр: нэпс мыхъуу – хъуэпскIщ».

«Тыргъэтауэ» пьесэм тегъэщIапIэ хуэхъуар ди эрэм и етIуанэ лIэщIыгъуэм псэуа алыдж тхыдэтх Полиен и «Зауэ хьилагъэхэр» зыфIища тхылъым щыщ Тыргъэтауэ пащтыхь цIыхубзым и хъыбарым и сюжетыращ.

Полиен къызэринэкIа тхыгъэхэр щыхьэт тохъуэ синдхэм пащтыхьрэ СиндейкIэ зэджэ къэралрэ зэраIам, мэуэтхэм къаруушхуэ зэрабгъэдэлъам, дзэшхуэ ягъэшэсыфу зэрыщытам. Боспор къэралыгъуэм и жьауэм щIэхуами, синдхэр абы хуэжыIэщIэ хъуакъым, ублэмэ ебгъэрыкIуэрэ езауэу, еныкъуэкъу зэпыту къэгъуэгурыкIуащ. Боспор пащтыхьхэмрэ синд-мэуэтхэмрэ я зэхущытыкIам теухуащ Тыргъэтауэ и хъыбар гъэщIэгъуэныр.

«Тыргъэтауэ» пьесэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр щекIуэкIыр илъэс минитIрэ никъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ синдхэмрэ мэуэтхэмрэ щыпсэуа лъахэу Ахын и Iуфэ Адыгэ хэкужьым хыхьэ щIыналъэрщ. Удехьэх зи цIэр пьесэм фIэщыгъэ хуэхъуа Тыргъэтауэ и образ хьэлэмэтым. КъызэрыгуэкIкъым а бзылъхугъэ дахэм и образыр. Ар къэмылэнджэж дзэзешэ Iэзэщ, зауэм Iут дзэ иныр текIуэныгъэм хуэзыунэтIыф зауэлIщ, лей къытехуам иуплIэнщIа гъэрщ, гузэвэгъуэм лъыщIэжыным ирихулIа цIыхубзщ. Тыргъэтауэ псэ хьэлэл зиIэ цIыху хахуэщ.

АтIэми, ар егъэлеяуэ щIэхъуэпсыркъым Iэщэ IэщIэлъу зэуапIэм Iухьэну, ауэ Iэмал зимыIэж Iуэхугъуэхэм ирахулIэри, Iэщэ къиштэн хуей мэхъу. Гуимыхужщ лIы и лIыжри езыгъэтIысэхын бэлыхьыр зытепсыхэ цIыхубзыр. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьми ар къыхэзыхыр зэи Iэпымыху и лIыгъэрщ. Тыргъэтауэ хэтщ мэуэтхэмрэ синдхэмрэ зэгуригъаIуэу бийхэр зыпэмылъэщын зы къэралыгъуэ быдэ яригъэухуэну. Псэемыблэжу ар щIобэн къызыхэкIа лъэпкъым и насыпымрэ и къэкIуэнумрэ. ЗэхэгъэкIыныгъэ гугъухэм я зэман хьэлъэми, бий бзаджэхэмрэ ныбжьэгъу нэпцI щхьэхуещэхэмрэ къаухъуреихь пэтми, Тыргъэтауэ и акъыл IущымкIэ елъагъу щебгъэрыкIуэнури къыщикIуэтынури, нэгъуэщIхэм зауэ зэгурыIуэныгъэ щарищIылIэнури. АтIэми, Тыргъэтауэ зауэлI фащэм ижыхьыжауэ щыткъым. Ар и адэ Шупашэ щыдэуэршэркIэ – пхъу гуапэщ, и къуэ закъуэ Джатэгъазэ щедэхащIэкIэ – анэ гумащIэщ, и щхьэгъусэ Джэгъэтей дежкIэ бзылъхугъэ Iэдэбщ. ЦIыхугъэкIэ, лIыгъэкIэ, къабзагъэкIэ псыхьа, Iуэхум хуэпэж пащтыхь цIыхубзыр лъэпкъ напэм епцIыжкъым, атIэ и псэр абы щхьэкIэ ет.



ГъэщIэгъуэну псыхьа хъуащ «Тыргъэтауэ» трагедием хэт Шупашэ, Джэгъэтей, Щэтир пщыхэм я образхэр. Мы пьесэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм я нэхъыбэр къыздыщежьэр Тыргъэтауэ и щхьэгъусэ Джэгъэтей дежщ. Ар синдхэм япщщ. Хэкур уардэ зыщIа и адэ цIэрыIуэм къыщIэна пщыгъуэр къылъысауэ IэщIэлъщ, ар зэрыса тахътэм исщ, абы тегужьеикIауэ. Ар зыIэщIимыгъэкIыным щхьэкIэ, сытри ищIэну хьэзырщ. Ауэ Джэгъэтей хэку зехьэным тегъэпсыхьауэ щыткъым. Пщым иIэн хуей зэфIэкIымрэ фIэлIыкIымрэ хуабжьу къомэщIэкI. Езы Джэгъэтеи а и тIасхъапIэр елъагъуж, абы къыхэкIыуи къэзыхъумэну къыфIэщIхэм я дежкIэ зедз. Хэкум и сэбэп лъэпкъ зыхэмылъ Iуэху гуэрхэм арэзы тохъуэ. Зызыщыхъумэн хуейхэм я жыIэм щIэдэIуурэ, пэж къыжезыIэхэр, къыпэувынкIэ зыщышынэхэр егъэкIуэд, апхуэдэ щIыкIэкIэ пщыгъуэр зыIэщIимыгъэкIыну хэту. Ауэ пщыгъуэм и закъуэкъым Джэгъэтей IэщIэкIыр: псэм пэзыщI щхьэгъусэри, и къуэ закъуэри, пэжыгъэкIэ къыбгъэдэт блыгущIэтхэри, лъэпкъэгъухэри, псори IэщIокI. И гущIэм щызэригъэзахуэу щыхузэхуэмыгъэхъухэрщ синдыпщым и акъылыр зыгъэутхъуэри, и IэкIэ и псэр хихыжыну езыхулIэри. Джэгъэтей и трагедиер зыкIи нэхъ цIыкIукъым и щхьэгъусэ Тыргъэтауэ ейм нэхърэ. Сыт хуэдиз гуауэм къежьапIэ яхуэмыхъуами, сыт хуэдиз псэ хей абы и зэранкIэ ямыгъэнами, Джэгъэтей гущыкI хуэщIыгъуафIэм и пIэкIэ гущIэгъу хуэщIыгъуейр нэхъ хуэфащэщ.

Щыпкъагъэ лъэпкъ зыхэмылъ цIыху щыкIащ Щэтир пщыр. Алыджу къимыгъэщIа дэтхэнэри и лъабжьэм щIэтын хуейуэ, адрей лъэпкъхэм я гущIыIу ирикIуэнкIэ хуитыныгъэ иIэу къыщыхъужу цIыху щхьэзыфIэфIщ, кIуэцIырыкъуэжьщ. Абы и хьэл мыхъумыщIэхэр IупщIу къыхощ и псэлъэкIэм: «Щэтир есакъым къыпэрыуэ щыIэу! Щэтир жиIамэ, – зэфIэкIащ: вгъэзащIэ!».

Боспорыпщым нэхърэ нэхъ шынагъуэжщ Джэгъэтей и шынэхъыщIэ Шабзэзехьэ. Ар ем щIэхъуэпсрэ щIэкъу зэпыту езыхьэкI цIыху псэ фIейщ, цIыху нэджэIуджэщ. Шабзэзехьэ хьэ щэхурыпхъуэщ, зэпымыууэ зыгуэрхэм еплъакIуэу, якIэщIэдэIухь зэпыту, дэнэкIи нэсрэ и лъэужьыр лъыпсрэ гуIэгъуэу.

НэгъуэщI персонаж гъэщIэгъуэн куэд хэтщ мы пьесэм, IуэрыIуатэм и хъыбар нэхъыфIхэм къахэтэджыкIа хуэдэ ехьэжьахэу, узыIэпашэхэу. Апхуэдэхэщ Тыргъэтауэ и адэ Шупашэ, Джатэгъазэ и гъэсакIуэ, ГущIасэ и адэ Бзэрэбзабэ, Джэгъэтей и адэ Дыщэтаж гурэ псэкIэ бгъэдэта, иджы езым и блыгущIэтхэу Щэджащэ, Тхьэдзэшу, Бэрауэ хэкулIхэр.

Пасэрей алыдж-урым трагедиехэр уигу къигъэкIыжми, IутIыжым и «Тыргъэтауэр» нэгъэсауэ адыгэ нэпкъыжьэ зытелъ лъэпкъ тхыгъэщ. Мы пьесэр Къумыкъу Мамдухь 1980 гъэм хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIа нэужь, ар тхылъ щхьэхуэу Щам къалэм дунейм къыщытехьащ. Абы щыщ пычыгъуэ франджыбзэкIэ зэдзэкIауэ «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ я унэ» антологием иту 2005 гъэм Париж къыщыдэкIащ. 1982 гъэм «Тыргъэтауэр» урысыбзэкIэ «къигъэпсэлъащ» Къуэдзокъуэ Хьэсэн. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 425-рэ щрикъум, «Тыргъэтауэм» къытращIыкIа спектаклыр Москва щагъэлъэгъуащ. Абы еплъахэм хэта, гъуазджэ щIэныгъэхэм я доктор Хайченкэ Г. А. спектаклым щытепсэлъыхьым жиIащ: «ИкъукIэ гъэщIэгъуэну къысщыхъуащ IутIыж Борис и пьесэм къытращIыкIа «Тыргъэтауэр». Мыр, шэч хэмылъу, пьесэ-легендэщ, адыгэхэм я тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, зэгуэр псэуа цIыхухэм тепсэлъыхьу щытми. Сыт мыбы нэхъыбэу удэзыхьэхыу хэлъыр? Зэман жыжьэм теухуами, мы ди нобэрей гъащIэм къызэрыпэджэжырщ. Мыбы хэт цIыхухэм я гуауэри, я гуапэри ди псэкIэ зыхыдощIэ». Мы псалъэхэм поджэж театр критик Звягинэ А. и рецензэм щыщхэри: «Тыргъэтауэр» фрескэ жыхуаIэм хуэдэ тхыгъэщ. Пьесэр тхыдэм теухуа драмэ къызэрыгуэкIыу къэплъытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ар трагедие нэгъэсащ, игъащIэми дунейм щызэпэщIэт фIымрэ бзаджэмрэ, пэжымрэ пцIымрэ, нэхумрэ кIыфIымрэ – ахэращ зытеухуари».

IутIыжыр гупсысэ куу зиIэ, зытетхыхьыр фIыуэ зыщIэ, адыгэбзэр зыгъэшэрыуэф драматург Iэзэу зэрыщытам и щыхьэтщ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа адрей тхыгъэхэри. Апхуэдэщ «Шамхьун и фызышэ» (1971), «Гуащэмыдэхьэблэ» (1980) водевилхэр, «Хьэцацэ дахэ» (1980), «Хьэпэщыпхэ» (1992) фарсхэр, «Жьэмыгъуэ – Африкэм» (1993), «Жьэмыгъуэ – Америкэм» (2002), «Олигарх гуащэ» (2005) трагифарсхэр, нэгъуэщI гушыIэ, ауанышI комедиехэр.

IутIыжым пасэу игъэжану щIидзащ цIыху мыхъумыщIэхэм, Iуэху мыщхьэпэхэм зэребэныну и къалэмыр. ИкъукIэ бгъуфIэщ абы и гушыIалъэр. Адыгэ комедиографием и налкъутналмэс хъуащ «Ажэгъафэ джэгухэр» (1998). Ар дыхьэгъ (теплъэгъуэ) 28-уэ зэхэтщ икIи джэгугъуитхум тегъэпсыхьауэ зэщхьэщыхащ: «ГушыIэ махуэ апщий!», «ГушыIэр гушыIэщ», «ДыкIуэм-дылъэурэ», «Дунейр – театрщ», «Театр къэкIуащ!». Джэгугъуэ къэс едзыгъуэ тIурытIу, едзыгъуэхэр теплъэгъуэ (дыхьэгъ) щырыщу зэхэтщ.

Литературэм, псом хуэмыдэжу комедиографием, щызекIуэ гротеск, гиперболэ Iэмалхэм я фIыгъэкIэ драматургым IупщI икIи дыхьэшхэн тщещI зытегушыIыхь Iуэхугъуэхэр, персонажхэр. УщIэдыхьэшхыни ущIэгъыни зыхэлъ Iуэхугъуэ куэд итщ «Ажэгъафэ джэгухэм».

IутIыж Борис лъэпкъым, лъахэм я блэкIам, я къэкIуэнум ирипIейтейрт, нобэрей дуней зэтемысым, зэман зэхэзэрыхьам игъэгузавэрт. ТхакIуэм и плъапIэр цIыхубэм я Iуэхухэрт, и комедиехэмкIэ щигъэдыхьэшхкIи, драмэм и IэмалхэмкIэ ди тхыдэм и лъагъуэ кIыхьым щригъэплъэжкIи. Гупсысэ куукIэ псыхьащ абы и усэхэмрэ и новеллэхэмри.

Талант абрагъуэ зыбгъэдэлъа IутIыж Борис езыр псэу щIыкIэ лъэпкъ драматургием и классикыу къалъытащ. Шэч хэлъкъым а цIэр абы игъащIэкIи къызэрыдекIуэкIынум.



**ЩАКIУЭ Марьянэ**,
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ЗИ IЭУЖЬЫР МЫКIУЭДЫЖЫН

IутIыж Борис адыгэбзэм, зэрыщыту къапщтэмэ, ди культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Сэ сызэреплъымкIэ, ар ебгъапщэ хъунущ Ломоносовым урыс тхыдэм хуилэжьам.

Псалъэм папщIэ, Ломоносовым Германием къригъэхырти Урысейм къигъэхьырт нэмыцэ усакIуэхэм яжь къыщIихуу итха одэхэр, итIанэ, нэмыцэ химикхэмрэ физикхэмрэ я къэхутэныгъэхэр кууэ иджырти, ахэр и лэжьыгъэхэм къызэрыщигъэсэбэпыным яужь итт. IутIыжри, Куржым аспирантурэм щыщIэсам, грузин художник-чеканщикхэм я деж куэдым щыхуеджащ, икIи абы иужькIэ ищIащ адыгэ гъащIэм, тхыдэм, мифхэм, езым итха и трагедиехэм ятеухуауэ жэзым тещIыхьа сурэт гъуэзэджэхэр.

IутIыжым ди литературэм щIэуэ зыкъом хилъхьащ. Ар литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэрт – эпосми, драмэми, лирикэми. Абыхэм я Iэмалхэр зы тхыгъэм щызэдигъэлажьэрт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм литературэм куэдрэ ущыхуэзэркъым. Гринберг И. зэритхыгъащи: «Къыщыхъу щыIэщ зы усакIуэм лирикэри, эпосри, уеблэмэ, драмэри щызэхиухуанэ». Критикым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэу щытащ Луговской В., Твардовский А., Марцинкявичус Ю. сымэ. Абыхэм ябгъэдэбгъэувэ хъунущ IутIыжри.

Дэтхэнэ жанрми, ахэр зытепсэлъыхьым и мызакъуэу, къызэриIуатэ щIыкIэми IутIыжым щIэщыгъуэ гуэрхэр хилъхьэрт. Къапщтэмэ, адыгэ литературэм щIэуэ къыхигъэхьахэм ящыщщ «философие лирикэ» прозэр. Мыбы екIуу щызэхошыпсыхь прозэу тха усэмрэ искусствэм уахътыншэу къыдэгъуэгурыкIуэ философие эссемрэ. IутIыжым и апхуэдэ тхыгъэхэм фIищахэми – «Бжьэхэр», «Къырхэр», «Гум и гупсысэхэр», «Лъагъуныгъэ», нэгъуэщIхэми – уигу къагъэкIыж дунейпсо литературэм дызыщыхуэзэ философие теплъэгъуэхэр. А теплъэгъуэ мыин дыдэхэр Iуэхугъуэ щхьэхуэ гуэрым теухуа усэ гупхэм я пэублэу ягъэув икIи абыхэм усэхэм ящIэлъ гупсысэр нэхъри куу ящI. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм щыдолъагъу тхыгъэр усэм и жыпхъэм икIыу прозэм е прозэр усэм зэрыхуэкIуэр («Къырхэр»). Прозэм щыхуэкIуэм деж усэр «усэ жыпхъэм и Iэхъулъэхъум» къыIэщIегъэкIри, тхылъеджэм нэхъ хуиту епсэлъэну Iэмал егъуэт.



Лирикэр IутIыжым псэуху къыдэгъуэгурыкIуащ. Абы медитатив (гупсысэр щытепщэ) усэхэм нэхъ гулъытэ хуещI. УсакIуэр философие гупсысэкIэм нэхъ зэрызыIэпишэр нэхъыбэу щыболъагъу «ХъуаскIэхэр» зыфIища сатыр плIырыплI усэ гупым. Абы IупщIу къыхолыдыкI ди псэукIэм и теплъэгъуэ цIыкIухэу философие гупсысэкIэкIэ гъэнщIахэр. Кавказ Ищхъэрэм и усыгъэм философие лирикэр нэхъ убгъуауэ къыхыхьэн щыщIидзар лIэщIыгъуэ блэкIам и етIуанэ Iыхьэрщ. Сатыр тIурытI, плIырыплI хъу лирикэм нэхъ зыщиужьащ Гамзатов Р., КIыщокъуэ А., Кулиев Къ. сымэ я творчествэм.

IутIыжым философие гупсысэр къызэриIуатэ усэ гъэпсыкIэхэм я гугъу пщIымэ, нэхъыбэу къигъэсэбэпу щытар сатыр тIурытIхэмрэ плIырыплIхэмрэ тещIыхьа строфахэрт. Философие гупсысэ ящIэлъщ и сонетхэми, сыту жыпIэмэ, сонетым, баснями хуэдэу, псори къызэщIэзыкъуэж гупсысэ хэлъщи. Апхуэдэ тхыгъэхэм усакIуэр щыхущIокъу куэдыIуэрэ къагъэсэбэпа къупхъэ, пщалъэ тхэкIэмрэ

образхэмрэ запыӀуидзыну. УсакӀуэм псалъэ къызэрыгуэкӀхэмкӀэ философие гупсысэ куу къеӀуатэ. Абы и щыхьэтщ мы сатыриплӀыр:

*Зеплъыхьри щыльщ сабий махуищ мыхъуар,*
*Ильагъу дунейр зищӀысыр къыхуэмыщӀэу.*
*Гупсысэу йоплъ дуней жьы дыдэ хъуар*
*И куэщӀым кърaльхъа упщӀэ нагъыщэм.*

Сонетым ӀутӀыжым и творчествэм увыпӀэ хэха щеубыд. УсакӀуэм и сонет нэхъыфӀхэр ихуащ «Къудамэхэр» зыфӀища тхылъым. Борис сонетым зыщыхуигъэзар гъащӀэми усыгъэми зэфӀэкӀыфӀхэр щызригъэхъулӀа 90 гъэхэм яужьщ. Сонет жыпхъэм усэ тхыкӀэм и Ӏэмал зэмылӀэужьыгъуэхэм хуэӀэрыхуэн хуейуэ къегъэув. Арагъэнщ усакӀуэхэм я нэхъыбэм абы куэдрэ зыщӀыхуамыгъазэри. Къапщтэмэ, «Сонет Ӏэрамэхэм» литературэ зызыужьахэм я усакӀуэхэми зрапщытыну таучэл ящӀыщэркъым. ЗыщӀыр зырызыххэщ. Адыгэ усыгъэми сонет зытххэр куэд щыхъуркъым. Ахэр Бэрэтарэ Хьэмид, Къуиикъуэ Налбий, Бемырзэ Мухьэдин (КъШР), ӀутӀыж Борис, Ацкъан Руслан, Уэрэзей Афлик (КъБР) сымэщ.

ӀутӀыжым и сонетхэм къыщыгъэнэӀуащ псоми я зэхуэдэ цӀыхугъэм и хабзэхэр. Абыхэм гуауи нэщхъеягъуи уащыхуозэ. Сонетхэм къагъэлъагъуэ ди жылагъуэр зэхакъутэжу щыхуежьа зэман хьэлъэр, бгъущӀ гъэхэм я пэщӀэдзэр – «пэжыр гъащӀэм хэкӀуэдыкӀын щыщӀидза лъэхъэнэр».

ӀутӀыж Борис и философие гупсысэхэр, лирикэм и мызакъуэу, прозэ цӀыкӀуми къыщиӀуэтащ. ТхакӀуэм теплъэгъуэ зыбжанэ къигъэщӀащ, апхуэдэ прозэ гъэпсыкӀэм тету («ГущӀагъщӀэлъхэр»). Абыхэм ящыщ зым авторым мыпхуэдэу щыжеӀэ:

«Гум едэхащӀэ фӀэщыгъэцӀи къыхуигъуэтыжащ цӀыхум абы: ИСКУССТВЭ. Сыхуитамэ, адыгэбзэкӀэ мыпхуэдэу фӀэсщынт: ГУРЫЩӀАСЭ». («Къудамэхэр». н. 212)

Апхуэдэ Ӏэмалым гур игъэгъущӀэркъым икӀи абы зэреджэ «искусствэ» псалъэм псэр егъэхуабэ. Мы тхыгъэ гупым щыдолъагъу авторыр реализмэм и жыпхъэм зэрикӀар, язынықъуэхэм деж искусствэр гъащӀэм и пэжыпӀэ дыдэм пэщӀигъэувэу. Куэдрэ дыхуозэ жыӀэгъуэ шэрыуэхэм. Къэтхьынщ щапхъэ.

Искусствэм теухуауэ:

«Искусствэр гу къабзагъэм хухаха щӀыналъэщ. Аращ абы узыщрихьэлӀэ фӀеягъэхэр нэм нэхъ къыщӀыщӀэуэр. Гум нэхъ щӀешыкъылӀэр. Псэм хагъуэу къыщӀытенэр».

Усэм теухуауэ: «Усэр, ар усэ дыдэр пэжмэ, гум къытраш телъыджэ ӀуданэхэмкӀэ зэӀуащэ. Апхуэдэ усэхэр мащӀэщ. МащӀэ дыдэщ. Гум къытепшыфынум хуэдизщ».

Лъагъуныгъэм ехьэлӀауэ:

«ФӀыуэ сыкъэплъагъур пэжмэ, уи гум сыщыгъэпсэу. Мы дунейм нэгъуэщӀ егъэзыпӀэ щиӀэкъым лъагъуныгъэм».

Пэжым щхьэкӀэ:

«Пэжыр псоми къалъыхъуэу жаӀэ, ауэ зыми дзыхь ищӀыркъым ар и унэ щӀигъэхьэну. Дунейр къызэриухуэрэ Пэжыр гызыжу уэрамым дэтщ. ЛъапцӀэу. ПцӀанэу. И гугъэр зыхихыжа дыгъэм пэплъэу». («Къудамэхэр» н. 215–227).

Прозэр къапщтэмэ, жыӀапхъэщ тхакӀуэр абы и жанр цӀыкӀухэм нэхъ зэрыдахьэхыр: рассказ, прозэу тха усэ, новеллэ.

Прозэу тха усэм, усыгъэмрэ прозэмрэ зэпызыгъэщхьэхукI «гъунапкъэ» пэлъытэу щыткIэрэ, эпосымрэ лирикэмрэ я нагъыщэхэр щызэхеухуанэ. Уи гупсысэр нэхъыфIу къэпIуэтэн папщIэ, мыпхуэдэ тхэкIэм Iэмалышхуэхэр къуитми, ар къызыхуэгъэсэбэпу тхакIуэхэм яхэтыр мащIэщ. Ди литературэм а жанрым лъэтеувэ щыхуэзыщIар IутIыжыр арауэ жыпIэ хъунущ. Абы япэ дыдэу прозэу усэ щитхар щыстудентам щыгъуэщ – 1967 гъэм. «Пхъэхуеймрэ жыгеймрэ», «Ар хэт?» жыхуиIэ уситIым зы IэрамэфI къакIэлъыкIуащ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIащ IутIыжым езым и увыпIэ ди литературэм щиубыдынымкIэ. Языныкъуэ усэхэр монолог, исповедь фащэм итщ, яхэтщ диалог щIыкIэу ухуахэри. Зытепсэлъыхь я лъэныкъуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэщ. Iуэхугъуэ купщIафIэ куэд къыщыIэтащ искусствэм, литературэм, бзэм, лъэпкъым и къэкIуэнум, гъащIэмрэ ажалымрэ епха тхыгъэхэм. «Дыгъэм кIэрыщIыхьа абгъуэ» жыхуиIэм икъукIэ уигъэпIейтейуэ къыщигъэлъэгъуащ и анэм и образыр, ар дунейм зэрехыжа щIыкIэр, къигъэщIа гъащIэ гугъур. Анэм и образыр Дыгъэм и нэщэнэщ, абы и хуабэр яреτ абгъуэр зыхуищIа и сабийхэм. IутIыжым «Нэху» фIищу псоми фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфI, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа КъардэнгъущI Зырамыку хуитха тхыгъэми хэлъщ гъащIэм и пэжыр къэзыгъэлъэгъуэж нагъыщэхэр. ГъащIэр – зэпымыууэ нэхум хуеIэнырщ. ГъэщIэгъуэнщ, философие мыхьэнэ куукIэ гъэнщIащ дахагъэм теухуауэ тхакIуэм къиIуатэ гупсысэхэри («Телъыджалъэ», 1993). ГъэщIэгъуэну зэхэлъщ «Анэдэлъхубзэм и гурыгъузхэр» (1993) жыхуиIэри. Мыбдежым тхакIуэмрэ анэдэлъхубзэмрэ я закъуэу зэбгъэдэтIысхьауэ щызопсалъэ. Анэдэлъхубзэм и гукъеуэр хуеIуатэ ар зыIурылъ лъэпкъым. Ар хуабжьу ирогумэщI илъэс мин бжыгъэкIэрэ лъэпкъым зэхуихьэса бзэр зэрыкIуэдыжым. Ауэ ар апхуэдизу зыхуэгузавэ лъэпкъым зы псалъи къыпидзыркъым, а гурыгъузым зэщIиубыдауэ ари иIыгъщи.

Бзэр лъэпкъым къигъэщIащ икIи фIыщэу елъагъу, арщхьэкIэ анэдэлъхубзэм шынагъуэшхуэ къыщхьэщыхьащ. ЦIыху мелуан бжыгъэхэм я бзэр яфIокIуэд. ТхакIуэм щапхъэу къехь языныкъуэ лъэпкъхэм яхэлъа хабзэ гуемыIур:

«ПщIэрэ, адэ, адэ, илъэс мин бжыгъэ куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, Iэщым къызэрыхэщхьэхукIрэ куэд мыщIа пасэрей цIыхухэм хабзэ гущIэгъуншэ дыдэ куэд яхэлъауэ жаIэ: лIакъуэм щыщу адрейхэм ядэмылъэхъущыжыфыр, ишхын къэзымыущэкIужыфыр, жьэ леи зехьэнеи хъуауэ къалъытэрти, бгым щадзырт, е бжьымыкъуэ мэзым яхьырти, и закъуэпцIийуэ къыщIанэрт, е дыгъужь ныбаджэхэмрэ хьэIуцыдз уэдыкъуахэмрэ щызэщIэкъугъэ губгъуэ нэщI пхыдзам кърaнэрт...

ГуемыIу хъыбархэм зи тхьэкIумэ емысам игу къригъэкIуэн хуэдизу гущыкIыгъуэщ пасэрей лIакъуэхэм ящыщ гуэрым хэлъауэ мы иджыпсту нывжесIэжыну хабзэри.

Тхыдэжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, а хабзэр зыхэлъауэ жыхуаIэ лIакъуэм (массагетхэм) мыпхуэдэут а дауэдапщэр зэрырагъэкIуэкIыр. Жьэ лей, зехьэней хъуауэ къалъытар езыхэм я IэкIэ яукIыжт, къаущэкIуа пшэрыхь гуэрхэм я лым хаупщIатэрти, зэхэлъу ягъавэрт. Лыр вэуэ Iэнэ папщIэу зэрахьэ чийм къытралъхьа нэужь, бынхэри, бынхэм я быныжхэри, абыхэм къащIэхъуэжахэри пIэцIеижу къетIысэкIырти, я мажусиитхьэхэм Iыхьэ хуащI хуэдэ, дэтхэнэми абы щыщ нэхъыбэ зэрызылъигъэсынум хэтурэ зи пкъым къикIа цIыхур яшхыжырт.

Я нэхъ пэж дыджхэри зэтезыуIэфIэну хэтхэр къэзыгъэуIэбжьын икIи зыщымэхъэшэн зэгъэпщэныгъэщ мыр, ауэ, а пэж дыджым и хьэтыркIэ жысIэнщи, дунейр къытщIэплъу уэрэ сэрэ нобэ дызэрызэфIэкIуэд щIыкIэм зэгъэпщэныгъэ нэхъ щабэ къыхуэгупсысыгъуейщ. Хэти сыти жрыреIэ, ауэ сэ къысхуемыплъэкIыжыххэ адыгэ минхэм, мелуанхэм сащыхэплъэм деж, хуэм-хуэмурэ сыщIэхъуэпсу щIызодзэ ижь-ижьыжым псэуа а мажусийхэм къадекIуэкIа хабзэм... Сэри сыхуейт уи псэм уахътыншэ сыщыхъуну, адыгэ лъэпкъ. Мыпхуэдэу успыIукIуэтурэ зэгуэрым укъысщыфIыкIыжыпэнкIэ хъумэ, сыхуейт, уи лъым сыхыхьэу, Тхьэм и тыгъэ лъапIэу АнэдэлъхубзэкIэ зэджэ сэ уи гъащIэм зэгуэр сыкъыщызэщIэблэжыну. Псэ уахътыншэ къыпхэзылъхьэфын къарууэ зэгуэрым уи пкъым сыкъыхэпсэукIыжыну». («Къудамэхэр», нап. 211).

Тхыгъэр еух Iущыгъэрэ лIыгъэрэ хэлъыну, зэрызихъумэжын Iэмал къигъуэтыну анэдэлъхубзэм зэрыхуэлъаIуэ хъуэхъукIэ.

ЗэрыжытIащи, IутIыжым прозэкIэ тха и усэхэм щытепщэщ тхыгъэ кIэщIхэр, новеллэр, рассказыр. IутIыжым прозэ тхын пасэу, и щIалэгъуэм, щIидзащ, и прозэр зытепсэлъыхькIи художественнэ ухуэкIэкIи зэмылIэужьыгъуэщ. ТхакIуэм и прозэм куэду хэтщ гушыIэ рассказхэр. Зэман зэмылIэужьыгъуэхэм итха гушыIэхэр итщ «ГушыIалъэ» тхылъым.

Ахэр рассказ 25-рэ мэхъу, дэтхэнэ зыми езым и ухуэкIэрэ зэхэтыкIэрэ иIэжу. Авторыр щIонакIэ езым и зэманым щыпсэу, щылажьэ цIыхухэм я ныкъусаныгъэхэм, ар ялъоIэс тхакIуэхэми усакIуэхэми. Апхуэдэ рассказхэм языныкъуэхэр Iуэхугъуэ пыухыкIам тегъэпсыхьа ущие щIыкIэу, адрейхэр детектив жыпхъэм иту, ещанэхэр хъуэхъу дахэ хабзэм тету тхащ. Зи гугъу тщIы тхылъым итщ къэIуэтэкIэ къызэрымыгуэкIкIэ тха гушыIэхэри. Абыхэм уащыхуозэ «пащIэкIэм щIэгуфIыкI усэ сатырхэми», «сатыр пIаскIуэхэми», нэгъуэщIхэми. КъэIуэтэкIэщIэ дыдэщ «ГушыIэрейрэ къэщIэрейрэ я псалъалъэ» тхылъым итхэр. Мыбы нэхъ IупщIу щыболъагъу тхакIуэм и гупсысэкIэр. Абы и щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ: **ЦIыху** – ар дуней езым къимыгъэщIар зыкъутэжыну хэтырщ; **Бгырыпх** – псэукIэм и пщалъэщ; **Археолог** – диссертацэм щхьэкIэ лIахэри щIэзымыгъэзагъэрщ. н. къ. («ГушыIалъэ» н. 246–249).

IутIыжым и гушыIэ прозэм лъабжьэ хуэхъур лъэпкъым и псэукIэрщ. ТхакIуэм ди лъэхъэнэгъухэм я мыхъумыщIагъэхэр къегъэнаIуэри, абыхэм образ купщIафIэхэмкIэ ящIонакIэ. Авторым дащегъэдыхьэшх зи псалъэмрэ зи Iуэхумрэ зэтемыхуэхэм, зыкъызыфIэщIыжхэм. Мыбдежым тхакIуэм журналист Iэзагъи къызыкъуех. И пьесэхэми ещхьыркъабзэу, IутIыжым и рассказхэм хэт лIыхъужьхэм я цIэхэми куэд къыбжаIэ. Рассказ зыкъомым яхыболъагъуэ драматургием и нэщэнэхэри. Сэ сызэреплъымкIэ, IутIыжым и прозэм и фIыпIэщ новеллэхэр. Ахэр итщ «Къудамэхэр» тхылъым. Новеллэ тхыкIэм и хабзэхэм тету, тхакIуэм сюжет узыIэпызышэ еухуэри, абы узыпэмыплъэхха кIэух къыхуегъуэтыф. Ахэр я темэкIи, къаIэт IуэхугъуэхэмкIи, сюжеткIи, къэIуэтэкIэкIи зэмылIэужьыгъуэхэщ. «Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ» новеллэм тхакIуэм Iэзэу къыщигъэлъэгъуащ зауэ нэужь илъэс гугъухэм хапIыкIа щIалэ цIыкIуищым я психологиер, я хъуэпсапIэр, я зэныбжьэгъугъэр.

ТхакIуэм гум щIыхьэу къеIуэтэж жыг щхьэкIэ лъагэм фIэщIауэ фIэлъ дыгъэм ещхьу щIакхъуэ хъуреишхуэ къыхуахьа хуэдэу зылъэгъуа щIалэ цIыкIум и пщIыхьыр. ЩIалэ цIыкIур, и ныбжьэгъу-

хэм ящІыгъуу, губгъуэм щхьэмыжщыпэ кІуэн хуейт. И пщІыхь телъыджэр зэпиуду (пщІыхьэпІэм хэту абы жыг къудамэхэм къафІихырт якІэрыщІа щІакхъуэхэмрэ кІэнфетхэмрэ), анэм ар пщэдджыжьым къегъэуш: «Тэдж, си щІалэ цІыкІу, насыпыр пщэдджыжьым ягуэш». И ныбжьэгъухэм щІалэ цІыкІур щхьэмыжщыпэ здашэ. И къуэм къихьа щхьэмыжхэр зэтриудри, анэм щІакхъуэ игъэжьати, абы нэхъ ІэфІ игъащІэм Іухуауэ ищІэжыртэкъым.

Езыри зауэ нэужь илъэсхэм халъхуати, ІутІыжым адрей новеллэхэми хьэкъ пщыхъуу къыщиІуэтэфащ а лъэхъэнэм щыІа Іуэхугъуэхэр, псалъэм папщІэ, «Жызумыр къыпачыж», «Сурэт» жыхуиІэхэм. НэгъуэщІ ІэмалхэмкІэ, тхыкІэкІэ ухуащ «ГъащІэмрэ гъащІэ нэужьымрэ» новеллэр. Мыбы фІищари къызэрыгуэкІкъым. Мы новеллэм авторым къыщегъэсэбэп зэрыщыта дыдэм хуэдэу тхыжын Іэмалыр, къапщтэмэ, зэхэуэ нэужьым губгъуэм икъухьауэ къина щхьэхэр, Іэхэр, цІыху ІэпкълъэпкъыМ щыщ Іыхьэхэр. Абыхэм я псэхэм губгъуэм щхьэщыту къалъэтыхь. Ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, Іэпкълъэпкъхэр щыпсэум зэрызэбиям хуэдэу иджы псэхэр зэбийкъым. Ахэр зоуэршэрылІэ икІи я нэхъыбэр зыхэта Іэпкълъэпкъхэм яхуэарэзыщ, абыхэм ящыщу зыри тхьэусыхэркъым, Іэпкълъэпкъым гугъу иригъэхьауэ жиІэу. Псэм, пцІы лъэпкъ химылъхьэу, зэрыщыта дыдэр къеІуэтэж. Мы новеллэм дыщыхуэзэркъым драмэм къигъэсэбэп Іэмалхэм: диалог, монолог, репликэ хуэдэхэм. Мыбы нэхъ зытригъащІэр, псэзэпылъхьэпІэ ихуа цІыхур зыхуэдэр дигъэлъагъунырщ. ЗэщхьыркъабзэурЭ къалъхуа псэхэр къемэтмахуэм бзу зэмылІэужьыгъуэ мэхъу.



ІутІыжым мы новеллэм щІилъхьам хуэдэ философие куу зыхэлъ нэгъуэщІ тхыгъэ «прозэ цІыкІум» щиІауэ ди литературэм ищІэжыркъым. АтІэми, новеллэр гугъуу зэрызэхэлъым тхыгъэр гурыІуэгъуей ищІыркъым, апхуэдэ тхэкІэм тет языныкъуэ тхакІуэхэм яйхэм хуэдэу.

ІутІыжым и творчествэ гъуэгур къыщызэщІэпкъуэжкІэ, хэхауэ къытеувыІапхъэщ и драматургием. ТхакІуэр иджыри псэу щІыкІэ ар къэбэрдей драматургием и классикыу къызэралъытар щхьэусыгъуэншэкъым. СызэреплъымкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и драматург нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зыщ ІутІыжыр.

Драматургием и жанр псоми ІутІыжыр ехъулІэныгъэ иІэу щылэжьащ. Ауэ пьесэ итхахэм я нэхъыбапІэр комедиещ. Комедием щыщу абы ди литературэм нэхъыбэу къыхигъэхьащ водевилымрэ фарсымрэ, либреттэ итхащ, музыкэм тещІыхьауэ.

ЩІэрыІуэ хъуа и комедиехэм и пэ къихуэу, Борис егугъуу елэжьащ «Пшыналъэ» радиожурналым. А журналыр зэманышхуэкІэ радиом и къэтынхэм хэтащ, артистхэу Щэрмэт Людмилэрэ Иуан Владимиррэ ирагъэкІуэкІыу. Абыхэм ІутІыжым «къахиІущІыкІыжауэ» жыпІэ хъунущ «ГушыІэ махуэ апщий» пьесэр. Мыр псалъэжьхэмкІэ, жыІэгъуэхэмкІэ гъэнщІа, бзэ купщІафІэкІэ тха пьесэщ. Образхэр нэхъ нэІурыту къигъэлъэгъуэн папщІэ, драматургым мыбы къыщигъэсэбэпащ «мыхьэнэ пыухыкІахэр къэзыІуатэ цІэхэр». А Іэмалым иужькІэ дыщыхуозэ авторым и адрей тхыгъэхэми. Мы комедием авторыр «ирихулІа» хуэдэщ теплъэгъуэ щхьэхуэу блыри зэрызэпищІэн Іэмал къигъуэтыну. Абы щхьэкІэ Іуэхум къыхигъэхьащ зэпызыщІэ Іыхьэхэр, уэрэдхэр, къафэхэр, нэгъуэщІхэри.

90 гъэхэр ІутІыжым драматургие нэхъыбэ дыдэ щитха лъэхъэнэу къэплъытэ хъунущ. ЯпэщІыкІэ абы къигъэщІащ «Ажэгъа-

фэ джэгухэр». Мы гупым хыхьэ псоми зэдыщIэкIыу я лIыхъужьыр ажэгъафэщ. Ажэгъафэм Iуэхур ирегъэкIуэкI, и хъуржыным иIэбэурэ, къыкIэлъыкIуэ гушыIэр зытраухуэнур кърихыурэ. Апхуэдэ пьесэхэр тху мэхъу, дэтхэнэ зыри зи щхьэ хущытыж теплъэгъуэурэ гуэшауэ. Псори зэхэту ахэр тIощIым щIегъу. Мыбыхэм я лIыхъужь нэхъыщхьэр Жьэмыгъуэщ. Мы комедиехэр прозэу тхащ, ауэ езы авторым итха уэрэдхэри нэгъуэщI уэрэд цIэрыIуэхэм я макъамэхэри хэтщ.

Нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ теплъэгъуиблу зэхэт «ГушыIэр гушыIэщ» комедиер. Иужьрей Iыхьэ «Япэ къэсыр зи дотэу лIынэлIыпсэ дотэ» жыхуиIэм хэт Хьэфотэрэ Хьэжбаронрэ куэд зылъэгъуахэщ, тIуми мызэ-мытIэу унагъуэ яухуат, ауэ зэуэзэпсэуи къутэжат. И цIыхугъэхэм я чэнджэщкIэ, Хьэжбарон макIуэ и лIым бгъэдэкIыжауэ и закъуэу псэу Хьэфотэ деж. Абыхэм авторым псалъэ шэрыуэ, IуэрыIуэдз куэд яIурилъхьащ икIи ахэр уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ зэригъэщIэрэщIам а образхэр нэхъри гукъинэж ящIащ. Театреплъхэм псом хуэмыдэжу ягу дыхьащ артистхэу ТIыхъужь Алий, Мэшыкъуэ Феня, ЖьакIэмыхьу КIунэ, ДыщэкI КIунэ сымэ я джэгукIэр.

IутIыжым и трагедиехэр тхакIуэм и творчествэ псоми я джэлэс пэлъытэщ. Ахэр зытепсэлъыхькIи, я къэIуэтэкIэкIи зэмылIэужьыгъуэщ, адыгэ Iуэхум хуэмыгъэза яхэткъым. Я нэхъыбэм тхыдэм и гъуэгу гугъусыгъуэхэм дытрашэжри, «Синдикэ» къэралыгъуэр къыщызэрагъэпэща лъэхъэнэ хьэлъэр ди нэгу щIагъэкIыж. Ар аргуэру зэ щыхьэт тохъуэ IутIыжым и драмэхэр адыгэ литературэхэм я жыпхъэм зэрибэкъукIам.

IутIыжым къыдимыгъэкIауэ, къытримыдзауэ тхыгъэ куэд къыщIэнащ. Абыхэм яхэтщ зи къэIуэтэкIэкIи ухуэкIэкIи щIэуэ щыт «Гуащэпэж» тхыгъэр. Мыбы трагедиери комедиери щызэхэухуэнащ. Мы тхыгъэр повесть жанрми хэбгъэхьэ хъунущ. ГушыIэ дахэрэ щIэнэкIалъэрэ хэлъу авторыр тхыгъэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм щытопсэлъыхь коммунистхэм тепщэгъуэр щаубыда, къулыкъущIэрэ интеллигенцэу партым хагъэхьэхэр щагъэмэщIа лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ адыгэхэм я нобэрей жылагъуэ гъащIэм къыщыхъу телъыджэлажьэхэм нэсыху. Тхыгъэр еух авторыр езыр дунейм ехыжа нэужь иужь къинэнухэм зэрахуэупсэ хъуэхъухэу езым и сыным тратхэжыну фIэфIхэмкIэ.

IутIыжым гулъытэ хэха хуищIырт анэдэлъхубзэм зегъэужьыным. Абы адыгэбзэр телъыджэу игъэбзэрабзэрт. Бзэм и зэфIэкIым зригъэубгъун мурадщ абы иIар нэгъуэщIыбзэкIэ тха пьесэхэр щызэридзэкIми (Думбадзе Н., Хугаев Г., Дударев А. сымэ).

ТхакIуэм и творчествэм увыпIэшхуэ щызыIыгъахэм ящыщщ публицистикэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр зытеухуар литературэм, искусствэм, анэдэлъхубзэм зегъэужьынырт.

IутIыжым апхуэдэуи зыкъигъэлъэгъуащ художник, скульптор Iэзэуи – шарж, карикатурэ гъэщIэгъуэнхэр ищIырт, пхъэм сурэт къыхибзыкIырт, жэзым къыхиуIукIырт, мывэм къыхиIущIыкIырт.

2007 гъэм къыдэкIауэ щытащ тхакIуэм «Лъэужь» зыфIища и тхылъыр. Пэж дыдэуи, IутIыжым лъэужьыфI къыщинащ публицистикэми, литературэм и жанр псоми.

ТхакIуэм и творчествэ щIэиныр иджыри куэдрэ лъэпкъым хуэлэжьэнущ. Ар щаджынущ республикэм и курыт еджапIэхэми, еджапIэ нэхъыщхьэхэми, къахуэщхьэпэнущ критикхэми литературэджхэми.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# АДЫГЭ МОЛЬЕР

ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист нэхъыжьхэм сэ куэдрэ садэлэжьащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм ящыщу куэд нобэ псэужкъым, е киноуэ, е тхыгъэу, е роль ящІам теухуа гукъэкІыжу къэнари мащІэщ. Абыхэм щхьэкІэ сэ зэи «мыгъуэ», «тхьэмыщкІэ» жысІэркъым, дэтхэнэри сэркІэ псэущи.

Апхуэдэ къабзэу сигу къинащ ІутІыж Борис. Абырэ сэрэ куэдрэ дызэрихьэлІащ, и пьесэхэм я нэхъыбэр зыгъэувар сэращ. Дэ ди зэдэлэжьэкІам куэд тежыпІыхь хъунущ, ауэ, сызэреплъымкІэ, ар сэ Борис нэхърэ нэхъыфІу схужыІэнукъым. Борис си гугъу щищІ тхыгъэ кІэщІым («Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» тхылъым ихуащ) хэтщ ар наІуэ къэзыщІ зы Іыхьи, сыхуейт ар къэсхьыну.

«Талант зиІэ дэтхэнэри апхуэдэкъэ, – СулътІан цІыху ІэтІэлъатІэкІэ уеджэнкъым, дэшэхыгъуафІэхэм ящыщкъым, и жыІэм уедаІуэурэ, зыдэпщІурэ укІуэмэ, нэхъ узыдэгъуэгурыкІуэфыну режиссёрщ. Апхуэдэ режиссёрымрэ гунэмыс хьэл зиІэ драматургымрэ зэрыгъэтыншу пхужыІэнукъым. Дэри – аращ: пьесэр ди гуэрэныгуу дыщызэхуэзэ зэзэмызэхэм деж, ди акъыл зэтехуэу, щхьэж и гъунапкъэр здынэсыр ищІэжу нэхъыбэм дызэдэлажьэурэ, режиссурэмрэ драматургиемрэ я бжьыпэхэр щытфІызэрыни мызэ-мытІэу къэхъуащ. ЩІихьауэ репетицэм хэт актёрхэм я дежкІэ, дауи, гуапэкъым зэпэувауэ а зэтехуапІэр къэзылъыхъуэ режиссёрымрэ драматургымрэ я зэхуаку къыдэхутэныр. Къаздэхъу СулътІан мыгъуэм апхуэдэхэм деж жиІэрейт: «ФызэгурыІуэ, фызэгурыІуэ, фызэгурыІуэ...» ИкІи сытым дежи дызэгурыІуэжырт, а зэтехуапІэри къызэдэдгъуэтырт». Ар хьэкъщ.

«Езым и гугъу ещІыж» щІэджыкІакІуэхэм къысхужаІэну сыхуейкъым, сызытепсэлъыхьынур ІутІыжым и ІэдакъэщІэкІыу сэ театрхэм щызгъэувахэр арещи. Дауэ мыхъуми, ахэращ сэ нэхъыфІу зыхэсщІыкІыр, Борис пэгъунэгъу сызыщІар.

Псом япэу, псом ящхьэу сэ Борис ейуэ згъэувар «Тыргъэтауэ» трагедиеращ. Ар а зэманым зэрысхузэфІэкІамкІэ (Правительствэм и Унэм къикІа лІыщхьитІ еплъри, къэдмыгъэлъэгъуэну унафэ къытхуащІауэ щытат) фІыщІэ хуэфащэщ абы щыгъуэ щэнхабзэмкІэ министру щыта Ефэнды Джылахъстэн. Ар Москва щыдгъэлъэгъуат, фІы дыдэуи къыщалъытат. Борис зыхэмызагъэ щыІэтэкъыми, сщІэрт и спектакль щызгъэувкІэ куэд зэрыхилъхьэфынур. Пьесэр зытхыу, ар зыгъэуврэ щыджэгужу щыта Мольер и фэ есплъырт. Сытми «Эдип» спектаклыр адыгэ театрым щыщызгъэувым щыгъуэ, ар сценэм къихьэным и пэ къихуэу ирагъэкІуэкІ хабзэ «стІолІуфэ лэжьыгъэм» Борис къыхэсшащ. ІутІыжыр Іуэхум зэрыпэрытам и щытхъур къэІуэтэгъуейщ, сыту жыпІэмэ сценэм деж узыщыхуей псэлъэкІэри зэтригъэуват, псори зыхэмызагъэ «усэ хужьым» артистхэр къеджэуи иригъэсат. Сэ сырежиссёр-постановщикыу щыта щхьэкІэ, бзэм и ІуэхукІэ мис апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ Борис иригъэкІуэкІат. Кавказ Ищхъэрэм и театрхэм я фестиваль илъэситІ къэсыхукІэ Владикавказ щекІуэкІым тшауэ щытащ «Эдип»-р. Уи фІэщ зэрыхъун, Іэгуауэ нэхъ ин дыдэ зыхуаІэт хабзэ балетым ещхьыркъабзэу ямыгъэлъэпІатэмэ осетин театреплъхэм адыгэ спектаклыр. Абы хуатха рецензэм «Теувэжымрэ ІутІыжымрэ адыгэбзэм

и симфоние къагъэщIащ» зэрыщыжаIамкIэ фIыщIэм и нэхъыбэр зыбгъэдэлъыр артистхэм жаIэ псалъэхэр макъамэм хуэдэу къажьэдэкIыу езыгъэса IутIыжырт.

Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым щезгъаджэ студентхэм ядэзгъэуваузэ щытащ Борис и «Хьэцацэ дахащэ» пьесэр. ТIыхъужь Алий и цIэр зэрихьэу илъэс къэсыхукIэ мэлыжьыхьым и 1-м ирагъэкIуэкI фестивалым абы япэ увыпIэр къыщихьат, апхуэдизу бзэ дахэкIэ, шэрыуэкIэ, гушыIэшхуэ хэлъу тхати.

Театр утыку къэрамыхьа «Олигарх гуащэ» пьесэри студентхэм ядэзгъэуващ сэ. ГъэщIэгъуэн хъуауэ къызолъытэ, щIыпIэ телевиденэм къигъэлъэгъуащ, иджыри, шэч хэмылъу, къигъэлъэгъуэнущ.

Езгъаджэхэм деж куэдрэ сшэуэ щытащ Борис. Я усэ къеджэкIэм, я псэлъэкIэм езгъэдаIуэрт, чэнджэщ ирезгъэтырт. Уеблэмэ, экзаменхэм деж езгъэблагъэрти, абы яхуигъэфащэрат яхуэзгъэувыр.

Сэ куэдрэ къызжаIэрт Урыс драмэ театрым сыщылэжьэну згъэзэжыну. «Сызыхуей пьесэр сывгъэгъэувынумэ, сынэкIуэнущ» щыжысIэм, акъылэгъу къыздэхъуахэщ. Зи гугъу сщIыр IутIыжым и «Эдип»-рт, Борис сэрэ абы куэдрэ и гугъу тщIат. Сэ сыщыгъуазэт и IэдакъэщIэкI нэгъуэщIыбзэкIэ ягъэувыным ар зэрыщIэхъуэпсым. Тэрмэш дылъыхъуэурэ, езы Борис Яропольский Георгий и цIэ къриIуащ. ТIури арэзы дыхъуат пьесэр  «къызэрыпсэлъа» урысыбзэмкIэ. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ «Эдип» спектаклыр згъэуващ, пьесэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнт, фIыуэ урысыбзэкIэ зэдзэкIа хъуати, еплъахэм ягу ирихьащ, премьерэм фIыкIэ темытхыхьа зы газети журнали къэнакъым.

IутIыж Борис гуапэу къыхущытахэм, и IэдакъэщIэкIхэм гу къылъызытахэм ящыщу Ефэнды Джылахъстэн и гугъу мащIэу зэрыщысщIам къыдэкIуэу, я цIэ къизмыIуэн слъэкIынукъым тхакIуэм и лэжьыгъэхэр къыдэгъэкIынымкIэ, пьесэхэр гъэувынымкIэ зыщIэзыгъакъуэу щытахэу хьэрычэтыщIэ Жэбалы Николайрэ КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта Темыркъан Борисрэ. Апхуэдэхэр иджыри щыIэ къыщIэкIынщ.

Ауэ сытми къызэрыгуэкIыу тхэртэкъым Борис. ЦIыхухэм гукIи псэкIи зыхащIэ защIэт абы и IэдакъэщIэкIхэр зытеухуар. Пьесэшхуэхэм  нэмыщI, комедие цIыкIухэри гъэщIэгъуэну, дыхьэшхэну къэзыгъэщIу щыта драматургыр щыпсэуми жысIащ, сэ дунейм сытетыхуи жысIэнущи, Борис зыгуэрым ебгъэщхьынумэ – ар Мольерщ.

**ТЕУВЭЖ СулътIан,**
*Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ гъуазджэхэмкIэ*
*щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ*

# ПСЭ ДАХЭМ И НУР

IутIыж Борис и гугъу щащIкIэ, куэдым къыхагъэщ ар гъуазджэм и пкъыгъуэ зыбжанэм фIыуэ хэзагъэу зэрыщытар. Пэжщ, ар литературэм и жанр дэтхэнэми – сурэт тхынми, скульптурэ щIынми, нэгъуэщIхэми хуэIэкIуэлъакIуэт, ауэ, къызэрысфIэщIымкIэ, абыи къыщымынэжу, Борис и дежкIэ искусствэр зэрыщыту гуэшыпIэ зимыIэ зы дуней лъагъукIэ хэIэтыкIауэ щытащ. Абы и дуней еплъыкIэм тещIыхьи – нэхъыщхьэр пкъыгъуэратэкъым, атIэ и гум къеныкъуэкъу къэхъугъэр сыту щытми, абы зэрыпэджэжынур езы дыдэм и гур япэ зыхуэжэрат. А зыхуэжэнур щытынкIи хъунут усэу, прозэу, драмэу, сурэту, скульптурэу е къэнжал уIупхъэу – зэлъытар авторым игурэ и псэкIэ къыхихырат. Искусствэм и хабзэхэр зи дуней еплъыкIэ авторым дежкIэ, метафорэбзэкIэ жыпIэмэ, дэтхэнэ зы пкъыгъуэри поэзием и зы теплъэщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, пкъыгъуэхэр сыт хуэдизкIэ зэпэщхьэхуэу дымылъагъуми, ахэр авторым и еплъыкIэм къызэщIекъуэри, «зы жьауэм щIешэ». Нэхъ къызэрыбгурыIуэнкIэ жытIэнщи, авторым дежкIэ нэхъапэр и гум щыщIэхэр къиIуэтэн щхьэкIэ езым фIэшэрыуэу къыхихауэ зы Iэмал гуэрым триубыдэнырщ, зыр фIэмащIэ хъурэ – зыхуей дыдэм хуэдизыр къигъэсэбэпынуи хузэфIэкIынущ. Апхуэдэу щытыфынур закъуэтIакъуэ дыдэщ. Абыхэм ящыщ зыт IутIыж Борис.

Псалъэм папщIэ, и талантыр и ныбжьэгъу е и цIыхугъэ гуэрым «тригъэпсэн» щхьэусыгъуэ щиIэм деж (щхьэусыгъуэ хъунут абы и цIэ къыщIиIуапхъэ дэтхэнэри – зы фIы гуэр къехъулIамэ, цIэ лъапIэ къыхуагъэфэщамэ, и ныбжькIэ щIыхь щыхуэщIыпхъэ махуэ къыхуихуамэ, апхуэдэ щхьэусыгъуэ гуэри щымыIэххэу ауэ сытми езы Борис гукъыдэж ищIу хуэусэнумэ е дэгушыIэнумэ, языныкъуэхэм дежи щхьэусыгъуэт дунейм ехыжа цIыхуфIыр игу къэкIыжамэ...) абы эпиграммэ, е фIыщIэ псалъэ, зыгъэлъапIэ усэ хузэхилъхьэрт, е и сурэт дахэ, шарж хьэлэмэт ищIырт. Ауэ нэхъ зэрихабзэти, сурэти ищIынти, абы усэри щIитхэжынт. Апхуэдэхэм деж IутIыжым ищI сурэтымрэ псалъэхэмрэ апхуэдизу зэкIуж хъурти, зыр адрейм къыгуэх зимыIэ и Iыхьэу фIэкIа пщIэнутэкъым, а тIур зы пкъыгъуэм и пакIэ зырызу къыпщыхъурт.

Абы и прозэм, поэзием, драмэ тхыгъэхэм я зэхуаку хышхуэ дэтуи, псышхуэ дэжуи плъагъуркъым: языныкъуэхэм деж жанр лIэужьыгъуэхэри искусствэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэри зэхошыпсыхьыжри, усэ текстым къызэрыгуэкI псалъэу къыпфIэщIын ущыIущIэнущ, ауэ ахэр эстетикэ лъагэм и хабзэкIэ зэгъэпэщащ, прозэм ритмикэрэ макъ зэпэджэж зэщIэжьыуэрэ ущрихьэлIэнущ, лIыхъужь драмэу зи бзэр хэIэтыкIауэ щытыпхъэм гухэлъ щабэрэ философие гупсысэрэ зи къежьапIэ монолог хэту къэкIуэнкIи мэхъу. Егъэлей хэмылъу жысIэнщи, абы прозэу итхри поэзие хъужырт, ауэ поэзиер зэи къелъэхъшэхыу прозэ хъужакъым. Абы нэмыщIкIэ, IутIыж Борис и пьесэхэм хэт персонажхэм я теплъэр езым сурэту ищIыжырт, дэтхэнэ зыми и шыфэлIыфэмрэ хьэлымрэ къыщыIуэтэжауэ ремаркэ укъуэдияхэр гуитхэжырт. Хьэлэмэтраци,



2 Заказ №2209

хэзыгъэгъуазэу щытыныр зи къалэн ремаркэ нэгъунэ абы дахагъэм и хабзэкIэ игъэпсырт – псалъэхэр хэщыпыкIарэ зэгъэкIужауэ, купщIэ дахэ хэплъэгъуэжу. Си гугъэмкIэ, абы пьесэ тхынри, ар сценэм щыгъэувынри, дэтхэнэ персонажым и теплъэмрэ къэхъугъэу екIуэкIхэмрэ нэгум къыщIэгъэхьэнри, сценэм иту и прозэм щыщ е и усэ къеджэнри апхуэдизкIэ быдэу зэпхауэ илъытэрти, зыщIыпIэ деж зыгуэркIэ езым и гупсысэм ущытекIмэ, и гурылъ лъапIэу цIыхухэм ябгъэдилъхьэну зыщIэхъуэпсыр ныкъуэ хъуну къыфIэщIырт.

IутIыжыр филологие щIэныгъэхэм я кандидату зэрыщытам, бзэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ пыухыкIа зэрыхуищIам нэмыщIкIэ, абы и псэр нэгъуэщI Iэджэми етауэ щытащ – ар сурэт щIыным хуэзыузэщIын хуэзащ, къэнжал уIунми хуезыгъэсэн езым къигъуэтри абыи хуэижь зищIыфащ, дзэ къулыкъум ираджэным ипэкIэ музыкэ еджапIи щIэсати, музыкэми хуэмыхей хъуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми узэрыхэзэгъэн талант Алыхьым къуимытамэ, дауи, уеджэ къудейкIэ зыри къыпхэкIынукъым, ауэ Борис Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщти, искусствэм и дэтхэнэ пкъыгъуэми и Iыхьэ къыхих мыхъуу, и псэм щыщ хилъхьэфырт. Абы щыгъуэми, абы и тхыгъэхэри, мывэм къыхиIущIыкI е пхъэм къыхибзыкI скульптурэхэри, щIэуIукIахэри, тхылъымпIэм тритхэ сурэтхэри еплъым игъэщIагъуэу дахэт, шэрыуэт, купщIафIэт икIи гурыIуэгъуафIэт.

Зы гушыIэрей гуэрым мыпхуэдэу жиIауэ щытащ, жаIэ: языныкъуэхэр мэшынэ я псалъэр зыжраIэм къагурымыIуэнкIэ, адрейхэр – къагурыIуэнкIэ. Япэрейхэр зи гур къитхьэщIыкIахэрщ, хьэрэмыгъэ зигу имылъхэрщ, щIэуфэн хуей Iуэху мыщхьэмыпэ зыкъуэмылъхэрщ, адрейхэр, бэджым хуэдэу, псалъэкIэ хъы зыдзхэрауэ, я сэфэтыр къыщIэщыным щышынэжхэрауэ къысщохъу. Борис зэгуэр дэлэжьа, и ныбжьэгъуу зилъытэжын хуэдэу фIыуэ зыцIыхуа, и пIалъэ зыщIэ дэтхэнэми ещIэж абы гукъыдэжышхуэрэ хьэлэлагъыу хэлъар зыхуэдизыр. Ар ящыщт дунеягъэкIэ нэхъ гъуэтыгъуейуэ жыхуаIэу зи псалъэм тебгъуэтэж цIыху пэжхэм, зи жыIэмрэ зи IуэхущIафэмрэ зэщхьэщымыкIхэм. Апхуэдэу щытыфынур цIыху хьэлэлыщэрщ. Мис а зэрыхьэлэлыр и поэзиеми, прозэми, драматургиеми, сурэт щIынми, макъамэми – псоми я зэхуэдэ хьэщпакъышхуэ хъурти, и жьауэм псори къыщызэщIикъуэрт. Псоми зэдыдощIэ хьэлэлыр къызэрыгъэпцIэгъуафIэр, арауэ къыщIэкIынщ, делэри хьэлэлри зыщ щIыжаIэри. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэнщи, а нэхъ къэгъэделэгъуафIэу дэ къытфIэщIыр дунеягъэкIэ нэхъ насыпыфIэ хъууэ хабзэщ, зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, ахърэтми апхуэдэм и пхъэр нэхъ къыщикIыу къыщIэкIынущ. Хьэрэмыжьым, гурымыкъым, зи гур утIыпщауэ дунейм темытыфым, псалъэ гуапэмрэ фIы щIэнымрэ хуэхейуэ зишхыхьыжу зи гъащIэр зыхьым и дунейри хъуэпсэгъуэкъым, ныбжьэгъу пэжи хуэIыгъыркъым. Тхьэм ищIэнщ, ауэ тэрэзэ-мэзаным Iуэхур щынэсым дежи апхуэдэм къыпэплъэр щIагъуэкъым.

ЖысIахэм сигу къегъэкIыж ди япэ ища ди ныбжьэгъу лъапIэм яужь дыдэу къыдигъэкIауэ щыта «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» тхылъыр. И псэм ищIа хъунт куэд къызэрыхуэмынэжари, тхылъым и

цІэм «пщыхьэщхьэ» псалъэр къыщІыхигъэхьар арауэ къысщохъу. Щыпсэум щыгъуэ апхуэдэу къытфІэмыщІами, иджы дыхэплъэжмэ, тхакІуэшхуэ гу пцІанэм яужь дыдэу къыджиІэну зыхуеяхэр абы къыщиІуэтэжауэ къыщІокІ. Мы тхылъыр и пкъыгъуэкІэ лирикэкъым икІи драматургиекъым, прозэ жанр курыххэми ящыщкъым. Апхуэдэ жанр щхьэхуэ щымыІэу жызыІэри тхьэгъэпцІ ирихъунукъым, сыту жыпІэмэ, мыбы щызэхуэхьэсащ ІутІыж Борис фІыуэ илъагъуу щыта зыкъомым яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр. Зэм ар гукъэкІыж нэхущ, зэми – гушыІэ дахэщ, ещанэм деж сэмэркъэури гупсысэ куухэри, гукъэкІыжхэри, лирикэ нэхури щызэІэпэгъущ. А тхылъыр, зы пэрэ зы кІэрэ иІэу плъагъу щхьэкІэ, кІэух зимыІэ зы монолог шэщІащ, езы авторым цІыхугъэшхуэу хэлъар къигъэнахуэу. Тхылъым зи цІэ ихуахэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэщ абы гу хуабагъэ зыхуиІахэмрэ псалъэ ІэфІ зыхуигъэфэщахэмрэ. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, тхылъыр щигъэхьэзырым щыгъуэ Борис и тхыгъэ зыкъомым хэплъэжри, игу нэхъ зыхуэзэгъахэр къыхихауэ къыщІэкІынут. Апхуэдэу абы имыхуэу къэнащ авторым пщІэ зыхуищІ, фІы дыдэуи илъагъу зыбжанэм ятеухуа статьяхэр. Дауи, дунейм зэрытетыну пІалъэр щиухынур зыщІэ щыІэкъым, Бориси, псэужамэ, шэч хэмылъу, иджыри апхуэдэ зы тхылъ къыдигъэкІынт. Ауэ, хунэмысами, мы тхылъым икъукІэ пщІэшхуэ зэрыхуэфащэр нэрылъагъущ.



ЗэрыжысІащи, хьэлэлыр икІи къэгъэпцІэгъуафІэщ, икІи насыпыфІэщ. Адрей зэкІуэцІылъыжьхэм, мылъкуфІ зэрагъэпэщыф щхьэкІэ, я насыпым арэзы темыхъуэжу, фІыуэ къэзылъагъухэри ялъагъужхэри ІэмыщІэ из мыхъуу я дуней Іыхьэр ирахьэкІ. Дэ, цІыху цІыкІу къызэрыгуэкІхэм, тщыщ нэхъыбэри а етІуанэрейм нэхъ дрещхьу къыщІэкІынущи, дуней дызытетымкІэ дымыарэзыщэу, фІым гу лъыдмытэу, Іейр ди нэм нэхъ къыщІэуэу, дзэлэшхэныр зыхуэтхь щымыІэу гъащІэр дохьри, цІыхуфІу ди хъуреягъым щыпсэур къытхуэлъагъуркъым. Мис апхуэдэ гупсысэхэм зи щхьэр къришэх хъуахэм «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» жыхуиІэ тхылъым хуэдэ зы къащтэмэ, хьэкъыу я фІэщ хъунущ дэ къызэрытщыхъум нэхърэ цІыхуфІу нэхъыбэ зэрыщыІэри, дуней дызытетым дыгъэ нэбзий нэхъыбэ зэрыхэлъри.

Мы тхылъым уащыІущІэнущ Борис и ныбжьэгъу куэдым: абыхэм ящыщщ езым зэи имылъэгъуами псэкІэ и Іыхьлыуэ ди литературэм и классики, нэхъыжьыфІу щІыхьышхуэ зыхуэтщІи, езым и ныбжьэгъуи ІуэхущІэгъуи, зи лъэр иджыри быдэу мыува ныбжьыщІи. Ахэр я ІуэхущІафэкІи зэмылІэужьыгъуэщ: Борис псалъэ гуапэкІэ гулъытэ зыхуищІахэм яхэтщ тхакІуэ-усакІуэ, актёр, режиссёр, дохутыр, щІэныгъэрылажьэ, къэрал къулыкъущІэ, музыкант, хьэрычэтыщІэ, къуажэдэс къызэрыгуэкІ... Хьэуэ, «къызэрыгуэкІ» псалъэр зыхуэбгъэфэщэн абыхэм яхэткъым – дэтхэнэ зыри зы нур гуэр къызыщхьэщихщ. Ауэ уэрамым уащрихьэлІэмэ, ахэр къызэрыгуэкІыу къыпфІэщІынущ. ЦІыхум дахагъыу хэлъыр къэплъагъун щхьэкІэ уэ, ІутІыж Борис хуэдэу, абы и гущІэлъапсэм унэплъысыфу щытын хуейщ.

Таурыхъ гуэрым мыпхуэдэ сюжет хэтщ: таурыхъыр зытеухуа лIыр кхъэ телъыджэ гуэрым къыщыхутат, жи. Абы ит сынхэм тетхауэ тетт, зыгуэрыр махуэ бжыгъэ фIэкIа мыпсэууэ жьы хъури лIэжауэ, адрейм тетт, илъэс зытIущ нэхъ мыпсэуауэ, ещанэм тетхамкIэ, абдежым щIэлъыр дунейм ехыжыххатэкъым. Абы къикIыр: фIы блэжьу къэппсэуа зэманым хуэдизщ гъащIэм хыубжэнур. Жьы ухъуху упсэурэ зы IуэхуфI умылэжьамэ, укъамылъхуххам и палъэщ, ауэ уи цIэр фIыкIэ Iуамэ, а уи фIыр цIыху цIыкIум ящыгъупщэнукъым, уэри псэум ухабжэнущ. IутIыж Борис и щIы Iыхьэ игъуэтыжар пэжщ, ауэ щымыIэжхэм ар яхэплъытэнкIэ Iэмал зимыIэщ, и псалъэхэр, и хъыбар дахэхэр, и тхыгъэ нэхъ дахэжхэр, и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэр дунейм тетщи!

**ГЪУТ Iэдэм,**<br>
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# IУТIЫЖ БОРИС И УСЫГЪЭ ДУНЕЙР

Литературэм и жанрхэм ящыщу IутIыж Борис зыхэмылэжьыхьа къэгъуэтыгъуейщ. Псом хуэмыдэу абы и гуащIэ ин ирихьэлIащ усыгъэмрэ драматургиемрэ я зыужьыныгъэм. Борис зэфIэкIыу иIа псори къэдгъэлъэгъуэныр, и къалэмыпэм къыпыкIа дэтхэнэ тхыгъэри зэпкърытхыныр пщэрылъ зыщытщIыжыркъым, сыту жыпIэмэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург Iэзэм и творчествэр къызэщIэкъуауэ щIэныгъэр и лъабжьэу джа щыхъуа тхылъ щхьэхуэ щIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий и Iэдакъэ къыщIэкIауэ 2010 гъэм дунейм къытехьащ. А монографие лэжьыгъэм IутIыжым и зэчийм къыпкърыкIа художественнэ хъугъуэфIыгъуэхэр, абыхэм лъэпкъ литературэм увыпIэу щаубыдыр, жанрхэм заужьынымкIэ къалэну ягъэзащIэр зыубгъуауэ икIи кууэ къыщыгъэлъэгъуэжащ. Мыбдежым щызэхэдубла къэхутэныгъэм и кIуэцIкIэ дэ дыкъызытеувыIэнур усыгъэрщ, хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, зыми хэмыгъуащэ усыгъэ хъэтIырщ.

Усыгъэ жанрхэм ящыщу IутIыж Б. усэм, сонетым, балладэм щылэжьащ. Апхуэдэуи усакIуэм и зэфIэкI щигъэлъэгъуащ лъэпкъ литературэм щыщIэщыгъуэ прозэу тха усэ жанрымрэ абы пэгъунэгъуу езым къигъэщIыжа гущIагъщIэлъхэмрэ. Абыхэм языхэзми щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ.

IутIыжым и усэхэм гурыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ, ауэ нэхъыбэрэ абыхэм къапкърыщар фIылъагъуныгъэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэрщ – зэгуэкIуахэм я гурыщIэхэр, лирикэ лIыхъужьым (езы усакIуэм) адэ-анэмрэ анэкъилъхухэмрэ яхуиIа гурыщIэ къабзэр, быным, хэкум, щалъхуа жылэм яхуищIа гухэлъыр, н.ку. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр зэшыр, нэщхъеягъэр, гур зэзыгъэдзэкI гупсысэ гугъусыгъуэхэр щытепщэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ элегие хьэл ядэплъагъуу гъэпсащ. Апхуэдэ усэхэм («ГукъэкIыж IэфIхэр», «Хьэху», «ПцIырыпцI дахэкIей», «БжьыхьэкIэ зэшыгъуэ», «КъэмытIэпIа насып», нэгъуэщIхэри) я лирикэ лIыхъужьыр гъащIэм кIэух зэриIэм игу хегъэщI, зи псэр хьэршым кIуэжа Iыхьлыхэм яхуозэш е лъагъуныгъэ блэкIам кIэлъогумэщI. Къэдгъэлъэгъуа гурыщIэхэр художественнэ Iэзагъ хэлъу къиIуэтэнымкIэ усакIуэм пейзажыр мызэ-мытIэу тегъэщIапIэ ищIащ. Ар IупщIу щынэрылъагъущ, псалъэм папщIэ, «БжьыхьэкIэ зэшыгъуэ» усэм:

*Къыхощэщ уэшх щIыIэр бжьыхьэ пшагъуэм,*
*Гур ихузу, дуней псыфыр щымщ.*
*Си гупсысэм игъуэтыжкъым лъагъуэ,*
*Къихутащи зэшыгъуае хъым.*
*Дыгъэ иным си нэхэр щIохъуэпсыр,*
*Си псэм лъагъуныгъэм зыхуеший.*
*Ауэ уафэм щIегъэлъэлъ и нэпсыр, –*
*Си щIалэгъуэм зэщIекъуэж и бзийр.*

Къэтхьа щапхъэм дежи, IутIыж Б. и нэгъуэщI усэхэми къэгъэпсэуныгъэ Iэмалыр нэхъыбэ дыдэрэ узыщрихьэлIэхэм ящыщщ. «БжьыхьэкIэ зэшыгъуэ» усэм мыпхуэдэ къэгъэпсэуныгъэ гъэщIэгъуэнхэр хэтщ: *«уафэм щIегъэлъэлъ и нэпсыр»*, *«щIалэгъуэм зэщIекъуэж и бзийр»*.

Сыт хуэдэ жанрым щымылэжьами, IутIыж Б. гушыIэмрэ ауанымрэ Iэзэу, шэрыуэу игъэIэщакIуэу щытащ. «Iужажэ» зыфIища усэм цIыху фэрыщIым, IуитIбзитIым, мылъкурэ къулыкъурэ щIэхъуэпсурэ «зи напэр кIапэкIэ зыщэжахэм» я образ дыхьэгъ къыщигъэщIащ. УсакIуэм пэж дыджыр зэрыщыт дыдэм хуэдэу, нехьэкI-къехьэкI хэмыту, усэм къыщиIуэтащ. Зи гугъу тщIым и щыхьэту зы пычыгъуэ къэтхьынщ:

*Нэхъыщхьэр уи щхьэм къытеувэм, –*
*И лъэгум гуапэу укъобзей.*
*Зыхубогъэщхъыр и щхъэгъусэм,*
*И бынхэм, и хьэм, и шэнтжьейм.*

УсакIуэм и псалъэхэр, еIуэкI е щIагъыбзэ хэмылъу, занщIэу езы Iужажэм зэрыхуэгъэзам тхыгъэм психологие кууагъ хелъхьэ, абы щIэлъ ауаным и къалэн нэхъыщхьэри – Iужажэхэм зегъэцIыхужыныр – нэхъ IупщI, нэрылъагъу ещI.



IутIыж Борис сонет жанрым адыгэ литературэм зыщиужьынми и гуащIэ ин ирихьэлIащ. Дызэрыщыгъуазэщи, сонетыр жыпхъэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ, ар къэзыгъэIэрыхуэфхэми я бжыгъэр куэд хъуркъым. Ди лъэпкъ усакIуэхэм я нэхъыбэр а жыпхъэм я зэфIэкI щеплъыжу сонет зыбжанэ я Iэдакъэ къыщIэкIауэ аркъудеймэ, сонет творчествэ псо зэзыгъэпэщыфаи (ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, IутIыж Борис, Ацкъан Руслан), сонетым нэхърэ куэдкIэ нэхъ гугъуж сонет Iэрамэм и фащэ мыIумпIафIэр къэзыгъэIурыщIэфаи (Бемырзэ Мухьэдин, КIэщт Мухьэз, Уэрэзей Афлик, ПщыукI Латмир, н.) абыхэм яхэтщ.

IутIыж Б. и тхыгъэ зэхуэмыдэхэр щызэхуэхьэсауэ 2005 гъэм къыдэкIа «Къудамэхэр» тхылъым сонету 65-рэ ихуащ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, усакIуэм сонетхэр 1998-2003 гъэхэм итхащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, критикхэмрэ литературэдж щIэныгъэлIхэмрэ литературэм и зыужьыныгъэм и напэкIуэцI щхьэхуэу къалъытэ совет нэужь лъэхъэнэм хиубыдащ. НэгъуэщI зыми гу лъытапхъэщ: IутIыжым и сонетхэр щитхар литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм щылажьэу, художественнэ тхыгъэм и гъэпсыкIэ-ухуэкIэм и щэхухэм щыгъуазэ хъуа нэужьщ. ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий пэжу къызэрыхигъэщащи, «мы жанр гугъум (сонетым. – *Хъ.Л.*) щыпэрыувам, IутIыжыр лIыпIэ иува къудейтэкъым, абы щыгъуэ Iэзагъ лъагэ зыIэрызыгъэхьа усакIуэт».

IутIыж Б. и сонетхэр адыгэ дуней лъагъукIэкIэ псыхьащ, лъэпкъ тхыдэм и кIапэлъапэхэр къыхэщу гъэпсащ. Абы щыгъуэми сонетым нэхъ хуэщу къалъытэ темэ нэхъыщхьэхэр (лъагъуныгъэ мо-

тивхэр, хэку фIылъагъуныгъэр, гъащIэм и философиер) усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэми къапкърыщащ.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, IутIыж Б. и сонетхэм лъэпкъыпсэ яIутщ, уеблэмэ лъагъуныгъэм щытетхыхькIи тхыгъэхэм адыгэлIым и хьэл-щэн яхыболъагъуэ. Сонетхэм я лирикэ лIыхъужьыр хэкупсэщ, абы лъэпкъ тхыдэр узу пкърытщ, адыгэ щIэблэм и къэкIуэнум егъэпIейтей. «Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт...» фIэщыгъэм щIэт сонетым лирикэ лIыхъужьым тхыдэ къэхъугъэхэр гурэ псэкIэ зэрызыхищIэмрэ ахэр акъыл нахуэкIэ зэрызэригъэзэхуэфымрэ щызэщIэлъщ. Зи гугъу тщIыр ещанэ катренымрэ тхыгъэр щIэзыгъэбыдэж иужьрей сатыритIымрэ деж псом хуэмыдэу IупщIу щынэрылъагъущ:

*ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм*
*Дерс хэзымых лъэпкъыр кIуэуэрэ – мэкIуэд...*
*Адыгэ жылакIэу дунейм щикъухьахэм*
*Дэ къытщIоджэ нобэ лIыхъужьыпсэ куэд:*

*«Маржэ хъужыххэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!*
*Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!».*



Къэтхьа пычыгъуэм къызэрыхэщщи, иужьрей сатыритIыр къыхуеджэныгъэу гъэпсащ, а хьэлыр усакIуэм и IэдакъэщIэкI нэгъуэщI сонетхэми ядыболъагъу. Псалъэм папщIэ, «Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи...» сонетри къыхуеджэныгъэкIэ еух:

*Зыхэдывгъалъхьи щымыIа лIыгъэ,*
*ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу!*

Мыпхуэдэ ухуэкIэм IутIыж Б. и сонетхэр гимным пэгъунэгъу ящI.

IутIыжым и сонет творчествэм и щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэр зыщылъагъупхъэр, къэбэрдей литературэм щыяпэу, усакIуэм а жыпхъэмкIэ тхыдэ, жылагъуэ Iуэхугъуэхэр къызэригъэлъэгъуарщ. ИщхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа БакIуу Хъанджэрий пэжу гу зэрылъитащи, «тхакIуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ зэманым, зытепсэлъыхь лъэхъэнэм ифIри и Iейри къэгъэлъэгъуэныр. Лъэхъэнэ къэс иIэжщ и дамыгъэхэр. «Историзмэр» зэман пыухыкIар фIэщхъуныгъэ хэлъу къызэрагъэлъагъуэ Iэмал хъарзынэщ. IутIыж Борис ар къыщигъэлъэгъуащ и драмэхэм, новеллэхэм, публицистикэм. Сонет жанрми абы къыщехъулIащ совет лъэхъэнэм иужькIэ ди псэукIэм зэхъуэкIыныгъэу игъуэтахэр. Псалъэ гуэр (концепт) усакIуэм къещтэри, ар символым хуешэ, «цыкIуэкIым хуэдэу» гупсысэхэр къытрешыр».

«ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж...» сонетым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр гъащIэм сыт щыгъуи къыдекIуэкIа мылъкукIэ зэхуэмыдэныгъэмрэ иужьрей лъэхъэнэм цIыхухэр псэкIэ къулейсыз хъу зэпыту, цIыхугъэр, напэр, щIыхьыр IэщIыб ящIу къызэрекIуэкIымрэ

тегъэщIащ. Нэхъ шынагъуэжращи, цIыху хьэкIэпычхэмрэ нэмысыншэхэмрэ иджырей гъащIэм щытепщэщ. Аращ усакIуэр Iыхьэлейм икIауэ зыгъэпIейтейуэ зи гугъу тщIы сонетым къыщиIуатэр:

*ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж*
*Дунейкъутэжым щхъэщыхьа мы гъащIэм.*
*«СылIа нэужькIэ – удз къремыкIыж!»*
*ЖызыIэхэм дунейр зыкIзыщхъэ ящIыр.*

Мы едзыгъуэм щызэхэша гупсысэхэм сонетым и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэхэм зыщаубгъу икIи кIэIунэ езытыж сатыритIым деж мыпхуэдэ философие куум хуокIуэ:

*Нэхъуейм икIа дунейм ирегъэзагъэ*
*И хабзи-бзыпхъи къэунэхуа* ***хьагъэм.***

«Зыми имыщIысу псоми дэфыщIейхэм...», «Пщы» зыфIэпщым «пщылI» къыпфIещыр...» сонетхэр ди къэралым щыIэ жылагъуэ зэхэтыкIэм, политикэ щытыкIэм тегъэпсыхьащ. УсакIуэм абыхэм дунейр зэзыпхъуэну хущIэкъухэм я образ дыхьэгъхэр къыщигъэщIащ. Абы ехьэлIауэ IутIыжым и творчествэр къызэщIэкъуауэ зыджа БакIуу Хъ. етх: «IутIыж Борис сонетыр басням пэгъунэгъу хуищIащ ауан Iэмалыр зэрыхигъэхьамкIэ. Апхуэдэ зиIэ яхэткъым адрей адыгэ усакIуэхэм». ЩIэныгъэлIым и еплъыкIэм арэзы утемыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ сонетым гушыIэмрэ ауанымрэ хэухуэнэныр ди литературэм щыщIэщыгъуэщ. Абы щыгъуэми зы сонетым и кIуэцIкIэ мотив зэхуэмыдэхэр (лъагъуныгъэ, философие, ауан, гушыIэ, н.) щызэхэгъэшыпсыхьауэ урохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, «Дунейр – бэмпIэгъуэкIэ гъэнщIауэ...» сонетым деж иджырей жылагъуэ зэхэтыкIэм мыхъумыщIагъэу хилъагъуэр къызэриIуэтэну усакIуэм къыхуэнэжыр зы Iэмалщ – гушыIэрщ. Абы щыгъуэми тхыгъэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтIар цIыхур гъэдыхьэшхыныр аракъым, атIэ зегъэщIэжынырщ, и щыуагъэхэм гу лъегъэтэжынырщ. Сонетым и етIуанэ, ещанэ катренхэм дыкъыщоджэ:

*Дахагъэм ЩIыгур къихъумэным*
*Ущыгугъыныр щхъэгъэпцIэжщ...*
*Зэгуэр номиным дыхуэкIуэну*
*ЖиIамэ Дарвин, – ар нэхъ пэжт.*

*А пэжыр мис-тIэ: цIыхур щIылъэм*
*И тепщэу Тхьэшхуэм къигъэщIат,*
*АрщхьэкIэ homo-хьэщхьэвылъэ**
*Лъэпкъыгъуэм яуфэбгъу: «Vivat!..».*



* *homo* (ц1ыху)+*хьэщхьэвылъэ* (мифологием щыщ персонаж).

«Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну...», «Уи жагъуэгъум къыпхуипсэлъхэм...», «Накъыгъэ мазэм зызэпигъазэщ...», «Ей, мы Жыгъэри мыр!..», «Лъагъуныгъэр банэ папцIэм...» жыхуиIэ сонетхэми гушыIэмрэ ауанымрэ хэухуэнащ.

IутIыж Б. и сонетхэм я нэхъыбэм философие икIи психологие кууагъ ящIэлъщ: усакIуэм гъащIэмрэ ажалымрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар къегъэлъагъуэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «ГъащIэр зэрыкIэщIым теухуауэ...», «УтекIыфкъым натIэм къритхам...», «ГъащIэр зэман-жыгым къыпытIысхьэ пцIащхъуэщ...», «Мэкъугъыр хьэр. Мэкъугъ емызэшыжу...», «Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней...», н.

Дызэрыщыгъуазэщи, сонетым и тхыкIэ хабзэ, и фащэ ухуэкIэ (сатыр пщыкIуплIу зэхэту) иIэжщ. IутIыж Борис и сонетхэр инджылыз фащэм иту гъэпсащ: катрену щырэ кIэIунэ езытыж сатыритIу зэхэтщ, мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэм тетщ: *abab cdcd efef gg*, цIыхухъу рифмэхэмрэ цIыхубз рифмэхэмрэ чэзууэрэ щызэкIэлъыхьащ. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, IутIыжым и сонет гъэпсыкIэр жанрым и хабзэхэм сыт и лъэныкъуэкIи йозагъэ, тхыгъэхэм я нэхъыбэр сонетым нэхъ хуэщу къалъытэ ямб жыпхъэмкIэ (стопа бжыгъэр зэхуэмыдэурэ) тхащ. Борис и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ жанрым нэхъыфI дыдэу хуэкIуэу къалъытэ жыпхъэмкIэ – стопаитху е стопаих хъу ямбымкIэ – тха сонетхэри. «Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну...» сонетыр и кIыхьагъкIэ стопаитхуу зэхэт ямбкIэ тхащ:



*Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхъэкIыну,*
*Абы уримыхъукI уэ гупсысэх:*
*Псалъэжьым тету – а псы узыхъынум,*
*УпэщIэмыту, зыдрегъэхъэх.*

U – / U – / U – / U U / U – / U    *пир. 8 пыч.* *
U – / U U / U – / U U / U –    *пир. 4, 8 пыч.*
U – / U – / U U / U U / U – / U    *пир. 6, 8 пыч.*
U U / U – / U U / U U / U –    *пир. 2, 6, 8 пыч.*

«Теорие щыIэщ бжыгъэр хуэкIуэу фIагъым...» фIэщыгъэм щIэт сонетыр стопаихыу зэхэт ямбкIэ тхащ:

*Теорие щыIэщ бжыгъэр хуэкIуэу фIагъым,*
*Ауэ цIыху гъащIэм ещI ар фIэщщIыгъуей:*
*Илъэс къэдгъэщIхэр хъууэрэ зэлъагъэ,*
*Ухыгъэ эшафотым дыдокIуей.*

U – / U – / U – / U – / U – / U
U U / U – / U – / U U / U –    *пир. 2, 8 пыч.*
U U / U – / U – / U U / U – / U    *пир. 2, 8 пыч.*
U U / U U / U – / U U / U –    *пир. 2, 4, 8 пыч.*

* Пиррихиер 8-нэ пычыгъуэм тоувэ.

IутIыж Б. и сонетхэр художественнэ бзэ къулейкIэ тхащ, абы щIэх-щIэхыурэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ уащрохьэлIэ. Абы щыгъуэми ахэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэгъэсэбэпакъым, атIэ контекстым зэрыхуэкIуэ, зэрыхуэфащэу хэувахэщ. Мис, псалъэм папщIэ, щапхъэ зыбжанэ: ***«Напэ нэхърэ – кIапэ!»*** (мыбдежми адэкIи къыхэзыгъэщар дэращ. – *ХъЛ.*) *жызыIахэм / Нэхъ Iущ щымыIауэ къыщIокIыж»* («ЖаIэр пэжмэ, зэгуэр къутэжынущ...» сонетым щыщщ); *«Псалъэжьым тету –* ***а псы узыхьынум,*** */ УпэщIэмыту,* ***зыдрегъэхьэх»*** («Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну...» сонетым щыщщ); *«Зедгъэсат* ***фIы тщIэфу*** *цIыхухэм ад-дэ пасэу, / Ауэ* ***«псым хэддзэфу»*** *зи зытхуемыгъасэ»* («ГъащIэр зэман-жыгым къыпытIысхьэ пцIащхъуэщ...» сонетым щыщщ); ***«Дыхэмыныпэу и лъэхъумбыщIэр*** */ Къытлъысу щытмэ, дыщогуфIыкI...»* («Къыщимыгъуэту а нэхъ къилъыхъуэр...» сонетым щыщщ); ***«Пщы» зыфIэпщым «пщылI» къыпфIещыр*** *жаIэу / Ижь-ижьыжым лъандэрэ къокIуэкI»* («Пщы» зыфIэпщым «пщылI» къыпфIещыр жаIэу...» сонетым щыщщ), н. ИщхьэкIэ къыщытхьа щапхъэхэм адыгэ псалъэжьхэр хэухуэнащ, зэрынэрылъагъущи, абыхэм текстым къызэрезэгъыу зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэтаи яхэтщ.

Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ пэгъунэгъуу езы усакIуэм къигъэщIыжа Iущыгъэхэри IутIыжым и сонетхэм куэду яхыболъагъуэ. Псалъэм папщIэ, «Гум гугъапIэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым...» сонетыр апхуэдэ IущыгъэхэмкIэ, философие гупсысэ куухэмкIэ гъэнщIащ. Зи гугъу тщIыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, сонетым щыщ зы катрен къэтхынщ: 

*ЦIыху насыпыр напIэзыпIэрыбжэщ.*
*Къытхуэлыду – кIуэдыж гъуэбжэгъуэщщ.*
*ГъащIэр – щымыIа ямыгъуэтыжхэм*
*ЩепщIыхьыжу шыгъушыпсыпIэ жэщщ...*

Мы едзыгъуэми, ар къызыхэтха сонетыр зэрыщыту къапщтэми, IутIыж Борис и сонет творчествэм къызэщIэкъуауэ ухэплъэми, нэрылъагъу мэхъу усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр купщIафIэу зэрыщытым къыдэкIуэуи, ахэр зыми хэмыгъуащэ хъэтIкIэ зэрытхар. Псом хуэмыдэжу щIэщыгъуэщ усакIуэм гъащIэр шыгъушыпсыпIэ жэщым зэрыригъапщэр. Апхуэдэ художественнэ Iэмал гъэщIэгъуэнхэм IутIыжым и тхыгъэхэм куэдрэ уащрохьэлIэ.

Прозэу тха усэ жанрыр ди литературэм япэу щызыгъэлэжьар, абы и зыужьыныгъэм зи гуащIэ нэхъыбэ езыхьэлIар IутIыж Борису жытIэмэ, дыщыуэнукъым. Литературэм и теорием зэрыщыубзыхуамкIэ, апхуэдэ усэ лIэужьыгъуэм гъэпсыкIэ щхьэхуэныгъэ зыбжанэ иIэщ. Я фащэкIэ усэм и хьэл-щэн (ритмикэ, рифмэ, строфикэ) яхэмылъми, я купщIэкIэ поэзие лъагэ япкърылъ хабзэщ; кIэщIу, сюжетыншэу, миниатюрэ теплъэ яIэу ухуащ. Прозэу тха усэхэм я идее нэхъыщхьэр зы теплъэгъуэ, щытыкIэ гуэрым тегъэщIащ, абыхэм зызыужь, зызыхъуэж къэхъугъэхэм ущрихьэлIэ хабзэкъым.

ӀутӀыж Б. прозэу тха и усэхэм философие гупсысэхэр я лъабжьэщ. УсакӀуэм абыхэм гъащӀэмрэ ажалымрэ, гъащӀэм и мыхьэнэм, лъагъуныгъэр зищӀысым, н. ехьэлӀауэ езым иӀа еплъыкӀэхэр, къызэщӀэкъуауэ жыпӀэмэ езым и щхьэ закъуэ художественнэ дуней лъагъукӀэр яхилъхьащ. Прозэу тхами, абыхэм поэзием и нэщэнэхэр ӀупщӀу къахощ, уеблэмэ языныкъуэхэм я фӀэщыгъэ къудейхэми усыгъэм и гъэпсыкӀэ хабзэхэр (образ гуэр къыщыгъэщӀауэ, гурыщӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэр хэлъу) яхыболъагъуэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщӀэ, «Телъыджалъэ», «Дыгъэм кӀэрыщӀыхьа абгъуэ», «ГъащӀэр псысэм хобжьахъуэ», «ФӀэщхъуныгъэ дахэ» жыхуиӀэхэр, нэгъуэщӀ зыбжани.

Прозэу тха усэхэм психологизм лъэщи, лирикэ щаби ящӀэлъщ. Апхуэдэу гъэпсащ «СощӀэ» фӀэщыгъэм щӀэт тхыгъэр. Ар кӀэщӀ дыдэщ, ауэ гурыщӀэ куу къыхэщу тхащ: *«СощӀэ, Уэ утетщ мы дунейм. Си гупсысэхэм уазэрыхэтым ещхьыркъэпсу. Удахэу. Укъабзэу. Угуапэу. Уи цӀэр сымыщӀэми, Уэ нэхъ нэӀуасэ симыӀэу. Махуэм я нэхъ щӀыӀэми си гур уи хуабэм къигъэплъу. Псалъэхэр сӀыпхыурэ усэ къасхухэпщӀыкӀыу... Уэ утетщ апхуэдэу си дунейм... Сыпхуэмызами. Узмылъэгъуами. Укъамылъхуами»*.

ӀутӀыжым прозэу тха и усэхэм «парцелляцэ»-кӀэ зэджэ Ӏэмалыр куэдрэ къыщигъэсэбэпащ. Ар ищхьэкӀэ къыщытхьа щапхъэми къыхощ *(«Удахэу. Укъабзэу. Угуапэу»; «Сыпхуэмызами. Узмылъэгъуами. Укъамылъхуами»)*, апхуэдэуи «Сурэт дахащэ» тхыгъэм и пэщӀэдзэми къыщигъэсэбэпащ: *«Жэщщ. Щымщ. Мамырщ. Дахэщ...»*. Парцелляцэм тхыгъэм щӀэлъ психологизмыр нэхъ куу ещӀ, абы усакӀуэм псалъэкӀэ къыщигъэщӀ художественнэ дунейр щӀэджыкӀакӀуэм зыхегъэщӀэнымкӀэ къалэн пыухыкӀахэр егъэзащӀэ.



Прозэу тха усэ жанрым пэгъунэгъущ ӀутӀыж Б. езым къигъэщӀыжа гущӀагъщӀэлъхэри. Ахэр кӀэщӀу тхащ (уеблэмэ прозэу тха усэхэм нэхърэ нэхъ кӀэщӀыжщ), ауэ, япэрейхэм (прозэу тха усэхэм) миниатюрэ хьэл яхэлъу теплъэгъуэ е щытыкӀэ гуэр къыщыгъэлъэгъуамэ, гущӀагъщӀэлъхэм зы Ӏуэхугъуэ е къэхъугъэ щхьэхуэм ехьэлӀауэ усакӀуэм и еплъыкӀэ-гупсысэкӀэр (рассуждение) къыщыӀуэтащ, философие куукӀэ гъэнщӀащ, афоризмым и хьэл гуэрхэри дэплъагъуу гъэпсащ. Прозэу тха усэхэм къащхьэщыкӀыу, гущӀагъщӀэлъхэм фӀэщыгъэ яӀэкъым, атӀэ усакӀуэм и гъащӀэм гуэхыпӀэ имыӀэу епха гупсысэ кӀапэлъапэхэурэ зэхэтщ. Щапхъэ зыбжанэ къэтхынщ:

* * *

*Сыту укъабзэ уэ, цӀыху! А уи къабзагъэр мыхъуамэ, и дзыхь къуигъэзу, уэ Тхьэр акъылкӀэ къыпхуэупсэнтэкъым.*

*Сыту уфӀей уэ, цӀыху! А уи фӀеягъэр мыхъуамэ, Тхьэм къуита а тыгъэ лъапӀэр уэ шейтӀаным хуэбгъэлэжьэнтэкъым.*

* * *

*Уэ сэ укъысхуигъэщIащ. Сэ уэ сыкъыпхуигъэщIащ. Ар псоми я фIэщ щысщIыну утыку дэтхэнэми сихъэну сыхъэзырт. Ауэ укъысхуэгъуэткъым. Сыкъыпхуэгъуэткъым. Нобэми. Ныжэбэми.*

* * *

*Пэжкъым! Сыарэзыкъым! Си фIэщ зэрыпхуэщIын щыIэкъым сэ зыми сримыщIысу. Ауэ сытми щхъэ бжыгъэу дунейм сыкъытехъуауэ. Сыкъызэрытехъуам ещхъыркъабзэуи – лъэужьыншэу сытекIыжыну... СытекIыжынущ. Къытехьауэ абы темыкIыж щыIэкъым. Ауэ сэ сщыщу дунейм къытенэнущ си бампIэ гызхэр. Си гугъэ къутахуэхэр. ГъащIэм гуэсщэну сызыхэта си псысэ-щIэинхэр. Iэ пхъашэ куэдым яукъуея, гу пхъашэ куэдым дыхъэшхэн ящIа си щыуагъэ IэфIхэр... Щрепсэу ахэр сэ сыщымыпсэуфа мы дунейм. Зи IэфIым сылъэмыIэса мы дуней дахэшхуэм.*

IутIыж Борис лъэужьыфIэ хъуахэм, мыкIуэдыжын Iэужь дахэ къызэзынэкIахэм, зи цIэр лъэпкъ тхыдэм къыхэнахэм ящыщщ. УсакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI щэджащэр ноби и IэрыкIхэм щопсэу, анэдэлъхубзэр Iурылъу зы цIыху закъуэ нэхъ мыхъуми дунейм тетыхукIэ абы и художественнэ, публицистикэ, критикэ, щIэныгъэ щIэин телъыджэр щыIэнущ, лъэпкъым хуэщхьэпэнущ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **тхакIуэхэу Къагъырмэс Борис, Хьэх Сэфарбий, IутIыж Борис, щIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий, усакIуэ Джэрыджэ Арсен, тхакIуэхэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф сымэ.** *1997*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **артист Мысостышхуэ Пщызэбий, тхакIуэ Нало Заур, Заур и щхьэгъусэ Нусэ, IутIыж Борис сымэ.** *2005*



Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VII Конгрессым и лэжьыгъэм хэтхэу Мысостышхуэ Пщызэбий, Нэхущ Заурбий, Ташло Алий, ІутІыж Борис, Агырбэ Юрэ, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд сымэ. *Истамбыл къалэ. 2006*





ІутІыж Борисрэ артисткэ Балъкъэр Тамарэрэ. *2005*



**IутIыж Борис.** *2008*



**IутIыж Борис и Iэдакъэ-щIэкIхэм ябгъэдэту.** *2005*





**IутIыж Борис и гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIащ и бынхэмрэ и къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ.** *2005*



**ӀутӀыж Борис Шэджэм псыкъелъэхэм зыщегъэпсэху.** *2008*



**ӀутӀыж Борисрэ и къуэ Шумахуэрэ.** *2006*





**Борис и унагъуэр и гъусэу.** *1984*

# IутIыж Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Ди Щхьэщыгум итым и нэфI зыщыхуахэм, тыгъэ лъапIэкIэ зыхуэупсахэм ящыщщ адыгэ драматург цIэрыIуэ, усакIуэ гъуэзэджэ икIи сурэтыщI Iэзэ IутIыж Борис. Ар илъэс плIыщIым нэблэгъауэ литературэм щолажьэ, зэIусэм псэ хилъхьэу, лъэпкъыр, къыдалъхуахэр лIыгъэм, лэжьыгъэм, дахагъэм, цIыхугъэ лъагэм хуриджэу.

ЗэфIэкI ин, Iэзагъ нэс зэрыбгъэдэлъыр абы псом япэу наIуэ щищIар литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэ драматургиерщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэхэм лъэпкъ драматургиер лъагапIэщIэ трагъэуващ. Адыгэ театрым и сценэр иужьрей илъэс зытIощIырыпщIым зыгъэбжьыфIэр IутIыж Борис и тхыгъэ гъуэзэджэхэрщ.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*2000*

* * *

IутIыж Борис япэ дыдэ итха «Тыргъэтауэ» трагедиер къысхуихьри, къызэлъэIуат сыкъыхуеджэну. Абы и сюжетыр хьэлэмэтщ, тхыдэм жыжьэу хэIэбэщ, зыхуейхэр «къыхилъэфри» и тхыгъэм лъабжьэ хуищIауэ. КупщIэм нэмыщIкIэ, драматургием къегъэув лIыхъужь къэсыхукIэ псэ яIутын хуейуэ, я психологие яIэжыпхъэу. Мис абыхэм сегупсысурэ сыкъеджащ сэ а тхыгъэм. Хуабжьу сигу ирихьат.

Апхуэдэу тхыдэм, нобэрей псэукIэм теухуауэ пьесэ куэд итхащ Борис. Абы ипэкIэ диIащ дэ драматургхэр – Акъсырэ Залымхъан, Шортэн Аскэрбий, Тубай Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри, ауэ апхуэдиз зи куугъыу гупсысэ, апхуэдиз купщIэ зиIэ тхыгъэхэр къызэзынэкIа яхэтакъым. IутIыж Борис и цIэр жытIэу, и фэеплъыр тщымыгъупщэу екIуэкIын хуейщ.

**НАЛО Заур,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2010*

* * *

Илъэс 17-м щIигъукIэ зи унафэм дыщIэта IутIыж Борис редактор нэхъыщхьэу къытхуэкIуэным ипэжкIэ, ар «Iуащхьэмахуэм» къуэпскIи псэкIи къытпыщIауэ дызэдэлажьэрт. И тхыгъэ купщIафIэхэр щIэхщIэхыурэ къытеддзэрт.

Борис лэжьакIуэшхуэт. Гууз-лыуз иIэу бгъэдэтт и IэнатIэм. Гумызагъэт. Зи псэм щымысхьыж цIыхут.

Зэман нэхъыбэIуэ иIэ хъуарэ: «Сэ дачэмкIэ сокIуэ», – жиIамэ, абы къикIыр гурыIуэгъуэт: жэзым, пхъэм, нэгъуэщI зыгуэрхэм сурэт къащыхищIыкI и лъэщапIэр здэщыIэр хадэрати, и нэм нэху имылъагъуж хъухукIэ абы щылажьэрт. Борис сытми сытри къыхищIыкIыфырт. АпхуэдизкIэ IэпщIэлъапщIэти, ар зыхэмызагъэ



3 Заказ №2209

щыIэу къыщIэкIынтэкъым. Псэ хилъхьэфыртэкъым, армыхъумэ, зэIусэр зыхуей сэфэтым иригъэувэфырт.

IутIыж Борис хуэдэхэр илъэсищэм зэщ лъэпкъым къызэрыхэкIыр. Аращ апхуэдэ цIыхухэр щыпсэум деж гъэлъэпIэн, яхуэфащэ пщIэ яхуэщIын щIыхуейр.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Мы тхыгъэр зытеухуа IутIыж Борис адыгэ тхакIуэ псоми къахощ. Абы ди литературэм хэлъхьэныгъэ абрагъуэ хуищIащ. Борис итха псоми (кIуэ, закъуэтIакъуэ блэзгъэкIами сщIэркъым) сыкъеджащи, узыщIишэу, узэщIиубыдэу апхуэдэхэщ. Абы и гуащIэр ди лъэпкъ цIыкIум дежкIэ уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ.

IутIыжым щхьэтечу епсалъэу щытахэм, и тхыгъэхэм ящыщ куэдым япэу еджахэм, и псэлъэгъуу, и гушыIэгъуу щытахэм сэри сащыщщ. Сэ  Борис нэхърэ илъэси 10-м щIигъукIэ сынэхъыжьщ, ар щыстудентым щыгъуэ сэ газетымрэ радиомрэ сыщылэжьащ, пасэу итхахэм седжащ, абыхэм зэрысхузэфIэкIкIэ гъуэгу естащ. Пэжыр жысIэнщи, IутIыжым и гушыIэ тхыгъэ телъыджэхэр зигу иримыхь гуэрхэри щыIащ, езым и ныбжьэгъухэри яхэтыжу. Ауэ абы зы щхьэкIи къигъэзакъым, и щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ и къарум къихьыфынур ищIэжу, тегушхуэныгъэ ин хэлъу щытащ.

«Мы си тхыгъэм сыт ефщIэми сыарэзыщ, сытми зыгуэр къыхэфхи схутевдзэ...» жызыIэхэм Борис ящыщтэкъым. Абы итхам езым нэмыс хуищIыжыфырт икIи ухэIэбащэу идэнутэкъым. Пэж жыпIэнумэ, ущIеIэбыжыни щымыIэу тхэфырт ар, щыщIалэ дыдэми къыщыщIэдзауэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2010*



* * *

IутIыж Борис ди литературэм хилэжьыхьам дяпэкIэ тхылъ Iэджи зэрытратхыхьынум сэ шэч къытесхьэркъым, ди лъэпкъыр щыIэху, абы и тхыгъэхэр зэрымыкIуэдыжынури фIыуэ сощIэ. Нобэ адыгэ лъэпкъым и IутIыжщ, ар езым фIыуэ къыгурымыIуэжми. Абы иIэщ IутIыж Борис и тхыгъэ щэджащэхэри, нэгъуэщI куэдым я Iэдакъэ-щIэкI купщIафIэхэри. ДиIэр тхъумэжыфу, абы пщIэ хуэтщIыжыфу нэхъри зедгъэсэнырщ къытхуэнэжыр.

**АЦКЪАН Руслан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

ТхакIуэ е усакIуэ щыхъукIэ, абы и IэдакъэщIэкIхэр зигу ирихьи зыфIэмыкъабылыщи щыIэнщ. ЗэдыщIэкIыу псоми гурыхь ящыхъуну гугъэ зыщIым и Iуэхур щхьэгъэпцIэжу аращ. Сэ фIыуэ сцIыхуу щыта

икIи сызыдэлэжьа IутIыж Борис зэдыщIэкIыу псоми гурыхь ящыхъун мурад иIауэ зэи гу лъыстакъым. Гу зылъыстар нэгъуэщIщ – Борис нэхъыбэу зыхуэлэжьа драматургием нэгъуэщIхэм щахузэфIэмыкIа куэд къыщехъулIащ. Абы ехьэлIауэ мыпхуэдэу жысIэфынущ: ди лъэпкъ щэнхабзэм IутIыжым и «Тыргъэтауэм» щиIэ фIыщIэр къэлъытэгъуейщ. Къапщтэмэ, «Тыргъэтауэм» хузэфIэкIащ Къэбэрдей театрым пэIэщIэ хъуауэ хуежьа цIыхухэр абы къришэлIэжыну. Мыпхуэдэуи хужыпIэфынущ а тхыгъэм – «Тыргъэтауэм» и фIыгъэкIэ лъэпкъым и гур и тхыдэм нэхъ къыхуэушыжри, и блэкIам хуиIэ щытыкIэми зихъуэжащ. Иджыпсту къэсхьа щапхъэитIым я закъуи урикъуни IутIыжым лъэпкъ Iуэхум хилэжьыхьар зыхуэдизыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми къыбгуригъэIуэну!

**УЭРЭЗЕЙ Афлик,**
*усакIуэ*
*2010*

* * *

Сэ, «щIалэ цIынэ папцIэ цIыкIур» (апхуэдэут къызэрызэджэр), егъэлеяуэ IутIыжым сигъэгушхуэ зэпытт. «Лъэпкъыр дымащIэщи, ди лъэныкъуэкIэ уныздежьэну, укъыздалъагъуну сыхуейщ» жиIэурэ и бынхэм я гуфIэгъуэхэм сыхигъэтащ.



Сыхуэпабгъэу сыхущIэкъуну мыхъумэ, зэи сыздынэмысыфыну лъагапIитI щыIэщ – ар КъардэнгъущI Зырамыку и IуэрыIуэдзагъымрэ IутIыжым и бзэ дахэмрэ. Борис адыгэбзэ ищIэ къудейтэкъым, абы анэдэлъхубзэр зыхищIэрт. IутIыжым и псалъэ гъэпсыкIэр адыгэм набжэ зэриху щIыкIэм изогъэщхь: гупсысэ бжэгъулъэр бзэпсым хуэдэу еукъуэдийри, псалъэ-чийхэр гъэщIэгъуэныщэу игъэлантIэурэ дедзыж, бжьэпэтехуэри зэкIужрэ-зэпсыжу треухуэнэж.

**ЦIЫПIЫНЭ Аслъэн,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*2000*

* * *

Лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыр, ар зыгъэлъапIэр, абы и щхьэ езыгъэIэтыр, лъэпкъым псэ хэзылъхьэр IутIыж Борис хуэдэхэрщ. ЛъэпкъылIщ, гупсысакIуэщ, ущиякIуэщ, тхакIуэщ, усакIуэщ, сурэтыщIщ, кIэщIу жыпIэмэ, адыгэпсэм зезыгъэузэщI цIыху щыпкъэщ Борис.

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**
*композитор*

* * *

IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Кушыкупщ», «Эдип», «Лъыгъажэ жэщ» пьесэхэми, гушыIэрэ ауану зэхэлъ тхыгъэхэу «Гуащэмыдэхьэблэ», «Шамхьун и фызышэ», «УгушыIэнумэ, къеблагъэ», «ГушыIэ махуэ апщий!», нэгъуэщIхэми театрым и пщIэр лъагэу къаIэтащ, артист куэди цIэрыIуэ, гуимыхуж ящIащ.

Ди театрым къыщызджэгуа ролхэм ящыщу (ахэр 120-рэ мэхъу) нэхъыфI дыдэу къэслъытэр Тыргъэтауэщ. Сэ Борис Iэмал къызитащ артистым хэлъын хуей зэфIэкI псори мы ролымкIэ къэзгъэлъэгъуэну: цIыхубзым хэлъын хуей щабагъри, щхьэгъусэм, адэм, хэкум яхуэгъэза лъагъуныгъэри, бийм къыхузэIуих пхъашагъри, лъагъумыхъуныгъэри, къарурэ лIыгъэу къылъыкъуэкIри. ПсэухукIи си гум гуапэу хуилъащ, дунейм сытетыхукIи фIыщIэ хуэсщIынущ си насып къихьу а образыр къызэрызгъэщIыфам щхьэкIэ.

**ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ,**
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ*

* * *

IутIыж Борис бзэ телъыджэ Iурылът. Абы и тхыгъэхэм сыкъеджа нэужьщ ди анэдэлъхубзэм и бзэрэбзэкIэр, и къарур, и дахагъэр щызыхэсщIар. Ди бзэр сэзыгъэцIыхужар Борисщ жысIэкIэ сыщыуэнукъым.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,**
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист*

* * *



Лъэпкъым и Iуэху зезыхьэн, зезыгъэузэщIын, абы и цIэкIэ утыку ихьэн иIэн хуейщ, и щIэныгъэми, и акъылми, уеблэмэ и теплъэми укъызэримыгъэукIытэнур пщIэуэ. Борис апхуэдэт. Ар псоми зэхуэдэу фIыуэ ялъэгъуагъэнкъым, ауэ тхакIуэм, щIэныгъэлIым дежкIэ нэхъыщхьэращи, и къалэмыр игъэхьэулеяуэ зыми жиIэфынукъым, лъэпкъым и цIэкIэ къэпсэлъэну щIыхуимыти дэлъакъым абы и щIыбагъ.

**ШИРДИЙ Маринэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

* * *

УкIытэ къэзыгъэушыр пщIэшхуэ зиIэращ. УкIытэшхуэ цIыхум щыдэдмылъагъуж зэманым хэпсэукIми, IутIыжым куэд къыщыукIытэрт.

Борис хуащI пщIэр къилэжьыжащ и дуней тетыкIэмкIэ. И напэ емыплъыжу зы лъэбакъуэ ичауэ къыщIэкIынкъым. «Хабзэшхуэ хэлъащ» хужаIэ абы. Хэлъа къудейкъым – адыгэ хабзэрат абы и дунейр, адыгэбзэрат и псэр зыхэлъыр. И хъуреягъым къыщекIуэкIыр нэгъуэщI зыгуэрми, IутIыжым и дунейр апхуэдизкIэ лъэщт, лъагэт, уэрти, мыдрейуэ хъуар ефэгъуэкI къудейтэкъым, атIэ пцIы зэфэзэщ щIэхъукIырт. Пэжыр зи нэгум къищ куэдрэ урихьэлIэрэ? Абы и нэгум къытещыр и псэ зэхэлъыкIэрат – ар нэхут.

**КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,**
*усакIуэ*

* * *

Сэри сощIэ: ди щIыр мэкIэрахъуэ.
СощIэ: мазэ нурыр мывэ къуршщ.
Ныбжь къудейщ а мазэм тет мэлыхъуэр.
Нобэ, дауи, ар хэт дежкIи IупщIщ.
СощIэ. Ауэ сэ си дежкIэ мазэр
ФIыуэ слъагъум и нэкIу хужь хъурейщ.
ЩIылъэ щхъуантIэр екIуу а си щIасэм
И пкъыр зыгъэдахэу щыгъ бостейщ.
Гъатхэ жэщыр тхьэIухуд дахащэм
И гупсысэ къабзэщ. Губгъуэ жейр
Пшыналъэ мыIупщIхэр щызэпащIэу
ДжэгуакIуэ мыцIыхухэм я дунейщ...
ЩIэныгъэлIу зи акъылыр лъащэ!
СощIэ, содэ, — жыпIэ псори пэжщ.
Ауэ сынолъэIур: си пцIы мащIэр
Зэрыщыту сэ къысхуэгъэнэж.
*1981*

## ПЩIЫХЬЭПIЭ

... Гъуэжькуий кIэрахъуэм къихь ахъшэ Iэрамэм
ЦIыху куэд кIэлъожэ. Зыхуаший. Долъей.
Нэхъ лъэщхэр зыпэлъэщхэм тесщ я дамэм.
Зытесри тесри ахъшэм худоплъей...
Мэфий гъуэжькуийр. ЩIеупскIэ ахъшэ къомыр.
Бзу зэмыфэгъухэу щIылъэм къотIысэх.
Аузыр яуфэбгъу тумэнхэм. Сомхэм.
Жыгъыжыгъыжу жыгъей жыгъырухэр къолъэлъэх.
Дунейр зэщIещтэ зэрыших-зэрылI макъым.
ЦIыхуцIэ зиIэр хьэщхьэрыIуэ мэхъу.
ГущIэгъуи напи — зыри къыдэнакъым
Ауз шынагъуэм, нэпсеягъэ нэхъ...
Гъуэжькуийм ищI самэм, зытраубгъуауэ
ЗэшитI зэпоIэ. ЗэрофыщI. ЗэролI.
И адэм къищтэр къуэм IэщIипхъуэтауэ,

Сабийм иштар къыIэщIичыну йолъ.
Гъуэжькуий шынагъуэм псори докIэрахъуэ.
Жьэ минхэу гъуахъуэм уэгур дыхоскIыкI.

Къохуэхри мазэр, щаижь абрагъуэу,
КIыфIыгъэм псори зэуэ щIотIысыкI...
ПщIыхьэпIэм согупсыс сыкъэушауэ.
Зэм-зэми къысщохъуж сымыжеяуэ.
*1982*

## СФIЭКIУЭДА ДУНЕЙ
*Элегие*

Жьы щIыIэ. Пшагъуэ. Бжьыхьэ ятIэ.
Пэш нэщI. Зэшыгъуэ ямылей...
Куэбжэпэм адкIэ нэр мэкIуатэ,
Къилъыхъуэу сфIэкIуэда дунейр...
Зэгуэр мы пщIантIэм къыщыспежьэу
Щыта си анэр щымыIэж.
Зэгуэр насып хъыринэм щещIэу
Щыта ди унэр мэгуIэж.
Къэрешыр гъыбзэ ди бжэщхьэIум.
Щхьэгъубжэ кIыфIхэм нэпс щIагъэж.
Щогызыр уаер ди пэшхьэкум.
Блын щIыIэмылхэм зачэтхъэж...
Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщIэм, —
Ар си гум ейщи, иреIэж.
ЩымыIэу зыри сыкъэзыщIэ,
БлэкIа насыпым сыIуощIэж...
Бзу абгъуэ дахэу, ди унагъуэр
Си нэгум нобэ къыщIохьэж.
Си адэр кърум абрагъуэу,
КъыхокIри пшагъуэм, къолъэтэж.
Жэнэт бзу дахэу, къэтIысауэ,
Си анэм Iэджи къызжеIэж.
Гуузу зи гур тIэщIэхуауэ
Си къуэшым пцIащхъуэу къегъэзэж.
ЩIалэгъуэ дахэм си шыпхъуитIыр
Тхьэрыкъуэ пщэхухэу къохутэж...
АрщхьэкIэ зэуэ дуней хуитыр

Пщыхьэщхьэ пшагъуэм хокIуэдэж...
Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщIэм, —
Ар си гум ейщи, иреIэж.
ЩымыIэу зыри сыкъэзыщIэ
БлэкIа насыпыр щIызолъхьэж...
Жьы щIыIэ. Пшагъуэ. Бжьыхьэ ятIэ.
Пэш нэщI. Зэшыгъуэ ямылей...
Куэбжэпэм адкIэ нэр мыкIуатэ:
Абдеж щеухыр мы дунейр.
*1983*

## АНЭПСЭ

Гупсысэм гупсысэ кърохъуэ...
Гу узыр бгъэ узым йотIыхь...
Анэпсэр быныпсэм къылъохъуэ...
Быныпсэр анэпсэм йопщIыхь...
Анэпсэр — ар псынэщ. Ар — псысэщ.
Ар — Псатхьэщ. Ар — тхьэхэм я тхьэжщ...
А тхьэр тщхьэщытыху къытхуэупсэу,
Дэ сытри тлъэкIын ди гугъэжщ...
Анэпсэр тщхьэщыкIмэ, итIанэ
Нэхъ щIыIэу мо дыгъэри къопс...
Уэ псори бдэхуабэрт, си Нанэ,
ЗэмыкIури зэкIу пщIыфу ушхэпст...
Гъэ плIыщIыр хэщIауэ гъуэгуанэм,
Сэ гъащIэм мыр хьэкъ къысщищIащ:
Балигъ цIыхур щыхъур и анэр
Дунейм щехыж махуэр аращ.
*1983*

* * *

Дэ тIум ди гъуэгухэр зэтехьами,
Хэдгъэзыхь дигугъэр тезэгъакъым.
КъыдэхъулIэну ди гугъами,
Зы чысэм пситIыр тхуигъэхуакъым...
ИтIани, сфIэфIкъым узбгынэну,
БлэкIам ди псори къыхэзнэну.

Къыхэзнэпэну щытми, — дауэ?!
Акъылым ар къитIэскъым... Ауэ
ЩIыхуитIым ягу зэхуэмыкIуамэ,
Дуней акъылыр зэхэплъхьами,
Абыхэм яку дэпщэну щагъэу
Къыпхуэгъуэтынур фэрыщIагъырщ...
Дыхуейкъым дэ апхуэдэ тыгъэ.
Дяку дэмылъами лъагъуныгъэ,
Дэ ди блэкIам хэлъащ къабзагъэ...
Аращи, фIыкIэ, си щыуагъэ.
*1967*

* * *

Зэшыгъуэщ бжьыхьэ пшагъуэм къыхэщ махуэр.
Топлъызэ нэр стIолыщхьэм телъ письмом...
Уи тхыгъэм къеджэм къыфIэщIынщ узахуэ, —
Щыгъуазэр хэт дэ дякум дэлъа псом.
ЩIалагъэр щыIа псомкIи бгъэкъуэншауэ,
Езэша уи гур си гум къыхуоший.
Си гуапэу къыпIысхынт а тыгъэр... ауэ
Згъуэтыжкъым сэ абы щIэбэг «сабийр»...
Зэшыгъуэщ бжьыхьэ пшагъуэм къыхэщ махуэр.
Зэшыгъуэщ гукъэкIыж уэ птеухуар.
Зэшыгъуэщ ди щIалэгъуэм и бзыхьэхуэ
Щыбдэжу лъагъуныгъэ къебгъэхьар.
*1967*

### *Сонетхэр*

Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи,
Хуэмыухыжыр гъуэгуанэ кIуаджэщ.
Уплъэмэ, — плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщи,
УзэплъэкIыжмэ, — щыхупIэ бзаджэщ...

Уоу, си лъэпкъ мащIэу гущIэм щызгъафIэ,
Зи фIыр зи Iейхэм къысхугуэмых,
Зэм хубоIэт уэ си гур мо уафэм,
Зэм щIы къатиблкIэ гугъэр йодзых.

Я нэхъ лӀы Ӏущу зызылъытэжхэм
Уи щымыӀэжхэр дэнкӀи яший.
ЕплъэкӀ зэпытурэ дыщӀэзылъхьэжхэм
ЯхэплъэхункӀэ, си псэр мэкӀий:

«Зыхэдывгъалъхьи щымыӀа лӀыгъэ,
ДыкъыщӀэвгъэкӀхэ зэрамыгугъэу!»

* * *

Тхьэм и щыӀэныгъэм си псэр и уэчылщ, —
А псэр сӀутыхункӀи абы сытетынущ.
Ауэ къимытӀасэ зыи си акъыл
Мы упщӀэ нагъыщэм жэуап зэрестынур:

Дуней абрагъуэр зи ӀэдакъэщӀэкӀ,
Абы тету хъуари зи ӀуэхущӀафэ игъуэ
ЛъапӀэу Лъагэм гъащӀэр щыпкъэу езыхьэкӀ
ЦӀыхухэр щхьэ нэхъ хинрэ игуэш хъугъуэфӀыгъуэм?!

Дауи, гуэныхьышхуэщ Тхьэм Ӏэмыр ищӀам
ЦӀыху акъыл къудейкӀэ утепсэлъыхьыныр,
Ауэ ижь-ижьыжкӀэ гухэм ярищӀа
А гукъанэ щэхур дэнэ здэпхьынур?..

Догупсыс тлъэмыкӀыу: «Мыр Тхьэм и щыуагъэ?
Хьэмэрэ ШейтӀаным и зы хьэгъэщагъэ?»

* * *

ЖаӀэр пэжмэ, зэгуэр къутэжынущ
Мыпхуэдизыр щагъэхъа дунейр.
Зэи щымыӀам яхыхьэжынущ
А нэхъ тфӀэтелъыджэу тфӀэдомбейр.

Ярэби, нтӀэ, а къутэжыгъуэр
Къэсыпауэ пӀэрэ, ахъумэ сыт
Дыщэм пащӀрэ гущӀэм щагъэтӀыгъуэу
Зэрахьахэм щӀамыӀэжыр лыд?

ЩIыхур зыгъэинрэ зыгъэдахэу
Щытагъахэм дащодыхьэшхыж.
«Напэ нэхърэ — кIапэ!» жызыIахэм
Нэхъ Iущ щымыIауэ къыщIокIыж...

Гъуджэ Iушэ иплъэу есэжа дунейм
ФIыхэр щагъэпудри, пудхэр щыдоуей.

* * *

Къысхуэгъэгъу уэ, ди Тхьэу уэгур зи унапIэ:
КъысфIощI къэунэхуауэ Уэр нэхъ лъагэж.
Зи фIэщ умыхъу къомым аращ ягъэлъапIэр.
Уэ къыпхуэпщылI куэдми абы зыхуагъэш.

Зэшхэр зэлъимыхьэу хуощIыр зэжагъуэгъуи,
Зэныбжьэгъухэр щIакIуэ кIапэм трешэф.
ЩIыхум я нэхъыкIэр бегъымбар пщегъэхъури,
Напэм я нэхъ къабзэр фIейкIэ щIегъэнэф.

Дунейр апхуэдизкIэ абы итхьэкъуащи,
Икъутэжыфынми шэч къытезмыхьэж.
Гури, псэри, нэри — псори ихьэхуащи,
Зыхуимыт IэпапIэ цIыхум имыIэж...

ЛIыщIэми пащтыхьми зызыхуагъэлъахъшэ
Тхьэм и тхьэжкIэ зэджэм и цIэ дыдэр АХЪШЭЩ.

* * *

Зэманыр тетщ а и гъуэгуанэ
ЩIэдзапIэ зэи зимыIам,
УхыпIэ лъэпкъи имыIэну
Философ инхэм жыхуаIам.

ПхужыIэ псори щхьэм къитIасэу
Щытамэ, кIэншэм псэр тесшэнт.
Тесшэнти, псэху зимыIэ Гъуазэм
Дыздишэр дэнэми къэсщIэнт.

АрщхьэкIэ цIыхум и гупсысэр
Гъунапкъэм адкIэ щоункIыфI.
УнкIыфI гупсысэр мэхъури псысэ,
Я нэхъ нэ жанри пхымыплъыф...

А псысэ гъуабжэрщ ГъащIэкIэ зэджэжыр.
Гъунапкъэм адкIэщ зыдэщыIэр Пэжыр.

* * *

Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт,
Ди лъэпкъ нобэ псомкIи щэджащэн хуея.
Кхъэлъахэншэщ, жаIэ, зи псэ хым хэкIуадэр, —
Уэ зэгуэр хы лъащIэр псэхэмкIэ псеящ.

Лъахэм и дахапIэу лъэпкъым имеижхэм
Ди блэкIа гъэ минхэр ноби къахогъыкI.
Ахэм я псыхэгъэ дызэрагъеижхэр
Хы тхьэрыкъуэ макъхэм къахызохутыкI.

ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм
Дерс хэзымых лъэпкъыр кIуэуэрэ — мэкIуэд...
Адыгэ жылакIэу дунейм щикъухьахэм
Дэ къытщIоджэ нобэ лIыхъужьыпсэ куэд:

«Маржэ хъужыххэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!
Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!»

* * *

ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж
Дунейкъутэжым щхьэщыхьа мы гъащIэм.
«СылIа нэужькIэ — удз къремыкIыж!»
ЖызыIэхэм дунейр зыкIэыщхьэ ящIыр.

Зэм-зэми уогупсысыр: ярэби,
Мыбыхэм Тхьэшхуэм къахузэIуихауэ
Арауэ пIэрэ-тIэ а дэ дгъэпIий
Ди пэжхэм зыри пэж яхэмылъауэ?

ГущIэгъу, цIыхугъэ, напэ, пщIэ, нэмыс,
Гуапагъэ, гу къабзагъэ, лъагъуныгъэ…
А псори нобэ зыми имыщIыс
Зи гъуазэ закъуэм дежкIэ къулеигъэр…

Нэхъуеймкъ икIа дунейм ирегъэзагъэ
И хабзи-бзыпхъи къэунэхуа хьагъэм.

* * *

Дуней зэIумыбзыр зигу мыкъабзэ цIыхухэм
Я хъуэпсапIэ щэхухэм тегъэпсыхьыпащ…
Бжыхьдэжыпэ куэдым мурад яубзыхухэм
Я гъэунэхупIэ мы ди гъащIэр хъуащ.

ГъэщIэгъуэныракъэ, я гугъэжщ абыхэм
ЦIыхум я акъылыр зыдынахуса
Нэхъ лъагапIэ инхэм ящхьэдэIэбыхыу
ЩымыIэхха гуэрхэр къытхуагупсыса.

ЩIадзащ къащыхъужу Тхьэшхуэм къаритауэ
КъытщхьэщызыгъэкIхэу къыдэзыгъэфIэкI.
«Къупщхьэ хужь» теорием псори хуашэ… ауэ
Щхьэусыгъуэ дыдэр нэхъ къызэрыгуэкIщ:

Псы утхъуам псыдыуэр щохъур псынщIэу пшэр…
Щхьэ утхъуам щIэх дыдэу доуей къавэ щэр.

* * *

Гум гугъапIэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым…
Псэр хощыпыхьыжыр и блэкIам…
Ауэ икIутахэр из щыхъужкъым
Мы ди гъащIэ къэублэрэкIам…

Зи щIалэгъуэр егупсыскъым ахэм —
ГъащIэр дахэу къыпцыхьуху уейщ…
Ауэ Жьыгъэм — ар философ кхъахэщ —
ЖеIэ щIимыхъумэу я нэхъ Iейр:

«ЦӀыху насыпыр напӀэзыпӀэрыбжэщ.
Къытхуэлыду — кӀуэдыж гъуэбжэгъуэщщ.
ГъащӀэр — щымыӀа ямыгъуэтыжхэм
ЩепщӀыхьыжу шыгъушыпсыпӀэ жэщщ...

ЗэрымыщӀэу щӀыгум къытехъуа
ЦӀыхур зыщ зэхъуапсэр: къамылъхуам».

* * *

Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней
Ди Ӏуэхуи-дэлъи зыхэмылъыжынум.
Дэрыншэу зэӀуихынущ и пщэдей
Зи нэхуи-хупси къытлъымысыжынур.

А пэжыр хуабжьу пэж къызэрыгуэкӀщ,
Арауи къыщӀэкӀынщ щӀытщыгъупщэжыр:
ДызэрыгущӀу гъащӀэр идохьэкӀ,
А гъащӀэм и кӀэщӀагъыр дымыщӀэжу.

Тынш дыдэу къыщӀэкӀынукъым дунейм
Сыт щыгъуи зэнэзэпсэу утетыныр.
АтӀэми сэ къэсщӀэну мыр сыхуейт:
Нэхъ тыншу пӀэрэ мащэ зэхуэптӀыныр?..

ЦӀыху цӀыкӀур къалъху. Мэпсэу. Жьы мэхъу. МэлӀэжыр...
Жэуап зимыӀэ упщӀэхэр къонэжыр.

* * *

УсакӀуэм и гум щигъэтӀыгъуэ
ӀэфӀ псомкӀи зэтэу и налкъут
Бзылъхугъэр ЩӀым къыщывмылъыхъуэ,
КъэфщӀэнуи и цӀэр фыхэмыт.

Поэзиер — театр абрагъуэщ.
УсакӀуэр — щыактер мыкӀуэщӀщ.
КъигъэщӀыжа и Дахэнагъуэм
Телъыджэ куэд къыщыдегъэщӀ.

УсакIуэр зэрыпсэур гукIэщ.
А нэхъ ихъу-илъу нэхъ IумпIейрщ.
Абы зызыхуиший̆хэм зыкIи
ХуэщIакъым нобэ мы дуней̆р...

Тхьэр, нищIысынущи и лъапсэр,
УсакIуэм и гумкIэ мэхъуапсэ.

* * *

Бзылъхугъэр — ар цIыху тхьэпэлъытэщ.
КъэзыгъэщIыфу къигъэщIащ.
Дахагъэ защIэрэ укIытэу
Зэхэлъу щIыгум къытехьащ.

Дахагъэм ди нэр щисыкIынут,
УкIытэм къыпхрымыпсам.
УкIытэм ди гур хэлIыхьынут,
Дахагъэ-дыгъэр щхьэщыкIам.

А тIур зэкIупсу бдызолъагъури,
Аращ ущIэсщIыр гъащIэ нып,
Къэзмыгъуэта си Дахэнагъуэ,
СызыщIэмыхьэ си насып...

ЗищIысыр зымыщIэж бзылъхугъэ куэдым
Тхьэ тыгъэхэр хаутэ гъащIэ шэдым.

* * *

Сыту гущIэгъуншэ мы пщыхьэщхьэ дахэр!
Ди щхьэ зэщIэтхъуахэм жьыбгъэр ходжэгухь.
Ди нэм и бэджыхъыу ди псэм къыпатхъахэм
ГукъэкIыж хужьыпскIэ дыкъауфэрэзыхь.

Жьыгъэр къыпкIэлъысмэ, псомкIи зыбохъуэжыр.
Уохъу нэхъ Iэсэлъасэ, зэхъуэпсэкIырей̆...
IэфIу гум къэкIыжи дызыхущIегъуэжи —
Iэджи щыдгъэхъащ дэ мы екIуэкI дунейм.

Си ныбжьэгъу! Мы гъащIэр — намыщIыса лъахэщ.
НахуэмыжыIэсу къэнэжа уэрэдщ.
ФIыуэ тлъагъу бзылъхугъэ гу зыщыдмыхуахэм
Я цIэкIэ мы бжьэхэр къызэдэдгъэIэт...

Ад-д-дэ пасэ дыдэу пасэрейм жиIащ:
«НапIэхэр зэтелъхьи, — псори къэнэжащ».

* * *

УтекIыфкъым натIэм къритхам,
Уэр нэхъ цIыху ерыщ щIым темытами.
Ухуозэжыр Тхьэм къыпхуиухам,
КъыпэпкIухь зэпыту упсэуами.

АтIэ сыт къапхъэн къытхуагъэпсам
Ди псэр IэщIэтхыну дыщIыхэтыр?
Хьэхурэ-щIыхуэу дуней къытлъысам
Тхуэмыухыж хъуэхъур щIыхуэтIэтыр?..

ЩыIэкъым зи гъащIэр къэзыбжыф, —
Тхьэм и закъуэщ а щэху иныр зыщIэр.
И IэфI къыздэтлъыхъуэм — доункIыфI,
Ди фIэщ тхуэмыщIыжурэ къытщыщIыр...

ЦIыхум и цIэ лъапIэр къызэрилэжьар
НатIэм къритхахэм яку къыдищIыкIарщ.

ІУТІЫЖ Борис

# МАЗЭГЪУЭ ЖЭЩ

*Новеллэ*

Фарузэ мы къуажэм щыщтэкъым. КъызэрыІэпхъуэрэ илъэсым щІигъуами арат. Зы хъыджэбз цІыкІу щІэст, ауэ лІы иІэжтэкъым. ИмыІэжыр сыт, – зи жьэ хуимытыжхэм зэрыхагъэІуамкІэ, икІи иІатэкъым: хъыджэбз цІыкІур нэчыхьыншэу зыгуэрым хуигъуэтат... А хъыбарым апхуэдизу хуэныкъуэри хэтыт, къахуищІэнури сытыт, ауэ, абыкІэ зызыумысыж щымыІэ щхьэкІэ, цІыхум яхэлъу къадекІуэкІ нэхъ хьэл мыгъуэ дыдэхэм ящыщу къыщІэкІынущ ар: уи щІагъуэм нэхърэ, уи дагъуэр къалъыхъуэмэ, нэхъ къащтэ, къызэрыпхуэпсэлъэн гуэр къыпкІэрагъуатэмэ, гу лъатэж-лъамытэжми, я псэхэр мэгуфІэ, ягухэр мэтынш. Тхьэм ещІэ, нэгъуэщІхэм я ныкъусанхэр щалъагъукІэ, езыхэм нэхъ ныкъусаныгъэншэу закъыщыхъужу, я емыкІухэмрэ гуэныхьхэмрэ нэхъ гъэпщкІуа хъууэ арагъэнщ... Сытми, зэрыкъуажэу щыгъуазэт гущІагъщІэлъу Фарузэ ихъумэ а щэхум... Хъыбарыр кърахьэкІщ-кърахьэкІри, гъэщІэгъуэнышхуэ хамылъагъуэу, ягъэтІылъыжащ. «Сыт-тІэ щІэлъхуамэ? Япэм ар хьэдэгъуэдахэу къалъытэу, адэхэмрэ дэлъхухэмрэ Іэщэм езыгъапхъуэ щІэщхъу ин дыдэу ябжу щытамэ, иджы къызэрыгуэкІ емыкІу къудейуэ къащыхъурэ ешхуэ кърамыгъэкІыу къэнэжащ...» Апхуэдэу егупсысат зыкъомыр. Апхуэдэу Іуэхум уезыгъэгупсысын щхьэусыгъуэхэр гъащІэм щымащІэкъым. Адэхэмрэ дэлъхухэмрэ я губжьхэр зэманым куэдкІэ нэхъ зэтриуІэфІат... ЦІыхухэр ныбжькІэрэ нэхъ губзыгъэ хъууэ жаІэ: хэт ищІэрэ, нобэ емыкІушхуэу къытфІэщІхэм емыкІу лъэпкъ хэмылърэ апхуэдэу зи гугъахэр щыуауэ пщэдей къыщІидзыжынкІэри мэхъу. ПщІэххэнукъым. Зэманым псори ехъуэж... Сытми, Фарузэ и сабийгъуэтыкІэр хьэдэгъуэдахэу къащызымыгъэхъун гуэрхэр зи нэгу щІэкІа куэди, зыгъэунэхуа зыбжани дэст мы къуажэм... Адрейуэ, Фарузэ и цІыху хэтыкІэмрэ щытыкІэмрэ я нэхъ жьэрэІурэхэри Іэнкун ищІт: Іэдэбу, зэпІэзэрыту, зыгуэрым хуэщыгъуэкІэ шэч уигъэщІу нэщхъеирилэ бзылъхугъэ Іэ щабэ-Іу щабэ цІыкІум пыплъхьэн къэгъуэтыгъуейт. Фарузэ а щытыкІэр имыхъуэжу псэурт: лэжьыгъэкІэ яхыхьэ мыхъумэ, къуажэм къыщыхъу-къыщыщІэхэм зэрыхэІэбэ щІагъуэ щымыІэу, фыз псалъэмакъхэм хамышэн щхьэкІэ, лэжьэгъухэми цІыхугъэ къыхуэхъухэми запимыщІащэу.

АрщхьэкІэ апхуэдэу куэдрэ екІуэкІакъым... Фарузэ къикІуа гъащІэ гъуэгуанэми, ар мыбы къэІэпхъуэнкІэ щІэхъуами фІы дыдэу щыгъуазэу къуажэм дэст зы цІыху: сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Унэрокъуэ Къербэч...

Абы лъандэрэ илъэс пщыкІутху блэкІат. ГъащІэ зыбжанэм пщалъэ яхуэхъуфын илъэс пщыкІутху. Фарузэ иущэху гупсысэхэмрэ гурыгъухэмкІэ гъэнщІа илъэс пщыкІутху... А илъэсхэм я щІыбагъым къыдэнат Къербэчрэ Фарузэрэ я щІалэгъуэ щхъуэкІэплъыкІэр. Мазэр

нэхъ нуру къыщыблэр. Нэхэр нэхъ лыду щызэплъыр. Гугъэ нэпцI дахэхэр щыгъагъэр. Щыуагъэ IэфIхэр щыхъуэпскIыр... Фарузэ ахэр игу къыщигъэкIыжкIэ, и нэм къыIуихьэ нэпсыбэ хъарпшэрым зэуэ къызэпхрыщырт Къербэчрэ абырэ япэ дыдэу щызэхуэзар – 1963 гъэм и бжьыхьэр.

Къербэч абы щыгъуэ ещанэ курсым щеджэрт. Медучилищэм. Фарузэ къызэрыщIэтIысхьэрэ мазэ зыбжанэ хъуа къудейуэ арат... «Гурэ гурэ зэрощIэ» жаIэ, щызэрыщIэкIэ, зэрыгъуэтынми хущIокъуэхэр... Къербэч зэуэ ихьэхуащ училищэ псом къахэлыдыкIыу къыщыхъу Фарузэ. Мурад ищIамэ, къикIуэтыж зи мыхабзэ щIалэ ехьэжьам кIыхьлIыхьи зищIакъым: и гурылъыр зэуэ Фарузэ хуиIуэтащ. Хъыджэбзми къыхуэгъуэтакъым «хьэуэ» щIыжиIэн щхьэусыгъуэ. Къербэч щIалэ къамылыфэ лъагэт, зэкIужт, нэжэгужэт, хъыджэбз нэхъ зызыщIхэр къыхузэпещэрт. А псом ящIыIужкIэ, къэфакIуэ ансамблым я солистти, адыгэ фащэр къыщыпсрэ шэщIауэ сценэм къыщихьэхэм деж, цIыхум плъапIэу яIэр арат... Апхуэдэ нэгъэгуфIэпсэгъэгуфIэхэми къызэщIагъэст лъагъуныгъэр. КъызэщIэстын щыIэххэмэ. Фарузэрэ Къербэчрэ я насыпти, – ар щыIэт. Зы мафIэу къэлындын хьэзыру гухэм ярыст. Зэхуэхъуапсэурэ зызэхуэзыший гухэм... ЩIэх дыдэуи зэсащ аитIур. Зэсэхэри, а лъагъуныгъэр къежьэным ипэкIэ къапсэуар мыгъащIэу, гъащIэми, мыбы елъытауэ ар зыми щымыщ къащыхъуу ежьэжахэщ... Фарузэ хэст хыуалъэ псэгъэтыншым ещхьу къезыхьэкI а лъагъуныгъэм, къыщIиупскIэхукIэ нэхъри гуфIэу, а гуфIэгъуэр къезытым хуигъэфэщэнкIэ игури и псэри фIэмащIэу...



А жэщыр гу(ы)имыхужт. Гу(ы)имыхужт, гухэщIрэ гущIыхьэу дапщэ кърымыкIуами... АитIум я лъагъуныгъэр нэгъуэщI дахагъи хуэныкъуэтэкъым. Я нэхъ щIыпIэ теплъаджэри хуэгъэщIэрэщIэфыным хуэдизт ар езыр. Ауэ а жэщым Фарузэрэ Къербэчрэ я лъагъуныгъэ иным зыкъращIэкIат Аурсэнтх хъупIэм дахагъэу щыIэ псом... Iэщыхъуэхэм я унэр бжьэпэм къытемытамэ, абы тесхэм концерт езыгъэлъэгъуа студентхэм я ефэ-ешхэм и даущ нэжэгужэр зэхимыхамэ, Фарузэ илъагъу псор таурыхъым къыхугуэхынутэкъым. Ар зэщIищтат зы гурыхь ин гуэрым. ЗыхищIэрт и пкъыр гуапэу къэзыгъэщIыIэтыIэ удзыпцIэр. И щхьэр зытелъ цIыхухъу Iэгу хуабэр. Уафэр щIэзыхъума нэ къуэлэнитIыр. Дунейр зэрызыпхъуа бар... ЛъагъуныгъэкIэ гъэнщIа а жэщым къигъэщIащ Маринэ. Къербэч хуигъуэтауэ, Фарузэ и унэцIэр зезыхьэ Маринэ...

Таурыхъ, таурыхъ... Абыхэм псоми я кIэухыр зыщ: сыт хуэдиз гугъуехьрэ хьэзабрэ ямышэчами, таурыхъым хэт цIыхуфIхэр гуващIэхами зэгуэр тхъэрэ-псэууэ къонэжххэр... Лъагъуныгъэр е таурыхъым и лъагапIэм нэскъым, е абы хуабжьу щхьэпрокI, ахъумэ сыт апхуэдизу зэхуэпабгъэу зэрыгъуэт псэ зэщIасэхэм кIэухыфI къащIыхуэмыгъуэтыр? Къызыхуэгъуэт гуэрхэри щыIэу къыщIэкIынщ, ауэ Къербэчрэ Фарузэрэ я лъагъуныгъэр апхуэдэу иухакъым. Ар Къербэчрэ Фарузэрэ зэдайуи къыщIэкIынутэкъым. Ар зейр Фарузэ и закъуэт...

4 Заказ №2209

Уэндэгъугъэ зэриIэр щриIуэкIым, Къербэч мащIэу къызэхэуэщ, Iэнкун зэрыхъуам хущIегъуэжа хуэдэ, зэуэ зыщхьэщигъэужри, кърымыдзащэу жиIащ:

– Умыгузавэ, Фарузэ, дэ дыщIэмедикыр, апхуэдэ гуэрхэр зэхэзэрыхьмэ, екIурэ-ещхьу зэхэтхыжыфын хуейуэ аращ.

Фарузэ нэхъу-нэхъуу жьэхэплъащ Къербэч.

– Сыт зэхэтхыжынур?

– Зэхэзэрыхьар.

– Дауэ?

Къербэч, сабий гуэрым епсалъэ хуэдэ, ауан тIэкIу хэлъу погуфIыкI:

– ЩIалэгъуэр зэрызэпаш Iэмалыр къэдгъэсэбэпынщ, Фарузэ: а-борт.

Фарузэ, апхуэдэ лъэпкъ зэрыпэмыплъар наIуэу, къэскIащ:

– Хьэуэ, Къербэч, ар хъунукъым. ХъункIэ Iэмал иIэкъым.

Къербэч а зэрыпыгуфIыкIым хуэдэурэ жэуап къретыж:

– Дунейпсо практикэм къызэригъэлъагъуэщи, нобэр къыздэсым хъууэрэ йокIуэкI, Фарузэ. Дэри аращ хэкIыпIэу диIэр.

– Сыту? НэгъуэщI хэкIыпIэ?..

– НэгъуэщI хэкIыпIэр пасэщ. УэркIи. СэркIи.

– Ар дауэ... дауэ пхужыIэрэ?! Сабийр...

Къербэч губжь мащIэ хэлъу Фарузэ и псалъэр зэпеуд:

– Ар иджыркIэ сабийкъым.

– Ауэ сабий хъунущ. ЦIыху хъунущ. Уилъ щIэту. Силъ щIэту... А зэрыжыпIэм хуэдэу тщIымэ, абы къикIыр...

Къербэч, губжьри ауанри щIэлъу, Фарузэ и псалъэм къыпещэ:

– Абы къикIыр цIыху дукIауэ аращ... ДылIыукIщ!.. Аратэкъэ жыпIэнур?

– Аращ, Къербэч, ар дыдэрщ...

– Ар медик хъунщ жыIи щыгугъ уэ! Апхуэдэу Iуэхум уегупсысмэ, иджырей цIыхубзым я нэхъыбэр лIыукIщ, тIасэ цIыкIуу сиIэ.

– Сэ цIыхубз псоми си Iуэху яхэлъкъым, Къербэч, аборт щIыныр Iуэху щхьэпэ хьэмэ напэншагъэ, жысIэу кууэ сыхыхьэну сыхуейкъым. Сэ зи гугъу сщIыр дыдейращ. Ди лъагъуныгъэм къыщIэхъуэну сабийрщ... Зэхэпхрэ, – ди лъагъуныгъэм и сабийр!..

Къербэч абдежым къыгуроIуэ псомкIи акъылэгъу къищIыфу щыта Фарузэ мы Iуэхум теухуауэ къэгъэшыгъуей зэрыхъунур, зэуи нэхъ щабэ зыкъещI:

– Лъагъуныгъэр сабий хуэныкъуэкъым, Фарузэ. Ар езыр сабийм хуэдэщ. ГъэфIэн хуейщ. Еубзэрэбзэн хуейщ. А уи гъэфIагъыбзэхэр сабийм зэщIикъуэжмэ, абы тебухэмэ, лъагъуныгъэр къоплъу щысынукъым. «Дани» къыпхуищIынурэ ежьэжынущ, си псэм хуэдэ. Абы ухуэмеймэ, щIалэгъуэмрэ дахэгъуэмрэ диIэху, апхуэдэ Iуэху дыхыумыгъэхьэ.

– Сэ си гъащIэри си щIалэгъуэри зейр уэращ, Къербэч, ар фIы дыдэу уощIэ уэ. НтIэ, уэри апхуэдэу укъысхущытмэ, уи щIалэгъуэр нэгъуэщI гуэрым хуумыгъэтIыгъуэмэ, сыт ар апхуэдизу щIызэбгъэзахуэр?

– Фарузэ. Уэ фIы дыдэу уощIэ сэ сызэрыпхущытыр. Абы теухуауэ зыри лейуэ жысIэну сыхуейкъым. Ауэ гъащIэр адэкIэ зэрыхъунуми егупсысын хуейщ. Сэ си мурадщ, мыр къэзухмэ, институт

сыщIэтIысхьэну, ординатурэ сыкIуэну... Дыхьэшхэнщ иджыпстукIэ абыхэм утепсэлъыхьыну, ауэ... КIэщIу жыпIэмэ, сэ мурадышхуэхэр сиIэщ, Фарузэ... НтIэ, егупсысыт, – дызэрышауи сощI: уэ медсестрауэ улажьэу, сэ сыстуденту, стипендие мыхъумэ, хэхъуэ лъэпкъ симыIэу. Сабийр пIын хуейуэ. Фэтэр дыщIэсу... Хьэуэ, Фарузэ, ар хъунукъым. Сэ фIыIуэу узолъагъу апхуэдиз бэлыхьым ухэздзэнкIэ.

– Абы къыхэкIыуи, аборт езгъэщIын хуейщ, – ара?

– Хуейщ, Фарузэ. Хуейщ, уэрэ сэрэ дяку дэлъ лъагъуныгъэр абдеж щызэхэкъутэну ухуэмеймэ... Уэри институтым ущIэтIысхьэнщ. Дызэдеджэнщ. Ди мурадхэм далъэIэса нэужь, адэкIэ унагъуи тщIынщ, сабий дгъуэтынуи дыхущIыхьэнщ. Уи фIэщ зэрыхъун, мы иджыпсту жытIэхэр абы щыгъуэ тфIэдыхьэшхэну гум къэкIыжынукIэ.

– КъызгурыIуащ, Къербэч. Псори фIы дыдэу къызгурыIуащ. «КIасэIуэу къызгурыIуащ», жысIэну сыхуейкъым. Зыми сыхущIегъуэжкъым. Нобэр къыздэсым къэхъуа псомкIи сыарэзыщ. Уэ узэрыхуейм хуэдэу, сэ зэрысфIэфIым тету, псори екIуэкIащ. Зэи зыкIи сыппэрыуакъым. Иджыри сыппэрыуэну сыхуейкъым. Уэ птеухуауэ. Уи гъащIэм и къэкIуэнум теухуауэ... Еджэ. Уи мурадхэр зэгъэхъулIэ. Уи ехъулIэныгъэ дэтхэнэми сыщыгуфIыкIынщ... Ауэ сэ... Сэ стеухуауэ мы зэм сыппэрыуэнущ. А къыспэбубыдымкIэ. Тынш дыдэу зэфIэкIыну IуэхумкIэ... Аборт езгъэщIынукъым, Къербэч.

Къербэч и макъым зэуэ губжьыр къыщIохьэж:

52 – Сэри... иджыпсту укъысхуэшэнукъым, – ар фIыуэ зыгурыгъаIуэ!

– Сумышэ. БжесIаи, – ар ппэзубыдкъым.

– НтIэ, дауэ?.. Хъунщ, уолъхуэ иджы: сабийр хэт ейуэ жыпIэну? Сыт хуэдэ унэцIэ абы зэрихьэнур?

– Си унэцIэр зэрихьэнщ, Къербэч.

– И адэр хэт, жаIэмэ-щэ?

– Умыгузавэ, уи цIэр къыхэзгъэщынкъым.

– УзэрифIэфIщ. Узэрыхуейщ. Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, – си ужь укъиувэжыну ухуемыжьэ!..

Къербэч, къыкIэлъыщIэпхъуэнIакIэ, яубыдынкIэ шынэ хуэдэ, зэуэ зигъэкIэрахъуэри Iуигъэзыкlыжащ... «Си ужь укъиувэжыну ухуемыжьэ!..» «Си ужь укъиувэжыну ухуемыжьэ!..» А псалъэхэр Фарузэ и тхьэкIумэхэм щывурт, тэмакъым къыфIэгъуэлъхьа гухэщIыр ирагухыжу, хьэзыр къэхъуа нэпсхэр ягъэпщкIужу... «Аращ зыщышынэр!.. Аращ къыфIэIуэхур!..» Фарузэ и гугъакъым апхуэдэ къэхъуну. Апхуэдизу зэщIэзыщта и лъагъуныгъэм зихъуэжыну. Ауэ, сыт хуэдиз IэфIагъ яку дэмылъами, дапхуэдизу я гъащIэхэр зэхэмыкIыхьами, иджыпсту абы игу щыкIат Къербэч... ЦIыхум хуэпщI гущыкIым и инагъыр абы хузепхьа лъагъуныгъэр зыхуэдизым елъытауэ къыщIэкIынущ. Фарузи и лъагъуныгъэм хуэдиз хъурт Къербэч хуищIа гущыкIыр...

Илъэсхэр кIуащ. Илъэсхэр зэи къэувыIэркъым. КIэи пэи зимыIэ махъшэ чырэм хуэдэщи, зэман гъуэзым къыхэкIым, кIапсэлъэрышэу кIуэуэрэ, гъадэщIыдэм хозэрыхьыжхэр. Дэ абыхэм даIущIэ къудейуэ аращ. ЗыкIи ди Iуэху яхэлъкъым. Ди тхьэбзэ зырылъи яхэткъым. Ауэ, ди щхьэгъэпцIэжхэм ящыщщи, дэ ахэр дыдейуэ къытщохъуж. Мэлгъажэм ещхьу къапыдбжыкIыурэ, абыхэм яфIыдощ «ГъащIэ». Ауэ ахэр

щхьэхьу макIуэри-макIуэ. МакIуэ, а дэ къэтIущэщхэр зэхамыхыу. А дэ къэтпэщэщхэр ямылъагъуу. МакIуэ аддэ. Жыжьэ. А дэ зыри къыщытпэмыплъэм. А дэ псоми даздыщыгъупщэжам...

Фарузэ унэтедзэ щIэсу Нарткъалэ щыпсэут. Медсестрауэ лажьэрт. Улахуэр цIыкIути, ставкитI зэдимыхьу хъуртэкъым. Гугъу ехьми, Маринэ бжьыгуэ мыхъуу зэрипIыным, цIыху къызэрыхищIыкIыным хэтт, абы нэхъ хъуэпсапIи иIэжтэкъым. Хъыджэбз цIыкIури къэхъурт губзыгъэу, жыIэдаIуэу, Фарузэ и гущIагъщIэлъ щэхум щыгъуазэ хуэдэ, анэм и псэм зыдищIрэ нэщхъеирилэу. Сабий дэтхэнэми хуэдэу, абы дежкIэ псори IупщIт, ущызэкIэщIэплъу нахуэт, ауэ хузэхуэмыгъэхъужыр зыт: сыт адрейхэм, мамэхэм нэмыщIкIи, «папэкIэ» еджэу нэгъуэщIхэр щIаIэр? Егупсысырт, ауэ и жэуапыр зи къыхуэгъуэттэкъым... Зэгуэрым къызэкъуипхъуэтри ар еупщIащ и анэм: «Мамэ, сыт дэ папэ щIыдимыIэр?» Фарузэ иджыпстукIэ апхуэдэ пэплъатэкъым. ИщIэрт зэгуэр Маринэ абыкIэ къызэреупщIынур. Ауэ ар къыщыхъунур нэхъ иужьыIуэкIэу къыфIэщIырт. Балигъ хъуа нэужькIэу и гугъэт... Фарузэ и гум къыщилъыхъуэрт жэуапыр: «ЗыщIыпIэ щыIэрэ къэкIуэжын хуейуэ жызоIэри, гува-щIэхами, пцIыр къыщIэщыжынущ. КъыщIэщыжынурэ, гузэрыдзэр нэхъ ин икIи нэхъ шэчыгъуей хъуауэ Iуэхур иухынущ. Зэрыщыт дыдэр жызоIэри?.. Хьэуэ, ар хъухэнукъым...»

– ЛIащ, Маринэ, папэ... Уэ укъамылъху щIыкIэ дунейм ехыжащ...

Фарузэ жиIа псалъэм езыр къигъэскIэжат. Ар щыст, Къербэч зэрыпсэум шэч къытрихьэжарэ а жиIа псалъэхэм яхэлъ гущIэгъуншагъэм дыщIэщтэжауэ... 

Ауэ псэут Къербэч. А жыхуиIа дыдэр къемыхъулIами, и Iуэхухэр мыбзаджэу зэтеуват... Орджоникидзе дэт мединститутыр къиуха нэужь, хэдэрыхэхыу къыхихри, Урал лъэныкъуэмкIэ ягъэкIуат. Илъэсит I хуэдэ щылэжьауэ къыщигъэзэжым, щытхъу тхылъ хъарзынэхэр зэриIэр къалъытэри, къуажэ гуэрым дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ... ИщIэну и мыжагъуэми, Фарузэ а псом щIэупщIэу къикIухьакъым, ауэ цIыхухэр хъыбар нэхъ зыщымысхьрэ нэхъ жумарту къызэрыбдэгуашэрэ щыIэкъым: едаIуэ закъуэ... А хъыбархэм жаIэр пэжмэ, Къербэч фыз къишэри унагъуэу тIысыжат. А хъыбархэм жаIэр щIэмыпэжын щхьэусыгъуи Фарузэ къыхуэгъуэтакъым...

Аргуэру кIуащ илъэс емызэшыжхэр. ЖыгыщIэхэр ин хъуащ. Жыг инхэм къудамэ хэгъукIыу щIадзащ... Аращ игъащIэми. Апхуэдэурэщ «шейтIан пщIантIэкIэ» зэджэ мы дуней хьэхур зэрекIуэкIыр... Ей, гъащIэ, гъащIэ! Ар хуэдэщ къэукъубея зэпыту езыхьэкI тенджызыжьым. Абы дэ дызэрехьэ. ДыкърехьэкI. ИгъащIэкIэ зэмыкIунухэр дызэжьэхехьэ. ЗэкIупсынухэр дызэпэщIех. ДызэпэщIех, къэгъазэрэ зэхуэзэкIэ гугъапIэ лъэпкъ къыдимытыжу. ИгъащIэкIэ дызэIумыплъэжыным хуэдэу... Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, мы дунейр апхуэдизуи инкъым. Абы щызэIущIэжхи щыIэщ. А ущимыгугъа дыдэм хуэзэу. А ущыпэмыплъа дыдэм ирихьэлIэу...

Сымаджэхэм яхуигуэшыну хущхъуэхэр зэхихыу здэщысым, Фарузэ къыбгъэдыхьащ отделенэм и унафэщӀ Хьэтау:

– Фарузэ, сэ Налшыч сынэмысу хъунукъым, – министерствэм къипсэлъыкӀащ. ЗыгуэркӀэ дамыгъэгувэмэ, сыхьэт зытӀущ нэхъыбэ сыкъэтынукъым, ауэ хэт зыщӀэр абыхэм я щхьэм къихьэнур... КӀэщӀу жыпӀэмэ, мыбы си ныбжьэгъу гуэр къыӀухьэн хуейщ ноби, хуабжьу мыпӀащӀэмэ, си кабинетымкӀэ шэи, щӀырырес. Къыспэмыплъэфынумэ, мы тхылъыращ ар къызытекӀухьынури, – схуетыж, къысхуигъэгъунуи жеӀэ.

– Хъунщ, Хьэтау Мухамедо...

Фарузэ и псалъэр нригъэгъэсакъым Хьэтау:

– Дапщэрэ бжесӀэну: «Хьэтау» жыӀи пыкӀ...

– Зезгъэсэнщ хуэм-хуэмурэ, – жиӀэри Фарузэ пыгуфӀыкӀащ.

Сыхьэт някъуэ хуэдиз нэхь дэмыкӀауэ, сымаджэхэм ящыщ фыз процедурнэм щӀыхьэри, Хьэтау хуейуэ лӀы гуэр къызэрыкӀуар Фарузэ жриӀащ... Фарузэ, мастэхэр къигъэвэну тригъэувэщ, Хьэтау къигъэна тхылъыр къищтэри, зэуэ къыщӀэкӀащ... КӀэлындор кӀыхьыр щиухым деж лӀы лъагэ гуэр щытт. Халат хужь зыщыгъ цӀыхубзыр щилъагъум, лӀыр къыпежэжьат, ауэ, лъэбакъуэ зытхух нэхъыбэ яку дэмылъыжу гъунэгъу щызэхуэхъум, ар зэщӀэувыӀыкӀащ:

– Фарузэ?! Мыр дауэ? Мыр, пэж дыдэу, уэра... хьэмэ?..

Фарузи и лъэр зэщӀэнат: Къербэч! Илъэс минкӀэ имылъэгъуауэ къыщыхъуж Къербэч!



– Сэращ, Къербэч... Уузыншэм... – жиӀащ Фарузэ, и бгъэм зыкъыщызыӀэта гурыщӀэ кӀэзызыр зэрыщӀихъумэным хэту.

– Хэт и пщӀыхьэпӀэ къыхэхуэнт уэ Хьэтау деж ущыӀэу. Куэд щӀа мыбы?..

– Хьэтау къытхуагъэкӀуэн япэж лъандэрэ.

– А жыхуэпӀэр илъэсищым щӀигъуащ.

– ИлъэситӀкӀэ.

– Дэнэ щыӀэ а фи джыназыр езыр?

– Министерствэм къипсэлъыкӀри яшащ.

– Абы къипсэлъыкӀари Алыхьыр къепсэлъэхари зэхуэдэщ-тӀэ, – сыт пщӀэн.

– КъызэлъэӀуащ, упэмыплъэфынумэ, мы тхылъыр уэстыжыну.

– Тхылъри зыгуэр хъунщ, Фарузэ, – мыдэ тӀэкӀу дызэгъэпсалъэ... Сыт щӀа уэрэ сэрэ...

– Илъэс пщыкӀущым мазищрэ махуэ... пщыкӀузрэ щӀигъуащ.

Ар жиӀэри нэщхъейуэ пыгуфӀыкӀащ Фарузэ. ГушыӀэм хуигъакӀуэмэ нэхъ зэрыфӀэфӀыр къапщӀэу, Къербэч Фарузэ и псалъэм къыпищащ:

– Илъэс пщыкӀущ! Мазищ! А къомым я щӀыӀужкӀэ – махуэ пщыкӀуз!.. Апхуэдизрэ дыщызэрымылъэгъуакӀэ, зы сыхьэт някъуэ къыфӀэддыгъуми ягъэ лъэпкъ мыкӀыну къысщохъу сэ медицинэм. И-и, Фарузэ, – дауэ уеплърэ а Ӏуэхум?

– Сыт тщӀэн, апхуэдэу къыщыплъытэкӀэ, – дедыгъуэнщ.

– НтӀэ, сыппоплъэ.

– Хъунщ, и щӀагъым къыщызэжьэ...

Куэд уигу къэбгъэкӀыж хъунут а махуэм. КуэдыкӀей. Ауэ Фарузэрэ Къербэчрэ я псалъэхэр зыгуэрым илъахъэрт. Зыгуэрым

къимыутӀыпщу иӀыгът... Сыту фӀыт гъадэщӀыдэ хъужа а пщыхьэщхьэ хьэлэмэтыщэхэм я деж бгъэзэжыну. НэгъуэщӀ мыхъуми, гукъэкӀыжхэм я кхъуафэжьеймкӀэ а дуней жэнэтым и Ӏуфэм уесылӀэжыну. Ауэ игъакӀуэхэртэкъым а «зыгуэрым». Бгъэдигъэхьэртэкъым дахагъэкӀэ гъэнщӀа зэманым. А зэман дахэмрэ нобэмрэ я зэхуакум дэтт нэгъуэщӀ. А «нэгъуэщӀым» Къербэч къыпикӀухьыну хэтт. Фарузи абыкӀэ Къербэч къыдэӀэпыкъуурт. Ауэ хъуртэкъым. КъикӀтэкъым. Ещхьтэкъым... Пшыналъэм пыпщэну гугъущ, и щӀэдзапӀэр къыпхуэмыгъуэтыжмэ. А щӀэдзапӀэ дахэр къэбгъуэтыжыным щхьэкӀэ, абы ухуэзышэу зызыщыпхъумэ икӀи зызыщыбдзей зэхуакур къызэнэкӀын хуейт. Япэ ищыну зытехуэр Фарузэтэкъым. Ар зи къалэныр Къербэчт. Абыи къыгурыӀуащ а къалэным къыпикӀухь зэрымыхъунур...

– Фарузэ... Уэ, дауи, сэ сыкъэплъагъу хъурктым. Пэжкъэ?

– Пэжкъым.

– СыкъыумыгъапцӀэт.

– Сыт укъыщӀэзгъапцӀэр?.. Апхуэдэ лъэпкъ сэ уэ...

– ЗумыгъэфэрыщӀ. Я нэхъ пэж гурыуэр къызжеӀэ, ауэ зумыгъэфэрыщӀ.

– Си хьэлкъым, Къербэч. Япэми. Иджыри.

– Сэ... уи гъащӀэр... Дауэ иджы ар нэхъ... КӀэщӀу жыпӀэмэ, сэ уи гъащӀэр... зэхэскъутащ, Фарузэ.

– Апхуэдэу гууз дыдэу жумыӀэ, Къербэч... Сэ, зэрыплъагъущи, тхьэм и шыкуркӀэ, сопсэу.

– Зэхэзмыкъутами, зэблэзгъэуащ.

– Мис ар нэхъ пэжщ.

– Сэ сощӀэ уэ пхъу узэриӀэр. Плъагъуркъэ, – «дызэриӀэр» жысӀэну сыхуиткъым.

– Сэри сыхуиткъым апхуэдэу жысӀэну, Къербэч. Ар жызыӀэну хуитым тхьэм куэдрэ ухуигъэпсэу.

– «Тхьэм куэдрэ ухуигъэпсэу»... Хамэ дыдэм ещхьу укъызопсалъэ, Фарузэ. Нобэ япэу дызэрылъагъуми ярейщ.

– Сыт тщӀэн, – зэманым ихъуэжыр ди фэхэм я закъуэкъым, – дигухэри ехъуэж, Къербэч.

– Ар пэжщ, пэж дыдэщ... Уэ сыти жыӀэ, Фарузэ, ауэ сэ езым сощӀэж укъызэмыпсэлъэххэми зэрысхуэфащэр. СощӀэж. Ар зэрысщӀэжым си къуаншагъэр тӀэкӀу нэхъ мащӀэ сщищӀу къысщохъури, мис а зыр си гурыфӀыгъуэщ.

– Сэ зыкӀи узгъэкъуаншэркъым, Къербэч. Ауэ апхуэдэу къызэрыпфӀэщӀ къудейр нобэ щыщӀэдзауэ гурыфӀыгъуэу сиӀэнущ.

– Фарузэ... БлэкӀар-блэкӀащ, а блэкӀам дэ тхуещӀэжынӀауи къыщӀэкӀынукъым, ауэ... Ауэ, хъуххэнумэ... сыгъэлъагъу ди пхъур.

– «Ди пхъур» жыпӀащ, дауэ хъуми?.. Узэрыхуейщ... Ауэ абы... уриадэу зыкъебгъащӀэ хъунукъым, Къербэч.

– Ар сыту?

– Къысхуэгъэгъу... сэ... сэ лӀауэ жесӀащ абы и адэр.

– СылӀауи?!

Фарузэ жэуап къритыжыфакъым.

– Хъунщ, Фарузэ, арами содэ, – зыкъезгъэщӀэнкъым... НтӀэ, дапщэщ?

– СщӀэркъым... Пщэдей?.. Пщэдей сыхьэтипщӀхэм деж ухущӀыхьэнумэ?..

– ЗыхущIэзгъэхьэнщ.
– НтIэ, езанэ аптекэм деж ныIухьэ. Сэри абы сыщIыхьэн хуейщи...
– Дэгъуэщ. Пщэдей, сыхьэтыр пщIым.
– Аращ. ФIыкIэ.
– ФIыкIэ.

Къербэч илъэгъуащ Маринэ. ЗыкъригъэцIыхункIэ хуитыныгъэ зыхуимыIэ и пхъур... Нэ къуэлэн хъужарэ къыпачауэ ар езым ещхът. И хьэлкIэ мыхъумэ, теплъэкIэ Фарузэ ейуэ хэлъыр мащIэт... Дэгъуэтэкъэ-тIэ иджыпсту апхуэдэпхъу уиIэныр. Щэху лъэпкъ хэмылъу. Езыми ищIэу. Езыри гуфIэу. ПщIантIэм ущыдэкIкIэ, – къыпхуэгумащIэу, ущыдыхьэжкIэ, – къыппежажьэрэ зыкъыппщIэхидзэу... Ауэ, урысым я жыIауэ, цIыхум и мурадхэр езым ищI щхьэкIэ, гъащIэм ахэр зэрыхуей дыдэу зэблегъэувыкIыж...

ГъащIэ, гъащIэ! Сыту зэхэкIыгъуафIэ уэ уи гъуэгухэр. Сытуи гугъуехьышхуэ пыщIа ахэр зэхэпшэжыным. А гъуэгухэм дэ къыщыдожыхь. Датоджэгухь. ГъуэрыгъуапщкIуэм дызэдыхэтым ещхьщи, акъылым дызытришауэ дызрикIуэ гъуэгу бгъуфIэшхуэм дытожри, лъэс лъагъуэ цIыкIухэм дыздраджэмкIэ дыдодзых... Лъэс лъагъуэхэр нэшэкъашэщ. Быркъуэшыркъуэщ. Гугъусыгъущ. Ауэ апхуэдэхэракъэ щIалэгъуэр езыр зылъыхъуэр. ЩIалэгъуэр гур зыгъэкIыщтэ псоми зыIэпашэ. Дахэу мэгушыIэ. ГуакIуэу мэкъуейщIей... Ауэ къуейщIеинкIэ дрикъуу къэдгъэзэжыну дыщыхуежьэкIэ, дэ къытхуэгъуэтыжкъым а дызытекIа гъуэгур. Псори щызахуэр икIи щынахуэр. Зэи зыми тIэщIимыхыфыну, дыщыхуей меданым къэдгъуэтыжыну ди гугъар... Дэ дыкъытонэж а лъагъуэ нэшэкъашэм. Быркъуэшыркъуэм. ДыгушыIэм-дыкъуейщIейуэрэ дызытелъэдам... Дыкъытонэжри, гушыIэ лъэпкъ хэмылъу дыщопсэу. Дыщопсэу, зы зэман зыгуэр къакIуэу ди щыуагъэхэр зэригъэзэхуэжыным дыпэплъэу. Ди хъуэпсапIэ лъагэхэм дахихьэжынкIэ дыгугъэу... Ауэ гъащIэм и щыуагъэхэр а зэрыщыту къонэ. Абыхэм цIыхур есэж къудейуэ аращ. ЦIыхур зэмысэ щыIэ езыр, – мысэ хъуагъэххэу дунейм къытехьэ цIыху цIыкIу тхьэмыщкIэр?.. Ахэр къожьэ жыг къудамэбэхэм ещхьу. Гугъэхэр пщIащэ бжыгъэншэу япыту. НэхъыфIу щыIэмкIэ дунейм щыгугърэ езыхэри а дунейм берычэтыгъэкIэ хуэупсэну хьэзырхэу... Ауэ зэкъуэхуарэ уащхъуэдэмыщхъуэу абыхэм къащIоуэ гъащIэм и псыдзэр. КъащIоуэри, архъуанэ шынагъуэм ирехьэ. Я пщIыхьэпIэми къыхэмыхуа псыкIэрахъуэ гущIэгъуншэм къыхохутэхэр. ГуфIэпсыжу гъащIэр езыхьэкIыну зи гугъахэр зэжьэхехьэ. ЗэрегулI. КъапщIийхэр къапегъэщэщ. ПщIащэхэр къапегъэлъэлъ. Къудамэхэр къатрещIыкI. Ехь! Зэрехьэ! КърехьэкI!.. Ауэрэ ныджэм – зэшыгъуэ лъахэм и ныджэ шынагъуэжьым – къытредзэж абыхэм ящыщ куэд. Псыхьэлъахуэхэу. Япкъхэр джафэрэ я фэкIэ зэщхьхэу. ЩIызэхъуэпсэни, щIызэфыгъуэни, щIызэбиини якIэрымылъыжу... Зэрегъэзэшахэу. ЗэрытемыгъэкIуахэу. Зэрыужэгъуахэу... Апхуэдэхэр армырауэ пIэрэ «Я акъыл зэтехуащ» зыхужаIэр? Ахъумэ, дауэ псэ зэмыщхьэмрэ гу зэмыщхьэмрэ къагъэщIа акъылитI зэрызэтехуэнур?..

Къербэчи апхуэдэут зэрыпсэур. Къербэчрэ и фызымрэ. Абыхэми я акъыл зэтехуат. СыткIэ зэщхьэщыкIми, а куэд къэзытIэщIыну

хуэмей акъылымкIэ зэтехуахэт... Ари хъарзынэщ унагъуэ хъуахэм я дежкIэ. Куэд и уасэщ. КъыфIэбгъэкIмэ, лъагъуныгъэм зэришэлIахэм нэхърэ нэхъ зэпэщу унагъуэр щызэтраIыгъи къохъу а «зи акъыл зэтехуахэм»... ТIумкIи къыпхуэупсэмэ, дэгъуэтэкъэ, ауэ лъагъуныгъэр щыхьэщIатэкъым Къербэчхэ я унагъуэм. Абы къыхэкIыуи, къаугъэ зыкъом щекIуэкIащ аитIум я гъащIэм, ягу къагъэкIыжыну зыхуэмей псалъэмакъ гуэрхэри я зэхуаку къыдэхъуащ. Ауэ псори блэкIри, дыджри бзаджэри зэманым зэтриуIэфIэжауэ зэдэпсэурт ахэр иджыпсту...

ЦIыхухъурэ цIыхубзрэ. А тIум я зэхуакуращ дахагъэуи фIеягъэуи мы дунейм къытехъуэ псоми зыщагъэунэхур. «ГъащIэкIэ» дызэджэу дэтхэнэ цIыхури зытехъущIыхь икIи зытехъуэпскIыхь бэджыхъ гъэщIэгъуэныр щызэIуащэр. Гуапагъэм я нэхъ IэфIхэмрэ хьилагъэм я нэхъ гущыкIыгъуэхэмрэ щызэблахыр... ЦIыхубзым къыщохъуж цIыхухъур зищIысыр къиихутагъэххэу. Ауэ цIыхубзыр зищIысыр нэгъэсауэ къызэIуихыным, цIыхухъур дэнэ къэна, езы Тхьэ дыдэри темыгушхуэнкIэ хъунущ. И щэхухэр нахуэ зэрыхъуар щIихъумэну хэт хуэдэ, цIыхухъур нэхъ зэхэуфащ. ЦIыхухъур нэхъ зэхэIуэнтIащ. ЦIыхухъур нэхъ нэщхъыдзэщ... Апхуэдэу зызрагъэлъагъу цIыхубзхэм къахокI цIыхухъур къэхутэгъуей щэху защIэу зэхэлъу зи гугъэ закъуэтIакъуэхэр. ИгъащIэкIэ узылъэмыIэсын лъагапIэу дыкъызыщыхъу жыIэзыфIэщхэр. Дапхуэдизрэ пэж щIыIэм жьэхэуэу къимыгъэлъеижами, я фIэщхъуныгъэр зэрымыкъутэм къыхэкIыу, насыпыфIэу къэлъытэн хуей псэ къабзэхэр. Апхуэдэхэр щымыIамэ, тхьэм ирещIи, зы цIыхубзи хьэщыкъ яхуэхъунтэкъым цIыхухъухэм... Дапхуэдизу лъагэу зыгуэрхэм къащымыхъуми, пэжым и хьэтыркIэ жыпIэмэ, цIыхухъум я нэхъ щэджащэри ещхьщ Iуащхьэ къызэрыгуэкIым. Ди тIасхъапIэхэр зыщIэу зи лъэкIыныгъэр здынэсыр зыщIэж бзылъхугъэ дэтхэнэри тынш дыдэу зи щыгум къиувэфыну Iуащхьэ хэщIыхьа цIыкIум... Я лъым хэту хыумыхыжыфынухэм ящыщщи, цIыхубзыр хущIокъу а Iуащхьэ къылъысам и щыгур занщIэу «къызэризэуным». Ауэ, Iуэхушхуэракъэ, цIыхубзым, Iуащхьэ дэкIыныр фIэфI щхьэкIэ, дэкIыу къызэплъыхыжа лъагапIэм щIэх дыдэу и гур пыIуокIуэт. Нэхъ лъагэжым щIэхъуэпсу щIедзэ... ЦIыхухъухэр зэрыдахьэхын, зэрызрашэлIэн, зэрызыIэщIамыгъэкIын Iэмал Iэджи ящIэ «цIыхубз нэгъэсакIэ» зэджэхэм. Ауэ а Iэмал псоми зэрахуэхейр хьэкъ зыщыхъужа бзылъхугъэхэми къахуонэ зы хэкIыпIэ хъарзынэ. А хэкIыпIэр къыщожьэ пщэфIапIэм. Берычэтымэр щIэмыкIыу зыщIэт пщэфIапIэ узыIэпызышэм... Ситу зэмыщхь а тIур: лъагъуныгъэмрэ ныбэизыгъэмрэ. Ахэр зэхуэпхьыныр тIэкIуи гурымыхьщ. Ауэ, убзыщIкIэ бзыщIа мыхъунухэм ящыщщи, цIыхум къадогъуэгурыкIуэ заумысыжынкIэ зытеукIытыхь апхуэдэ щэху Iэджи. Абыхэм ящыщщ лъагъуныгъэщIэлIэу езыхьэкI гухэм я гъыбзэ гъэпщкIуа къомыр. Яущэхупэурэ, цIыхухэм къыздрахьэкI ахэр. Гум и шхыныгъуэ зымыгъуэтахэм пкъым и шхыныгъуэкIэ зытрагъэуужурэ, насыпым и лъагапIэ дыдэр ара къащыхъуу йосэжхэр... Гуауэ ин мащIэ къыщыхъурэ езым мы дунеижьым, ауэ, абыкIэ зыми зимыумысыж щхьэкIэ, гур мэжалIэ зэпыту гъащIэ псо епхьэкIыным нэхъ гуауэ ин мы уафэ щIагъым къыщыхъуу къыщIэкIынкъым... АрщхьэкIэ (и насып хьэмэ и насыпыншагъэ?) а гуауэм и инагъыр нэсу цIыхум

ищIэжкъым. Ар макIуэри-макIуэ, Iуэху мыфэмыцхэм ягъэундэрэбжьарэ зыщIэгупсысыжынуи хунэмысу. ЗыщIыпIэ къыщрата псэр Iыхыжыпlэм нилъэфэсын къудейм цIыхур къыхуигъэщIа и гугъэжу. КъытемыхуэIауэ, къыжьэхэмыуэIауэ, зыхимыщIэIауэ а къылъыса псэр зэрихъумэным, зэригъэтыншыным хущIэкъу зэпыту. Ар нэхъыбэIуэрэ илъэфыныр и хъуэпсапIэ закъуэу. Адрей хъуэпсапIэхэр делагъэ къыщыхъужауэ. Адрей хъуэпсапIэхэр дыхьэшхыурэ хыфIипхъэжауэ... ГущIэгъур зи нэщэнэу щымыт дуней гъащIэм зэрытегъэпсыхьамкIэ хуабжьу зэщхьэщокI цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ. ЦIыхухъур хахуэщ. ЦIыхубзыр махэщ. ЦIыхухъур гуащIафIэщ. ЦIыхубзыр гуащIэмащIэщ. Шэч къызытехьэгъуей пэжщ ахэр... Ауэ дуней къызэрыгуэкIым и пэжхэр лъагъуныгъэм и лъахэм нэгъуэщIу къыщыщIедзыж. Сыт хуэдизу мыгуащIэмащIэми, лъагъуныгъэ къыпхузимыIэ цIыхубзыр нэхъ къыдэхьэхыгъуейщ. Нэхъ къэгъэдэIуэгъуейщ. Махэрэ-махэу ди гугъэ щхьэлъащIэм апхуэдэм деж къыпкърохьэ аслъэнми хэмылъ къару. Хы толъкъункIи пхуимыщIыкIын ерыщагъ къызыкъуех... ЦIыхухъур аракъым. Ижьижьыж лъандэрэ зыIурыдзэсыкIыу дунейм тету зи гугъэж, пщIэмрэ щIыхьымрэ ихъумэжыным щхьэкIэ дзэ псом япэувыным хуэхьэзыру зыкъызыщыхъуж цIыхухъур бзылъхугъэм тынш дыдэу къегъэIурыщIэ. Лъагъуныгъэ лъэпкъ зыхуимыIэ цIыхубзми къегъэIэсэф... Хэт ищIэрэ, бзылъхугъэр куэдкIэ нэхъ пэгъунэгъу хъуауэ арагъэнщ цIыху щыпкъэм и щапхъэм, ахъумэ къуэнымэ-бжьынымэ къудейкIи щхьэ къыдахьэхыфрэ цIыхухъур?.. ГъэщIэгъуэнщ. УпщIэ нагъыщэм къуэсу зи гъащIэр зыхь щэхущ...



Гур емыпщIми, гъащIэ гъуэгуанэкIэ зыкIэрыпщIа и фызым Къербэч апхуэдизкIэ есэжати, абы ипщэфIар мыхъумэ, нэгъуэщIым зыри къыхуимыщIэу къыщыхъурт. ФатIими абыкIэ дэбгъуэн щыIэтэкъым. Абы ищIа джэдлыбжьэ яшхын, махъсымэ ирафын щхьэкIэ, Къербэч и цIыхугъэ гуэрхэр районым нэс къикIыурэ Iэджэрэ хьэщIапIэ къыхуэкIуэрт. И гуапэ хъу къудей мыхъуу, Къербэч абы щэхуу иригушхуэрт, нэхъ щэхужуи «ирисондэджэрырт». Фызым емыкIу кърigъэхьынкIэ мышынэжу, абы сэбэп къыхуэхъуну къыфIэщI дэтхэнэри кърigъэблагъэрт. Кърigъэблагъэхэри а къыхуащIа пщIэр зэрапшыныжыным хуэхьэзыру щIэкIыжырт... Къербэч а Iуэхум егупсыст мыпхуэдэу: «Сыт гъащIэр? ГъащIэр – ар бэзэр зэфэзэщщ. Щэ-къэщэхущ. Къэзылъэфри зылъэфыжри щызэхэгъэкIыгъуей зэрызехьэшхуэщ. УкъэзыгъэпцIэнури къыпхуэгъэпцIэнури къыщыпхуэмыщIэ зэрыхьзэрийщ... Ауэ, гъащIэр бэзэрмэ, уэ убэзэр щауэщ. Усондэджэрщ. Iэмал имыIэу щыт укъалъагъуу, къыптепсэлъыхьу, укърахуэкIыу умысондэджэрыну? НэгъуэщI къэгупсыс. Куэдым я акъыл здынэмыса хэкIыпIэ къэлъыхъуэ. Аращ уэ ущIеджар. Уи нэр теункIыфIэу апхуэдизрэ тхылъым ущIыщхьэщысар. Къэгупсыс нэхъ IэмалыфI. ГъащIэ-бэзэрым узэрыхэуныкIын IэмалыфI. Бэзэрым тет дэтхэнэми и мурад дыдэр уигу илъу. Ууейр лъапIэу пщэрэ нэгъуэщIым ейр пуду къэпщэхужыным ухущIэкъуу. Ауэ уи мурадыр къахуэмылъагъуу. ЛIыфэ птету уакъыхэкIыжу. Уи Iэгу уи Iэнэу упсэу къафIэбгъэщIрэ тIуащIэрэ щащIэу къызэбгъэщIэжыфынухэм уи гъуэмылэр пэшх яхуэпщIу... Сыт хабзэмкIэ усондэджэр щIэмыхъунур? Адыгэ хабзэмкIэ, уэлэхьи! «Къеблагъэм» ириуна мащIэ щыIэ езыр.

Зыгуэрхэм абыкIэ заIэт. Зыгуэрхэр абыкIэ докIуей. Зыгуэрхэр абы и сэбэпкIэ къахуемыхухыжу тесщ... Хэти сыти жрыреIэ, – уи шыгъупIастэ зышхыу уи фадэбжьэ тезыфыхьыжар нэгъуэщIынэкIэ къоплъынущ. «ХьэлIамэ къакIуэмэ, кIэфий нэкIуэнщ», жызыIа адыгэр адыгэ акъылыншэтэкъым... А сэ иджы сщIэр япэм сщIэуэ щытами!.. Бетэмал, кIасэIуэу балигъ мэхъу цIыхур».

Къербэч апхуэдэу егупсысырт гъащIэм. Къербэч апхуэдэу зыгъэгупсыси щыIэт. Нэхъапэхэм, и Iуэхухэр зэтемыувэщауэ щыщытам, ар зыкъомрэ зэгуэпащ. Зэгуэпащ, къамыщIэу. Щэхуу. И кIуэцIым ишхыхьыж зэпыту... Абы къыфIэщIырт, къыфIэщIыр сыт, – шэч лъэпкъ къытримыхьэжу ищIэрт и мурадым, и щIэныгъэм, и дуней тетыкIэм хуэфэщэн пщIэ гъащIэм зэрыщимыгъуэтар. Къербэч къыдеджахэр зэхидзырт: «Сыт Жэмалдин апхуэдэ къулыкъу иIэн щIыхуейр? Сэр нэхърэ нэхъ губзыгъэ ар?! Е сыт Хьэмидбий клиникэ псо щIыIэщIэлъыр?! Степень щIиIэр?! Ар кандидатщ. Докторскэ егъэхьэзыр. Сэ?! Сэ дыщэ медалкIэ къэзухат еджапIэр. Ар-щэ?! Дыхьэшхэнщ... Хьэчим! Еянэ классым къыщIадзыжауэ щыта мо Хьэчим сэ ауан сыкъещIыф. Мазэ балыджэрэ пIэтIрэжанкIэ къищэхуа машинэм къобэкъукI, «Интеллигенц уэдыкъуар дауэ ущыт?» – жеIэри, си дамэм къытоуIуэ. Рестораным дыщIэсу коньякищ зэуэ ди Iэнэм кърегъэхь! АбыкIи ауан сыкъищIу! АбыкIи сигъэлъахъшэмэ фIэфIу!.. ПлъэкIмэ, узэгуэмып итIанэ! ПлъэкIмэ, узэгуэмыуд!..» Зэгуэпащ Къербэч, зэгуэпым къыхэкIыуи а зыщIэхъуэпс псэукIэм ухуэзышэ лъагъуэр къилъыхъуэу щIидзащ... ФатIими ар дыдэм хуеIэу къыщыщIэкIым, и щхьэгъусэм абыкIэ зыщыщIигъакъуэм, сыт хуэдэ псалъэмакъ яку дэмылъами, псори якIэрыщэщри, зэнэзэпсэу пхужымыIэми, зэгурыIуэзэдэIуэжу псэууэ щIадзащ... ЦIыхухъунэ зытехъуэпскIыхьхэм ящыщтэкъым ФатIимэ. Ар дэнэ къэна, – куэдым яфIэпсэкIуэдт афIэкIа теплъэ зимыIэм дэпсэу лIы дэгъуэшхуэр. Ауэ Къербэч ар нэхъ лъагъугъуафIэу къыщызыгъэхъу гуэрхэр щыIэт. Абы иIэт IыхьлыфI. А мыхьэнэщIэ зыгъуэта псалъэр зытражыIыхьыжахэм ящыщ зыбжанэ... Апхуэдэхэм уашэ. Апхуэдэхэм удрашей. Апхуэдэхэм лъагапIэ гуэр утрагъэтIысхьэ. Уэ укъемыхуэхыу тесыф закъуэ... Республикэм я набдзэ колхоз къулейм и бухгалтер нэхъыщхьэу лэжьэным щIэхъуэпс нэгъуэщI зыбжани дэст мы къуажэм. ЩIэныгъэрэ акъылкIэ а Iуэхум нэхъ тегъэпсыхьахи яхэтт абыхэм. Ауэ зыкIи игу къыхэмыщтыжу ФатIимэ IэщIэлът а къулыкъур, зэрыхуей дыдэ ищIу къуажэ мылъкум хэст. Ар зи фIыщIэр къуажэми ящIэрт. ЗымыбзыщIу дзэлашхэхэри щыкуэдт. АрщхьэкIэ яхутегъэкIыртэкъым. ЯхутегъэкIыртэкъым, къулыкъушхуэ зезыхьэ анэ дэлъхухэр и щIыбагъым къыдэтти... ФатIими къыIурыIэфIат а къулыкъур, зыIэщIигъэкIынуи хэттэкъым. Ахъумэ, и щхьэгъусэр къуажэм худэшынут. Къалэми къыщыхуэIэтынут...

Ауэ Фарузэ зэрыхуэзэжам, и пхъур зэригъуэтыжам Къербэч и гъащIэ мамырыр тIэкIу игъэпIейтеят. Къербэч лъэкI къигъанэртэкъым къэмыхъуаIауэ къызыфIигъэщIыным щхьэкIэ. Ар хуейтэкъым къызэплъэкIыжыну. ЩIэрыщIэу зыгуэрхэр къыщIидзэжыну. Шэнтиуэ щабэм плIаплIэу итIысхьа цIыху улэуам ещхьт Къербэч. Абы и гур пыIэжат. И пкъыр псэхужат. А щытыкIэ гурыхьым есэжарэ къыхэмыщтыжуи псэурт... ИщIэрт абы гъащIэр модэкIэ къызэрыщыкъуа-

лъэр. Гухэр зэрыщызэжьэхэуэр. НатIэхэр зэрыщызэнтIэIур... ИщIэрт, ауэ Къербэч абыхэм зыкIи щIэхъуэпсыртэкъым. Къербэч езыгъэшари зызыщихъумэри апхуэдэхэрат... Пэжыр жыпIэмэ, хуейтэкъым ар Фарузи. Хуейтэкъым ар Марини. Ауэ зыхуей псор зригъэхъулIэфу щытамэ, цIыхум, а цIэр фIамыщу, ТхьэкIэ е ТхьэпэлъытэкIэ еджэнт...

Дэ ди гугъэжщ тщыущэхуа гуэри тхэмылъу, къэдмыгъэдэIуэфын лъэпкъи димыIэу. Ауэ дэтхэнэ цIыхуми зэрехьэ зыкIи зыщымыгъуазэ щэху куэд. Зыри зыхимыщIыкI Iэджэ езым имыщIэжу ехъумэ... Хэт зейр уи бгъэм къыщеуэ гур? Хэт абы унафэ хуэзыщIыфынур? Уэращ. Уи закъуэщ... Уэ къыпщохъуж апхуэдэу. Ар гъэрмэ, уэ упащтыхьу зыбобжыж. АрщхьэкIэ ди бгъэм илъ гум дэ и мурад Iэджэ тщебзыщI. Щэху куэдыкIей къытщехъумэ. Дегъэбэлэрыгъ, дегъэхутыкъуэри, уащхъуэдэмыщхъуэу и щэхухэр къызыкъуех. Дызэримыгугъарэ дызэрыпэмыплъауэ гъащIэр зэхетхъуэ...

Къербэч игуми къызыкъуихыжат гъэпщкIупарэ гущIагъщIэлъу зэрихьэу апхуэдэ зы щэху. КъыщIигъэщыжат гъащIэм и пхъэнкIий куэдым щIахъума и дыщэ кIанэр. Ужьыхыпауэ и гугъа лъагъуныгъэ дэпыр, КъэлындыжынкIи щышынэрт. И гъащIэр зэхитхъуэжынуи къыфIэщIырт. Ар хэтт Фарузэ зэрыIумыщIэным, зыщигъэгъупщэнуи хуейт. АрщхьэкIэ Къербэч зы къару гуэрым ишэрт. Ишэрт къытримыгъазэмэ нэхъ къищтэ а лъагъуныгъэм деж. КIуэхункIи, а дэпыр нэхъ къыщIэщыжт. ХуэзэхункIи, а дэпыр нэхъ къэлындыжырт... Ауэрэ Къербэч къыгурыIуащ абы и гъащIэм Фарузэ къызэрыхыхьэжар.



Фарузэ и закъуэтэкъым Къербэч и гъащIэм къыхыхьэжар. Хуэмхуэмурэ ар есэпащ Маринэ. Марини, къыхуэгуфIэ къудей мыхъуу, къыхуэзэшу щIидзат Къербэч. Хъыджэбз цIыкIум и гугъэт Къербэч абы и адэ лIам къыдеджауэ, и ныбжьэгъуу щытауэ... Маринэ, псом хуэмыдэжу, и гуапэ хъурт, и классэгъу цIыкIухэм яхэту еджапIэм къыщыщIэкIыжкIэ, бжэр Iухауэ Къербэч и «Волга»-р къыпэплъэу щилъагъум деж. Адэ зиIэхэм ехъуапсэ зэпытрэ езым къылъымыса насыпыр адрейхэм тIэкIуи ярифыгъулIэу езыхьэкI хъыджэбз цIыкIур апхуэдэ дакъикъэхэм деж лъэтэным хуэдэт... Нэхъ къыщамыцIыхун щIыпIэхэм ишэурэ, Къербэч и пхъур кърищэкIырт, зыгуэрхэр къыхуищэхурти, игу зэрыпымыкIыр IупщIрэ хъуэпсэнэгуу кIэлъыплъу я фэтэрым пэгъунэгъуу щригъэкIыжырт...

Апхуэдэ лъэпкъ пэмыплъа Къербэч хуэм-хуэмурэ къыпкърыхьэпащ адэм иIэн хуей гурыщIэр. А гурыщIэм ар зыIэпимышэнкIи зэщIимыубыдэфынкIи хъунт, нэгъуэщI бын иIамэ, ауэ... Ауэ ФатIимэ, и насыпыншагъэти, фыз мылъхуэу къыщIэкIат... «Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ» жыхуаIэм ещхьу, нэхъыфIым щыгугъырэ гурыщхъуэ бзаджэм къиших зэпыту илъэсищым нэс ирихьэкIа нэужь, дохутырхэм абы къыжраIащ зэи бын зэримыIэнур... Езым къищIагъэххэ а щэху шынагъуэр къыхузэIуихмэ, и лIыр фIэкIуэдынкIэ шынэурэ, иужькIи зыкъомрэ зибзыщIащ ФатIимэ, ауэ игъащIэкIэ убзыщIурэ къыпхуехьэкIын апхуэдэ щэхур? Абы щыгъуэми зыщыббзыщIыр езыр дохутыру, абыхэм фIы дыдэу хэзыщIыкI цIыхуу... Сытми, икIэм-икIэжым, ФатIимэ и лIым жриIащ зэи бын зэримыгъуэты-

нур... ГъэщIэгъуэныракъэ, Къербэч а зэхихам зыкIи игъэнэщхъеякъым, зыгуэрхэр къодгъэплъынти-къодгъэIэзэнти, жиIэу зы псалъи къыжьэдэкIакъым. Куэд щIауэ зыщыгъуазэ хъыбар гуэрым ещхьу щIэдэIуащ... Абы игъащIэми бынып псыдыуэм иригъэщхьырт. ЦIыхум и IэфIыр къыщIэзыфыкIыу, а къызыщIафыкIам елъэстэуэж псыдыуэ цIыкIухэу къилъытэрт. Ар хуейт губгъуэм ит тхьэрыкъуэм ещхьу псэуну. ГъащIэм и IэфI езым къылъысымкIэ нэгъуэщI зыми дэмыгуэшэну... ФатIимэ зэрыфыз мылъхуэр къыщищIам, зимыумысыжа щхьэкIэ, тIэкIуи гуфIауэ къыщIэкIынут Къербэч... Бын кърилъэфэкIыу дэтамэ, дауэт ФатIимэ и IэнатIэр зэрыхъунур? А IэнатIэр IэщIэкIамэ, дэнэт апхуэдиз хэхъуэр къыздикIынур? Дауэт а тIууэ зэтет унэшхуэр зэращIынур? Сытыт игъащIэми хъуэпсапIэ нэхуу иIа «Волга» дахэшхуэр къызэрищэхунур? А псоми Къербэч зэрыхэIэба щыIэтэкъым. ФатIимэ ищI хьэрычэт инхэм зэрылъэкIкIэ берычэт цIыкIу гуэрхэр хилъхьа къудейуэ арат... Ахэр зэпилъытрэ бын зэрамыгъуэтым зыкIи иримынэщхъейуэ, псэуат нобэр къыздэсым Къербэч... Ауэ Маринэ Къербэч и гум къыщигъэушащ цIыхухъу дэтхэнэми къыдигъэщIауэ къыздрихьэкI адэ гурыщIэр. Уи пкъым къикIа гуэрым Iэ дэплъэн, ухуэгуэпэн, уригушхуэн хуейуэ къыбжезыIэ пасэрей гурыщIэр...

Арати, Къербэч мурад ищIащ, и джабэ къыхущIэмыгъэтIысхьэжыпэми, и нэIэ тету къигъэхъун хуэдэу, Iэмал зэриIэкIэ Маринэ гъунэгъу къызыхуищIыну. Абы и Iэмалу Къербэч иджыпстукIэ къыхуэгъуэтыр зы закъуэт: езым IэщIэлъ сымаджэщым Фарузэ къишэжынырт. Медсестра нэхъыжьу иIар дэIэпхъукIыжти, нэхъыбэу а Iуэхум щIытегушхуари арат Къербэч... «Ауэ Фарузэ къалэм къысхудэкIыну пIэрэ?.. КъыдэкIыпэуи сощI, – ди щэхур мыбы нахуэ щыхъурэ цIыхум дахэIуэмэ?.. ФатIимэ сыт жиIэн итIанэ?! Дыщэм хуэдэу сыкъэзылъагъу и адэ-анэм, и анэ дэлъхухэм зэхахмэ-щэ?.. ИтIанэ псори зэуэ къэлъэлъэжащ... Хьэуэ, сэ Фарузэ фIыуэ соцIыху, – адрейхэр щихъумэфакIэ, мыри дунейм къытригъэхьэнкъым... Маринэ сэрэ дызэрызэхущытым гурыщхъуэ яригъэщIмэ-щэ?.. ЯригъэщIын хуейкъым. ЯригъэщIыну къытщыхъумэ, а Маринэ къызэрыдгъапцIэ дыдэр хэдгъэIуэнщ: си ныбжьэгъуфI лIам къыщIэнауэ жысIэнщи... Фарузэ пыщIа сымыхъужмэ, адреймкIэ гурыщхъуэ къытхуащIын хуейкъым... Хьэуэ, сыхъужынкъым. Си ныбжьым къемызэгъын Iуэху сыхыхьэн хуэдизу сэ сыщIалэжь цIыкIукъым, зыкъом згъэунэхуакIэщ, Фарузэ и дахагъэми зыщысхъумэфын хуейщ...»

Къербэч и мурадыр Фарузэ хуиIуэтащ... Зыпэмыплъагъэххэу къыжраIа Iуэхум ар къигъэуIэбжьат. Фарузэ шынэрт и гъащIэр апхуэдэу зэуэ кърйIуэнтIэкIыжыну. Хуейтэкъым тIэкIу-тIэкIуурэ зэIуищауэ ерагъкIэ зэтриIыгъэ и псэукIэмрэ и мурадхэмрэ зы махуэзэIыщIэу зэIищIэжыну... Ауэ лъаIуэр Къербэчт. Маринэ и адэ Къербэчт... Сыту тхьэмыщкIагъэ дыдэ ар – гъэпщкIупауэ къыпхуишиину гухэлъ хуабагъэм ущыгугъыу зыгуэрым и ужь уиувэныр. Дунейм нэхъыфI дыдэу щыплъагъу цIыхур мылъкум ещхьу зыIэщIэлъым и гъусэу ухуэзэхукIэ, уи гур къигъыкIыу упсэунур... Апхуэдэ насып уахуэт Къербэч абы къыхуигъэлъагъуэр. А насып уахуэм Фарузэ зыщихъумэну хэтт... Ауэ лъаIуэр Къербэчт. Маринэ и адэ Къербэчт. И псэр зыхэлъу и пщIыхьхэм хэмыкI Къербэчт... Фарузэ къытехьащ.

Арэзы хъури, куэд дэмыкIыу Iэпхъуащ Къербэч щылажьэ къуажэм... Арат мы къуажэм Фарузэ щIыдэсыр. Арат и къэкIуэкIар...

Гъэмахуэт. Гъэмахуэ пщыхьэщхьэт. УзыщIэхъуэпсхэм гъунэгъу дыдэ уахуэхъуауэ къыпщызыгъэхъу зэмант. Гур зыщIэкъу псоми емыкIу лъэпкъ хэмылъу къыпфIэзыгъэщI щытыкIэт...

Зи щIалэгъуэм нэсу хузэхэгъэкIыркъым дунейм къытхуиший апхуэдэ дахагъэм и щэхухэр. Ахэр къэзылъагъуфыр щIалэгъуэр зыIэщIэлъэту зыфIэкIуэда цIыхурщ. ИгъащIэкIэ зэримыгъуэтыжынур зыщIэу щхьэгъэпцIэж IэмалхэмкIэ ар къэзылъыхъуэжырщ. Апхуэдэм дуней къызэрыгуэкIыр хуогъэщIэращIэ. ЩIалэгъуэ блэкIам и теплъэ Iэджи а дуней гъуабжэм къыхещIыкIыф... Абы къызыфIегъэщI а и щIалэгъуэр зыщIыпIэ къыщыпэплъэу. Иджыри къыхуейуэ. Къылъыхъуэу. Ауэ зыгуэрхэм къамыгъакIуэу. Ялъахъэу. Ягъэгувэу... Ар щысщ, къызэрамыгъуэтыжым щхьэкIэ зыфIэгуэныхьыжу. ЗыфIэпсэкIуэду. Щысщ, нэщхъеягъуэ IэфIым зэщIиубыдауэ. А и щхьэм хуиупсыж пцIым езыр дихьэхыжауэ... Ауэ къыпхуохуэ пцIы лъэпкъ хэмылъу щIалэгъуэм къигъэзэжауэ къыщыпщыхъу. Утэджрэ зыпшиймэ, – уи IитIыр дамэ хъууэ хъуэпсапIэхэм я лъахэм улъэтэфыну къыщыпфIэщI... Апхуэдэ щытыкIэм уэ уи гупыж къудейкIэ уихьэфынукъым. Апхуэдэ щытыкIэм уихьэн щхьэкIэ, укъэзыухъуреихь псоми зыкъыбдащIу щытын хуейщ. ЗыкъыбдамыщIыпэми, пцIы дахэ къызэрыпхуаупсын фащэкIэ хуэпамэ, – ари хурикъунущ апхуэдэ щхьэгъэпцIэж дахэм...

Хуэпат а пщыхьэщхьэри дунейр щIэщыгъуэ пщызыщI дахагъэкIэ. КъэщIэрэщIэжын, къэгъэгъэжын щыIэххэмэ, абы дэIэпыкъуну хьэзыр дахагъэ узыIэпызышэкIэ... А дахагъэм хэщIапIэ хэха иIэт. Ар итт къуажэм ибгъукIэ къыщылъ губгъуэшхуэм. Щхьэщытт губгъуэшхуэм адкIэжкIэ къыщыт мэзыжьым. ГукIэ зэхэпх пшыналъэ щабэ дыдэр гъэщIэгъуэныщэу зэпищIэу. Хьэуар зыгъэнщI щхъуантIагъэ гурыхьым хэсу. Пщыхьэщхьэм и тепхъуэ пIащIэм псысэ нуру къыпхрынэхукIыу... СыткIэ хуэныкъуэт а дахагъэр сымаджэщым. Ауэ мыбыи къэсат абы и Iэпэ щабэхэр. Мыбыи щызэхэпхт и уэрэд гуапэхэр. Уриджэу. Уишэу. Зыри блэмыкIауэ къыпщигъэхъуу. Зыри мыкIуэда къыпфIигъэщIу. Уи гур къызэригъуэтам иригуфIэрэ гуапэу къеIущащэу, къеIущащэу, къеIущащэу...

А дахагъэм къыхэкIа Фарузэ ординаторскэм щыщIыхьам, Къербэч и закъуэ дыдэу щIэст. ЩIыхьэ-щIэкI куэдым есэжати, ар къыдэплъеякъым, и тхэни зэпигъэуакъым. ИтIанэ Фарузэ, мащIэу зигъэпсчэуIури, макъ нэжэгужэкIэ жиIащ:

– Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ, Къербэч...

Къербэч и щхьэр зэуэ къиIэтащ, ауэ жэуап зытыну хуежьа Iупэхэр япэ дыдэу Фарузэ Iуплъауэ къызыфIэщIа нэхэм къагъэувыIат. А нэхэм ящIэз хъуат нэхугъэ. Пкъыр зэщIэзыIэтэ, гур зыгъэпIетей, Iуэху жыгъей фагъуэхэм уакъыхэзыш нэхугъэ гуэр. А нэхугъэр Къербэч зэуэ къыжьэхэпсат. Ауэ, нэхэм ягъэщIагъуэ щхьэкIэ, гум абы гъэщIэгъуэн лъэпкъ химылъагъуэу, а нэхугъэр къызэрыкIуэнур ищIэу, ищIэ къу-

дей мыхъуу, пэплъауэ, зыхуигъэхьэзырауэ къыпщыхъурт... Фарузэ пыгуфIыкIыурэ къытригъэзэжащ:

– Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ.

– НэхъыфIыжу, Фарузэ...

ПщIыхь IэфIым хэту къагъэушам ещхьт Къербэч.

– Уи дежурнэгъуэт-тIэ уэ?

– Хьэуэ. Си шыпхъум деж сыпсэлъэну арат. Маринэ къызэлъэIури, сшатэкъэ-тIэ абыхэ я деж.

– СощIэ, ауэ къэпшэжа си гугъащ.

– Пщэдей къигъэкIуэжыну жесIэнущ.

– КъэтIыс-тIэ, епсалъэ. Сэри сызэрыхуэзэшар жеIэ.

– ЛIо, уи мыхабзэхэу, сыту зыпIэжьа уэри ныщхьэбэ?

– ДыщIихьэIуащ... Фэ медсестрахэм я закъуэу фи гугъэщ лажьэр, ауэ, тIасэ, дэри...

– Дохутыр нэхъыщхьэхэр щIэщIауэ жиIэнщ, тхьэ, иджы.

– Дохутыр нэхъыщхьэракъэ фэ къываутIыпщ мывэ псори зытехуэр.

– НтIэ, къытхуэбгъэгъунщ удэзыхьэха лэжьыгъэр зэрызэпызудыр... МыдкIэ къэгъэкIуатэт, кхъа...

Къербэч телефоныр къищтэри стIол къуапэм къытригъэуващ. Фарузэ гупсэхуу тIысщ, нэжэгужагъэр и нэгум текIри, зэпыщIыкIыну къыпщыхъу Iэпэ хужь цIыкIумкIэ номерыр къищтэу щIидзащ... И шыпхъуми, Марини епсэлъэху, Къербэч и нэр темыкIыу еплъащ и пащхьэ къисым. Еплъурэ, игукIэ жиIащ: «Сыту удахэ уэ иджыри, Фарузэ!..» Псэлъэн иухщ, телефоныр Къербэч хутригъэувэжри, Фарузэ пыгуфIыкIыурэ къэтэджыжащ.



– Лэжьыгъэм пыпщэну хуит ухъужащ, дохутыр нэхъыщхьэ.

– Дауэ щыт уздэпсэлъар?

– Хъарзынэхэщ. Пщэдей сынэкIуэжынщ, жи... Уэри къыпхуэзэшауэ жеIэ... Аращ-тIэ, фIыкIэ. Къытхуэгъэгъу...

– Фарузэ... УмыпIащIэт зэ... Сэ мыдэ зыгуэр къэзгупсысащи...

– МыкIуэдыж щIыкIэ, занщIэу тхы.

– Зэ, зэ... УмыгушыIэт... Сэ-э-э... сыхуейт, Фарузэ, ныщхьэбэ тIэкIу дызэбгъэдэсыну.

– Дызэбгъэдэсаи.

– Апхуэдэукъым.

– НтIэ дапхуэдэу?

– Ди закъуэу. Ди закъуэ дыдэу. Япэм ещхьу.

– Япэр япэм къыщынащ, Къербэч. Абы къэгъазэ иIэжкъым. КIасэщ. Нэхъыщхьэращи, – дыхуиткъым.

– Сыт дыщIыхуимытыр?

– ДыщIыхуимытри?.. Абы утепсэлъыхьыныр лейщ.

– Дыхуитщ. ИкIи дызэбгъэдэсынщ ныщхьэбэ.

– Дауэ?

– Уи деж.

– Хъунукъым, Къербэч.

– Сэ, хъунущ, бжызоIэ.

– Сэ, хъунукъым, бжызоIэж.

– Сыт щIэмыхъунур? Маринэ щыIэкъым. Уи закъуэщ.

– Сэ си закъуэщ, ауэ зыщумыгъэгъупщэт уэ узэримызакъуэр... ИтIанэ, дэ дызэрызэгурыIуар дауэт мыбы сыкъэкIуэн япэ?

– «ДызэрызэгурыIуар, дызэрызэгурыIуар!..» ДытекI мыхъужыххэну тхьэрыIуапIэ дызэдитащ жыпIэнмэ, уэлэхьи... Зыри къэхъунукъым, Фарузэ... Уи фIэщ зэрыхъун...

– Къэгъанэ, Къербэч... Сэ апхуэдэу сыхуейкъым. Сызэрыхуэмейри зыбжанэрэ бжесIащ... Зэгуэр сызыхуеям хуэдэу щымыхъуакIэ, зэрыхъуам тету ирырекIуэкI а си гъащIэр.

– Фызыжь хьэзырщ жыпIэнмэ, уэлэхьи, иджы.

– ФэкIэ фызыжь ухъунуракъым Iуэхур. Гуауэр – гукIэ фызыжь ухъумэщ.

– ЛIо, уэ-э?..

– Сэ сыхъуакIэщ, Къербэч. Маринэ насыпыфIэу слъагъуным нэхъ хъуэпсапIи сиIэжкъым.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, нанэ!

– Тхьэразэ къыпхухъу, тхьэмадэ! Уэри уи псэгъум куэдрэ ущхьэщытыну сынохъуэхъу... А къызжепIэхэм хуэдэ уигу къэмыкIыу.

– Ухуеиху гушыIэ, Фарузэ, ауэ зэрыжысIауэ Iуэхур хъунущ.

– КIэщIу жыпIэмэ, унагъуэ уиIэ?.. НтIэ, зэрыжаIэщи, уи унагъуэм сэлам схуехыж, Къербэч. ФIыкIэ...

– ГушыIэ уэ, гушыIэ...

– НэхулъэфI укъикI. Пщэдей дызэрылъагъунщ.

– Ныщхьэбэ дызэрылъэгъуауэ уэзгъэлъагъунщ.

– Хъер ухъу бжесIэркъым. Пщэдей пщIондэ!..



Ординаторскэм къызэрыщIэкIыжу, Фарузэ Iууащ швабрэр зыIыгъыу кIэлындорым тет Баблыху. Дохутырми сымаджэми кIийгуоуэ яхэт мо фыз урыхъушхуэр медсестрам къыщыIуплъэм, и мыхабзэу щтэIэщтаблэ къэхъури, швабрэр зэригъажэурэ лъэныкъуэ зригъэзащ... Фарузэ и гум зэуэ зызэхуишэри, гурыщхъуэ щIыIэ гуэр и пкъымирижат, ауэ къыхуэщIакъым абы и щхьэусыгъуэр. Гукъыдэж IэфIыр а гурыщхъуэм зэрыщихъумэнум хэтурэ, Фарузэ къыдэкIыжащ сымаджэщ пщIантIэм...

Фарузэ мыбы къыщыкIуэм иIа щытыкIэм нэхъри зиIэтат. Хьэуэ, ар хуейтэкъым Къербэч къыкIэлъыкIуэну. Хуэмейуэ жиIэурэ езым тхьэ зыхуиIуэжырт. Ауэ абы къыжриIа псалъэхэм Фарузэ хуэныкъуэт. Хуэпабгъэрт зыгуэр, зыгуэр къудей мыхъуу, – Къербэч, псэм хыхьауэ къыхимыхыжыф Къербэч, иджыри къыхуейуэ, иджыри къыхуэныкъуэу, иджыри къыщIэгупсысу, къилъыхъуэ зэпыту псэууэ къищIэну. Псом хуэмыдэжу – ныщхьэбэ. ЦIыхухэм я гум иIэбэурэ дунейм Iэджи къыщитIэщIыж мы гъэмахуэ пщыхьэщхьэм Фарузэ хуэныкъуэт абы. А гугъэ нэхур къэозытым. А узыIэту къыпфIэщIым. И дыджыр куэдкIэ нэхъыбэми, цIыху гъащIэр IэфIщ жозыгъэIэм... Куэд щIат апхуэдэ гукъыдэж Фарузэ зэримыIэжрэ. Куэд дыдэ щIат... Уэрэд къыхэзмыдзащэрэт, жиIэу ар ирикIуэрт пасэу цIыхуншэ хъуа уэрамым. ИрикIуэрт, сатыритIу ех унэхэм яхэплъэурэ. Мы жэщ дахащэр къагъанэу а унэхэм зыщIэзыубыдэжа цIыху къомыр фIэгуэныхь хъууэрэ. Фарузэ игукIэ жиIэрт: «Сыт гъэщIэгъуэн! ЦIыхум дунейм хилъагъукIыр мащIэ дыдэщ. Абы зэрытетым щегупсысри зэзэмызэщ. ПлIанэпэ гуэрхэм зыдаудыгъуарэ зы жьгъей гуэрхэр зэпаубыдауэ зэпекъуурэ, ахэр токIыж дунейм. Мы дуней дахэшхуэм. Псоми ди зэхуэдэу къытхуигъэщIам. Дэтхэнэми IэплIэ хуэзыщIыну хьэзырым. ТокIыж, а дунейм хамылъагъукIаIауэ. И IэфIыр къахуэмыгъуэтауэ... ГъэщIэгъуэнщ! А

псори ищIэрэ лъэмыкI щымыIэу къызыщыхъуж цIыхум щогъупщэж гъащIэр зэрынапIэзыпIэр. А напIэзыпIэр зэрытыгъэ иныр. А тыгъэ иныр дахагъэ Iуданэ куэду зэрызэIущар. А зэIущам и хьэлэмэтагъыр зыхэпщIэным щхьэкIэ, къыхэщти пIейтеи зымыщIэ пкъыгъуэхэм уакъыщхьэщызыгъэкIрэ уазэрефIэкIыу Тхьэм къыбдигъэщIа псори щIэмычэу гъэпIейтеин зэрыхуейр. Сыту жыпIэмэ – гъащIэр ар езыр упIейтеиныршщ. Гур къызыхуигъэщIари аращ: пIейтеихункIэ – мэпсэури, мыпIейтеижмэ, – мэдий... Ауэ цIыхум и хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэу къыпщохъу къыхэщт зимыIэ мывэу щытыныр. Къытепсэри къытесэри зыхимыщIэу псэуныр. Псори зыхэункIыфIыхьу зыхэдиихь ахърэтым къыщыпэплъэ щытыкIэм ещхьыныр... Сыт гъэщIэгъуэн?!»

А гупсысэхэр и гум щызэригъэзахуэурэ, Фарузэ нэсыжащ. Къуажэбгъу дыдэм дежт ар щыпсэур. Зэрыгъунэгъуншэр игу къеуэ хуэдэ, унэ лъахъшэ цIыкIур нэщхъейуэ и щхьэгъубжэхэмкIэ псыхъуэм дэплъэрт...

БжэщхьэIум нэмысыпэу Фарузэ къэувыIащ. Абы и гур унэм щIыхьэжтэкъым. Дуней дэзыхьэхам иутIыпщтэкъым... блыным кIэрыт шэнт щхьэгуэр къищтэщ, пщIантIэм дэкIри, акъужь гуапэр къызыдих псыхъуэм дэплъэу ар куэбжэпэм деж щетIысэхащ... Псыр мазэгъуэ жэщым еIущащэрт. Абы къиIущэщхэр щэху дахэ защIэу зэхэлът. ТхьэкIумэм ерагъкIэ къыхуэубыд пшыналъэр и къуэпс щабэ дыдэхэмкIэ гум къедэхащIэрт. А даущ телъыджэр мыхъумэ, зы макъи зэхэпхтэкъым... Дунейр щымт. Дунейр апхуэдизкIэ дахэти, Тхьэм и зэфIэкI псори зэхилъхьэу игъэщIэрэщIарэ япэ дыдэу къигъэщIыну цIыхум хуигъэхьэзырауэ къыпщыхьурт. Жэщри а къагъэщIынум пэплъэрт, зэшыгъуэ IэфIми щест... Фарузэ игъэщIэгъуащ а псор. ИгъэщIэгъуащ дунейм гурэ псэрэ иIэу къызэрыщыхъуар. Ари зыгуэрым хуэзэшыфыну къызэрыфIэщIар... КъыфIэмыщIамэ-щэ? Дунейм псэ Iутыр пэжмэ-щэ? Ар мыпэжмэ, сыт апхуэдэу Iэзэу цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм закъыщIыдищIыфыр? Дэ ди гум щыхъэхэмрэ щыщIэхэмкIэ дунейм дыдэгуашэу армырауэ пIэрэ? Армырамэ, сыт ар щIэбзагуэр? Хьэмэрэ бзагуэм и дэхэщIэкIэм нэхъ узыIэпишэу ара?.. Фарузэ а псом жэуап хуетыжакъым, ауэ къыгурыIуащ а япэ цIыхум пэплъэ Тхьэр езым и гур зэрыарар, ар зыпэплъэ цIыху Тхьэпэлъытэр ныщхьэбэ зыхуэмейуэ и гугъэжа Къербэчу зэрыщытыр.

Нэщхъеягъуэ нэху гуэрым хэзэрыхьарэ блэкIам нэхъыфIу хэтар и гум къыщыушыжауэ къедэхащIэурэ, Фарузэ унэм щIыхьэжащ. Мазэр мыбыи къэсат. И Iэпэ нурхэмкIэ кIыфIыр унэ плIанэпэхэм дигъэзэрыхьат. А кIыфI зызыудыгъуахэм ягъэшынэри, Фарузэ пигъэнащ уэздыгъэр. Зэрыпигъанэу – псори кIуэдыжащ. Апхуэдиз зи дахагъ дунейр бзэхыжри, гъащIэм и IуплъапIэ гъуабжэр къыщIэщыжащ... ИтIани хьэуар зэрыгурыхьт. Абы щIыфэр хуеIэрт. Зэран къыхуэхъу щыгъыным еныкъуэкъурт... Фарузэ щхьэгъубжэIупхъуэр ирилъэфэкIщ, бостейр зыщихри, гъуэлъыпIэм зригъэукIуриящ. Ар щылът, уэздыгъэм и хъуреягъыр къэзылъэтыхь жэщ хьэндрабгъуэ цIыкIум и нэр тедиярэ абыи псэ зэрыIутым, цIыхухэм гу лъамытэ, зыхамыщIэ щхьэкIэ, апхуэдэхэми зыгуэрхэр зэрызэрахуэм щIэгупсысу...

ЦIыхухэр апхуэдизкIэ я щхьэ Iуэхухэм дахьэхыжащи, езыхэм ящIэмрэ къащыщIымрэ фIэкIа дунейм къыщымыхъуIауэ я гугъэжщ. Ауэ дэ игъащIэкIэ къытхуэмылъагъуну гуфIэгъуэхэр, гуауэхэр, бампIэхэр, лъагъуныгъэхэр псэ зыIут адрейхэми я гъащIэм хэту къыщIэкIынущ. Абыхэми къащыхъуу къыщIэкIынущ цIыхур ауэ сытми дунейм къыщызыджэдыхь псэущхьэшхуэ къудейуэ. Зыри зыхэзымыщIэ, зыми щIэмыгупсыс хьэпщхупщ абрагъуэ гуэру... Насып диIэти, цIыхухэр, ситкIэ дызэщхьэщыкIми, ди гурыгъугурыщIэхэмкIэ дызэпхащ, абыхэмкIэ дызэхуэдэщ, дызэблагъэщ. Щымыхъужми, Тхьэр абыкIэ къытхуэупсат: зы цIыхур зыгъэгуфIэнури зыгъэгуIэнури адрей цIыхум хъарзынэу ещIэ... Ар зэрытщIэр фIыуэ пIэрэ хьэмэ?.. Тхьэм ирещIи, абы и фIымрэ и Iеймрэ зэпэбгъэшэчамэ, и Iейм нэхъ щришэхи къэхъунт. Ауэ, итIани, фIыщ зыгуэрым укъыщыфIэIуэхум деж...

Абыхэм егупсысу щылът Фарузэ. Зы гупсысэм адрей гупсысэр къигъэщIырт. Ахэр зы мыхьэнэншэ гуэру къежьэрти, кIуэтэхукIэ къызэрыкIыурэ, уафэм щIэуэу ин хъухэрт...

ГъащIэ гъуэгу убзыхуам тет цIыхум апхуэдиз гупсысэ къыхуеблагъэ хабзэкъым. Ахэм къалъыхъуэр цIыху дэхуэхахэрщ. Закъуэныгъэм куэдрэ къыIэщIэнэ закъуэтIакъуэхэрщ. Мы дуней дыдэращ ахэри зытетыр, ауэ нэхъыбэу щыпсэур гупсысэ гъунапкъэншэхэм я лъахэрщ. Апхуэдэ гупсысэхэр псалъэм къыпхуигъэтIэсамэ, Тхьэм ирещIи, гу пхъашэ дэтхэнэри нэхъ щабэ зыщI уэрэду къэIунт. Апхуэдэ гупсысэхэр пшыналъэу пхузэпыщIамэ, я нэхъ цIыху гу щIыIэми гуфIэгъуэ нэпсыр къигъуэтыжынт... Закъуэныгъэм гъащIэр егъэбжьыгуэ. Игъэбжьыгуэ щхьэкIэ, щигъэкъабзи куэдрэ къохъу. А закъуэныгъэм и къабзагъэр зыщIэзыша бзылъхугъэхэм яхэтщ лъагъуныгъэшхуэм хуэщIа гу пщтыр зи бгъэм къыщеуэхэр...

Апхуэдэ бзылъхугъэт Фарузэ. Я нэхъ мыхьэнэншэми телъыджэ къыхэзыщIыкIыф гу зиIэ Фарузэ. Апхуэдэ телъыджэм щIэбэг цIыхухъу дэтхэнэми къилъыхъуэ бзылъхугъэхэм ящыщ Фарузэ. А телъыджэр къалъыхъуэм-ямыгъуэтурэ, гъащIэ гъуэгум тезэшыхьа цIыхухъухэм я напIэхэр зэрызэхуахьу нэгум къыщIэувэ бзылъхугъэхэм языхэз Фарузэ...

Фарузэ лъэ макъ гуэрхэр къызэхихщ, къыщылъэтри, халат пIащIэр зэуэ зыщитIэгъащ. Къэхъунум и гур хуэпабгъэрэ тIэкIуи къигузэвыкIыу, ар унэкум итт. ЗигъэпсчэуIуа мыхъумэ, къаджи къытеуIуи щымыIэу, къэкIуар сенэм къыщIэбэкъуащ. КъыщIэбэкъуар – Къербэчт!.. Фарузэ игъэщIэгъуэжащ сенэбжэр Iухауэ зэрыщытар. Апхуэдэу IугъэузэщIыкIауэ ар зэи къигъанэ и хабзэтэкъым Фарузэ. IэщIэгъупщыкIауэ арагъэнт... Хьэуэ, IэщIэгъупщыкIатэкъым. Ар Iухауэ къэзыгъэнар Къербэч къызэрыкIуэнур зыщIэ гуэрт. Абы щэху дыдэу пэплъэ, абы щIэбэг, абы еджэ Фарузэ и гурт... Къербэч щытт, тIэкIу зэранауэ, ягъэкъуэншэнуми ягъэзэхуэнуми зымыщIэ сабиишхуэ гуэрым ещхьу. Япэхэм хуэмыдэу, дзыхьмыщIу. ЩтэIэщтаблэу. ТIэкIу зэрефар и нэхэм ящIэплъагъуэу... Фарузэ къыгурыIуащ Къербэч зыхуэзыший гур къызэрыхуэмыгъэувыIэнур. Ар къэгъэувыIэным



5 Заказ №2209

хуежьэныр зэрыфэрыщIагъэр... Фарузэ хупыгуфIыкIащ къэкIуам. Къербэчи занщIэу къыгурыIуащ, сенэбжэм ещхьу, абы и дежкIэ Фарузэ игури ныжэбэ зэрызэIухар. Япэм хуэдэу а гум и тепщэ зэрыхъужар... Ар хьэкъыпIэ щыхъуа нэужь, Къербэч дыгъуфэ-дыгъуфэу жэщым зэ хуеплъэкIыжщ, сенэбжэр къыхуищIри, хьэлъкъыр иритыжащ... Пэшым къызэрыщIыхьэу, Фарузэ къыIурыуащ щхьэр зыгъэуназэу малъхъэдис къару зиIэ цIыхухъумэр. И псэр зыщIэлIэу Iэпкълъэпкъ пщыкIутIымкIи куэд щIауэ и нэIуасэр... Къербэч, коньяк птулъкIэр стIолыщхьэм тригъэувэри, Фарузэ жиIэнуми пэмыплъэу, етIысэхащ... ПсомкIи гурыхьу щытыныр зи лъым хэт бзылъхугъэ зэрыщыпсэум и щыхьэту, пэшым къабзэмэ гуакIуэ щIэтт...

Гъэмахуэ жэщым къызэщIиIэта Iэпкълъэпкъыр коньякым нэхъри игъэгушхуат. Гукъыдэжу зыхэна псори иригъэкъужыну хэт хуэдэ, Фарузэ гушыIэрт. ЩIэмычэу псалъэрт. Лъалъэу дыхьэшхырт... Абы и гурыщIэ пцIащхъуэу къэзылъэтыхьым дзыхьмыщIу щыта Къербэчи ирихьэжьат. Абыхэм ящыгъупщэжат мы пэш кIуэцIым адэкIэ дунейпсо зэрыщыIэр. А дунейм нэгъуэщI цIыхухэр зэрыщыпсэур. А цIыхухэм гурыщIэ щэху пщIыуэ къыпхуэзымыдэн куэд зэрахэтыр... Къербэч Iэбэри уэздыгъэр игъэункIыфIащ. ИгъэункIыфIри, – псы къиуам хуэдэу къэкъуалъэ гукъэкIыж уэрыр зэуэ игъущIыкIащ... ГукъэкIыжкIэ пхуэгъэнщIын жэщтэкъым а жэщыр. Сыту жыпIэмэ ар езыр гукъэкIыж IэфIу къэнэн хуей жэщт. БауэкIэщI хъууэрэ зэхэзэрыхьыж лъагъуныгъэхэм я жэщт... Фарузэ и щхьэцым къыхэIэбащ дунейм нэхъ щабэу тет Iэхэр. Фарузэ и щIыфэм къицIыхужащ дунейм нэхъ хуабэу тет бгъафэр. Фарузэ и Iупэхэм къагъуэтыжащ дунейм нэхъ гуапэу тет Iупэхэр... Псори дахащэу къэлындащ. Псори гъэщIэгъуэну къэублэрэкIащ. Псори лъагъуныгъэм щIиIубэжащ... Хьэуар хуабэт. Iу бахъэр пщтырт. Бахэм уалыпщIт... Арат-ара: лъагъуныгъэ дэтхэнэми и лъагапIэм хуэдэт!.. Ауэ, нэгъуэщIхэм яхуэмыдэу, мыбы хэлът пхуэмыIуэтэщIыну зы дахагъэ телъыджэ гуэр. А дахагъэ щэхур къыпкърыкIырт Фарузэ ипкъ щIыIэтыIэм. Лъагъуныгъэ мафIэм ущихъумэным папщIэ щIыIэтыIэ гуакIуэ зызыщIауэ къыпщыхъум. Гур хуэнэпсейуэ щытын щхьэкIэ, къыпIэщIэмащIэмэ нэхъ къэзыщтэу къыпфIэщIым...

Псысэм къыхэкIа жэщым лъагъуныгъэр щест. Фарузэ и щхьэр телът пщIыхьэпIэ бжыгъэншэхэм щигъэщIэрэщIа цIыхум и бгъэгум... Къербэчи щылът, и псэмрэ и пкъымрэ арэзы зэрызэхуэхъужам иригуфIэу. Абы и гъащIэм хитхъыкIыжат мы жэщыр зыкIи зыхуэмыныкъуэ гъэхэр, Iуэхухэр, цIыхухэр. ХитхъыкIыжри, ад-дэ, псори щынэхуу псори щызэщIэпщIыпщIэ щIалэгъуэ лъахэм игъэзэжат...

Ауэ мыпхуэдэу зэшэкIауэ ахэр зэрыщылъыр имыгъэдахэрэ къахуэдзэлашхэу нэгъуэщI жэщи блынхэм адэкIэ щыпэкIут. ЩикIукIт, гухэр зэхипIытIэну хьэзыррэ «къалэн», «хабзэ», «напэ» сыт жыхуаIэхэр къыдригъэжейуэ...

Псэхэхыр къателъэда хуэдэ, гу(ы)их-псэихыу къэIуа макъ шынагъуэ зэкIэлъыпытым жэщ-псысэр зэпиудащ... Бжэм ину зыгуэр къытеуIуэрт, къытеуIуэр сыт, – зэрифIэщкIэ къеуэрт... Фарузэ зэуэ къэскIащ. Къербэч къызэфIэтIысхьагъэххэт... ЯщIэнумрэ жаIэнумрэ

егупсысынуи хунэмысхэу, хьэлъкъ махэм зэтриIыгъэ бжэр модэкIэ зыгуэрым къыIуиудащ. Зи псэр IукIауэ пIэкум ис Фарузэ къилъэгъуащ сенэм къыщIыхьа фIыцIагъэшхуитIыр... Блыныр къиIэбэрэбыхьурэ, зым уэздыгъэр пигъэнащ... Плъэмэ, – Къербэч и фыз ФатIимэрэ абы и шыпхъу Лалинэрэ!.. Гъуэбжэгъуэщым хуэдэу, Фарузэ и нэгум щIэлъэтащ нышхьэбэ зыIууа Баблыху. Арат, шэч лъэпкъ хэмылъыжу арат мыр зи IэщIагъэр... Ялъагъум къигъэуIэбжьауэ, къыщIыхьахэр зытэлайкIэ я пIэм ижыхьащ. Дунейр къызэрыIубэжыным пэплъэ хуэдэ, Фарузи умэзэхат... Гужьеигъуэр и нэм щIэкIыу Iэпкълъэпкъым зригуэша нэужь, абы къилъэгъуащ пIэм къыдыхэлъу и гугъэ Къербэч и джанэбгъэр ипхэжрэ лъакъуэр зэрымыхьэ вакъэм еныкъуэкъуу унэкум зэритыр... Губжьым къыхэплъ фызхэри, шкаф плIимэшхуитI хуэдэ, адкIэIуэ къыщытт. Къыщытт, Iэпэлъапэсыс хъуауэ зызыхуэпэж Къербэч зыхуэарэзыжу къеплъхэрэ ар нэхъри IумпIафIэ зэращIын Iэмалрэ щхьэусыгъуэрэ къызэрагъуэтам иригуфIэ къыпщыхъуу... Лалинэ нэхъри зызэхиуфэщ, Къербэч зыхуигъазэри, зыри зыпумыдзыжыфын укъызэпызыупщI макъкIэ жиIащ:

– Уэ, хэIущIыIу зыпщIыну ухуэмеймэ, моуэ тлъагъуурэ щIэкIыт, тIасэ, мы унэм!..

ИтIанэ узэпхилыгъукIыу Фарузэ хуеплъэкIщ, и нэхэр зэхуишэри, къыщIигъуащ:

– Дэ иджыпсту епсэлъэкIэкIэ депсэлъэнщ мы хьэбз куэпэчым!..

Къербэч зыри пидзыжакъым. Ар дэтт мафIитIым я зэхуакум. ТеIэпхъэ щIыгъуафIэ лъагъуныгъэмрэ къаруушхуэ зыбгъэдэлъ къалэнымрэ я зэпылъыпIэм тетт. ЗымкIэ – Фарузэ къыщыгугъэрт. АдреймкIэ – Лалинэрэ ФатIимэрэ къыщыдалъэрт. МобыкIэ бгъазэмэ, – лъагъуныгъэт. МыбыкIэ къэбгъэзэжмэ... А зы напIэзыпIэ закъуэм Къербэч и нэгум щызэблэлъэтащ и гъащIэм нэхъ лъапIэ дыдэу хэту къыщыхъужхэр: и IэнатIэ хъарзынэр, нэр зыхьэху я унэ зэтетышхуэр, и машинэ щIэрыпсыр, хэхъуэшхуэ зиIэ фызыр, куэд къыхуэзыщIауэ нэхъыбэжкIэ зыщыгугъ щыкъухэр... Партым къыхадзу, а псор зы махуэфIэкIуэду IэщIэкIынкIэ зэрыхъунур къыпкърыуэщ, Iэпкълъэпкъыр щIигъалIэщ, гур ихузщ, цIыхум гъэщIэгъуэнрэ телъыджэу къыхилъхьар хэзытхьэщIыкI тхьэмыщкIагъэр и тэмакъым къыфIэгъуалъхьэри, – тобэ! – и щхьэр щIэгуарэ Фарузи хуемыплъэкIыжыххэу, Къербэч бжэмкIэ игъэзащ... Щащыхур зришэкIарэ и фэр а щащыхум ещхь хъужауэ пIэкум ис Фарузэ абы кIэлъыплъырт. КIэлъыплъырт, дакъикъэ бжыгъэ япэкIэ къедэхэщIа цIыхухъушхуэмрэ мо тхьэмыщкIафэ щIэкIыжымрэ хузэмыгъэкIуу. Хузэмыгъэщхьу. Гу лъащIэм щигъафIэ нэхъ лъапIэ дыдэр къанэ щымыIэу къизылъэсыкI гущыкIыр и тэмакъым къыфIэзэрыхьарэ нэпсыр къигъэIэгъуэу... Къербэч щIэкIыжу, абыкIэ псори хигъэгъуэщэж хуэдэ, и губжьыр зытехуа бжэр ину къридзылIэжа нэужь, Фарузэ къахуэнащ нэкIэ къепыджу къыщхьэщыт фызитIым. Зэпэгъуанэ узыщI а нэхэр апхуэдизу губжькIэ гъэнщIат, апхуэдизкIэ шэчыгъуейхэти, зы дакъикъэри хьэзабкIэ гъэнщIа зэман гъунапкъэншэу къыпщагъэхъурт... Ауэ губжьым теша зэман шынагъуэм зишэщIымзишэщIурэ, цIыху зэраукIыф псалъэм къызэпиудащ: «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» АдэкIэ псори зы гущыкIыгъуэ ину зэхэзэрыхьыжщ, зы бэмпIэгъуэшхуэу къытезэрыгуэри, фызышхуитIым я удынхэм защимыхъумэрэ гъуэгыу Фарузэ пIэм зыхиIубащ...

Борэныр зыщхьэщыкIа гъуэгунапщIэ жыгыу, Фарузэ пIэкум ист. Борэныр абы ауэ сытми щхьэщыкIатэкъым. Борэным абы и гъащIэр къыхищIыкIат зыгъэпсэу щIыгум. Ар щыст, адэкIэ псэуну щIыхуейм и щхьэусыгъуэ гуэр къилъыхъуэу. Ауэ ар къыхуэгъуэтыртэкъым. Псори нэщIт. Псори джафэт. Псори фагъуэт... Абы и нэгум хущIэмыгъэкIыр зыт: Къербэч и щIэкIыжыкIар... Къербэч! Апхуэдиз илъэскIэ и гум налкъутналмэсу къыщрихьэкIар! Апхуэдиз пщIыхь зыхуилъэгъуар! Апхуэдиз лъагъуныгъэ зыхуиIар! Апхуэдиз насып хьэрэм щIищIар!.. А цIыхур ауэ сытми цIыху фагъуэ цIыкIуу къыщIэкIыжат. Лъагъуныгъэу и гугъар бжьыгъэ къудейуэ къыщIидзыжат. Налкъутналмэсу къыфIэщIар ятIэ шыкъыру къыIэщIэнат... И нэхэр плъызарэ жам хуэдэу здэщысым, Фарузэ и Iэпэ псыгъуэ кIыхьхэм къащыпыжырт фызышхуитIым кърафыщIыкIа и щхьэцхэр. Ахэр щымыIэж гуэрым и щхьэцхэм ещхьт... Фарузи щымыIэж пэлъытэт иджыпсту. Ар зэрыпсэум щыхьэт техъуэу къыхуэнар тIэкIу-тIэкIуурэ зыкъезыгъащIэ удын телъхэмрэ IэбжьанапIэ бжьыбжьхэмрэт... Иджыри тхьэкIумэм щывурт гъащIэр цIыкIу-цIыкIуурэ зэпызыупщI псалъэ-маисэр: «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» Фарузэ а псалъэм зыщихъумэн лъэкIыртэкъым. Абы пигъэувын къабзагъэрэ гугъапIэу и гъащIэм зыри къыхухэгъуэтэжтэкъым. Езым игу зыщымыкIыжу къэзыгъэнэн щхьэусыгъуэ щылъыхъуэкIи, гупсысэр зымыгъэкIуатэр арат: «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» «Къэхьпэ!..» Нэхэр быдэу иуфIыцIри, ар ириплъэжащ и гъащIэ гъуэгум... Фарузэ къыщыхъуащ а гъуэгур щыхупIэм нэсауэ...



ЕтIуанэ махуэм Фарузэ и дежурнэгъуэт, ауэ, зэи и мыхабзауэ, – хуабжьу къэгуват. Абы зэрихъуэкIын хуея хъыджэбзыр, зы сыхьэти сыхьэтитIи пэплъа нэужь, хуэмышэчыжу кIэлъыкIуащ... Зыбжанэрэ джа щхьэкIэ, къыщIэкIIатэкъым... КъыщыIукIыжым, хъыджэбзым гу лъитащ пэш ищхъэрэм фIэлъ уэздыгъэр зэрыблэм... «Ар дауэ... махуэ шэджагъуэм?..» Хъыджэбзым щтэIэщтаблэу бжэмкIэ игъэзащ. КъыIуихмэ, – «Ай!» – Фарузэ хьэдэу унэкум илът. Уигъэшынэу хужьу. ЩхъуантIафэ щIэлъадэу... Гугъу дыдэ ехьурэ зэрылIар къапщIэу, Iэпкълъэпкъыр шэщIат, гъуэлъыпIэм кърилъэфа щащыхур зэхэIуэнтIауэ Iэ сэмэгум къыIэщIэнат, мыдрейр стэкан нэщI ублэрэкIам телът... Хъыджэбзым къыгурыIуащ Фарузэ и ажалыр а стэканым къызэрикIар, ауэ итар зищIысыр зэуэ къыхуэщIакъым... ПлIанэпэм дэт стIолым наIуэ дыдэу тхылъымпIэ кIапэ телът. Абы итт дунейм текIыжыну мурад зыщIа цIыхум и гупсысэхэм ящыщ. Фарузэ яужь дыдэу иIа гурыгъу-гурыщIэхэр зэрыункIыфIыхьа псалъэхэр: «Къысхуэгъэгъу, Маринэ... Къысхуэгъэгъу, си пцIащхъуэ шыр цIыкIу... Арыншэу хъужынутэкъым... Арыншэу хъужынутэкъым...»

IУТIЫЖ Борис

# ТЫРГЪЭТАУЭ

*Прологрэ едзыгъуитхуу зэхэлъ трагедие*
*(ГъэкIэщIауэ)*

## ХЭТХЭР:

Д ж э г ъ э т е й — Синдей (Синдикэ) пщыгъуэм япщщ (50).
Т ы р г ъ э т а у э — Джэгъэтей и щхьэгъусэщ, зи лIыгъэрэ дахагъэкIэ цIэрыIуэ хъуа бзылъхугъэщ (40).
Д ж а т э г ъ а з э — Джэгъэтейрэ Тыргъэтауэрэ я къуэщ (19).
Ш у п а ш э — мэуэтхэм я лъэпкъпсо тхьэмадэщ (я гъуазэщ); Тыргъэтауэ и адэщ (гъэфIэгъыцIэу ДотэкIэ йоджэ) (80).
Г у щ I а с э — Бзэрэбзабэ ипхъущ, Джатэгъазэ фIыуэ илъагъу хъыджэбзщ (17).
Щ э т и р — Босфор пщыгъуэм япщщ (60).
А д и с э — Щэтир ипхъущ, Джэгъэтей и етIуанэ щхьэгъусэщ (30).
Ш а б з э з е х ь э — Джэгъэтей и шынэхъыщIэщ (адэкIэ зыуэ, анэкIэ зырызу; щIасэкъуэщ) (45).
Б з э р э б з а б э — ГущIасэ и адэщ, Джатэгъазэ и гъэсакIуэщ (45).
Щ э д ж а щ э — Джэгъэтей и блыгущIэт нэхъыжьщ (65).
Т х ь э д з э ш у — Джэгъэтей и блыгущIэтщ (60).
Б э р а у э — Джэгъэтей и блыгущIэтщ (60).
А л ы д ж д з э з е ш э (40).
М э у э т з а у э л I (30).
С и н д з а у э л I (25).
Д ж э г у г ъ у о (35).
Х о р ы р (фIыцIэкIэ хуэпауэ бзылъхугъэ зыбжанэ (20—30).

Щ э т и р и щхьэхъумэхэр, Т ы р г ъ э т а у э и щхьэхъумэхэр, кIэзехьэхэр, тхьэлъэIухэш лIыхэр, бзылъхугъэхэр, блыгущIэтхэр (зи цIэ къитIуахэм нэмыщIкIэ), зауэлIхэр.

(Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэр персонажхэм я ныбжьырщ.)

ЩекIуэкIыр: зэманкIэ — илъэс минитIрэ щитхукIэ узэIэбэкIыжмэ; щIыпIэкIэ — синдхэмрэ мэуэтхэмрэ щыпсэуа лъахэу Ахын (тенджыз ФIыцIэм) къыщыщIидзэ Адыгэ хэкужьым хыхьэ щIыналъэщ.



## ПРОЛОГ

«Жьыбгъэм и пшыналъэр» кIыфIым къыхощэIукI, къыхобыргъукI. А кIыфIым хуэм-хуэмурэ къыхощ къуршыжьым и щыгу уэсылъэхэр. Нэху мащIэр къехыурэ, жауэ зэхэт хорыр ныбжь фIыцIэхэу къолъагъуэ. Ныбжьхэр хуэм-хуэмурэ къызэщIохъаери, «Жьыбгъэм и пшыналъэр» зэреупIэхыу, я Iэхэр къуршым хуаший.

### Х о р ы м

Ей-ей!
Бгыжь лъапсэ уардэу Iуэдыщэ!
Дыщэ хэкури зыпэмыхъун!
Къыщыхъуахэр яхуэмыIуатэу,

ЯӀуэтэжхэр щыхэхъуэ лъахэ!
Къызэгуэхи уи тхыдэ иныр,
Хъыбар минхэр зэӀыпщӀыкӀыж!
ЗэплъэкӀыжи, лъэхъэнэ кӀуахэм
ЩызекӀуахэр къытхуэӀуэтэж!..

«Жыыгъэм и пшыналъэм» нэхъ зеӀэтыж. «Къуршым и макъ» хъуа хорым зыкъегъазэ.

УвыӀэ, жыыгъэ! Щыгъэт уи пшыналъэр!
Псалъэр Кавказ къуршыжьхэрщ!..
Ижь-ижыжым къэхъуа Іуэхугъуэщ,
Зэман пшагъуэм щӀихъума гъащӀэщ,
ЯмыщӀэжхэм хыхьа псэукӀэщ
Нобэ фи гум къэдгъэкӀыжынур...
ЛӀы ныбжь Іэджи блэкӀащ абы лъандэрэ,
Дунеижьым куэд дыдэ щыхъащ...
Илъэс минитӀым щӀигъукӀэ уӀэбэжмэ,
«Синдей»-кӀэ еджэу зы пщыгъуэ дахэ
Ахын и Іуфэм Іусу щытащ...
Жэнэт щӀыналъэти, псори щыбагъуэрт.
Жылагъуэ махуэти, сытри къадэхъурт.
Кхъухь псынщӀэхэм исрэ кӀапсэлъэрышэу
Хыр зэпаупщӀырти, сату къыщащӀырт.
Бийм ящымыщӀэми, я хэку Іумахуэр
Къалъху и лъхуж щӀэблэхэм псэкӀэ тхуахъумэрт...
Мис а ди лъабжьэ ижьрей лъэпкъхэу
Зи къупщхьэхэр дипкъхэм щытхъумэ,
Зи лъыр ди лъынтхуэхэм щызекӀуэ
«Синдхэм», «мэуэтхэм», «псыӀусхэм»...
Ахэм ящыщ лъэпкъ къудамэу
Зи фӀэщыгъэцӀэ кӀуэдахэм
Я псэ къытщӀэджэхэр тхыдэм
КъыхопсэлъыкӀри, къыджаӀэ
Мы псалъэхэр адыгэ псоми:
«Дыныфхуохъуахъуэ, дыныфхуохъуапсэ,
ЖылакӀэ махуэу фыкъыщӀэкӀынкӀэ.
Илъэс мин бжыгъэр зи тхыдэ лъэпкъым
Зэгуэр жэпкъ уардэу зыпӀэтыжынкӀэ!..»

Жауэ зэхэт ныбжьхэр хуэм-хуэмурэ кӀыфӀым къыхощ.

ФыщӀэдэӀут лъэхъэнэ жыжьэм
Къыхэнахэм я гъащӀэ ныбжьхэм,

Гъадэщ|ыдэм къытхурахауэ,
КъытхуаIуатэ мы хъыбар гуауэм...

Хорыр хуэм-хуэмурэ мэбзэхыжри, «Жьыбгъэм и пшыналъэр» щыужьыхым ирихьэлIэу Iупхъуэр зэIуокI.

**ТекIуэныгъэ**

## ЯПЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Мэуэтхэм я хэкурщ. Псыхъуэ бгъуфIэ. Аддэ жыжьэу — кхъэIуащхьэхэр, адкIэжкIэ — къуршхэр щолъагъу. Ш у п а ш э тэхъуанэм къыщIокIри, Iэдакъэжьауэ ищIауэ зеплъыхь.

Ш у п а ш э

Уоу, сыту хьэлъэ уи псэр пыткIурэ кIуэщIу
Зыгуэрым упэплъэныр. Гъуэбжэгъуэщу
Блэлъэт напIэIэтыгъуэм къиубыдри
Къыпщохъу абдежым зы лIы ныбжьу...

*(Джатэ кIэрыщIар и куэщIым къигъакIуэурэ, мэтIыс.)*



Мыри

Щхьэ лейуэ пкIэрыщIа, мэуэт тхьэмадэ?
БжьыфIагъэм и хьэтыркIэ уибг илъ джатэр —
Ар джатэ нэпцIщи, Iэщэ нэпцI зэрихьэу
Къэна мэуэтыр зыми ищIысыжкъым...

*(джатэр кърехри, IитIымкIи зэпиIыгъыу еплъурэ)*

Ей, джатэ, джатэ! Уэри си хьэдащхьэрщ
ХэщIапIэу бгъуэтыжынур... Плъагъукъэ Iуащхьэу
Мы псыхъуэм дэтыр зыхуэдизыр. Ахэр
Дунейм текIыжа Iэджэми я «лъахэщ».
Зэхуэдэкъым а Iуащхьэхэр. Мес, — лъагэ
Зыкъом къахоплъыр адрейхэм пагэу.
Нэхъ лъахъшэхэр зэхэтщ, хуеплъыхрэ щIыгум
КъыпфIэщIу ирибжьыгуэ зэрыцIыкIухэм...
Аращ: и гъащIэм елъытауэщ хэти
Хьэдрыхэ кIуэжмэ, пщIэ зэрыщигъуэтыр.
ЩIы щIагъым дипкъхэр зэщхьу щIэкIуэдэжми,
ЩIы щхьэфэм ди пщIэр Iуащхьэу къытонэжыр...
Куэд мыщIэу мис а къомым къахэхъуэнущ
Си кхъащхьэ сэри... Сыту фIыт къэпщIэну
Абы и лъагагъынур. Сигу зэгъауэ
СылIэнут, гъащIэр лъэпкъым хуэщхьэпауэ
КъэсщIамэ... Ауэ цIыхум и Iэужьыр

Зыхуэдэр къыщынаIуэр лIа нэужькIэщ...
Уоу, си лъэпкъ дыщэ, мы къытлъагъэс гъащIэр
Ди гугъэхэм я дежкIэ сыту мащIэ!
Мураду пхузиIахэм си Iуэхущlафэр
Еплъытмэ, — щIым зэрыпэжыжьэщ уафэр.
Мис, — батэ пхуэзгъэшыну сыздигугъэм,
ИщIащ абрэмывэ си пкъыр жыгъэм...

*(хэгупсысыхьауэ тIэкIурэ щыса нэужь)*

Лъэпкъ гъуазэ хъуну зы къуэ къысщIэнауэ
СылIэныр — уэредадэт сэркIэ, ауэ
Тхьэ инхэм къызатар сэ Тыргъэтауэщ.
Аращ зышари мэуэтыдзэр зауэм.
Аращ, сипхъу Тыргъэтауэщ...

*(Къотэджри, джатэр ирелъхьэж. Абы хэту шы лъэ макъ къоIу...*
*Ш у п а ш э  зэщIодэIукI, зеплъыхь.)*

Си нэр нэжмэ,
Солъагъу сэ зы шу цIыкIу...

*(гуфIэгъуэр иIэу)*

Аращ, ар дыдэрщ, —
КъокIуэжыр хъыбарыхьэ згъэкIуа щIалэр!..
Хъыбарым я нэхъыфIыр къытхуихьауэ
ЗекIуэтхьэ жиIэ!.. Мес, къопсыхыр... къокIуэ...

ГуфIэгъуэшхуэр и нэгум къищу, мэуэт зауэлIыр къохьэ.

М э у э т  з а у э л I ы м

ТекIуащ, Шупашэ, мэуэтыдзэр бийхэм!
ТекIуащ, текIуа!..

Ш у п а ш э

ТекIуахэр дэнэ щыIэ?

М э у э т  з а у э л I ы м

Мес ахэр, Дотэ: бгыхум къеуэкIауэ
КъокIуэж, я пашэу уи пхъур... Тыргъэтауэ!
Уоу, лIипщI я пэбжщ, Шупашэ, ар! МахуищкIэ
И гугъу сыгъэщIи, схуэухынкъым лIыгъэу

Абы сэ дэслъэгъуам тепсэлъыхьыныр...
Сынэсмэ, — зауэм и гуащӀэгъуэ дыдэт.
Алыджхэм я дзэр пхуэмыбжыным хуэдэт,
ПцӀыр сыткӀэ щхьэпэ, — хъыжьэхэуи зауэрт.
АрщхьэкӀэ, Ӏэмалшыкъэ-тӀэ мэуэтхэр:
Шуупэкъалэр бийм уащхъуэдэмыщхъуэу
Яхыхьэрти, хагъэщӀт. КъраӀуэнтӀэкӀырт,
Шынарэ къыщӀэпхъуэжхэу къыщагъэхъути,
Алыджхэр кърашажьэрт. АпщӀондэхукӀэ,
ШуукӀэкъалэр бийм я щӀыб къыдыхьэрт.
ЗаублэрэкӀыу япэщӀэувэхукӀэ,
ХагъэщӀырт Ӏэджэ. МыдэкӀэ хьэзыру
Къыщытт шуупэкъалэри, — яхэуэрт...
Арати, зыгъэзапӀэ ирамыту,
ЯщӀащ биидзэр лъэрыщӀыкӀ мэуэтхэм.
Къайлахэр, я дзэзешэр ящӀыгъужу,
Къаху ахэм гъэру. КъуентхъкӀи Ӏуэхур Ӏейкъым...
Уоу, Тыргъэтауэщ сэ схуэмыӀуэтэщӀыр!
Сыт щыӀэ фӀыщӀэу абы хуэмыфащэ!..
И шы къарапцӀэр пцӀащхъуэу щызелъатэу,
И джатэр псэзэпылъхьэпӀэхэм щигъабзэу,
Зэрыбзылъхугъэр лӀыгъэм пщигъэгъупщэу,
Щыплъагъут зэуапӀэм Тыргъэтауэ дэнкӀи...
Езыхэр, месыр, — къэсыжащ!..

Мэуэт зауэлӀыр зэуэ йокӀ.

Ш у п а ш э

*(гуфӀэгъуэшхуэр иӀэу)*

Уэрэдыр
Я пашэу къоблэгъэж лӀыхъужьхэр!..

*(и Ӏэхэр уафэм етауэ)*

Псатхьэ!..

ЛӀыбэ уэрэдыр гъунэгъу къохъу.

Мэуэт лӀыхъужьхэм я зекӀуэ уэрэд

*ӀуэдыщӀэ хэкужьым*
*ЛӀыхъужьхэр щызокӀуэ.*
*ӀуэдыщӀэ хэкужьым*
*ЛӀыхъужьхэр щызоплъэ.*
*Щауэ зэщӀэплъахэр*

*Шыхэм зэдошэсыр.*
*Щауэ зэщIэплъахэр*
*Зэуэ дошэсыкIыр.*
*Щауэ зэщIэплъахэр*
*Зэуэ дошэсыкIыр,*
*Жыжьэ къикIа бийхэм*
*Ахэр япожажьэ.*
*Жыжьэ къикIа бийхэм*
*Джатэр къыхурахыр.*
*Дзэхэр щызэхуэкIуэкIэ, —*
*Бийхэр вагъуэ пэбжщ.*
*Дзэхэр зэхэкIыжмэ, —*
*Бийхэр хьэдэшэжщ.*
*Мышынэж дзэзешэм*
*Дэ дыкърешэкI.*
*Дэ дыкъезышэкIри*
*Тыргъэтауэ дахэщ.*

Уэрэдыр имыух щIыкIэ, зауэлIхэр сатыритIу къохьэ, джатэхэр зэбладзри, жам хуэдэу мэувхэр. Ахэм яку къыдэкIыу Тыргъэтауэ къохьэ.



Т ы р г ъ э т а у э

*(джатэбгъуэ иIыгъыр еIэтри, макъ лъагэкIэ)*

ЗекIуэтхьэ и псэ! Псатхьэ и щIыхь!

ЗауэлIхэми зыжьэу ар дыдэр жаIэ. Ахэм захуегъазэри, Т ы р г ъ э т а у э Iэ ижьыр мащIэу къеIэт. ЗаублэрэкIри, зауэлIхэр йокIыж. Т ы р г ъ э т а у э, и адэм бгъэдохьэри, джатэ иIыгъыр и лъабжьэм щIелъхьэ.

Дотэ!
Алыдж дзэзешэм ейщ мыр...

*(IэплIэ зэхуащI.)*
Мис апхуэдэу —
Хэгъэгум къеIэ бийхэм я гущIыIур
Ди гъуэгурэ я дзэзешэхэр къыпхуэтхуу,
Иджыри куэдрэ утхуагъэпсэуну
Тхьэ инхэм дыпхуолъэIу!

Ш у п а ш э

*(Т ы р г ъ э т а у э едэхащIэурэ)*

Я нэхъ къиину
УзипщI сиIами, нобэрей гуфIэгъуэм
КъысфIэщIырт пикIуэтыну, Тыргъэтауэ!

Т ы р г ъ э т а у э

И хэкум щхьэкIэ зи псэр тыхь зыщIыну
Хьэзыр зауэлIхэрщ, Дотэ, ар зи фIыщIэр!

Т ы р г ъ э т а у э зауэлI тажыр зыщхьэрехри, и щхьэцыр къеутIыпщ.

Ш у п а ш э

Ар пэжщ, пэж дыдэщ, Тыргъэтауэ: зауэм
И хьэлъэр ахэращ зытещIэр, ауэ
Дзэзешэм фIыщIэу лъысын хуейр хэкIуадэу
Ядэнкъым а зауэлIхэми. Унафэ
МыхъумыщIэм я нэхъ дзэшхуэри укIыпIэм
Ирешэ ямыщIэххэу. Къизышыжыр
АкъылкIэ псори зэпилъытрэ джатэр
Iэтауэ дзапэм иувэжырщ... Дауи,
КъэпщIащ уэ сэ жыхуэсIэр?..

Т ы р г ъ э т а у э

КъэсщIащ... Ауэ
Ар щытхъу иныIуэщ сэркIэ, Дотэ.



Ш у п а ш э

Хьэуэ,
Сэ цIыхум хуэмыфащэ екIи фIыкIи
Си хабзэкъым хужысIэу... Махуэ бжыгъэ
Зи адэ лъагъунлъагъу хуэкIуа бзылъхугъэр,
Щалъхуа унэжьым, тIэкIуи захуигъафIэу,
ЩIэсыным и пIэ...

Т ы р г ъ э т а у э

*(Ш у п а ш э ж и I э р нримыгъэгъэсу)*

Ар жумыIэ, Дотэ.
Удыныр дэнэ деж къытемыхуами,
Iэпкълъэпкъ пщыкIутIым зэдашэчыр.
Апхуэдэщ лъэпкъри. Абы лей къылъысмэ,
Хъун хуейщ и цIыху дэтхэнэри щыжакIуэ.

Ш у п а ш э

Упсэу, си дыщэ! Адэм дежкIэ хуабжьу
Гухэхъуэщ быныр игу къипсэлъыкIыныр.
Адэжь щIыналъэм, лъэпкъым зи гу къуэпсхэр
ПыщIауэ щымыт цIыхур гущыкIыгъуэщ...

*(ЗэрыгъэкІий макъ къоІу. АбыкІэ маплъэри)*

Ар хэту пІэрэ... апхуэдизу?

Мэуэт зауэлІыр къохьэ.

М э у э т з а у э л І ы м

Дотэ,
Алыдж дзэзешэр къыпхуэзэну хуейщи,
ТхущІыхьэркъым гъэрэщым.

Ш у п а ш э
*(тІэкІурэ хэплъэу щыта нэужь)*

АтІэ, къашэ,
Апхуэдэу нэхъ къыщищтэкІэ...

(Мэуэт зауэлІыр йокІри, дзэзешэр щІыгъуу зэуэ къегъэзэж. Ш у п а ш э р э дзэзешэмрэ нэщхъыдзэу зэжьэхоплъэ.)



Къеблагъэ
БжесІамэ, дауи, фэрыщІагъэ хъунут.
Мэуэтхэм хьэщІэ ди мыжагъуэ щхьэкІэ,
КъэкІуэкІэрщ зэлъытар егъэблэгъэкІэр:
Ныбжьэгъум ныбжьэгъугъэкІэ дыпожьэ,
Ажалыр бийхэм яхудощІ пехьэжьэ!..
Аращи, сэ си гугъэкъым хабзэншэу
Мэуэтхэр дыкъыфхущІэкІауэ?..

Д з э з е ш э м

Пэжу,
Мэуэт насыпыр къыттекІуащ мы зэм дэ...

Ш у п а ш э

ТекІуар мэуэт насыпыракъым, — лІыгъэрщ!

Д з э з е ш э м

АбыкІэ си зауэлІхэри цІэрыІуэт.

Ш у п а ш э

Ар сощІэ. Дауи, тхьэхэм къратауэ
Нэхъ лей яхэлъкъым ди зауэлІхэм, ауэ,

Нэгъуэщ Iым теуэм нэхърэ, сытым дежи
Зи хэку зыхъумэж цIыхур нэхъ IэщакIуэщ.

Д з э з е ш э м

ТекIуар, вжызоIэ, — фи насыпырщ. Ауэ,
Насыпыр напIэзыпIэщи, и къуагъым
Къыкъуэлъыр умылъагъумэ, тынш дыдэу
Делагъэ уигъэщIэнкIэ хъунущ. Арщи,
ФыIэбэ пэтми фылъэмыIэсыжу...

Иджыри къэс Iуэхум къыхэмыIэбэу лъэныкъуэкIэ щыта Т ы р г ъ э т а у э, хуэмышэчыжу, дзэзешэм и псалъэр зэпеуд.

Т ы р г ъ э т а у э

Уэ куэд жыпIэну къызэрыплъымысри
Гъэрыпlэ узэрисри зэгъэщIэжи,
Нэхъ кIэщI згъэщI а уи чэнджэщхэм!..
Дэ нобэм дыкъэсакъым фи акъылкIэ.



Д з э з е ш э м

*(Ш у п а ш э жриIэу)*

Си псалъэ сIэпауду сэ сесакъым,

*(ауан хэлъу)*

Мэуэт бзылъхугъэ...

Ш у п а ш э

А мэуэт бзылъхугъэр
ПщIа хуэдэщ уэ зэхэзещхъуэн. Еплъыпэт, —
Зэгуэр умылъэгъуауэ пIэрэ?..

Дзэзешэр Т ы р г ъ э т а у э Iуоплъэри, зэуэ къоуIэбжь: тажыр зыщхьэритIэгъэжагъэххэщ, плIэидзэ зэIуипхъуэтам зэрызэщIэузэда Iэщэхэр къыдощ.

Д з э з е ш э м

Дауэ?!
Ар дауэ?!. Мыр!.. Бзылъхугъэ къыстекIуауи?!

Ш у п а ш э

Ар дыдэрщ гъэри узыщIар.

Д з э з е ш э м
*(и щхьэр фӀиудыжу)*

Уоу, тхьэхэ!..

Ш у п а ш э

Аращи, узыхуейр тегушхуи жыӀэ.

Д з э з е ш э м
*(губжьыр къыщхьэроуэжри)*

Фэ фщӀэуэ къыщӀэкӀынукъым Босфорыр
Зыхуэдэри лъэкӀынур зыхуэдизри!
Мэуэту мы дунейм фытетым нэхърэ
Нэхъыбэ диӀэщ дэ зауэлӀу! Скифхэр —
Куэд щӀауэ ӀупэфӀэгъущ. Даурхэращи,
Дахуей зэрыхъуу, къесылӀэн хьэзырхэщ!
НэхъыфӀу ятеткъуэзэу щытмэ, къуэшу
Къэфлъытэ езы синдхэри къежьэнущ!..
АтӀэ, апхуэдиз дзэ зэщӀагъэуӀуэу
Къыфтеуэу щытмэ, фызэрыхагуэнур
ХьэкъыпӀэу зыпхывгъэкӀи, мы вжесӀэнур
ВгъэзащӀэ, Ӏуэхур нэхъри куу фымыщӀу:
Гъэр хъуа си зауэлӀ къомми сэри дишрэ
Ди Ӏэщэу къыттефхахэр къыдэфтыжи,
ФӀырыфӀкӀэ, икӀэщӀыпӀэкӀэ мы хэкум
ДивгъэкӀ... армыхъумэ!..



Т ы р г ъ э т а у э
*(зэуэ къолыбри)*

Куэдщ! ЖыпӀам дытекӀмэ,
Къэхъунур зэхэтхакӀэщ. Апхуэдизу
Тебгъалэу къытхуэпӀуатэхэм дымыщӀи
БзыщӀаи хэлъкъым. Псори дыщыгъуазэщ
Босфорым иджыпсту фи Ӏуэху зытетым.
Къарууэ фкъуэлъыр зыхуэдизри дощӀэ, —
АлейкӀэ ухэмыт дыбгъэшынэну...
Даурхэр, скифхэр ӀупэфӀэгъуу диӀэщ,
ЖыбоӀэ уэ, абыкӀи дыбгъэщтэну.

АрщхьэкIэ IупэфIэгъур ныбжьэгъу нэпцIщи,
Дамэгъу зыхуэхъур и фейдэ зыпылъырщ.
А лъэпкъхэракъым фэ фи IупэфIэгъухэр, —
Фи дыщэм тепщэ къищэхуахэрщ... Ахъумэ,
Джэдумрэ хьэмрэ я зэхущытыкIэм
Нэхъ ещхьщ фи лъэпкъхэм я «зэныбжьэгъукIэр».
Адрейуэ. Синдхэр. Iэпэ зэрахуэфщIу,
Къэжэн къыффIэщIхэм ахэр яхыумыбжэ!..
Мис мыри уигу игъэлъ: сэ ахэм я пщыр...
Си хамэкъым. Си псэгъущ. Срищхьэгъусэщ.

Д з э з е ш э м

*(гъэщIэгъуэн дыдэ щыхъуауэ)*

Уэ... синдхэм япщми?!

Т ы р г ъ э т а у э

Мис ар дыдэм, — я пщым!



Д з э з е ш э м

*(щIэгурымыхьыжу)*

Уоу, ар Щэтир ищIамэ!..

Т ы р г ъ э т а у э

ЕдгъэщIэнкъэ!
Щыгъуазэ хъунущ нобэ фи пщыр... псо-о-о-ми...
И дзэшхуэ къигъэкIуар дэ хьэбэсабэ
Зы махуэм зэрытщIари. И дзэзешэ
НэхъыфIхэм ящыщ зыри гъэру къатщтэу —
ЕтIуанэ махуэм... зэрыдукIыжари!

Д з э з е ш э м

*(зэхихар и фIэщ хуэмыщIу)*

Сэ... дауэ?.. сывукIынуи?!.

Т ы р г ъ э т а у э

УдукIынущ.

Ш у п а ш э

*(ардыдэм зэрыпэмыплъар наIуэу)*

Апхуэдэу думыгъэщI... Ар хъункъым...

Т ы р г ъ э т а у э

Дотэ,
Бзылъхугъэм къекIукъым ерыщагъэр, — сэри
Скъутауэ сщIэжкъым зэи уи унафэ.
АтIэми, ар къуаншагъэщ — нэгъуэщI хэкум
Теуэныр, убыдыныр, гъэпщылIыныр
IэщIагъэ зыхуэхъуам гущIэгъу хуэпщIыныр.
Мыр нобэ утIыпщыжи, и гужьгъэжьыр
Бэгъуауэ къыфтеуэнущ фэ аргуэру.

Ш у п а ш э

*(йотIысэхыжри)*

АтIэ, — узэрыхуейщ... Сэ, плъагъукъэ, гъащIэм
ХэщIыхукIэ, сохъуэр куэдкIэ нэхъ гумащIэ.
Уэращ иджы...



Д з э з е ш э м

ФыщIегъуэжынщ!..

Т ы р г ъ э т а у э

Деплъынкъэ!

*(мэуэт зауэлIым зыхуегъазэри)*

Дзэзешэм и щхьэр пывоупщI!.. Адрейхэр
ГъэрыпIэм къонэ. Ауэ языхэзыр
Босфорым я пщым хувоутIыпщыжыр,
Хуехьыжри мыбы и щхьэр. ЖрыреIэ:
Ди хэку яубыдыну къакIуэ псоми
Аращ я кIуэжыкIэнур!.. А унафэр
ЗыщIам Щэтир къыщIэупщIэнкIэ хъумэ,
Нэхъ IупщIу жрыреIэ: Тыргъэтауэ!

Дзэзешэр мэуэт зэуэлIым ирешэ. ЗытIэкIурэ хэплъэу щыса нэужь, Ш у п а ш э къызэфIоувэри, нэжэгужэ къэхъужауэ, и пхъум бгъэдохьэ.

Ш у п а ш э

АтIэ-э-э, хъарзынэу гъубжэдэх тхьэлъэIум
НэгъуэщI гуфIэгъуи къытехъуащ. Апхуэдэу
ЩыщыткIэ, зэхэтшэнщ ди санэхуафэр!
Жэщибл-махуиблкIэ ирекIуэкI! Тхьэ инхэм
Ди цIыхухэр хурехъуахъуэ! Ягу пэщыхукIэ
Иретхъэ, иреджэгухэ!.. Фэ, зауэлIхэм
ЯжефIи, моуэ псори къызэхуэсу
Пшынэбзэ макъхэм факъыщIэушэхукIэ,
Къыхэщт фимыIэу зывгъэпсэху.

Т ы р г ъ э т а у э

Хъунщ, Дотэ.
Тхьэлъэlур — ар хъарзынэщ, ауэ...

*(тIэкIу щIэукIытыхьыжауэ)*

Уи пхъур
Зэгуэр лIы зэрептар пщыгъупщэжауэ
Къысщохъури, уигу къызогъэкIыж... ГушыIэ
Хэмылъу бжесIэпэнщи, Джэгъэтеи
Си щIалэми сахуэзэшащ сэ. Ахэр
Езыхэри апхуэдэщ... Адрейуэ.
Уэ уощIэ синдхэм гъубжэдэх тхьэлъэIур
Дэр нэхърэ нэхъ иныжу зэраIэтри,
Унагъуэр щIыгъуу пщыр а дауэдапщэм
Iэмал имыIэу хэтын зэрыхуейри.

Ш у п а ш э

Ар сощIэ, си хъыдэз, фIы дыдэу сощIэ.
АрщхьэкIэ плъагъукъэ: сэ... нобэ-ныжэбэщ.

Т ы р г ъ э т а у э

Ар пэжкъым, Дотэ, — уэ иджыри щIыгум
Лъэ быдэкIэ утетщ...

Ш у п а ш э

Е-е-ей, Тыргъэтауэ.
Ажалыр дэсщ гуфIакIэм, зиудыгъуауэ.



6 Заказ №2209

Зым ищIэркъым абы зыкъызэкъуихыу
Хьэрш кIыфIым ди псэр щихьыжынур, тхихыу.
Мо дыгъэ нурыр махуэ псом къепсыну?
Е пшагъуэ къытрихуэу тщигъэпщкIуну?
Ар тхьэхэрщ зыщIэр. Шэч зыхэмылъыжыр
Пщыхьэщхьэ дыгъэр зэрыкъухьэжынурщ...
ЦIыху гъащIэри апхуэдэщ: зи куцI илъым
ХищIыкIыр мащIэщ гъащIэ къыпэщылъым.
Пщэдей хуэзэнкIи мэхъу ар и ухыгъэм,
ТепсэнкIи мэхъур куэдрэ насып дыгъэр.
АрщхьэкIэ ди пкъым жыгъэр къитIысхьамэ,
Шэч лъэпкъ къытедмыхьэжу, мис итIанэ
Дыпоплъэ ди уахътыр къэзыхь ажалым.
ДощIэжыр зэримыIэр зы Iэмали,
Дыпабгъэу щытми адкIи дыпсэуну,
Дыхэткъым дэ абы зыфIэдгъэпщкIуну...
Укъалъхуу улIэжыным яку дэлъ гъащIэр
Абдежырщ щызыхэтщIэр зэрымащIэр...

Т ы р г ъ э т а у э

Сыт, Дотэ, апхуэдизу мы лIэныгъэм
Акъылыр теухуауэ ущIиIыгъыр?
Гупсысэм псэхэр хуогъэкъабзэ, ауэ
Гупсысэ жагъуэм узыхуишэр — гуауэщ.

Ш у п а ш э

Сэ щыIэу сщIэркъым зыри, Тыргъэтауэ,
Псэр хьэхуу къыуату укъалъхун нэхъ гуауэ...
Толындэ цIыхур дуней гъунапкъэншэм,
Толындэри, къыщохъу и гъащIэр кIэншэу.
КъыфIощIыр псори езым щхьэкIэ щыIэу,
ЩIалэгъуэми насыпми кIэ ямыIэу.
Щилъагъум дежи нэгъуэщI гуэрхэр лIэуэ,
Ар зыми и щхьэм хуихьыжыфкъым зэуэ.
Езым ажалыр къыблэIэбыкIыным
Дэтхэнэри щыгугъыу къыщIэкIынущ.
Армырмэ сыт лIэужьхэм зэIэпахрэ
Адэжь щIэину къэнэж гугъэ щIащIыр?..
ПщIыхьэпIэщ псори. Псори шейтIан мафIэщ.
КIэлъыжэурэ а мафIэм, цIыху тхьэмыщкIэр
КъикIыж имыIэу ахърэт мащэм йохуэ...
Зы закъуэщ цIыхум къыхуэнэжыр гъащIэм

Уахътыншэу и цIэр къыхинэным папщIэ:
И хэкум, лъэпкъым шапэIудз захуищIрэ
Я щIыхьыр игъэбагъуэу къекIуэкIыныр,
И напэр и псэм япэ иригъэщу
Дунейм тетыныр.

Т ы р г ъ э т а у э

Уэ абыкIэ зыми
Губгъэн къыпхуищIыфынкъым: зэрысщIэжрэ
Упсэущ, уатеубгъуауэ лъэпкъым.

Ш у п а ш э

Ари
Зэгуэр зэхигъэкIынщ зэманым... ауэ
Сэ сиIэщ зы гукъеуэ, Тыргъэтауэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Сыт хуэдэ?



Ш у п а ш э

Хэкур хузехьэну зы къуэ
КъысщIэнкъым, бетэмал.

Т ы р г ъ э т а у э

Уэ тхьэхэм къыуамытамкIэ
Къуаншагъэ убгъэдэлъкъым.

Ш у п а ш э

Къуищ и уасэу
Сэ тхьэхэм тыгъэ къысхуащIащ зыпхъу закъуэ.
А си пхъур арэзымэ... мы си тажыр
Абы къылъагъэсынут...

Ш у п а ш э лъэпкъ тхьэмадэ тажыр зыщхьэрехри, IитIымкIи Т ы р г ъ э т а у э хуеший. Т ы р г ъ э т а у э лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ лъэгуажьэмыщхьэ зрегъэауэри, тажым хуоIэбэ, ауэ къищтэркъым.

Т ы р г ъ э т а у э

Сэ ди лъэпкъым
Мы си гур зэретамкIэ тхьэ пхуэсIуэныр
Къысщохъур лейуэ. Си къару къихьынур
Дапщэщи фхуэзлэжьынщ. АтIэми, тажыр

НэхъыфIщ лъывгъэси нэгъуэщI гуэрым...

*(къотэджыжри)*

Дауи,

Мэуэтхэм къахэкIынщ ар зыхуэфащэ
ХэкулI зыгуэр... Сэ — сыт: мы фащэр щысхыу
Щхьэгъусэ, анэ сыхъужыну тхьэхэм
Къалэн къысщащIыр...

Ш у п а ш э, тажыр зыщхьэретIэгъэжри, и пхъум зэригъэщIэхъуамкIэ мыарэзыуэ, лъэныкъуэкIэ IуокIуэт.

Адрейуэ. Синдхэм
Апхуэдэ хущытыкIэ яхувиIэ
Хъужынукъым, си адэ.

Ш у п а ш э

*(зэуэ къызэхоуэри, нэщхъыдзэу)*

Синдхэм я пщыр
Си малъхъэу щытми, дарэгъу сыхуэхъункIэ
ГугъапIэ уэстыфынукъым! Алыджхэм
Я дыщэ лъэхъум иувауэ зыри
КъикIыжыфакъым. Мис абы си малъхъэр
Куэд щIащ-тIэ зэриувэрэ... Аращи,
БжызоIэ, сипхъу, щIэхъумэ лъэпкъ хэмылъу,
АбыкIэ мэуэт дэтхэнэми игу илъыр...
Алыджхэм ди щIыр яубыд. Ди цIыхур
Гъэр ящIыр. Мы дунейр къызэригъэщIрэ
Ди хабзэ къыддекIуэкIыр зэхакъутэ.
Апхуэдэр бийщи, дэ ди бийщ алыджхэр!..
А бийм я уэлэуащэ ди лъэпкъэгъухэм
ЯфIэпщ хъун цIэр нэхъыфIщ жызумыгъэIи!..

Т ы р г ъ э т а у э

Апхуэдэ дыдэу Iуэхур щыткъым, Дотэ.
Пэжщ, синдхэм пщы хахауэ яIэ щхьэкIэ,
Босфорым я унафэри щызокIуэ...

Ш у п а ш э

*(Т ы р г ъ э т а у э и псалъэр зэпеудри)*

ЩызекIуэм къыщынэжыркъым, — я лъабжьэм
ЩIагъэтщ гъэшахэу!..

Т ы р г ъ э т а у э

Дауи жыIэ, — пщыгъуэ
ЗэраIэм къыдехыж я Iуэхур... СощIэ
Мы бжесIэр уигу зэрыримыхьыр, Дотэ.
Десащ мэуэтхэр щхьэж игу къыпылъадэм
Ди Iуэхухэр тещIыхьарэ зы унафэ
ДыщIэту дыпсэуным зыпыIуддзу.
И напэм хутегъахуэмэ, хуитщ хэти
Хэкупсо шушэсым хэмыхьэну. Дауи,
Ар бзаджэу къыщIэкIынукъым — апхуэдэу
ЩхьэхуэфIу упсэуныр. Ауэ щыфIыр
НэгъуэщI къыбжьэхэмыуэу ущытыхукIэщ...

Ш у п а ш э

*(нэщхъыдзэу)*



Дэ зэи синдхэм делъэIуауэ сщIэжкъым,
Ди хэкур бийхэм тхуащыфхъумэ, жытIэу.

Т ы р г ъ э т а у э

Ар сощIэ. Ауэ тхьэхужыIэу жыIэт:
Уэ гъуазэ уахуэхъуа нэужькъэ бийхэм
Мэуэтхэр я гущIыIу щыхъуар? Уэракъэ
Ди пщащэхэр нэгъунэ IэщэхуэфIу
Гъэсэныр хабзэ тхуэзыщIар? Уэракъэ
Биидзэм и тIасхъапIэр къызэращIэм
Зипхъу закъуэр сыщIэзыпIыкIар?.. Зы цIыхуми
Куэд дыдэ елъытащ лъэпкъ псом и Iуэхур
ФIы хъунуми, Iей хъунуми. АбыкIэ
ЩапхъэфI уэ бгъэлъэгъуащ, ди адэ. Ауэ
Иджы плъэкIыжкъым. Дауэ зэрыхъунур
Мэуэтхэр дяпэкIэ, — дегъэгупсысыт...

Ш у п а ш э

Аращ сэ сызэгупсысхэр. Си щхьэм
ИмыкIыу итыр а зы закъуэрщ. Ауэ...

*(жамыIэIауэ тIэкIурэ щыта нэужь)*

Т ы р г ъ э т а у э

Алыдж дзэзешэм нетIэ къыджиIахэм хэлъыщ пэж:
Босфорым хуабжьу къаруушхуэ
Бгъэдэлъщ, си адэ. Ар къэзышэр, дауи,
Унафэ быдэм щIэту зэрыпсэухэрщ...
Гурыщхъуэрэ нэрыщхъуэкIэ дыпсалъэм,
ГужьгъэжькIэ дызэхъуажэурэ, дэ нэхъри
ЗыдощIыр къаруушэ. АпщIондэхукIэ
КъокIуатэ модрейхэр, ди щIы гъунэр
ГуашхыкIым-гуалъэсыкIыурэ... Аращи,
А «псыдзэм» дихьыпэну дыхуэмеймэ,
ХэкIыпIэр зыщ: пэхъун къару диIэныр.

Ш у п а ш э

Ар дэнэ... а къарур?..

Т ы р г ъ э т а у э

Ди лъэпкъэгъу псори
Дамэгъу зэхуэтщIыфамэ, мис итIанэ...

Ш у п а ш э

*(Т ы р г ъ э т а у э и псалъэр зэпеудри)*

ИтIанэ дэри, синдхэм ещхьу, ди бгыр
Гъэшарэ алыджщIэплъу дыкъэнэнут, —
Аракъэ абы къикIыр?

Т ы р г ъ э т а у э

Хьэуэ, Дотэ.
ИтIанэ дэ диIэнут бийм и джатэ
Дэтхэнэри Iуигуэну къаруушхуэ.

Ш у п а ш э

*(хэгупсысыхьауэ тIэкIурэ щыта нэужь)*

Ар псоми зэуэ къыбдащтэну пщIэрэ?

Т ы р г ъ э т а у э

Акъылыр зэмэщIэкIыу ерыщагъыр
ЗэбэкIхэр емыкIу пылъкъым хэбгъэзыхькIи.

Ш у п а ш э

ЕгъэзкIэ къежьэ Iуэхур жыжьэ нэскъым.

Т ы р г ъ э т а у э

ЛIэужьхэм я нэлатым фыхуэмеймэ,
Ар нобэ фщIэну фи къалэнщ нэхъыжьхэм...
Армырмэ, хэкуи хуеижыну щIэблэ
Сошынэ сэ димыIэжынкIэ.

Ш у п а ш э

ЖыIэт,
КъызжеIэт пэжыр, Тыргъэтауэ: адэр
Слъэгъуарэт, жыпIэу укъэкIуа уэ... хьэмэ
Си малъхъэм урилIыкIуэ?

Т ы р г ъ э т а у э

ЕзмыхьэкIыу
БжесIэнщ, си адэ: уэ уи напэлъагъур
Си дежкIэ лъапIэщ. Ауэ мы гъуэгуанэм
Аратэкъым нэхъыщхьэр: си мурадыр
ПхуэсIуатэу, арэзы узэрысщIыным
Iэмал къыхуэзгъуэтынырт... Дауи, адэм
Зыгуэрхэр щыбущэхуу уепсэлъэныр
ЕмыкIущ, — ар сощIэ. СощIэ тхьэпэлъытэу
Пхъум дежкIэ адэр зэрыщытыр. Ауэ
Уэ синдхэм уи гур япыIукIуэтащи,
Ухуейкъым ахэм къабгъэдэкIыу псалъэ
ТхьэкIумэм къыцырхъэнуи. И щхьэ тесчу
Аращ щIыбжезмыIэфыр си мурадыр,
Армыхъумэ лъагъунлъагъу сыкъыпхуэкIуауэ
Аракъым зэкIэ. Мы носхьэлIэ щэхури
Уи малъхъэракъым зи гукъэкIыр, — уи пхъурщ.
Апхуэдэ гуращэфIхэр хэкум хуэсщIу
Уэращ сезыгъэсари, сынолъэIур
Иджы къыздэпIыгъыну си мурадыр.

Ш у п а ш э

БдэсIыгъыу сощIри, — Джэгъэтей хэмыту
А Iуэхур зэфIэкIынкъым.

Тыргъэтауэ

Уэ жыпIэнур
КъэсщIамэ, Джэгъэтей есIуэтэлIэну
Арат си гугъэр, Дотэ.

Шупашэ

СлIожь, апхуэдэу
Щхьэгъусэр занщIэу арэзы техъуэнкIэ
ГугъапIэ уиIэ?

Тыргъэтауэ

СиIэщ.

Шупашэ

Уемыжажьэ.
Гухэлъыр техьэ-текIщи, ди хэку Iуэхухэр
Абы тепщIыхьмэ, дыжэкъуэнкIэ хъунущ.



Тыргъэтауэ

Ар сощIэ, Дотэ. Пэжщ, абы сэр щхьэкIэ
Къысщохъур бгыри хуэкъутэну. Ауэ
Гухэлъым и къарум сыщыгугъыщэу,
Сэ хэкур згъэжэкъуэну си мурадкъым.

Шупашэ

АтIэ, дапхуэдэу?..

Тыргъэтауэ

Джэгъэтей а Iуэхум
НэгъуэщIщ, си адэ, тезыгъэгушхуэнур.
И хьэлкIэ алыджщIэплъми, алыдж лъабжьэм
Нэхъ щIэхуэурэ зэрыкIуэр Джэгъэтей
ФIэфIыщэ уи мыгугъэ. ЛъэкIыххамэ,
Ар хуейтэкъым Босфорым и унафэ.
АрщхьэкIэ лъэкIкъым. ЩIылъэмыкIыр уэри
ФIы дыдэу уощIэ: къаруушэщ синдхэр

Босфорым пэлъэщынкӀэ. ЗэуӀу дыхъурэ
Зэкъуэту дапэщӀэувамэ, ахэм
Дэ, шэч хэмылъу, датекӀуэнут. Пщыми
ИтӀанэ пщыфэ къытеуэнут. СощӀэ
Абы зэрыщӀэхъуэпсыр Джэгъэтей,
И щэхур жимыӀэфми. Сыщогугъыр,
Дамэгъу фыкъытхуэхъуну къищӀэу щытмэ,
ТехъуэнкӀэ арэзы. Аращи, — жыӀэ...

Ш у п а ш э

Мэуэтхэр мылым дытепшауэ, модкӀэ
Алыджхэм Джэгъэтей къагъэдэӀуэжмэ,
ИтӀанэ хэт дгъэкъуэншэжынур?

Т ы р г ъ э т а у э

Апхуэдэ къэхъун хуейкъым. Псэр шэсыпӀэ
Ислъхьэну сыхьэзырщ абыкӀэ!..



Ш у п а ш э

*(хэгупсысыхьарэ жыжьаплъэу тӀэкӀурэ щыса нэужь)*

Хуабжьу
Шэчыбэ къыщхьэщытщ мы жыпӀэм... Ауэ,
КъысфӀощӀ а уи мурадым акъыл хэлъуи,
Сыбдохъур акъылэгъу.

*(Т ы р г ъ э т а у э зэуэ нэфӀэгуфӀэ къохъу.)*

СлъэкӀынуращи,
Дунейм щысхьыну къысхуэна зэманыр
Абы тезгъэкӀуэдэнщ. Уэ унэсыжмэ,
ЗэгъащӀи Джэгъэтей и гугъэр, занщӀэу
Хъыбар къыслъэгъэӀэс. Мы зэжетӀари
Къренэ зэкӀэ ди зэхуэдэ щэхуу.

Т ы р г ъ э т а у э

*(нэжэгужэу)*

НтӀэ, а гугъэфӀ тщӀахэм Джэгъэтей
Щыгъуазэ сщӀыну сежьэжыным япэ,

МахуитІ-махуищкІэ хъыбарыжь жозгъэІэу
Сыхуейщ сыббгъэдэсыну, Дотэ.

Ш у п а ш э
*(къотэджри)*

НакІуэ.

Іупхъуэ

**Лъагъуныгъэмрэ пщыгъуэмрэ**

ЕТІУАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Синдхэм я хэкурщ. Д ж э г ъ э т е и п щ ы м и быдапІэр хы Іуфэм Іутщ... Удз гъэгъа Іэрамэм ба хуищІрэ зигъэкІэрахъуэу ГущІасэ къохьэ.

Г у щ І а с э

Шынэ-шынэ,
Шынэ Іэпэху,
Фэхур зи кІыпІэ,
ХъупІэр зыгъэфІ,
ЗызыгъэфІэжу
Удзхэм яхэт,
Хэт къыпхуэзами,
Уэ къыдохьэх.

Д ж а т э г ъ а з э удз гъэгъа Іэрамэ Г у щ І а с э къыхуишийурэ къохьэ.

Д ж а т э г ъ а з э

Мэ, мыри хэлъхьэ уи Іэрамэм. Зи
Зэреджэр къысхуэщІэжыркъым.

Г у щ І а с э
*(удз Іэрамэр къыІехри)*

Мыбыи?

*(уэрэд жиІэ щІыкІэу)*

Мыр — нысащІэу щІэращІэ,
МащІэ дыдэр зи гъащІэ,
Дахэ дыдэр зи теплъэ,

Губгъуэм уардэу щызеплъэ
Удзхэм я тхьэу дахэкIейрщ,
И цIэ дыдэр — Сэтэнейщ!

Удз IэрамитIыр зэхелъхьэри, ба яхуещI.

Д ж а т э г ъ а з э

Мэ дахэ къакIэрехыр, — пэжкъэ?

Г у щ I а с э
*(зыкъыпищIыж щIыкIэу)*

Пэжкъэщ.
АрщхьэкIэ пIалъэр — япкъхэр гъуэлэжыхукIэщ.

Д ж а т э г ъ а з э

КъэкI псори мэгъуэлэж зэгуэр.

Г у щ I а с э

Нэхъ пасэу
Мы цIыкIухэр зыгъэгъуалэр хэт?

Д ж а т э г ъ а з э

ГущIасэщ.
Еплъыжыт къипча къомым уэ гъэгъауэ.
ЗытIущкъэ къыхэсчар сэ, — жыIэт?

Г у щ I а с э

Дауэ?
Уэракъэ къэзыхьар, къизыфыщIыкIыу,
Мис мыри, мыри, мыри, мы?!.

Д ж а т э г ъ а з э

Сэракъым!..
ЕупщI, ухуеймэ, езы удзхэм...

Г у щ I а с э

*(удз Iэрамэхэм еупщIу)*

Удзхэ!
КъызжефIэт: фыкъыхичу щIыгулъ щабэм,
Фэ хэт фыхэзыхьар мы дуней сабэм?..

*(и тхьэкIумэм удз Iэрамэр ирехьэлIэ, къыIуехыжри)*

Уэрауэ жаIэ, Джатэгъазэ, къуаншэр.

Д ж а т э г ъ а з э

АтIэ, сэ сегъэупщIыт мыдэ!..

Г у щ I а с э

Къажэ!..

ГушыIэурэ къызэрохуэкI. Д ж а т э г ъ а з э Г у щ I а с э р къеубыд... ГушыIэр зэуэ я нэгухэм йокIри, зэщIэхъуэпс нэхэр зэтодие. Д ж а т э г ъ а з э темыгушхуащэу, ауэ лъэмыкIыу фIыуэ илъагъум хуоIэбэ.



Г у щ I а с э

*(мащIэу Д ж а т э г ъ а з э пыIуокIуэтри, Iэнкун хъуауэ)*

Сэ... сы... кIуэжын хуейщ...

Д ж а т э г ъ а з э

*(Г у щ I а с э и дамэм тоIэбэри)*

Догуэ...
УмыпIащIэ... Сэ нобэ хуэдэу мы дунейр щIэращIэу
Слъэгъуауэ къысхуэщIэжыркъым, ГущIасэ...
Зыплъыхьыт, даIуэт: псоми гур йохъуапсэ!
Дэплъеи, — уэгур шэджэнащхъуэу къабзэщ!
Къеплъыхи, — щIыгур пшынэу мэбзэрабзэ!..

Г у щ I а с э

Ар сэри зыхызощIэ, Джатэгъазэ.
ЗыхэсщIэ щхьэкIэ, — сызыщымыгъуазэщ:

ЗищIысыр сыт ар: псори зыхъуэжыфу
Дуней щIэщыгъуэ къытхуэзыгъэщIыфыр?

Джатэгъазэ

Алыджхэм я тхылъ гуэрым итщ мыпхуэдэу:
«Йожэх зы псышхуэ, дыщэ псыхъуэм дэту.
Абы хэмыхуэу хэсщ дыщэ аргъейхэр,
И Iуфэ мэзхэм хэзщ бжьо дахэкIейхэр.
А псыр къыщежьэм нэскъым цIыху акъылыр.
ЗыхуэкIуэми уеплъыфкъым, нэр щоджылри.
ЕIэт абы уи гугъэхэр лъагащэу!
Дунейм тет псори къыпщегъэхъу дахащэу!
Толъкъунхэм щызэрехьэ уи гупсысэр!
КъыпщещI нахуапIэ къиIущэщ и псысэр!..
Уэрэдхэм я нэхъыфIыр зыхуаусыр
Зы цIыхум къыхуэщIакъыми зищIысыр,
Зым жеIэ ар тхьэ инхэм къабгъэдэкIыу,
Адрейм щеIуэж шейтIанхэм я гукъэкIыу.
АтIэми, а телъыджэр ятепсыхэу
Тхьэ дыдэхэри къохъур щигъэдзыхэ...
ЯмыщIэ пэтми цIыхухэм ар зи тыгъэр,
ФIащащ цIэ дахэ дыдэ: «ЛЪАГЪУНЫГЪЭ!»



ГущIасэ

Сэ сщIакъым сабиигъуэм нэхъ щIэращIэ
ХэтынкIэ хъуну тхьэхэм къыдат гъащIэм.
БлэкIа махуэфIхэм псэкIэ сахуэзэшу
Сыпсэут, фIы лъэпкъи си гур пэмыплъэжу.
АрщхьэкIэ, къыздикIари къысхуэмыщIэу,
Мы си пкъым къыхыхьащ зы къаруущIэ!
ПщIыхьэпIэ слъагъухэр хъуащ хьэлэмэтыщэ!
НахуапIэ щыIэжыххэуи сымыщIэ!
Гур мапхъэ, пцIащхъуэ абгъуэм къилъэтауэ!
Дунейр зэщIоблэ налкъут икъухьауэ!..
А псом яку итыр — уэращ, Джатэгъазэ...

Джатэгъазэ

Ар... пэжу щытмэ!..

Г у щ I а с э

Пэжщ ар, пэжщ!..

Д ж а т э г ъ а з э

ГущIасэ!..

Г у щ I а с э

Ар тIуми ди зэхуэдэу къытхуепс дыгъэщ!
А уэ жыхуэпIа дыдэрщ: ЛЪАГЪУНЫГЪЭ!..

Д ж а т э г ъ а з э

ЛъэкIынкъым зыми абы лъэIэсыну, —
Къухьэж имыIэу къримыгъэпсыну!..
Ей, уафэ! ЩIылъэ! Фэри фыщыхьэту,
ЗыхуэсIуэ езы пщащэр къызбгъэдэту,
Тхьэ соIуэ, сыхуэпэжу си ГущIасэ,
Схъумэну сыпсэухукIэ а ди ЩIАСЭР!
Сы-псэ-уху-кIэ-э-э!..



Г у щ I а с э

Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ!
Пхузощыр сэри быдэу мы тхьэлъанэр:
Мы гъащIэ хышхуэм дэнэ симыдзами,
Псэлъыхъу екIу дапщэм гу къысхуамыщIами,
Уэ зэи, зыкIи, хэткIи усхъуэжыну
ГукъэкI сэзыгъэщIын къэмыхъуфыну!..

Д ж а т э г ъ а з э

ГущIасэ... си псэ!..

Г у щ I а с э

Джатэгъазэ!..

Ба зэхуащI.

Д ж а т э г ъ а з э

НакIуэ,
Мо фIыуэ тлъагъу ди бжьэпэм деж дыгъакIуи,

Хыгуащэ тхьэӀухудым хуэтщӀу тыгъэ,
Хэдгъадзэ псым мы удз дахащэ пӀыгъхэр.
Накъыгъэ тыхькӀэ ухуэупсэу щытмэ,
КъыпхуищӀэу жаӀэ ущӀелъэӀур сытми...

ЙокӀхэр... Бзэрэбзабэ къохьэ.

Б з э р э б з а б э
*(зыгуэр къызэрилъыхъуэр наӀуэу)*

Уэ плъэкӀмэ къэгъуэтыж иджы си къаныр! —
Бзэхащ, арати, шым теслъхьэхукӀэ уанэ...
ГущӀаси слъагъукъым нэху зэрыщрэ...

*(Д ж а т э г ъ а з э р э  Г у щ Ӏ а с э р э  здаунэтӀамкӀэ маплъэри)*

Догуэт!
Мо бжьэпэм тетыр ахэракъэ? Псатхьэ! —

*(и пащӀэкӀэ щӀэгуфӀыкӀыу)*

Ди пщышхуэм и къуэр, акъыл гуэр сиӀэжмэ,
КъысфӀощӀ къехъуапсэ си пхъу кӀасэм. Дауи,
ЗэкӀунут ахэр: тӀури сэ згъэсауэ,
Я хьэлкӀи щэнкӀи зэтехуэнут... Ауэ...

*Тхьэгъэлэдж зэрехъуэхъу уэрэдыр зэпадзыжу жаӀэу зэхыбох. Б з э р э б з а б э маплъэ. Абы хэту гъуор лӀитӀ щӀыгъуу къохьэ. Зы лӀым и дамэм фэнд телъщ, адрейм къу зытет кхъуэщынышхуэ и Ӏэдэжщ.*

Тхьэгъэлэдж зэрехъуэхъу уэрэд

*Ӏэ кӀуэцӀищэр зи пхыру, уоу,*
*Зи пхырищэр мэш Ӏэтэу, уей,*
*Мэш Ӏэтищэр гъасэгуу, уоу,*
*Гъасэгуищэр зи щэджу, уей,*
*Тхьэгъэлэджу ди тхьэшхуэ, уоу,*
*ТхьэлъэӀушхуэ пхудощӀыр, уей!*

Уэрэдыр здыжаӀэм, кхъуэщыныр зыӀыгъ лӀым ӀэщӀэт фалъэм санэ ирегъахъуэри, Б з э р э б з а б э къыхуеший.

Б з э р э б з а б э
*(фалъэр еӀэтри)*

Синдей хэку дахэр нэхъри ефIэкIуэну!

Хофри, фэнд зыIыгъ лIым хуеший.

Ф э н д з ы I ы г ъ ы м

Тхьэ инхэр фIыкIэ куэдрэ къыдэтэну!

Хофри, гъуом хуеший.

Г ъ у о м

*(йофэ, фалъэр еIэтри, гуо макъкIэ)*

Ей-ей!
ЗымыщIэ фхэтмэ, фыкъэдаIуэ: псори
ФекIуалIэ нобэ гъубжэдэх тхьэлъэIум!..

ЙокIхэр... ЩтэIэщтаблэу зиплъыхьурэ Шабзэзехьэ къыкъуокI.

Ш а б з э з е х ь э

НэщIщ хы гущIыIур. НэщIщ, си гущIэм ещхьу.
Абы илъа налкъутыр сфIэкIуэдауэ,
Си нитIым къалъыхъуэж... Уоу, Тыргъэтауэ!
Ар сыту кIыхьт а уи гъуэгуанэр. Хуабжьу
СыщIолIэ сэ уи напэлъагъум. Хуабжьу!..
Пэжщ, хъуркъым укъыстеплъэ. И нэр зэи
ПтемыкIыу зэрыщытым щхьэкIэ цIыхур
Щхьэпылъэ ящIу хабзэ къежьагъамэ,
ЩIы щIагъым сыщыхьэщIэрт сэ... Зы псалъэ,
Зы псалъэ закъуэ фIэгъэнапIэ пщIыну
ЖысIамэ, — ари пхурикъунут... Ауэ

*(щIэгуфIыкIыу)*

ГущIагъыщIэлъ щэхухэр дэнэ дежи зэуэ
Сэтей щызыщIхэм сэ сащыщкъым. Хуабжьу
ГъэпщкIуауэ къызохьэкI... лагъым шынагъуэр...
Шынагъуэщ, дауи, уи пщым и щхьэгъусэм
Апхуэдэ гуэрхэр уи гум къыхуэкIыныр...
Уоу, Джэгъэтей! Ар пщышхуэщ! Зэрыхэкуу
И лъабжьэм щIэтщи, псори къыфIолIыкIыр!
Босфорым къикI алыджхэр къыхуоблагъэ!

Бзылъхугъэм я нэхъ дахэр йодэхащIэ!..
Сэ-щэ?.. Щэху Iэджи зи гум дэзыгъафэу,
Пщым зыуи къримыдзэ шынэхъыщIэщ...
«ЩIасэкъуэ!..» А цIэ Iейр имыкIыж бжьыгъэу
Сэ стелъщ сыкъызэралъхурэ. Зы адэм
И деж дыкъыщежьами, дэ анитIым
ДащIащ зэмыщхь ди гъащIэкIи... шэрукIи...
Уоу, Тыргъэтауэ! Уэ уримыIамэ,
Уи губзыгъагъэм къысщимыхъумамэ,
IумпIафIэ къысхуэщIынут сэ итIанэ
Тынш дыдэу Джэгъэтей!.. Гурыщхъуэ щIыIэм
И закъуэщ фэ къыфпэлъэщыну щыIэр.
А уз шынагъуэу гущIэгъу лъэпкъ зымыщIэм
И хагъуэр хезгъэдзэнщ сэ фи гурыщIэм!..
Аращи, сокIуэ ер къыфхэзылъхьэну
Гурыщхъуэм я нэхъ Iейр фхузэхэслъхьэну...
Аращ, ара: фэ ер къыфхэзылъхьэну
Щхъухьпсыхьым я нэхъ Iейр фхузэхэслъхьэнущ!..



*(лъэныкъуэкIэ маплъэри)*

Мес, — къокIуэ пщыр!.. НэхъыфIщ сыкъимылъагъумэ...

Ш а б з э з е х ь э йокI. И блыгущIэтхэм ящIыгъуу Д ж э г ъ э т е й къохьэ.

Д ж э г ъ э т е й

*(зыгуэрым зэрытепсэлъыхьахэр наIуэу)*

... А Iуэхум ди фейдэшхуэ зэрыхэлъыр
КъысфIощI хэт дежкIи нэрылъагъуу. Арщи,
КIыхьлIыхь дывмыгъэщIыж. Сэ ди унафэр
Щэтир лъэзгъэIэсын хуейщ...

*(БлыгущIэтхэр щымщ.)*

СлIожь, фыщыми?
ЖысIар мыгурыIуэгъуэу ара... хьэмэ?..

Щ э д ж а щ э

ЖыпIар къыдгурыIуащ, ди пщышхуэ. Уэри
Мис мыр дыхуейт къыбгурыIуэну: дэркIэ

Абы фейдэшхуи фейдэ цӀыкӀуи хэлъкъым.

Джэгъэтей
*(апхуэдэ жэуап зэрыпэмыплъар наӀуэу)*

Ар сыт... апхуэдэу къыщӀыпщыхъур? ЖыӀэ.
КъэӀуатэ!

Щэджащэ

Пщыгъуэ щхьэхуэу дыщыщыткӀэ,
Ди хэкур хъумэжынри ди къалэну
Щытыжмэ, нэхъ тфӀэзахуэщ.

Джэгъэтей

Ар Босфорым
Къалэн зыщищӀыжащ: я хэкум ещхьу,
Дыдейри яхъумэну.



Щэджащэ

Абы пэкӀуэу,
ИгъащӀэкӀэ алыджхэм ятелажьэу
Къэнэнущ синдхэр, — пэжкъэ?

Джэгъэтей

Дауи, пщӀэншэу
Ар зыми къыпхуищӀэнукъым.

Щэджащэ

Дыгъужьыр
Мэлыхъуэ пщӀыуэ, пщӀэи ептыжыныр
Си гугъэщ, Джэгъэтей, къуаншагъэ ину.
Уи адэ Дыщэтаж псэуухукӀэ синдхэм
ЯӀащ ди лъахэр зыхъумэжыф дзэшхуэ.
Дунейм щехыжми, и уэсят нэхъыщхьэу
Щытар а дзэр едгъэфӀэкӀуэнырати,
Иджы, мис: и къуэм зэбгрегъэкӀыжыр.

Д ж э г ъ э т е й
*(губжьауэ)*

Ар дэркIэ нэхъ фейдэщ... Фейдэ!..

Щ э д ж а щ э

Ущоуэ!

Д ж э г ъ э т е й

Пщыр зэи щыуэркъым!

Щ э д ж а щ э

Щымыуэр хасэрщ!..
А хасэр зэхуэшэси...

Д ж э г ъ э т е й



Мис, — фэракъэ?!

Щ э д ж а щ э

Дэрат... къытхэтыжамэ Тыргъэтауэ.
Ар щыщщ ди хасэм. Дязыхэзи къэту
Апхуэдэ Iуэху ин дыдэ къэпIэтыныр
Къезэгъыркъым ди хабзэм... Ари дауэ:
ПIэщIэгъуэр ттелъргэ... мис, — кIуэрыкIуэм тету...

Д ж э г ъ э т е й
*(адрей блыгущIэтхэм захуегъазэри)*

Фэ сыт жыфIэнур абы теухуауэ?

Т х ь э д з э ш у

Ди гугъэщ абы жиIэм акъыл хэлъу.

Б э р а у э

НэхъыфIри арагъэнущ. Тыргъэтауэ

Ӏущыгъэ ин зэрыбгъэдэлъри, пщыгъуэм
И нэӀэ тет зэпыту зэрыщытри
ЗымыщӀэ хэкум искъым. Ауэ щыхъукӀэ,
Ар тхэту хасэ зэхуэдмышэсауэ
Мы Ӏуэху дыщӀызэдауэр къэтӀэтыныр
СфӀэигъуэкъым.

А д р е й б л ы г у щ Ӏ э т х э м

ТфӀэигъуэкъым, ди пщышхуэ.

Д ж э г ъ э т е й
*(тэлайкӀэ нэщхъыдзэрэ хэгупсысыхьауэ щыта нэужь)*

АтӀэ, зыдэдгъэшынщ нэхъыбэм жыфӀэм.
Апхуэдэу пхэнжу къыщывгурыӀуакӀэ,
А Ӏуэхум хухыдох тхьэмахуэ пӀалъэ.

Т х ь э д з э ш у

Упсэу, ди пщышхуэ! Ерыщагъыр тепщэм
КъебэкӀмэ, фӀыкъым. Ар къыжьэдикъуэфу
Есарщ нэхъыбэу цӀыхур зыфӀэлӀыкӀыр.

Б э р а у э

Уи адэ Дыщэтажи и блыгущӀэтхэм
Я псалъэр куэдрэ иригъэщырт япэ.
Абы хуэфащэу укъытхущӀэкӀыну
БлыгущӀэтхэр дыпщогугъыр...

Д ж э г ъ э т е й
*(зэрынэщхъыдзэм хуэдэу, ауэ Ӏэдэбу)*

Дэгъуэщ. ФыкӀуэ...

*(БлыгущӀэтхэр йокӀ. Д ж э г ъ э т е й и закъуэщ.)*

Уоу, сыту гугъу зепхьэныр пщыгъуэ! Псори
Уи гугъэщ къыпфӀэлӀыкӀ. КъыпфӀощӀыр моуэ
Дэтхэнэми и шхуэӀур быдэу пӀыгърэ
Уанэш ӀумпӀафӀэу дэнэкӀи пшэфыну.

Къыпщохъу уэ ухуэмеймэ мыпсэлъэнхэу.
Ягу зыри къэмыкIыну. Мыбэуэнхэу.
Уэ тхьэхэм уащыщ гуэррэ, ахэр мыдэ
ХьэпIацIэ цIыкIухэу. ХъумпIэцIэджхэу. Хуиту
Уи лъабжьэм зэрыщIэтхэм щыгуфIыкIрэ
Уэр щхьэкIэ хэти зигъэлIэн хьэзыру...
АрщхьэкIэ, нэхъыфIыIуэу уахэплъэжмэ,
Уолъагъур я пщым сэр химыIуфыну
Зы цIыху зэрыщымыIэр... Тыргъэтауэ!
А зырщ сэ пэжкIэ къызбгъэдэтыр. ПсэкIэ
Аращ къысхэщIыхьар... ИтIани щэхуу
Софыгъуэ сэ абы: ди цIыхухэм хуабжьу
Къалъытэ ар. ПщIэ хуащIыр. ЯгъэлъапIэ...
Езыри, и гур яхузэIухауэ,
Яхэтщ, къахэхъухьа къыпфIэщIу ахэм.
Аращ, софыгъуэ...

*(и макъым зэуэ гуапагъэ къыщIохьэ)*



ИкIи солъагъури фIыщэу,
Къысщохъур махуэ ар щызмылъэгъуахэр
Дэтхэнэри илъэсу... ГъэщIэгъуэнкъэ, —
Уи гъусэу, къодэхащIэу, плъагъу зэпыту
Щыщытым деж, къытхуэщIэркъым щхьэгъусэр
ЗищIысыр дэркIэ. Ауэ махуэ бжыгъэ
ПэIэщIэ дыхъумэ, зэуэ къыдгуроIуэ
Ар дыгъэу, мазэу гъащIэм зэрыхэтыр...

Б з э р э б з а б э къохьэ.

Б з э р э б з а б э

Ди пщышхуэ Джэгъэтей, — узогъэгуфIэ:
Узыншэу къэсыжащ уи щуIэгъэфIыр!

Д ж э г ъ э т е й
*(и Iэхэр уафэм етауэ)*

Тхьэ инхэм — фIыщIэ!..

*(«Къеджэ», жыхуиIэу Б з э р э б з а б э зыхуегъазэри)*

АтIэ-э-э…

Б з э р э б з а б э йокIри, зэуэ къегъэзэж.

Б з э р э б з а б э

*(Iэ ижьыр мащIэу къеIэтри, макъ лъагэкIэ)*

Тыргъэтауэ!

Тыргъэтауэ кIэзехьэ хъыджэбзитIым яку дэту къохьэ. Б з э р э б з а б э р э хъыджэбзитIымрэ йокIыж. Д ж э г ъ э т е й р э Т ы р г ъ э т а у э р э IэплIэ зэхуащI.

Т ы р г ъ э т а у э

Уоу, си псэ! Мис иджыщ къыщысщIэпар сэ
Уэрыншэмэ, дунейр зэрымыIэфIыр!..

Д ж э г ъ э т е й

*(щхьэгъусэм едэхащIэурэ)*

Сэри —
Аращ, апхуэдэущ зэрысхьар. Фи кхъухьыр
Хыджащхьэм къытехьауэ къэслъагъуным
Сыпэплъэу есхьэкIащ зэманыр, ауэ…

Т ы р г ъ э т а у э

Ди щIалэращ хэмыкIыххар си пщIыхьым…
Иджы ар Бзэрэбзабэ игъуэтыжкъым.

Д ж э г ъ э т е й

АтIэ, Шупашэ сытхэр и псэукIэ?

Т ы р г ъ э т а у э

*(зэуэ нэщхъей къохъури)*

Жьы хъуащ ар, Джэгъэтей. Жьы дыдэ. Хуабжьу
Лъэныгъэм топсэлъыхь, имыхабзауэ…

*(и нэгур нэхъ зэлъыIукIыжурэ)*

А зыр гукъеуэу къыздэсхьащ, армыхъумэ
Хъыбар хъарзынэр мащIэкъым...

IэуэлъауэмакъкъоIу.

Д ж э г ъ э т е й
*(лъэныкъуэкIэ маплъэри, гуфIэурэ)*

Зэхэпхрэ?! —
КъокIуэж ди щIалэр, щIыгур игъэпсалъэу...

Д ж а т э г ъ а з э р э Г у щ I а с э р э къолъадэ. Д ж а т э г ъ а з э и анэм зредзри IэплIэ хуещI. Г у щ I а с э дзыхьмыщIу зэщIоувыIыкI.

Т ы р г ъ э т а у э

Уоу си къуэ закъуэ!.. Си шууей!.. Си дыщэ!..
Уэ-щэ, ГущIасэ? КъысхуэщI IэплIэ, къажи...

Г у щ I а с и къыбгъэдолъадэ...



Тхьэгъэлэдж зэрагъэлъапIэ уэрэдыр къоIу. ЦIыхухэр нэжэгужэу къохьэ. Хъыджэбзхэм тхьэмэжаджэ гъэщIэрэщIар зэрылъ сыхьэнышхуэр яIыгъщ, щIалэхэм — Iэ лъэныкъуэ кхъуэщынрэ фалъэрэ. ЦIыхухэм Д ж э г ъ э т е й р э Т ы р г ъ э т а у э р э къафыхь, ажэгъафэр мэкъуейщIей, мэгушыIэ. Д ж э г у г ъ у о м и Iэр еIэтри, — къафэр зэпоу.

Д ж э г у г ъ у о м
*(Джэгъэтей зыхуегъазэри)*

Ди пщышхуэ, Тыргъэтауэ и къэсыжым
ХуэпIащIэрт зэрылъэпкъыуи, мис, — тхьэхэм
Ар дэ къытхуахьыжащ. Иджы цIыхубэр
Зыпэплъэр, Тхьэгъэлэдж хуащIэнур хуащIэу,
Я гъавэр Iуахыжынырщи, тхьэлъэIум
Хуит дыщI щIэддзэну.

Фалъэр Д ж э г ъ э т е й IэщIегъэувэ.

Д ж э г ъ э т е й
*(фалъэм хоф)*

Гъубжэдэх тхьэлъэIур
СфIэзахуэщ къызэIуихмэ...

(блыгущIэтхэм яхоплъэри)

Щэджащэ!

Щ э д ж а щ э фалъэр IэщIэту утыкум къохьэ.

Щ э д ж а щ э

Тхьэхэр ди щыхьэту
Зэхыдоублэ гъубжэдэх тхьэлъэIур!..
Адэжьхэм я жыIащи, гъэм и махуэм
ЩIымахуэ псор егъашхэ. Махуэ уэфIкIэ
Дэ, мис, къытхуэжумартхэщи, сохъуахъуэ:
Ди тхьэ!
Тхьэшхуэ!
Тхьэгъэлэдж!
ТелъыджэкIэ дызыгъэгушхуэ!
Тыгъэшхуэхэр къызыбгъэдэкI!
ПсынщIэтеIуэ!
ФIытеIуатэ!
Iэ ижьым егъэублэ!
Iэ сэмэгум егъэух!
УзыншагъэкIэ къедгъэхьэлIэж!
ГуфIэгъуэкIэ дыгъэшхыж!

Бжьэм хофри, фалъэр къаретыж. Хъыджэбзхэм тхьэмэжаджэр Т ы р г ъ э т а у э IэщIагъэувэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Гъавэщ Iэр, дауи, нэхъ къэуатщ, арщхьэкIэ
Гъавэжьырщ а гъавэщIэми и анэр.
А тIум я къуэпсыр зэрыутIыпщамэ,
Дунейр къэкъутэжынти. Ауэ гуэнхэр
МыкIуэщIу къытхуехъумэ, ди насыпти,
Тхьэгуащэу гуащэм я нэхъ лъапIэм.

*(бзылъхугъэхэм захуегъазэри)*

Тхьэгуащэ ипхъуу
Си шыпхъу пэлъытэхэ!
Бэвыр къэзыхьу
Мы тхьэмэжаджэр

Дывгъэхь ТхьэщIагъи,
Тхьэгуащэ лъапIэм
Тыхь хуэдывгъэщI!
Бзылъхугъэхэм

*(гуфIэгъуэр яIэу, макъ лъагэкIэ)*

Тхьэ ин! Тхьэгуащэ!
Дахащэр зи нэкIу!
ДынокIуэ!
Дынотэ!
Ди тыгъэр нытIых!..

Т ы р г ъ э т а у э я пашэу бзылъхугъэхэр йокI.

Д ж э г у г ъ у о м

*(Джэгъэтей зыхуегъазэри)*

Ди пщышхуэ! Мэрэмэжьейр фэнд инхэм
Зэхэпхыу къыщопщIыпщIыр, къытхуохъуапсэ!
Ди цIыхухэри — аращ. КъыджеIэ: сытыр
Унафэ адэкIэ?



Д ж э г ъ э т е й

Мыращ унафэр:
Ныджэжьым фынекIуалIи, санэхуафэр
Абы къыщызэIуфх! Ди щIалэгъуалэм
Шыгъажэ ирыращI! Зэпырыреуэ
НэщанэуэнкIэ!.. Фэ къыфлъысыращи,
Уэрэдым зевгъэIэт. Фыджэгу! Фыкъафэ!..

Джэгур зэхаублэжри, а зэрыджэгухэм хуэдэурэ, икIыну загъэхьэзыра къудейуэ, Б з э р э б з а б э бауэкIэщI хъуауэ къохьэ.

Б з э р э б з а б э

Ди пщышхуэ! ХыIум алыдж кхъухь къесылIэщ...
Я хъурзэхэр щыхадзэри... къикIауэ...
КъыхуокIуэ ди быдапIэм зауэлI Iэджэ...
Босфорым япщ езы Щэтир я пашэу!

Д ж э г ъ э т е й

*(къэуIэбжьауэ)*

Ар с-с-сыту пIэрэ... зыри хэдмыщIыкIыу?..

Щ э д ж а щ э

Босфорым я пщыр къытхыхьэным япэ,
Щытащ хъыбар къытIэрагъэхьэу.

Т х ь э д з э ш у

Дауи,
Ар фIыкIэ къытхуэкIуауэ къыщIэкIынкъым.

Д ж э г ъ э т е й

*(фIым хуихьмэ нэхъ къызэрищтэр къыхэщу)*

ПщIэхxэнукъым, — Щэтир игу къыпылъадэр
Илэжь и хабзэщ: мы ди санэхуафэм
Хэтын мурадкIэ къэкIуагъэнкIи мэхъур...

Б э р а у э

КъэтщIэнкъэ, къэсмэ.

Д ж э г ъ э т е й

*(жыжьэу щыт гуэрхэм унафэ яхуищIу)*

ЗэIуфх бжэхэр!.. ПсынщIэу!..

Алыдж зауэлIхэр къохьэ. Бжыхэр щэнейрэ трагъауэ, зэбладзыжри, жауэ мэувхэр. Ахэм я зэхуакум къыдэкIыу Щэтир къохьэ.

Д ж э г ъ э т е й

*(И лъэпкъэгъухэм я пащхьэм зыщигъэуардэну хэту, ауэ Щ э т и р хуэбзэгуфIэн зэрыхуейри ищIэжу)*

Къеблагъэ, пщышхуэ! Упэмыплъагъэххэу
КъыпхуэкIуэр хьэщIэм я нэхъыфIу жаIэ.
Дэ нобэ ди тхьэлъэIущ, — укъытхухэтмэ,
Ди хабзэ пкIэлъызетхьэу ди хьэщIагъэм
И IэфIыр зыходгъащIэмэ, ди гуапэщ...

Щ э т и р

*(Д ж э г ъ э т е й нэкIэ йоуэри, ткIийуэ)*

Фи хабзэми сыхуейкъым, фи хьэщIагъи
СыхуэлIэу нобэ фищI сыкъытехьакъым.
Аращи, щымыщ Iуэхухэм дыхэмыту —
ЩIэддзэнщ!

Д ж э г ъ э т е й

КъэтIыс, Щэтир. Сыт тщIэн. Апхуэдэу
Нэхъ къапщтэмэ... Уэ зэрыжыпIэщ...

Щ э т и р

*(Д ж э г ъ э т е й и псалъэр зэпеудри, макъ шынагъуэкIэ)*

Синдхэ!
КъызжефIэт: Тыргъэтауэ дэнэ щыIэ?



Д ж э г ъ э т е й

*(къэуIэбжьауэ)*

Дыщ хэкум кIуэжри... лъагъунлъагъу щыIауэ...
Ар нетIэ къэсыжащ... Сыт... Тыргъэтауэ?..

Щ э т и р

Уэ пщIэрэ, Джэгъэтей, а уи щхьэгъусэ
Сэхъуам дэ къыдищIар?!

Д ж э г ъ э т е й

ХэсщIыкIIакъым зыри...

Щ э т и р

АтIэ, къэдаIуэ... КъытхуэмыIурыщIэу
ИгъащIэкIэ псэуну зи гуращэ
Мэуэтхэм датеуати, зы лIы закъуэщ
Шуудзэ нэхъыфI дыдэу сиIам щыщу
Ди лъахэм нэзыгъэзэжар. А зыми
И щIыбым илъу нихьыжащ нэхъ пажэу

СиIа дзэзешэм и щхьэр... Зи IэщIагъэу
Къыпщыхъур хэт ар, Джэгъэтей?

Д ж э г ъ э т е й

Мэуэтхэр
Арауэ къыщIэкIынщ, Щэтир.

Щ э т и р

Шэч хэлъкъым.
АрщхьэкIэ ахэм яхэтар дзэзешэу
А зи псэм кърихуэкI уэ уи щхьэгъусэрщ!

Т х ь э д з э ш у

Мэуэтхэм къыващIамкIэ жэуаптакIуэ
ФхуэщIынкъым синдхэр фэ.

Щ э т и р

АтIэ, мэуэтхэм
Я малъхъэм лъосыр а къалэныр!

Д ж э г ъ э т е й

Сытыр?

Щ э т и р

Фызшу а уи щхьэгъусэм къихь тезырыр
Теплъхьэныр икIэщIыпIэкIэ.

Щ э д ж а щ э
*(ауан мащIэ хэлъу)*

Дапхуэдэ
ТезыркIэ арэзы Босфорым я пщыр?

Щ э т и р

Сэ и щхьэр фпэзубыдкъым Тыргъэтауэ,
Ажалыр къилэжьауэ щытми. Ауэ
Фхуэздэнукъым ар къивнэу фи хэгъэгум!
Iуфш ад-дэ! ИкIэщIыпIэкIэ! ХытIыгум!..

Джэгъэтей

Тэзыр къыщыхуэплъыхъуэм Тыргъэтауэ,
Си гугъэщ губжьыр хуабжьу щӀэбгъэлъауэ:
Апхуэдэ хабзэ диӀэкъым дэ, синдхэм.

Щэтир

Къебгъэжьэр хабзэщ, Джэгъэтей!

Джэгъэтей

Ущоуэ.
Уэ фӀыуэ пцӀыхукъым дэ ди лъэпкъыр...

Щэтир

Сэ уэ
Хъыбар зыжозгъэӀэну сыкъэкӀуакъым!
А псысэхэр хуэӀуати зищӀэщыгъуэм,
ЩӀэдэӀу икӀи тет мы ныбжесӀэнум:
Пщыр хуейщ ткӀиин, зэбгъэдэӀуэнум
Зи тепщэ ухъуа цӀыхухэр. А мэл гуартэм,
МэскъалкӀэ къащхьэщыхи лӀыукӀ джатэр,
Уи лъабжьэр щӀагъукӀынущ, — ар зэгъащӀэ!..
Аращи, си унафэр!..

Джэгъэтей

УмыпӀащӀэ.
Апхуэдэу зэуи пумыгъэщ унафэр...
Дунейм темытуи сощӀ сыщӀэгузавэ, —
ИтӀани дауэ... пщым... а Ӏуэху щӀэпхъаджэр?..

Щэтир

ФӀащамэ цӀыхухэм я пщым «бзаджэнаджэ»,
Ар хъуауэ арщ итӀанэ тепщэ дыдэ.
Уи пщыгъуэр пщӀыну пфӀэфӀмэ нэхъри быдэ,
ЦӀыху цӀыкӀум жаӀэм зыкӀи уемыдаӀуэу,
Уи лъабжьэм къыщӀэгъахуэ псори лъаӀуэу!..
КъолъэӀур къыпфӀолӀыкӀ зэбгъэлъэӀухукӀи,
И лъэӀур зэрыхуэпщӀэу, я нэхъыкӀэ
Уи бийхэм яхохьэжыр... Хэт нэхъыбэм
ЗыхуащӀыр щхьэщэ? ТкӀийхэрщ! Сыт цӀыхубэр?

ЩIыхубэр — ар тIатIийщ! ТIатIийр Iэ лъэщым
IэщIэлъу щытмэщ IэтIэлъатIэ щыхъур...

Щ э д ж а щ э

А жыпIэмрэ пщы напэмрэ зэзэгъкъым!

Щ э т и р

Пщыр напэ хуейкъым, напэ хуейри пщыкъым!

Т х ь э д з э ш у

Аращ и гъуазэр дэ ди пщыгъуэм: напэрщ!

Щ э т и р

АтIэ, фызэрыфIэфIщ!..

Д ж э г ъ э т е й

ДызэрыфIэфIмэ,
КъедаIуэ си жэуапым, Щэтир: унэ
Къыбдисым и псэр псэкIэ хуэпхъумэныр
Дэтхэнэ синдми и къалэнщ!

Щ э т и р

Гупсысэ.
Гупсысэ, Джэгъэтей, уемыпIэщIэкIыу.
Щхьэгъусэм щхьэкIэ пщыгъуэр пIэщIэмыкIыу
Ухуеймэ къыпхуэнэну, — зыщ хэкIыпIэр:
Иш Тыргъэтауэ кIэщIкIэ мы фи щIыпIэм!

Д ж э г ъ э т е й

Ар дауэ хъун, Щэтир: сэ Тыргъэтауэ
Гум фIэфIу сыдопсэур Iэджэ щIауэ.

Щ э т и р

Делагъэщ жыпIэр, Джэгъэтей: бзылъхугъэр
Джэгуалъэ хъуным къыхуагъэщIа тыгъэщ.
Ар хуэдэщ удз гъэгъам: къыпыч, епэми,
Хуэлэжу хуежьэм, — хыфIэдзэж.

Д ж э г ъ э т е й

Апхуэдэ
Бзылъхугъэхэм ящыщкъым Тыргъэтауэ!

Щ э т и р

Бзылъхугъэм я нэхъыфIыр зэштегъэуэщи,
А фыз зызыгъэIущхэр зэштегъауэщ.

Д ж э г ъ э т е й

Фыз Iущ къудейкъым Тыргъэтауэ, — анэщ!

Щ э т и р

ШэсыпIэу фи къуэр къыдыботыр!..

Д ж э г ъ э т е й

*(а зыпэмыплъагъэххэм нэхъри игъэгужьея-къигъэгубжьауэ)*

Хьэуэ!..
Ди щIалэ закъуэр, къэзылъхуам щIыгъужу,
ЩIэмыхъур сыт и хэкум щыпсэужмэ?!

Щ э т и р

*(лъэныкъуэкIэ Iуеш, ауан хэлъу щIогуфIыкIри)*

Уи пщыгъуэм ухуэмеймэ, — ари хъунущ!..

Д ж э г ъ э т е й

*(жэуап имыгъуэтыжу зэIонэ)*

Си пщыгъуэри?..

Щ э т и р

Мы зэкIэ ууей пщыгъуэр.
Ди дыщэм укъихъумэу щытыхункIэ,
ПIыгъыну узыхуитыр. Ар пфIэкIуэдмэ,
Тынш дыдэу пIэщIахыну куэд къызэщэр...

*(И макъым зрегъэIэтыж)*

Аращи!..

Б з э р э б з а б э къохьэ.

Б з э р э б з а б э
*(Iэ ижьыр мащIэу къеIэтри, макъ лъагэкIэ)*

Тыргъэтауэ!

Т ы р г ъ э т а у э хъыджэбзитIым я зэхуаку дэту къохьэ. БлыгущIэтхэм мащIэу загъэщхъ. Т ы р г ъ э т а у и апхуэдэ дыдэу блыгущIэтхэм захуегъэщхъыж. Щ э т и р къэтэджкъым икIи къыхуеплъэкIкъым.

Щ э т и р
*(Т ы р г ъ э т а у э зэрыщытым гу лъимытэххэ хуэдэ, Д ж э г ъ э т е й зыхуегъазэри)*

Еуи, хэдэ:
Уи пщыгъуэр е гум пымыкI щхьэгъусэр, —
ТIум языхэзырщ, Джэгъэтей, къыплъысыр!..

Д ж э г ъ э т е й
*(Т ы р г ъ э т а у э и пащхьэм зыщимыгъэлъэхъшэну хэту, ауэ темыгъэчыныхьыщауэ)*

Щэтир!.. Иумыгъэлей апхуэдэ дыдэу...
А уэ... сэ иджыпсту къыспэбубыдым...
Я нэхъ Iэдэбри къришынущ и пIэм...

Щ э т и р

Нэхъапэ щIыкIэ егупсыс а жыпIэм.

Д ж э г ъ э т е й
*(Т ы р г ъ э т а у э хуоплъэкI, Щ э т и р зыхуегъэзэжри, нэхъ ткIиийуэ)*

Мыр хьэкъщ, Щэтир: щIыгу узытетыр
Зи хэкур синдхэрщ. Сэрщ абы я тетри!

Щ э т и р

Щытащ фи хэкуу!..

Т ы р г ъ э т а у э

Щытщ иджыри!

Щ э т и р

*(къемыплъэкӀыххэу )*

Мисыр:
Пщыр пщыуэ хахыр, ауэ пщым и пщыжу
Пщы щабэм и щхьэгъусэм зыхехыжыр...

*(зэуэ Т ы р г ъ э т а у э зыхуегъазэри, ауан хэлърэ зэпишу)*

Щытыжкъым пщым и пщыжу Тыргъэтауэ:
Синдейр щӀэтщ нобэ Босфорым и жьауэм!

Т ы р г ъ э т а у э

*(Ӏэдэбу)*

ЗыщӀэтыр жьауэкъым, Щэтир — фи джатэрщ.

Щ э т и р



А джатэрщ фэ фи Ӏуэхур зыгъэкӀуатэр!
Босфорыр синдхэм къыфщхьэщымытамэ,
ПсэукӀэ мыгъуэр фи хьэзырт итӀанэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Босфорым япи дыпсэуащ дэ!

Щ э т и р

Дауи,
Босфорым япи фыпсэуащ фэ... Ауэ
Иджыщ! Алыджхэм я унафэр фи унафэу
Псэун щӀэвдза нэужьыщ мы Ӏуэтэжыгъуэр
Игъуэту щыщӀидзар фи Синдей пщыгъуэм.
АбыкӀэ фӀыщӀэ къытхуэфщӀыным и пӀэ,
Фолъыхъуэ фэ алыджхэм ди кӀуэдыпӀэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Дэ хъуэхъу яхудоӀэт ӀуэхуфӀкӀэ къакӀуэм,
ПежьэкӀи дощӀэ бий къыдэӀэпщакӀуэм!..
Тлъэгъуащ дэ, пэжу, фи фӀы куэди, ауэ
ФӀым хэббжэ хъуну уи мыгугъэ зауэр!

Щ э т и р

Мызауэу зыми лъахэ къиубыдкъым, —
Дэ щӀы дыхуейщ!

Т ы р г ъ э т а у э

Ар Ӏэмалыншэу щыткъым.
НэфӀ-ней хэмылъу тхьэхэм хуагуэшакӀэщ
Дунейр лъэпкъ псоми. КъыплъысамкӀэ...

Щ э т и р

*(Т ы р г ъ э т а у э и псалъэр зэпеудри)*

Ущоуэ! Хъуакъым щӀыр гуэша зэхуэдэу,
Армыхъумэ къыфлъысынтэкъым мыпхуэдэу
Дуней жэнэтыр щыухуар!

Т ы р г ъ э т а у э

А лъахэр
КъысфӀощӀыр яхуэфащэу зылъысахэм.

Щ э т и р

Къыплъысыр зырикӀщ. Лъахэ зыхуэфащэр
Ар бийм щызыхъумэфырщ. Лъэпкъ щэджащэ
Къыфхуэхъумэ пэщӀэщӀэгъу, фэ сыт флъэкӀынур?

*(дыхьэшхыурэ )*

Фи дыщэ хэкур зэуэ фӀэщӀэкӀынущ!

Т ы р г ъ э т а у э

Синдейм и лъэкӀыныгъэр зыдынэсыр
Хъарзынэу ящӀэ дэ лъэпкъ къыдбгъэдэсхэм...

Щ э т и р

Хьэпшыр цӀыкӀу гупым лӀыгъэ зыхалъагъуэр
Къыщыхъукъым зыуи къаплъэн абрагъуэм.

Т ы р г ъ э т а у э

АтӀэ, а хьэпшыр цӀыкӀухэм тегуплӀэным
Сыт лӀыгъэ щӀыхилъагъуэр а къаплъэным?

Щ э т и р

Пщэдей нэгъуэщIым ипхъуэтэнкIэ хъунур
Къимыщтэу делэрщ нобэ блэкIыфынур.

Т ы р г ъ э т а у э

Пщэдей къэхъунум тхьэхэращ щыгъуазэр.

Щ э т и р

Нэхъыбэм мащIэр хэгъуэщэж и хабзэщ.

Т ы р г ъ э т а у э

А уэ уи хабзэм мы дунейр тетамэ,
Куэд щIат зэрыкъутэжрэ итIанэ!

Щ э т и р

АтIэми — тетщ! Аращ зэрызэIылъыр:
Къарум щIефыкIыр къарууншэм и лъыр.
КъагъэщIри тхьэхэм егугъупэу щынэр,
ИтIанэ ирауштыр дыгъужь иныр...



Т ы р г ъ э т а у э

Дыгъужьырщ ирауштыр, ахъумэ цIыхур...

Щ э т и р

Ар дыдэрщ цIыхухэри: зыр зым ещакIуэу
Абыхэми я гъащIэр ирахьэкIыр.
КъакIухьыр псоми хьэ дзэкъэным ещхьу.
Умыпхъуи япэ, — зэпхъуэм уахэхуэнущ.
Къопхъуар уэр нэхърэ нэхъ лъэщ гуэру щытмэ, —
Къыпхуэнэр зыщ: и лъапэм уебзеиныр...
Пэжщ, фIыкъым хуэбгъэщхъыныр бгыр нэгъуэщIым,
АрщхьэкIэ, гъэр пщэдей ухъуну пфIэщIмэ, —
Уи Iэщэр нобэ птыныр — лIыгъэншагъэщ,
Ауэ лIыгъипщI и уасэ губзыгъагъэщ!

Т ы р г ъ э т а у э

Чэнджэщ хъарзынэ къыдэптащ! АрщхьэкIэ
Хуэныкъуэкъым абы ди лъэпкъыр зэкIэ.

Щ э т и р

Фи лъэпкъыр мэкIуэдыжыр. Лъэпкъ кIуэдыжым
Хъарзынэщ кIуэдыпIэфI къыхухэхыжмэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Зи щIыхь зыхъумэжыфу къекIуэкI лъэпкъым
Борэнхэри пэлъэщыркъым и «жэпкъым»...
ЛъэпкъкIуэдкIэ утхуэхъуапсэ щхьэкIэ синдхэм,
Шынагъуэ диIэу слъагъуркъым, Щэтир...

Щ э т и р

ФиIэщ!
Алыджым хыхьэ къалэхэм гъунэжу
Щопсэур синдхэр, фи бзи ямыщIэжу,
Фи хабзи зэрамыхьэу, ди хэкушхуэм
Щыщ цIыхухэу къызэрабжми иригушхуэу...
Апхуэдэхэм къахохъуэ махуэ къэскIэ.
Уафэгум синдхэр къыщемыщэщэхкIэ,
Къысщохъу зыхэщIыр мы фи пщыгъуэрауэ
А дэ къытхэхъуэ синдхэр.

Т ы р г ъ э т а у э

Дэращ. Ауэ
Гуауэшхуэ дыди сэ къысфIощI хэмылъу
А уэ дыщIэбгъагъыну узыпылъым.
Зы лъэпкъи теткъым мы дунейм апхуэдэ
Щхьэ бжыгъэ нэпцIхэр зыхэмыт. Зи напэр
Зыщэну хьэзыр цIыхухэр, хэкум исми,
Имыс пэлъытэщ. А куэнсапIэр хэкIмэщ
Щыхъунур лъэпкъыр лъэпкъ узыншэ. Дэри
Абыхэм закIэрытщIэркъым. Алыджым
Фи Iуэхур фIыхукIэ — ахэр къыфхуэфIынущ.
Фи Iуэхур бгъунлъэу фащэжынкIэ хъумэ,
ИтIанэ фигу дыкъэвгъэкIыж...

Щ э т и р

*(къолыбри, Д ж э г ъ э т е й жриIэу)*

Сэ нобэ
ДэуакIуэ сыкъэкIуакъым фи щIыналъэм!
ИужькIэ зэхуэтIуатэ хъуну Iуэхухэм

Я дежкӀэ дэвмышэхыу мы ди псалъэр,
ЖысӀа тезырыр тефлъхьи Тыргъэтауэ,
АбыкӀэ дывгъэух мы ди зэдауэр!

Д ж э г ъ э т е й

Ар хъунукъым...

Щ э т и р

Хъун хуейщ! Ӏэмал имыӀэу!
Щэтир есакъым къыпэрыуэ щыӀэу!
Щэтир жиӀамэ, — зэфӀэкӀащ: вгъэзащӀэ!..

*(Д ж э г ъ э т е й бгъэдохьэри, щэхуу)*

Ухуейуэ щытмэ, Джэгъэтей, нысащӀэ,
Узотыр сипхъу Адисэ... Босфор иным
Зы щауэ искъым абы къемыхъуапсэу.

*(и макъым зрегъэӀэтыжри)*

Щэтир вгъэщӀэхъумэ, хъунущ Ӏуэхур икӀэ, —
Ар фигу ивгъэлъ! Иджы сожьэжыр!..



Т ы р г ъ э т а у э
*(пигъэщу )*

ФӀыкӀэ!

Щ э т и р и Ӏэр ещӀри, зауэлӀхэм бжыхэр щэнейрэ трагъауэ. Пщыр, ахэм я зэхуакум дэкӀыу, йожьэж, зауэлӀхэр абы кӀэлъокӀуэ.

Д ж э г ъ э т е й

Щэтир... Щэтир!..

Алыджхэм якӀэлъожажьэ. Мыдрейхэр мыхъейуэ къызэхонэ.

Т ы р г ъ э т а у э
*(губгъэн къызыхэщ макъкӀэ Д ж э г ъ э т е й кӀэлъыжиӀэу)*

КӀэлъыджэ уэ!.. КӀэлъыжэ!..

*(тэлайкӀэ щыму щыта нэужь, макъ ехуэхакӀэ)*

Аращ ди Ӏуэхур щӀыдэмыкӀыр. Лыгъэр
Тхуигъэщкъым тхьэмыщкӀагъэм япэ. Синдхэр

Зэгуэр ягъэщхъа бгыр узэхужыным
Хуощхьэх. Мэуэтхэр къызэкIуэцIеч пагагъэм.
Апхуэдэурэ мэкIуэщIыр ди къарур. МэкIуасэ
Ди хэкум и щIыналъэ нэхъыфI дыдэу
Адэжь и хьэдэ къупщхьэкIэ гъэнщIахэр...
Арщхьэкiэ сытыр си Iэмал!.. Уоу, Псатхьэ!
КъыщIыгъу уэ си къарум! Къысхэлъхьэ лIыгъэ!
Къызэт акъыл мыкIуэщI!.. Сыхуейщ сэ гугъэу
КъесхьэкIхэм я нэхъ пажэр згъэзэщIэну.
Сыхуейщ ди хэку Iуэдыщэм зэлъэпкъэгъуу
Ис псори зэсшэлIэжу, къэралыгъуэ
Зи щIыхь зыхъумэжыф яхуэзухуэну...
ЦIыхухъухэр пэлъэщынукъым апхуэдэ
Iуэху иным, Псатхьэ. Фыз шуудзэ
Къэзугъуеинщ сэ. Ди цIыхухъухэм унэр
Ирырахъумэ дызэуэхукIэ... Дипщри
Алыдж кIэкъуагъым къурырес. И пщыгъуэ
Езым хуэмыхъумэжыр къыхуахъумэу
Дрырес мы и быдапIэм!.. ГущыкIыгъуэщ.
Зэхэфхрэ, блыгущIэтхэ: гущыкIыгъуэщ!..



ЙокI. БлыгущIэтхэр, я щхьэр къыфIэщIауэ, зэбгрокIыж. Ш а б з э з е х ь э и закъуэщ.

Ш а б з э з е х ь э

Си гугъэхэр зэщIэнымкIэ тхьэ инхэр
КъысфIощIыр акъылэгъуу. Къысхуэнэжыр
НэгъуэщIым гъурц зэтрилъхьахэм мафIэ
ЩIэдзэнырщ икIэщIыпIэкIэ... ЩIэздзэнкъэ!..
Уоу, сытым хуэдэу сфIэфI сэ ар: зыгуэрхэр
МафIэсым щыхэкIуадэм деж, лъэныкъуэ
Зезгъэзу сыщытыну!.. Сыгузавэ
Я гугъэурэ, мы си лъыр къэкъуэлъэхукIэ,
Бзий пщтырхэм си пкъы щIыIэр езгъэуну!..
Щэху дыдэу зезгъэзыхыу, зэрыслъэкIкIэ
Ужьыхыу хуежьа дэпхэм сащIэпщэну!..

*(мэдыхьэшхри)*

КъокIуэжыр пщышхуэр. Иджыпсту къэсщIэнкъэ
Уэ уи мурадыр. Сысейр — хьэзырыххэщ...

Ш а б з э з е х ь э зегъэпщкIу. Д ж э г ъ э т е й зэхэуауэ къохьэж.

Д ж э г ъ э т е й

Сыт сщIэнур-тIэ?.. Хэплъэгъуэщ мы си Iуэхур...
Я нэхъыкIитIым хэди, — хэх нэхъыфIыр,
ЖыхуаIэм хуэдэщ мы къыспаубыдыр:
Е пщыгъуэр, е фIыуэ плъагъу щхьэгъусэр...
Шэч хэлъкъым, лъапIэщ Тыргъэтауэ сэркIэ.
Сыхэт ар симыIэжмэ сэ?! АрщхьэкIэ?..
АрщхьэкIэ пщыгъуэр... Пщыгъуэр сIэщIэкIынущ.
ФIы дыдэу сощIэ: ар Щэтир лъэкIынущ.
Си пщыгъуэр... Тыншкъым а лъагапIэм и щхьэм
Ухуекъуу удэкIыныр. Нэхъ Iеижщи, —
Унэсрэ, къэбгъэзэну укъеплъыхмэ,
Шынагъуэм зэщIеIулIэ уи Iэпкълъэпкъыр.
ДэкIыгъуэм нэхърэ къехыжыгъуэм куэдкIэ
Нэхъ задэщ сытри. Укъеджэрэзэхыу
Бгы лъащIэм ущIэхуэжмэ, лъэныкъуитIыми
Уащымыщыжу укъэнэнущ... Хэт сэ
АбыкIэ чэнджэщэгъу къысхуэхъуфынур?..
БлыгущIэтхэм яжесIэнт, арщхьэкIэ ахэм
Сэракъым къыхахынур, — Тыргъэтауэщ...
Сыт си Iэмалыр? Дауэ зэрысщIынур?!



Ш а б з э з е х ь э хуэмурэ къыкъуокIри, Д ж э г ъ э т е й и дамэм къытоIэбэ.

Ш а б з э з е х ь э

Хуит сыщI, си къуэш, сэбэп сыныпхуэхъуну.

Д ж э г ъ э т е й
*(къоскIэ, Ш а б з э з е х ь э хуоплъэкIри)*

Уэ-э-э... сыт мыбдеж?!..

Ш а б з э з е х ь э

Сыпхуэщхьэпэнут.

Д ж э г ъ э т е й

Сытыр
Уи лIыгъэ?.. ЖыIэ!

Ш а б з э з е х ь э

Гугъэр зыщӀэхъуэпсхэм
Ящыщкъым, Джэгъэтей, ныпхуэсӀуэтэнур...

Д ж э г ъ э т е й

Ар сыткӀэ си сэбэп атӀэ?..

Ш а б з э з е х ь э

Пщхьэмыпэщ
Мы Ӏуэху узыхэхуар, си къуэш... АтӀэми,
Абы уэ тыншу укъыхэкӀыфынущ,
Зыгуэрхэм укъалъахъэ армыхъуамэ...
Уи напэм къыпхуегъэкӀуркъым щхьэгъусэм
Апхуэдэу укъыхущӀэкӀыну. ЦӀыхум
ЖаӀэнкӀэ хъунум уфӀолӀыкӀыр... Ауэ
Мы сэ ныпхуэсӀуэтэнум ущӀэдэӀурэ
Ар хьэкъ зыщыпщӀмэ, мис итӀанэ тыншу
А лъахъэр уэ къызэпыпчынут. ЦӀыхуми...



Д ж э г ъ э т е й
*(хуэмышэчыжу и псалъэр зэпеуд)*

Нэхъ кӀэщӀ зегъэщӀыт, — сыт?..

Ш а б з э з е х ь э

Хъунщ, къуэш, — къэдаӀуэ...
Си напэр мэс ар пхуэсӀуэтэну, ауэ...
Схуэхьынукъым абы уэ... Тыргъэтауэ!..

Д ж э г ъ э т е й

СлӀожь Тыргъэтауэ?! ЖыӀэ... умышынэу...

Ш а б з э з е х ь э

Ар нобэ си гугъат уэсӀуэтылӀэну,
АрщхьэкӀэ босфорыпщыр къыщытхыхьэм...

Д ж э г ъ э т е й

Сыт… Тыргъэтауэ? ЖыIэ псынщIэу!.. ЖыIэ!..
Зы псалъи щIумыхъумэ!..

Ш а б з э з е х ь э

*(и щхьэр щIегуэри)*

Уи щхьэгъусэм
ЩIасэлI зэрешэ, Джэгъэтей!..

Д ж э г ъ э т е й

*(джатэ Iэпщэм йопхъуэри)*

ЗэщIэкъуэ!..
Ар дауэ уи жьэм къекIуэхха?..

Ш а б з э з е х ь э



Къызэуэ!
Си къуэш и щIыхьыр хъумэжыным псэри
Хьэрэм хуэсщIыну сыхьэзырщ…

Д ж э г ъ э т е й

*(нэхъ щабэ къэхъужауэ)*

КъэтIыси,
КъэIуатэ псори… Псо-о-ори…

Ш а б з э з е х ь э

Тыргъэтауэ
Дыщ хэкум зышэжахэм ящыщ гуэр сэ
ДзыхьщIэгъу къысхуэхъури, тхьэр щиIуэжу нобэ
Мис мыр къызжиIэжащ… Мэуэтей хэкум
Я кхъухьыр щынэсам, дзэшу гупышхуэ
Абыхэм къапежьат, лIыбэ уэрэдыр
Зэдэууэ хашу. Кхъухьым дызэрикIыу,
Дзэшухэм къахэкIуэтщ зы щIалэ фафIи,
Ди пащхьэ къиуващ, жи. Мэуэт щIалэр
ГуфIэжу Тыргъэтауэ къеплът, мыдрейри

Абы хуэнэIурыту бгъэдыхьати,
И дэлъхуу псоми я гугъащ. АрщхьэкIэ...

*(зэIынауэ тIэкIурэ щыта нэужь, губжь зыхэлъ макъкIэ)*

АрщхьэкIэ и щIасэлIт ар Тыргъэтауэ...
Алыджхэм щезэуа махуищыр мыхъумэ,
Зы жэщ къэмынэу зэщIыгъуахэщ... ЦIыхухэр
Жеижу мазэм зиIэта нэужькIэ,
Хы Iуфэм къыIухутэрт ахэр. Зэуэ
ЗатIэщIти, зэшэкIарэ дыхьэшхыжу
Псым хыхьэхэрт. ЗэрызагъэпскIым нэхърэ
Я бар нэхъыбэу хэсхэти, итIанэ...

*(нэхъри тригъалэу)*

Адрейр жызумыгъэIэ, къуэш. Сыхуейкъым!..

Д ж э г ъ э т е й
*(гуащIэу)*



Гурыщхъуэ нэпцIкIэ ди цIэр вгъэулъийуэ
КъыщIэкIмэ, фхуэзгъэгъункъым тIуми!

Ш а б з э з е х ь э

Хьэуэ,
Гурыщхъуэрэ нэрыщхъуэкIэ апхуэдэу
Тхьэ цIыхум иIуэ хабзэкъым. И нитIкIэ...

Д ж э г ъ э т е й
*(и псалъэр зэпеудри)*

Къысхуэшэ мыдэ ар. Къысхуэшэ псынщIэу!

Ш а б з э з е х ь э
*(щтэIэщтаблэ къохъу, ауэ зызэтреубыдэжри)*

Ар... сэ... сIэщIэукIащ. ЗысхуэIыгъакъым.
Хуэпсалъэу къысфIэщIат ди нысэм... Ауэ
Ар дыдэр къызжиIащ щыхэкIми и псэр.

Д ж э г ъ э т е й

Уоу, Псатхьэ!.. ЖыIэт, Шабзэзехьэ, жыIэт:
Уэ си пIэм иджыпсту укъихутамэ,
Дапхуэдэу пщIынт?

Ш а б з э з е х ь э

Акъылыр тезгъэкIуэнти,
Щэтир жиIахэр згъэзэщIэнт.

Д ж э г ъ э т е й

АрщхьэкIэ
Ар синдхэм къысхуадэнкъым.

Ш а б з э з е х ь э

Зи щхьэгъусэм
ЕпцIыж бзылъхугъэм лIым къыхуигъэфащэ
Тезырыр зыми щхьэщихыфкъым. Хабзэу
Ар синдхэм дызэриIэр уэри уощIэ.

Д ж э г ъ э т е й

НтIэ… ар… дауэ зэрытщIынур?

Ш а б з э з е х ь э

Сэ ар
Дызолъхьэ си пщэ.

Д ж э г ъ э т е й

Сытым деж?..

Ш а б з э з е х ь э

Ныжэбэ.
ТхьэлъэIу нэужьым дэшэсыкI блыгущIэтхэм
УащIыгъууи, къэт зыкъомрэ… Псори
Сэ щэхуу сщIынщ тэрэз… Уэ бдэуэ щытмэ?..

Д ж э г ъ э т е й

Хъунщ... содэ... КIуэ иджы, — зегъэхь!..

*(Ш а б з э з е х ь э йокI.)*

Уоу, тхьэхэ!..

*(зытэлайкIэ и нэр плъызауэ щыта нэужь)*

Е пщыгъуэр? Е фIыуэ плъагъу щхьэгъусэр?..
Щхьэгъусэр?.. Пщыгъуэр?.. Лъагъуныгъэр?..

*(зэуэ къызэфIоувэ, тахътэм зытредзэри, макъ IэтакIэ)*

Пщыгъуэр!..

Iупхъуэ

**Адисэ**

## ЕЩАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ



Мы едзыгъуэр нэхъыбэу зытеухуар Щ э т и р ипхъу Адисэщ. Т ы р г ъ э т а у э хытIыгум иригъэша нэужь, ар Д ж э г ъ э т е й щхьэгъусэ хуэхъуащ. Д ж а т э г ъ а з э гуауэщхьэуэщ: Г у щ I а с э быдапIэм къыдагъэхьэркъым, езыр быдапIэм дагъэкIыркъым, и анэр, пщIы къытралъхьэри, хытIыгум ирагъэшащ.

Д ж а т э г ъ а з э

Аргуэру си гум укъэкIащ, си анэ.
Аргуэру гуауэм игъэнщIащ мы си бгъэр.
Уэ яужь дыдэу къысхуэпщIа мы тыгъэм
Гупсысэм я нэхъ дахэм сыхехьэжыр.

*(тахътэм йотIысхьэри, къамэм еплъурэ)*

Сэ, жэщыр хъумэ, сынопщIыхьыр. Уи Iэр
Къыздэплъэ сфIэщIу, куэдрэ сыкъоушыр...
АрщхьэкIэ сыт, — кIыфIыгъэм сыхоIэбэ...
Уоу, сыту гуауэ пфIэкIуэдыныр анэ!
Ишхыни имыгъуэту, илри къиццу,
Сымаджэу, ауэ анэр къыщхьэщыту
Псэу цIыхур, нэхъ насыпыфIэщ... сэ нэхърэ...

*(къызэфIэзэрыхьауэ)*

Си анэ! Дэнэ уздэщыIэр? Дэнэ?!.
Утет мы щIыгум, уи псэр пIуту?.. Хьэмэ?..

*(и щхьэр фIиубыдыкIыжауэ зытэлайкIэ щыта нэужь)*

Уэ пцIы къыптралъхьар си фIэщ хуэщIыну
Зы цIыху къахуэгъуэтынкъым... Уоу, си анэ!
Мы дунеижьыр бампIэм хуаухуами
Ярейти тхьэхэм...

*(къыхощэтыкIри)*

Мис, — арати, гъащIэм
И дыгъэрункIыфIащ. Иджы къэнэжыр
СыIэбэрабэу сыхэтынырщ жэщым.
Апхуэдэу къыщIэкIынущ дуней гъащIэ
Дэтхэнэри езыр зэрызэхэлъыр:
Пщэдджыжь дахащэ... махуэ... жэщ... кIыфIыгъэ...
АрщхьэкIэ пщэдджыжь дахэм сыкъыхэкIри,
Сэ зэуэ сыхыхьащ кIыфIыгъэ щIыIэм.
Аращ нэхъ гуауэр. Арщ хуэмыхьыр си псэм...
ГугъапIэ закъуэу къысхуэнат ГущIаси,
БыдапIэм къыдыхьэну хуимытыжхэм
ХэхуакIэщ ари... Сэри сыдагъэкIкъым...
А псори зи унафэр хэт? — Адисэщ!
Аращ, — Адисэщ! Си анэнэпIэсырщ!..
Уоу, сыту псалъэ щIыIэ ар... Си анэ!..

*(Iэнэм тет кхъуэщыным гу лъетэри)*

Тэмакъым гуауэр къыфIэгъуалъхьэ хъумэ,
Абы ущызыхъумэр санэу жаIэ...

*(Кърегъахъуэри йофэ.)*

Мис: фадэм зрегуашэ си пкъым гуапэу.
Сефэнщ иджыри... итхьэлэхукIэ гуауэр.

Йофэ.

Джатэгъазэ егуэкIуа Адисэ хъуэпсэнэкIэ абы зэреплъым Джэгъэтей гу лъетэ. Щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ гурыщхъуэ яхуещIри, ахэр игъэунэхун папщIэ, бзаджагъэм хуокIуэ — хэгъэщхьэIухэр къиплъыхьыныр щхьэусыгъуэ ещIри дошэсыкI, ямыщIэххэу къигъэзэжын мурад иIэу.

А д и с э  Д ж а т э г ъ а з э  къыдихьэхыну хэт щхьэкIэ, абы гущыкI хуэзыщIа щIалэр къыхуэгъэдаIуэркъым. АрщхьэкIэ, чэф зэрыхъуар къегъэсэбэпри, А д и с э ар IумпIафIэ ещI. Д ж э г ъ э т е й  къыдохьэж.
Д ж а т э г ъ а з э  икIагъэ илэжьауэ  Ш а б з э з е х ь э  абы пщIы хуеупс. Д ж э г ъ э т е й  лэгъунэм щIохьэ. Жейм зэщIиIулIа щIалэм А д и с э  едэхащIэу елъагъу, абдеж пщым и къуэр щеукI.

**ХытIыгум**

## ЕПЛIАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Жэщщ. Хыуалъэ зыкъизыкIутхэмрэ нэпкъым къеуалIэ хысыдж «губжьахэмрэ» я макъыр зэхох... КIыфIым хэплъагъукIыр нэщхъейуэ бгъукIэ къыщыт Т ы р г ъ э т а у э щ. Адрей псори жэщым щIихъумащ. ЩIигъэнащ...

Т ы р г ъ э т а у э

Уэ, хы уфафэу уафэм и щIэт!
ЩIэ зыщIэмытыр зи псы щэджащэ!
Нэм къыхуэмыщтэу хыжькуий зеуапIэ!
Зи кIуапIэ мыгъуэр къысхуэмыгъуэтыр
Мэуэтей хэкуу си лъахэ уардэрщ...
Си адэ дыщэу ди лъэпкъ тхьэмадэ,
Мы хытIыгу жыжьэм уи пхъур йокIуадэ.
СымыкIуэдыпэу, фыкъыслъыгъуази,
НэбгъузкIэ мыхъуми, сызыIувгъаплъэ.
Зынызоплъыхьри, си хъуреягъыу
Щхьэм имызагъэр псы гущIыIу джафэщ.
Уафэмрэ хымрэ щызэхуэкIуэжым
Си гукъэкIыжхэр нысфIыдозашэ.
ИкIыжыпIэншэу мы щIыпIэ жагъуэм
БэмпIэгъуэ уэфыр си гум щытохэ.
Нэр къызэтесхмэ, — гуIэр си махуэу,
ЗэтеспIэжамэ, — пщIыхьхэр си хьэщIэу,
Си гъащIэ тIэкIур мыбы щызухмэ,
Хэт къыпщыжынур уэ, си къуэ закъуэ!..
Гуныкъуэгъуэшхуэр къыдэзытахэм
Тхьэхэр къеуэну куэдрэ солъаIуэ!
Ахэм уедаIуэу мы Iуэху щIэпхъаджэр
Джэгъэтеипщым щхьэ блэжьыфа?
Уи бгъафэщIэлъу псэм упэзыщIыр
Уэ къыпщIэбэгыуи щхьэ къэбгъэна?..
Губгъэн къысхуэпщIымкIэ сызэрыкъабзэр
Пэжыр зыгъабзэу тхьэхэм къыздащIэ.
ЩхьэлъащIэу зи лIым сыткIи хуэхейхэм

Сыранэхъ лейкIэ, уащхъуэр си тобэщ!..
Уоу, Псатхьэ! Хы тхьэрыкъуэхэм я макъыр
Уэ цIыхум ейуэ къысщыбгъэхъурэ?.. Хьэмэ
Мы щIыпIэ бзаджэм сэ сыкъилъыхъуэну
Зыгуэр къэкIуа?.. ГуфIэгъуэт ар си дежкIэ...

*(Джэ макъыр нэхъ гъунэгъу къохъу.)*

ЦIыху макъщ ар, шэч хэмылъу... Зэ... Сыджэнти...

Т ы р г ъ э т а у и «Ей-ей-ей!» жеIэри мэгуо. Зытэлай дэкIауэ, Ш а б з э з е х ь э къыкъуокI. Ар къелъагъури, Т ы р г ъ э т а у э къоскIэ.

Ш а б з э з е х ь э
*(Т ы р г ъ э т а у э гу лъетэри)*

Уоу, Тыргъэтауэ! Уи псэр щымыIэжу
Къысщыхъури, си гур кIэзызат, арщхьэкIэ,
Си пащхьэм уиту узолъагъури, фIыщIэр
Зей тхьэхэм ину сахуохъуахъуэ!



Т ы р г ъ э т а у э
*(темыпыIэжу)*

ПсынщIэу
КъызжеIэт: сытхэр щыхъыбар ди хэкум?

Ш а б з э з е х ь э

Си гуапэт уи гур сщIыну фIы... арщхьэкIэ
Сесакъым пцIы сыупсу... Тыргъэтауэ...
Сэ... хуабжьу хъыбар гуауэщ... къыпхуэсхьахэр...

Т ы р г ъ э т а у э къоскIэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Хъыбар гуауи?! Аргуэру гуауэ къысщыщIауи?!.
Сыт хуэдэ?!. ЖыIэт, Шабзэзехьэ, — жыIэт!..

Ш а б з э з е х ь э

АтIэ, гъэбыдэ уи гур, Тыргъэтауэ...
Зэгуэрым си жьэ пэж къыжьэдэкIамэ, —

ЕтIуанэщ бжесIэр... Джэгъэтей щIэх дыдэу
Уихуащ уэ и гум. Босфор пцышхуэм и пхъур
Щхьэгъусэ ищIри, нэми псэми хуихьу,
Зыкъомрэ дэпсэуащ... ИтIанэ зэуэ
Гурыщхъуэ хуищIри фи къуэ Джатэгъазэ
ЩIасэлIу иIэу и нысащIэ дахэм...
Гуузу иукIащ абы...

Т ы р г ъ э т а у э
*(макъ лъагэкIэ)*

Хэт?!

Ш а б з э з е х ь э

Фи къуэр!..

Т ы р г ъ э т а у э
*(губжь щIэлъу)*



ПцIыщ жыпIэр, гущIэгъуншэ!.. Джатэгъазэ
Апхуэдэ напэншагъэ хузехьэнкъым.
И бын иукIыжыну Джэгъэтей
ЛъэкIынкъым!..

Ш а б з э з е х ь э

ЛъэкIагъэххэщ.

Т ы р г ъ э т а у э

Пэжкъым!..

Ш а б з э з е х ь э

Уащхъуэ!
ЖысIам зы псалъи хэзмылъхьа сэ пцIыуэ!

*(Д ж а т э г ъ а з э и джанэ лъы защIэр гуфIакIэм къыдихыурэ)*

Уи фIэщ мыхъуамэ, еплъ зэгуэр уэр дыдэм
Хуэбда и джанэм... Мисыр ар... Лъы защIэщ.

Т ы р г ъ э т а у э
*(джанэр къыIехри, къызэпиплъыхьурэ)*

Ар дауэ, тхьэхэ?

*(гухэщIу, макъ лъагэкIэ)*

Дауэ, дауэ, дауэ?!!

*(къызэфIощахэ, зэщыджэу гъыуэрэ)*

ИщIамкIэ щIегъуэжакъэ пщыр?

Ш а б з э з е х ь э

Цы налъи
Хэхуауэ къыщыхъуатэкъым... АрщхьэкIэ,
НысащIэ къишэжам зыщиукIыжым,
Мис ар хуэхьакъым: икIащ и акъылым...
Фи щIалэр фIыуэ зылъэгъуа ГущIаси
Хы лъащIэм зыдихьащ и лъагъуныгъэр...
Уи адэри...



Т ы р г ъ э т а у э

Сыт... си адэр?!..

Ш а б з э з е х ь э

Уи адэр
НэкIуат къищIэну Iуэхум и пэжыпIэр...
Гуузу ари яукIащ.

Т ы р г ъ э т а у э

Уоу, тхьэхэ!..

Ш а б з э з е х ь э

А къомыр щекIуэкIащ ди пщыгъуэм... гъэру
ХытIыгум ущыIэхукIэ, Тыргъэтауэ.

Т ы ρ г ъ э т а у э
*(Гъыныр печри, къызэфIоувэ. Губжь хэлъу)*

Iахакъэ Джэгъэтей иджыри пщыгъуэр?

Ш а б з э з е х ь э

Iахакъым. Ауэ, цIэр зэрихьэ щхьэкIэ,
БлыгущIэтхэрщ хабзэр зезыгъакIуэр зэкIэ.
Пщыр сыт, — алыджхэр зыхуей дыдэм хуэдэщ:
Сабий акъылу къэнэжащи, пыпхэу
Щэтир къигъэсэбэпурэ, зыхуейхэр
Щелэжьыр Синдей пщыгъуэм… Армыхъуамэ
Куэд щIат ипхъу дахэм хэкIа и псэм пэкIуэу
А пщышхуэм Джэгъэтей зэриукIыжрэ.

Т ы ρ г ъ э т а у э

Ар дауэ, — синдхэм ямыIэжрэ хабзэ?
Е хабзэр лейуэ къащыхъужрэ ахэм?



Ш а б з э з е х ь э

Зэманым псори ихъуэжащ.

Т ы ρ г ъ э т а у э

БлыгущIэтхэм
Сыт жаIэр?

Ш а б з э з е х ь э

Арэзыхэщ псомкIи.

Т ы ρ г ъ э т а у э

Ахэр
Щытащ къысхуэмыIейуэ…

Ш а б з э з е х ь э

Уэ къыпхуэфIу

Щыта блыгущӀэтхэр...

Т ы р г ъ э т а у э

Сыт?

Ш а б з э з е х ь э

ЩыӀэжкъым... Псори
НэгъуэщӀщ иджы.

Т ы р г ъ э т а у э

Ар дауэ?

Ш а б з э з е х ь э

Босфорыпщым
Унафэ къахуищӀам ебэкъуэфыну
Къэнакъым зыри...



*(и макъым зрегъэӀэтри )*

ПщӀэуэ пӀэрэ хэтми
А къомыр зи Ӏэужьыр?.. Шабзэзехьэщ!
Сэращ! Псэлъэну дзыхь зымыщӀ, дэуэну
Зи гущхьэ къэмыкӀыххэу пщым и гугъэ
И къуэш нэхъыщӀэрщ уи лъыр зыщӀэжыну
Къалэн зыщызыщӀар... Уоу, Тыргъэтауэ!
Уэ пщӀэркъым мы си гущӀэр къигъэнэхуу
Щэху ин зэрыпхузесхьэр. Къадыгъуарэ
ГъэпщкӀуа зэпыту кърахьэкӀ налкъуту
Сохъумэ сэ а щэхур нобэм къэскӀэ.
Иджы схуэшэчыжынукъым бжезмыӀэу...
ЗэгъащӀэ, Тыргъэтауэ: лъагъуныгъэр
Нурыбэ щхъуэкӀэплъыкӀэу сэри схуоблэ.
ЗэгъащӀэ: зэщисыкӀыу блэ а нурыр
Уэращ къызыбгъэдэкӀыр. Уи дахагъэрщ!..
Гурыхькъым, зэрыплъагъуэщи, сэ си теплъэр.
СощӀэж ар фӀыуэ: сэ сынэджэӀуджэщ.
ЩӀыхухъу зэкӀужым зэуэ къыхуэгъуэтыр
Сэ схуэдэхэм къалъыхъуэ зэман куэдкӀэ.

АрщхьэкIэ, лъэIэсамэ гугъэм я Iэр,
ЯгъафIэ ахэм къалъысар. ЯIэтыр,
Тхьэ гуэру къащыхъужу!.. Тыргъэтауэ!
ГухэлъкIэ сызыдэгъэгуаши, Уащхъуэ
Мыващхъуэ кIанэ, хьэ самырым хуэдэу
СхъумэнкIэ сэ уи гъащIэр!

Т ы р г ъ э т а у э
*(гущыкIкIэ гъэнщIауэ)*

Мыбы нэскIэ
Ара укъыщIэкIуар уэ?

Ш а б з э з е х ь э

Аркъудейкъым... Дауи,
Нэхъыщхьэр лъагъуныгъэрщ, Тыргъэтауэ...
Си къуэшым и унафэкIэ мы щIыпIэ
Шынагъуэм укъашауэ къыщысщIам, сэ
ЖысIат: «Ирелъэлъэж Синдей ди пщыгъуэу
Си лъагъуныгъэр зымыхъумэфари!
Ирегузасэ си къуэш а Iуэхугъуэр
И пщыгъуэм щхьэкIэ зыхуэлэжьыфари!»
ИкIи согъэпэжыр а жысIахэр:
Согуэш нэщIэбжьэр! Гуауэр! Лейр! Залымыгъэр!..
Зэрызогъэшххэр! ЗэрызогъэукIхэр!..
Сыкъамылъагъуу! Щэхуу! Сахукъуэплъу!
Сыщыгъуэу фэкIэ! ГукIэ сыдыхьэшхыу!..

*(Т ы р г ъ э т а у э зэрыщытыр щогъупщэжри, хъийм йокI: топкIэ-тоуэ, мэдалъэ, мэкIий, уигъэшынэу мэдыхьэших... итIанэ Т ы р г ъ э т а у э зэрыщытыр къещIэжри, нэхъ тосабырэж.)*

Уэр щхьэкIэщ апхуэдизыр сэ щIэзгъахъэр.
Уэращ, уэра!.. Уи жагъуэ зыщIыфахэм
ХьэзабхэмыкIыу язогъэхь я гъащIэр!..

*(аргуэру и макъым зрегъэIэтыж)*

КъащIэнщ мыгувэу синдхэм Шабзэзехьэ
ЗищIысыр хэтми. Хахкъым зэи ахэм
ЩIасэкъуэ пщыуэ!.. Хабзэщ, хабзэ!.. Хэти

Сэ нэхърэ нэхъ къаштэнущ!.. НтIэ, синдхэ,
Иджы фыпэплъэ фэ си нейм!..

*(Т ы р г ъ э т а у э къыхуоплъэкIри, щабэу)*

Уэр папщIэ
Сэ си псэм себлэжынукъым... Ухуеймэ,
Уи гъусэу сыкъэнэнщ мы щIыпIэ бзаджэм.
АтIэми, щыIэщ нэгъуэщI зы хэкIыпIи,
Мис ар къыздэпIыгъамэ...

Т ы р г ъ э т а у э

Ар сыт хуэдэ?

Ш а б з э з е х ь э

Куэд мыщIэу лъэлъэжынущ Синдей пщыгъуэр.
Лъэлъэнурэ, Босфорым IэщIыхьэнущ.
Ди лъэпкъ зызыгъэхъыжьэм и къурш лъахэм
ТIасхъапIэу иIэр щэхуу сэ алыджхэм
Сэтей къахуэсщIри, Iуэхур зэрыхъунум
Щэтир си гъусэу дытепсэлъыхьакIэщ.
ЖесIахэм пэкIуэу Синдейр си IэмыщIэ
Къихуэнущ, Тыргъэтауэ. Сэ куэд щIауэ
А гугъэр щызогъафIэ си гу лъащIэм...
Иджы мэуэтхэр уэ къэбгъэдэIуарэ
Хуэм-хуэмурэ тепшамэ а ди лъагъуэм,
ИтIанэ дыпсэунут хъугъуэфIыгъуэм
Дыхэсу уэрэ сэрэ... Арщи, жыIэ, —
Щэтир къыпоплъэ уи жэуапым... ЖыIэ!

Т ы р г ъ э т а у э

Ара уэ узилIыкIуэр?

Ш а б з э з е х ь э

*(нэгъуэщIу зыкъызэредзэкIри)*

Хьэуэ! Си щхьэрщ!..
ЖысIамкIэ уарэзымэ — тенджыз Iуфэм
Хьэзыру Iутщ ди кхъуафэжьейр...

*(и хьэджэсэм йопхъуэри)*

Армырмэ!..

Т ы р г ъ э т а у э

*(мурад гуэр зэрищIар и нэгум къищу)*

Сэ... сыарэзыщ.

Ш а б з э з е х ь э

Тхьэ Iуэ.

Т ы р г ъ э т а у э

*(макъ щабэкIэ)*

Уоу, Шабзэзехьэ!
ЦIыху фIыуэ плъагъум жиIэр тхьэрыIуапIэм
ЩаIуатэм хуэдэу къыпщыхъунырщ, дауи,
Зэджэжыр лъагъуныгъэкIэ... Си гущIэм
Нэсащ уэ псалъэу къызжепIар. Тхьэ инхэм
Уэращ щхьэгъусэу къысхуагъэфэщари,
Къалэну собжыр арэзы сыхъуныр...

Т ы р г ъ э т а у э Ш а б з э з е х ь э зыхуигъэфэрыщIурэ къегъапцIэри еукI.

Т ы р г ъ э т а у э

Пхуэфащэр къыплъысащ уэ, хьэщхьэвылъэ!

*(жыжьаплъэу)*

Иджы а кхъуафэжьейр сэ къэзгъуэтынщи...

*(нэщхъейуэ, ауэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу)*

ЛъыщIэж гъуэгуанэм сытехьэнщ...

*(Д ж а т э г ъ а з э и джанэр къещтэж, ба хуещIри, уэгум зыхуегъазэ.)*

Уо тхьэхэ!
Фи щIагъ сыщIэту лъыщIэж псалъэ сотыр:
Си адэ! Си къуэ! Си лъэпкъ насыпыншэ!

Мо фӀейм къысхуиӀуэтахэр пэжу щытмэ,
Тхьэ соӀуэ, сэ сщӀэжыну фи лъыр лъыкӀэ!..

Ӏупхъуэ

**Тезыр**

## ЕТХУАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Д ж э г ъ э т е й и быдапӀэрщ. Зэрегъэфа гуэрхэм я зэрызехьэ макъ жэщым къыхоӀукӀ. Хьэлъэу бакъуэурэ Джэгъэтей къохьэ. КъыпхуэмыцӀыхужыным хуэдизу жьыфэ къытеуащ, зэщӀэтхъуащ.

Д ж э г ъ э т е й

Ефащ аргуэру си блыгущӀэтхэр... Псори
Зеуалэу чэфщ быдапӀэм дэсыр... ШхуэӀур
ИӀыгъкъым зыми... щхьэж игу къихьэр ещӀэ...
Аращ-тӀэ: я пщыр я джэгуалъэ хъужмэ,
Апхуэдэу къызэхонэ...



*(ЩӀыкӀэншэу зыгуэрхэр мэдыхьэшх.)*

... цӀыху щыкӀахэр...

*(И тхьэкӀумэхэр ӀэгукӀэ зэхуещӀри, тэлайкӀэ апхуэдэу щытщ...)*

Сэ, мисыр... си щхьэр узым фӀех... ЗыщӀыпӀи
Щызгъуэткъым егъэзыпӀэ. Псори лъыкӀэ
Зыгуэрым ириӀащ... Плъыжьыбзэу... лъыкӀэ...
Зы жэщ нэхъ мыхъуми ӀэфӀу сыжеямэ,
Псэхунут си гур. Ауэ хъуркъым... ЦӀыхухэм
ЗэпхыжаӀыкӀыу зэхызохыр я пщыр
ИкӀауэ и акъылым... Пэжу пӀэрэ?..
Ди хэкур си зэранкӀэ алыдж лъабжьэм
ЩӀэхуауи жаӀэ... Пэжу пӀэрэ?..
Жэуапхэр къызохьэкӀ сэр дыдэм, ауэ
Си закъуэщ щымыгъуазэр ахэм, дауи...
Шынагъуэщ мы дунейр. УлъапцӀэу губгъуэ
Баналъэм къыщыбжыхьым хуэдэщ гъащӀэ
Абы щепхьэкӀри. Уи лъэгуитӀыр банэ
Хуэмызэу я зэхуакухэм удэжыфу
Уесамэ, уи насыпщи, — жэ... Армырмэ,

Шыныджэм ещхьу, уи гур къиузыкIрэ
КъигъыкIыу укъытонэ гъащIэ ныджэм…
Сэ сэщхьу… УмылIа-улIа пэлъытэу…
Псэхэхым нэхъ хъуэпсапIэ уимыIэжу…

*(кууэ хощэтыкIри)*

Зи пщыгъуэм хуимытыж пщы гуэр щыIамэ,
Сэ, мис, сриетIуанэщ! Залымыгъэу
ИщIахэр псэкIэ зыпшыныж псэуамэ,
Абы срещхьщ сэ! Зигу уIэгъэм шыгъур
ГущIэгъу хэмылъу зыхутраудэ
Мы щIым тетамэ, сэри сыапхуэдэщ!..

*(макъ IэтакIэ)*

Уоу, Тыргъэтауэ! КъысщIэкIуакъым лейуэ
ПкIэлъызесхьахэр. УмыцIыхубз хейуэ
Сэ Шабзэзехьэ къызжиIахэр зэи
СхуэщIатэкъым си фIэщ. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ,
Тепщэгъуэр сIэщIахынкIэ сышынати,
Злэжьащ а Iуэху щIэпхъаджэр, армыхъуамэ
Уи щIыфэ сэр нэмыщI лъэбгъэIэсауэ
Хъыбар зыIуатэм къытесхьа шэчыбэр
Хуэхъунут и хъумакIуэ ди насыпым…

*(тIэкIурэ щыму щыса нэужь)*

НэщIэбжьэ Iэджи сыхуэзащ иужькIи,
Нэхъ гуауэ ини ишэчащ мы си гум,
АрщхьэкIэ ахэм я къежьапIэр, дауи,
А лейр щызесхьа махуэрщ, Тыргъэтауэ.
Абдежщ къыщыщIидзар налкъутналмэсу
Зэхэлъ си гъащIэр къызэтещэхэным.
Абы кърикIуа псом сегупсысыжмэ,
Мы си псэр зэщIодие. Нэхэр зэуэ
СоуфIыцI, пщIыхьэпIэу къызыфIэзгъэщIыну…
АрщхьэкIэ къызодауэхэр жэщ къэскIэ
Си пщыгъуэм текIуэдахэр… Хьэдэджадэ
Мэхъужри, ахэм къагъэзэж быдапIэм…

*(ЩIым къыщIэIукI хуэдэ, пшыналъэ хэша къоIу. Д ж э г ъ э т е й къоскIэри, лъэныкъуэкIэ маплъэ, зэуи и Iэр абыкIэ еший.)*

Мес! КъокIуэхэр! ЩIы фIыцIэр зэгуэкIауэ,
КъыдокI зэкIэлъхьэужьу...

*(къотэджри, макъ IэтакIэ)*

Тыргъэтауэ!
Упсэущ уэ, сощIэ. ЩIым утетщ иджыри.
АтIэ, зыпхузогъазэ тхьэхэм зыри
КъимыкIыу сащIелъэIумкIэ: псынщIэIуэу
Мы къомым саIэщIэх!..

*(макъ ехуэхакIэ)*

Зэхэпхкъым уэри.
Е плъэкIыркъым бгъэгъуну лейр... Узахуэщ...



*(лъэныкъуэкIэ маплъэри)*

КъысхуокIуэ хьэдэджадэхэр!... Къэсахэщ!..
Ажалым зи псэр кърихуэкI дыгъужьым
Щхьэщохьэ бгъэхэр, еуIуну и гум!..

Джэбын зэшэкIа хьэдэджадэхэр къонахуэ. Уагъэшынэу фагъуэхэщ, къыщакIухькIэ хьэуам щесхэу къыпщохъу. Уеплъыпэмэ, ахэр къыбоцIыхуж: Шупашэ, Адисэ, Джатэгъазэ, ГущIасэ сымэщ. Пщыр здикIуэтым, къызоплъэкIри, — нэгъуэщI хьэдэджадэхэр и щIыбагъым къыдохьэ. Ахэр Д ж э г ъ э т е й и унафэкIэ яукIа блыгущIэтхэмрэ Б з э р э б з а б э р э щ.

Ш у п а ш э

Аргуэру дыкъэкIуащ уи деж. Иджыри
Ар дыдэмкIэ дыхуейщ дыноупщIыну.
КъыджеIэ, Джэгъэтей: сыт лажьэр диIэу
Апхуэдиз цIыху дебгъэукIа? КъыджеIэ!

Щ э д ж а щ э

Дэрати синдхэр пщыгъуэ зэлъыкъуэту
Уи адэ Дыщэтаж щызэгуигъэхьэм
Ныбжьэгъу нэхъ пажэу игъуэтар...

Т х ь э д з э ш у

Дэрати.
Уи адэр щылIэм, «Чэнджэщ пэж ухуеймэ,
ЕупщI мыбыхэм» жыхуиIар...

Б э р а у э

Дэрати.
Зи хэкур, зи цIыху напэр сытым дежи
Псэм япэ изыгъэщу къыббгъэдэтыр...

Б з э р э б з а б э

Сэрати жыпIа псалъэр тIу имыщIу
Тетар уи жыхафэгум илъэс куэдкIэ...

П с о м и

*(зыжьэу)*

ИтIани уи унафэкIэ гуузу
Хахащ дэ ди псэр... Абы и тезыру
Ирехъу бэлыхьхэмыкI къыпхуэна гъащIэр!..

Д ж э г ъ э т е й зэфIэщэхарэ лъэгуажьэмыщхьэу утыкум исщ. Зызэхуешэ, жаIэм елъытауэ и нэгум зехъуэж. И щытыкIэ псом къегъэлъагъуэ ар и акъылым зэримытыжыр.

А д и с э

КъэдаIуэ, Джэгъэтей... Сэ лъагъуныгъэ
ЗыхуэсщIа цIыхум сыщепцIыжа махуэ
Къэхъуауэ зыми хужыIэнкъым. Ауэ,
Тхьэ инхэм дызэхахыу ныбжызоIэ:
Сэ уэ ныпхузиIакъым лъагъуныгъэ!
А дякум къыдэхъуамкIи зы мэскъалкIэ
Сыкъуаншэу зыслъытэжкъым... Пэжщ, убжьыфIэт,
Зи фIыгъуэ уцIыхухъут уэ абы щыгъуэ.
Уащыщтэкъым зыблэхъуэпсыкIхэм... Ауэ
Дунейм зы цIыху тетакъым икIи теткъым
Игу и бгъэм илъым зыхуишэнур ищIэу...
И пщыгъуэр нэхъри иIэтын мурадкIэ
Си адэм уэ пIэщхьэгъу сыныпхуищIами,
СлъэкIакъым псэгъу зыныпхуэсщIыну... Ауэ,

Хьэщыкъ сыхуэхъури уи къуэ... Джатэгъазэ...
Зэманыр бдесхьэкІащ... ар слъагъу зэпыту
БыдапІэм сызэрыдэс закъуэр си псэм
ПыІэгъуэ хуэхъурэ гугъэм я нэхъ дахэр
ЩызгъафІэу си гу лъащІэм... Ахъумэ, си щхьэр
Хэслъхьэнуми, Босфорым згъэзэжынут...
ЦІыху цІыкІум хабзэу зэхалъхьам тепщІыхьмэ,
Злэжьащ сэ емыкІушхуэ. Ауэ хабзэу
Дунейм щызекІуэм я нэхъ къабзэр уи гум
Къиухэсырщ. КъиІущэщырщ. Къиубзэрэбзырщ...
Гум жиІэм цІыхур емыдаІуэу щытмэ,
Абы пцІы хуеупсыжыр и щхьэм. Аурэ,
А пцІым йосэжри, игу зэгъарэ гъащІэм
И купщІэм нэмысауэ псэм къебгынэ...
Сэ сщІэрт къызэрагъуэт ІэфІыпІэ щэхуу
ЦІыху гъащІэм хэлъыр... Ауэ гуэгъу усхуэхъури,
А псори, мис, — къэлъэлъэжащ... Гуэныхьу
Уэ сэркІэ птелъыр ягъэгъункъым тхьэхэм!..



Г у щ І а с э

КъэдаІуэ, Джэгъэтей. Сэ уи зэранкІэ
Дунейр си фІыгъуэу къэзбгынащ. ЩІалэгъуэм
И ІэфІыр нэсу зыхэзмыщІэу, си пкъыр
Хы фІыцІэм игъэпщкІуащ... Сырещхьт сэ пцІащхъуэ
Зи дамэхэр нэхъ пасэу къэжэпхъауэ
Уэгу къащхъуэм щыбзэрабзэм. Си уэрэдхэм
ЩызгъафІэр зыт сэ: Джатэгъазэ! Ауэ
ГъащІитІ къызэдэгъагъэр ипщІыкІащ уэ...
Иджы дыщыІэщ хьэдрыхэжь щІыІэм,
ГуІэнэпс гуащІэр щыщІэдгъэкІ зэпыту,
Уэ уи къуэ Джатэгъазэ сэрэ... БампІэу
Дэ тІум хьэдрыхэ щыдгъэв псор хьэзабкІэ
СфІэзахуэщ, Джэгъэтей, упшыныжыну...

Д ж а т э г ъ а з э

Си адэ... ПщІэжрэ Іэ къыдэплъэу си щхьэм
Уи куэщІ сибгъэсу щыщыта зэманыр?
КъысфІэщІт сэ абы щыгъуэ уэр нэхъыфІу
Зи бын зылъагъуж адэ щІым темыту.
Къысщыхъут уэр нэхърэ нэхъ къару, нэхъ хахуэ

ИгъащIэм щIэмытауэ уафэ щIагъым.
Сытетт дунейм, абыкIэ си гур згъэфIрэ
Къыспэплъэ си мыгугъэу зы шынагъуи...
АрщхьэкIэ а зэгуэр къыздэплъа уи Iэм
Хихащ сэ си псэр... Къыптехуа тезырыр
Сэ уэ пщхьэщысхыфынукъым, си адэ...

Ш у п а ш э
*(макъ шынагъуэкIэ)*

Шэчыж, атIэ, лIыукI! Шэчыж тезырыр!

Х ь э д э д ж а д э х э м
*(Д ж э г ъ э т е й и хъуреягъыр къакIухьурэ)*

Шэчыж!.. Шэчыж!.. Шэчыж, лIыукI, тезырыр!..

И щхьэр щIихъумауэ зэфIэс Д ж э г ъ э т е й хуэмурэ къыбгъэдокIуэтыжри, хьэдэджадэхэр мэбзэхыж... Д ж э г ъ э т е й зытэлайкIэ зэщыджэу зэфIэсщ, ауэ и щхьэр къыщиIэткIэ, зэщыджэр дыхьэшхым хуокIуэж, итIанэ зэуэ къызэхоуэри, хьэдэджадэхэр къилъыхъуэу щIедзэ.



Д ж э г ъ э т е й

Адисэ?!. Дэнэ кIуа?!. Си щIалэ?!. Си къуэ?!.
Зэ догуэ!.. Къэвгъэзэж!.. Сыкъэвмыгъанэ!..
Сыздэфшэ сэри хьэдрыхэ, си къуэ!..

Зыгуэрым и Iэр хуишийуэрэ йокI... Уащхъуэдэмыщхъуэу быдапIэм къытеуа мэуэтхэмрэ абы дэс алыджхэмрэ зэрызэзауэм и даущыр гъунэгъу къохъу. Зауэм и гуащIапIэм зэрыхэтар къапщIэрэ, мафIэр къыпех жыхуаIэм хуэдэу, джатэ пцIанэ зыIыгъ мэуэт зауэлIыр къолъадэ

М э у э т з а у э л I ы м
*(зэуэ зыкъеплъыхьри, гуфIэгъуэкIэ гъэнщIа макъкIэ)*

Мэуэтхэ!.. Дыдейщ быдапIэр!.. Дыдей хъуакIэщ!..

*(гуфIэгъуэр къыдаIыгъыу мэуэт зыбжанэ къолъадэ)*

Пщы бжаблэр мис, пщы бжаблэр!..

*(лъэныкъуэкIэ зегъазэри)*

Тыргъэтауэ!..

*(ЗауэлI хагъэщIам и гъуахъуэ макъ къоIу. Ар хэзыгъэщIар зэрыарар къапщIэу, и плIэидзэ къуапэмкIэ джатэр илъэщIыжурэ зауэлI фащэ зыщыгъ Т ы р г ъ э т а у э жыджэру къохьэ. Мэуэт зауэлIыр гуфIэу абы пожажьэ.)*

БыдапIэр зэрыщыту ди IэмыщIэ
КъихуакIэщ, Тыргъэтауэ! Зы алыджи
Псэ Iуту къыдэнакъым!..

Т ы р г ъ э т а у э
*(ткIиягъэ зыщIэлъ макъкIэ)*

Дэгъуэщ! Ауэ
ХъумакIуэхэм я закъуэу фи мыгугъэ
Дэсар мыбы алыджу. ЗагъэпщкIуауэ
Къыдощэ дэ иджыри куэд. Мис ахэр
Зыхуейщ а жыпIэр. Зыхуей дыдэщ! Зыри
БыдапIэм дэмысыжу къытщагъэхъурэ
Мэуэтхэр бэлэрыгъмэ, мис итIанэ
Флъагъунщ къызэрежажьэ.

М э у э т з а у э л I ы м
*(и гуфIэгъуэр текIуэтауэ)*

АтIэ, жыIэ, —
Дыпоплъэ уи унафэм.

Т ы р г ъ э т а у э

Мырщ унафэр!
Уи гупыр шэи, къэфтIысыхь мо мывэ
БыдапIэр икIэщIыпIэкIэ! Пщы бжаблэм
Дэт къомым арагъэнущ, шэч хэмылъу,
ГъэпщкIупIэ яхуэхъуари, — къэвубыд!..
Адрейуэ! Хы Iуфэр фхъумэ, фытемыплъэкъукIыу!
Босфорым IэщIыхьа Синд къэралыгъуэр
Апхуэдэу тыншу зыIэщIигъэкIыну
Фи гугъэмэ, — фыщоуэ... Синдхэм щхьэкIэ
ЖытIар-жытIащи, — зыри текIкъым!

М э у э т з а у э л І ы м

Синдхэм
Ди лІыкІуэр къаукІауэ, я лъэсыдзэр
КъытхуокІуэ дэ джатэ ихакІэ. Ахэр
Къэнащ Босфорым я лъэныкъуэу.
Дэри нэм къеІэм и псэм деІэжынущ!

Т ы р г ъ э т а у э
*(ткІийуэ)*

Нобэ
Къуэшылъ вгъэжэнкъым!

М э у э т з а у э л І ы м

Къыпхуизыхым джатэ
Къуэшылъ щІэтыжкъым!

Т ы р г ъ э т а у э



Куэдщ!.. Акъылыр япэ
Имыщмэ, Іуэхур псыхэкІуадэщ... Синдхэм
КъагъакІуэ а лъэсыдзэм сыпэплъэнщ сэ...
ГъэзащІэ ныбжесІар!..

М э у э т з а у э л І ы м

Сэ сокІуэ. Ауэ
А дзэм мэуэтхэр сфІапэуву щытмэ,
ИтІанэ сумыгъэкъуэншэж.

Т ы р г ъ э т а у э

КІуэ, псынщІэу!..

*(Мэуэт зауэлІыр зэуэ йокІ... Т ы р г ъ э т а у э быдапІэр гуапэу къызэпеплъыхь.)*

Куэд си гум ІэфІу къагъэкІыж мы псоми...
Си нэгум къыщІохьэж махуэфІ блэкІауэ
Къэгъазэ зимыІэжхэр...

*(Д ж э г ъ э т е й и дыхьэшх макъ къоIу)*

Мы жэщ бзаджэм...
Ар хэту пIэрэ... а дыхьэшхри?.. Месыр!..

Лъэныкъуэ зрегъэз... И Iэр зыгуэрурэ ищIым, ар зэрищIым иридыхьэшхыжурэ, Д ж э г ъ э т е й къохьэ.

Д ж э г ъ э т е й
*(Т ы р г ъ э т а у э гу лъитэркъым)*

Ей, цIыхухэ! Мис: лIыукI фымылъэгъуамэ,
Фыкъаплъэ, — ар сэращ, сэра!.. Лъыкъуалэм
Сыхэсщ зыхызогъапскIэри!.. Щхьэ къупщхьэу
И щIыIум Iэджи щызэрехьэ... Месыр!..

*(Дыхьэшхыр зэуэ печри, къызэхоуэ. И макъыр кIэзызурэ)*

Мор си къуэм ейщ... Си щIалэм... Джатэгъазэ...
СощIэж сэ ар щыпызупщIар... Зэ уэгъуэ...
Зэ уэгъуэ закъуэ...



*(Т ы р г ъ э т а у э джатэ пцIанэр иIыгъыу къыжьэхохьэ... Д ж э г ъ э т е й йокIуэт.)*

Тыр-гъэ-та-уэ?!

Гузэвэгъуэмрэ тхьэмыщкIагъэмрэ и нэгум къищу зэщIокIуэ, зехущыхь. И щытыкIэ псор гущIэгъум щIолъэIури, узыпэщIэувэн зэрыхэмылъыжыр наIуэщ.

Т ы р г ъ э т а у э

Уоу, тхьэ инхэ!
Фэ фощIэ сэ тхьэрыIуэм я нэхъ ину
ЛъыщIэж тхьэрыIуэр зэрыстелъыр. Ауэ
Си бийр хьэдэ пэлъытэщ... Зилъ мыщIэжу
Къэнахэм я псэр хьэдрыхэжь щIыIэм
Къивмынэ гызрэ гурымыжу, тхьэхэ!

Джатэр зыIэщIегъэху. Ар Д ж э г ъ э т е й къепхъуатэри... зэуэ зыхеIуж. ЗыхеIужри, и гур псэхужа хуэдэ, гъэщIэгъуэну къыхощэIукI. Т ы р г ъ э т а у э жауэ щытщ.

Д ж э г ъ э т е й

*(и нэхэр зэрызэтепIам хуэдэу)*

Мэбзэх, арати... хы тхъурымбэм хуэдэу...

*(нэхъу-нэхъуу Т ы р г ъ э т а у э жьэхоплъэри)*

Уоу, Тыргъэтауэ!.. Къысхуэгъэгъу...

*(зэфIощахэри, Т ы р г ъ э т а у э зытет лъагапIэм худэплъейуэрэ)*

Щыуагъэу
Зэхэлъщ мы дунеижьыр... Тыр-гъэ-та-уэ...

Т ы р г ъ э т а у э хуэIэбэурэ малIэ... ПщIыхь куум къыхэкIыжа хуэдэ, Т ы р г ъ э т а у э къоскIэри, зэуэ хьэдэм хуоплъых, итIанэ тоIэбэ.

Т ы р г ъ э т а у э

Мыр... хьэдэщ... Хьэ-дэ... Дауэ?.. Хэт?.. Сэрамэ?..
Ар пэжкъым!.. Ауэ?..

*(Д ж э г ъ э т е й зэрызиукIыжа джатэр къещтэри)*



Мис!.. Сэращ!.. Си джатэрщ!..
Ар дауэ?!.

*(Джатэр хыфIедзэри)*

Хьэуэ!..

*(лъы защIэ хъуа и Iэгум еплъыжурэ)*

Ауэ лъым... Си Iэгур...
Си Iэгур плъыжьу къриIащ...

*(гуфIэну хэту)*

Аращ, ара, —
СщIэжащ сэ филъ, си адэ! Си къуэ!..

*(и гуфIэр гуIэм хуэкIуэжурэ)*

Ауэ
Мы си гур лъыкIэ сэри къызодауэ...

*(хьэдэм щхьэщотIысхьэри, гуIэм къыхэIукI макъкIэ)*

Уоу, сыту гугъу уIэщIэкIыну гъащIэм
Зэгуэр къыщылында а мафIэ гуащIэр
Зыхъумэ уи гум. Мис, — зыхуэмышыIэу,
Абы лъы нэпс щIегъэкI. Мэгыз. МэгуIэ...

Хьэдэм тощIэ... ГущIэм епIэстхъ гыз макъым и толъкъуным хэту хорыр къохьэри, Т ы р г ъ э т а у э къаувыхь.

Х о р ы м

*(я Iэхэр уэгум етауэ)*

ГуIэгъуэ махуэр зи Iэужьу тхьэхэ!
ЩIыху хейр мыпхуэдэу щхьэ къевгъэпыхьэхрэ?
Гухэлъым шхэпскIэ зы ищIа гъащIитIыр
Темыхуэу арат мы дуней хуитым?
Сыт лажьэр яIэу ахэм удын жагъуэр
Ятевдзэу фщIа фэ лъапсэкIуэд унагъуэр?!

Т ы р г ъ э т а у э

*(и щхьэр къеIэтри, гъыр щIэту)*



СиIэжкъым гъащIэр сэ схуэзыгъэдахэр.
КъэлъэлъэжакIэщ гугъэ нэху сиIахэр...
КъэплъэжкъыIм къысхуэгуфIэу щыта нитIыр.
Зыкъашиижкъым IэплIэ хуейуэ IитIым...
ЩIокI Iэпкълъэпкъ дахэм малъхъэдис хуабагъэу
Къызэзытар сэ Iэджэри гуапагъэ...
Тхьэ инхэу дунеижьыр зи Iущагъэ,
Ара хэфлъхьар цIыхупсэм фэ быдагъэу?
Сэ си гугъакъым апхуэдизу щIэхыу
Псэхэхыр хуаший тыгъэм къыхуевгъэхыу...
Ей, уэгум иту батэр зыгъэшыфхэ!
Псори зэлъэIуу зым емылъэIужхэ!
ФлъэкIынумэ, тхуифщIыкIи тIу мы си псэр,
КъэвутIыпщыж си лъагъуныгъэм и бзэр!..

Хьэдэм тощIэри, магъ.

Х о р ы м

Мы щIыгу фIыщIэжьу хуэмеижым дыгъэ
Щхьэ уэри утетыххэ, лъагъуныгъэ?!

10 Заказ №2209

Сыт цIыхухэм яхуэпшийуэрэ гуфIэгъуэ,
ЩIыхэпшэр ямыщIэххэурэ гуIэгъуэм?!
Е ахэр ауан щIыпIэу къэбгъуэтауэ
Я гу къэплъахэм уриджэгурэ?.. Дауэ
Мы дунеижьыр адкIэ зэрыхъунур?
НэхъыфI лъыхъуэну? Хьэмэ унэхъуну?..
Къэхъунур зыщIэр тхьэшхуэхэм я закъуэщ.
Къэхъуам тепщIыхьмэ, — къытпэщылъыр пшагъуэщ.
А пшагъуэм къыщалъыхъуэурэ хэкIыпIэ,
ХуокIуатэ цIыхухэр хухаха щыхупIэм...

Т ы р г ъ э т а у э

(*гъынанэурэ и щхьэр къеIэтри*)

Уоу, сыту абрэмывэу хьэлъэ гъащIэр,
НэщIыбзэу къыщыпхуэнэм деж и лъащIэр,
Къыщемыпсыжым деж бгъэфIа уи дыгъэр,
Щумыгъуэтыжым деж уи лъагъуныгъэр.
Мис: я гугъами схэлъу цIыхухъу лIыгъэ,
СыIэщIэкIыфкъым гуауэм ихь бзылъхугъэм!..



Х о р ы м

ГугъапIэ дыгъэр зытеункIыфIауэ
Бзылъхугъэ насыпыншэу Тыргъэтауэ,
Гу къуэпскIэ дуней фэбжьхэр зыгъэхъужыр
ИгъащIэми зэIэзэм къеукIыжыр.
Аращ уэ нобэ нэпскIэ къэппшыныжыр.
Аращ уэ псори щIыпфIэмыIэфIыжыр...

Т ы р г ъ э т а у э

(*здэщысым, и Iэхэр уэгум етауэ*)

Ей, Дыгъэ! Мылу зэщIэгъащтхьи щIыгур,
Къэгъачэ мы гуауэшхуэр зышэч си гур!
Ей, Щыблэ! ХъуэпскI! КъызэщIэгъуагъуи, — къауэ!
Си нитIыр схуэщI уэ ямылъагъужIауэ!
Мэзытхьэ! КъэутIыпщи хьэкIэкхъуэкIэр,
Мы си пкъыр егъэчатхъэ ахэм дзэкIэ!
Ахын! Мы хы щIыIэжьым хуэщI унафи,
БэмпIэгъуэр зытез щIыгур щIегъэлъафэ!
Ей, Уащхъуэ! Къэкъутэжи уафэ бзыгъэр,

Дунейр щIэгъэтIысыкI а уи кIыфIыгъэм!..

Х о р ы м

Зэхахыркъым тхьэ инхэм уи лъэIу-гъыбзэр.
ЩIэхъуэпскъым ахэр къыхахыну уи псэр...
Гуауэшхуэр къытехьэлъэми уи гъащIэм,
Апхуэдэу уи уахътым ухуэмыпIащIэ.
Борэным жыгыр ищIыми къудамэншэ,
ИIэхукIэ лъабжьэ, хъуркъым гугъапIэншэ...

*(Абы хэту мэуэтхэм ящыщ зы кIийуэ къолъадэ: «Синдхэр!». Мэуэтхэмрэ синдхэмрэ лъэныкъуэ зырызым къыкъуожри, джатэихакIэ зэхолъадэ... Хорым и макъым нэхъри зеIэт.)*

Мэуэтхэ! Синдхэ! ВгъэувыIэ зауэр:
Бзылъхугъэщ къывэлъэIур, — Тыргъэтауэщ!...

ЗауэлIхэр зэпокIуэтыж.



Т ы р г ъ э т а у э
*(хьэдэм щхьэщысу)*

Си лъэпкъым зиукIыжу слъагъун япэ,
Псэхэхыр къысхуэкIуэныр сэркIэ гуапэт.
ИтIанэ сынэкIуэнут сэ уи гъусэу
А цIыху къыздимыкIыжым, си щхьэгъусэ...
АрщхьэкIэ сэ псэхэхми къыспекIухьыр,
ФIэмащIэу си псэм ишэча бэлыхьыр...

*(Къотэджри, зауэлIхэм я зэхуаку къыдохьэ.)*

Уоу, зэхъуэ-зэщэу зэш-зэегъухэ! Сыту
Дырещхь дэ а зы Iэбэлагъым пыту
Iэпхъуамбэ зэкIэщIэкIхэм. Зэи зыкIи
ДэIуэгъу зэхуэмыхъуахэм. Зэи зыми
IэштIым имыщIыфахэм... ЗытхуэщIамэ,
Дэ бий къыттегушхуэнтэкъым итIанэ.
А зылI и быну дызэкъуэувауэ
Щытамэ, тхуегъэзынут хэти... Ауэ,
Дыпыту щытми а зы Iэбэлагъым,
ДищIащ щхьэхуэрыпсэу ди ерыщагъым.

Зи гугъу къамыщIхэр деплъу ди къуэш яшхым
Дыщысурэ, игъащIэми дыкъашхыр.
Ди лIакъуэр зыдэс псыхъуэм бийр къэмысмэ,
Адрейхэр ддэнущ лыгъей мафIэм исми...
Апхуэдэу дауэ дытетын дыгъужьым
И хабзэм тету псэу мы дунеижьым?
ГухэщIу диIэм нэхъри къахэхъуэнкъэ?
Адэжьхэм я нэхеи къыттехуэнкъэ?
Сыт нэхъ къыщIэтщтэр щхьэж зиугъуеижрэ
Зэхамэ дызыщI цIэхэр зыфIэтщыжмэ?
ЗымыщIэр хэт: щызэбгрыжмэ тафэм,
Шы гуартэр мэхъу дыгъужьхэмкIэ шхыгъуафIэ!
Аращ дызыхьри лъэпкъыр — зэш-зэдауэрщ,
Зэдауэ кIыхьхэр зэрыдухыж зауэрщ...

Синд зауэлIым

А жыпIэр ди фIэщ хъунут, Тыргъэтауэ,
Мы хьэдэр фи IэщIагъэу щымытамэ.
Аращи, дэкI мы ди зэхуакум! ДэкIи,
Дилъ синдхэм дыгъэщIэж мэуэтхэм ялъкIэ!



Мэуэт зауэлIым
*(къэлыбауэ)*

Мэуэтыр синдым щыпикIуэт къэхъуакъым!..

Тыргъэтауэ

Губжьарэ зи нэм лъыр къытелъэдауэ,
АжалкIэ зэхуэупсэ си лъэпкъэгъухэ,
Къуэшылъым фыщIэхъуэпсурэ, фэ хэкур
ХувощIыр шапэIудз ди биймаргуэру.

Синд зауэлIым

Ди хэку дэ тхуохъумэжри, дилъ мыщIэжу
Къэдгъанэуи ди хьэлкъым!.. Тыргъэтауэ.
Дэ, синдхэм, пщIэ пхудощI уэ. Ауэ хабзэр
Уэр щхьэкIи тхуэкъутэнукъым. Аращи,
Дэ — дылIщ! Мыр — Iэщэщ! Iэщэ игъэбзэфрэ
Бзылъхугъэ и кIэкъуагъ къыкъуэкIыфыну

ЛIы фхэтмэ, — къреув! Лъым пэкIуэр лъыщи, —
Мэуэтхэм ялъ!..

Синдхэм

Ялъ! Ялъ! Ялъ!..

Мэуэт зауэлIым
*(губжьыр къыщIэнарэ зызэтримыубыдэжыфу)*

Тыргъэтауэ!
ДэкI дякуми, мы ди Iэщэм хулъэкIынур
Я нэгум щIэдгъэгъэкI мы синдхэм!..

*(мэуэтхэм яхогуауэ)*

Ди лъым
ЩIэхъуэпсхэм ялъ!..



Мэуэтхэм

Ялъ! Ялъ! Ялъ!..

Тыргъэтауэ

*(макъ ехуэхакIэ)*

Хъунщ, фызахуэщ:
Лъыр лъыкIэщ зэрапшыныр. АфIэкIаи
Сэ фэ сыфпэрыуэнкъым. Ирырежэ
А лъы къэкъуалъэр. Ауэ зэш-зэзауэр
ЩIэддзэнщ ди хабзэм тету... Къафщтэ
Нэхъ папцIэу бжы зырызи, апхуэдизу
Лъыгъажэм нэхъ хуэпабгъэ зауэлIитIыр
Утыкум фыкъиувэ!.. Мис мыпхуэдэу...
Фи бжыщхьэхэр гъэщхъарэ зэхуэхъуапсэу...

*(бжыщхьитIыр Iэ зырызкIэ еубыдри, Iэдэбу)*

Уоу, тхьэхэ! ФщIы Iэмыр мыбдеж щыжэну
Лъыкъуалэ тыхьыр лъэпкъым хуэщхьэпэну...

*(Апхуэдэ лъэпкъ пэмыплъа зауэлIитIыр щыпхъуам, къэхъунур къэхъуагъэххэт: Т ы р г ъ э т а у э бжыщхьэ папцIэхэм зафIидзэжакIэт... Бжыщхьэхэм къафIэзыхыжа зауэлIитIым я Iэхэр зэрешалIэри.)*

Си гъащIэ мащIэр щыкъухьэж... мы махуэр...
Ирехъу ди хэку Iуэдыщэмкlэ... Iумахуэ...

*(Д ж э г ъ э т е й и хьэдэм къыхуэIэбэурэ)*

СынокIуэ сэ... СынокIуэ, Джатэгъазэ...
СынокIуэ, Джэгъэтей... Си псэгъу... Си щIасэ...

*(хьэдэм щхьэщагъэтIысхьэ)*

Щиубыдами... дунеижьым ди бзэр...
Щызэхурезэ... хьэдырыхэ... ди псэр...

Хьэдэм тощIэри малIэ... Гъыбзэм зеIэт...



Х о р ы м

Аращ зыхуишэр лъэпкъыр зэш-зэдауэм...

*(Гъыбзэм аргуэру зеIэтыж.)*

Уоу, сыту хьэлъэ быным яку дэлъ зауэр
Зыгъэв Хэку-анэм псэкIэ ишэч гуауэр...
Мыбдежым фэ фыщызэролIыр. МодкIэ
Босфорым ди хъыбар ялъэIэсащи,
Дзэ фIыцIэр къытхуэзышэ кхъухь кIыхьыжьхэр
КъытхуокIуэ, хы гущIыIур яуфэбгъуауэ...

*(зэлъэпкъэгъу зэпэщIэувахэм яхэплъэурэ)*

Уоу, сыту гуауэ... Сыту гуауэ... гуауэ...

ЗэпэщIэува мэуэтхэмрэ синдхэмрэ нэщхъкIэ «зэпыджу», ауэ я пIэ ижыхьауэ зэпэщытхэщ. Адрей персонажхэри хьейркъым... Гъыбзэм и закъуэщ къэхъунум нэхъ уезыгъэгупсысыр. Ижь-ижьыж зэманым къиIукI а гъыбзэм хуэм-хуэмурэ къыщIоувэ адыгэпсэ дэтхэнэми къигъыкI «ИстамбылакIуэр». Жыжьэ дыдэ къызэриIукIыр наIуэу. Псалъэншэу. ТхьэкIумэм къыхуэубыд къудейуэ. Гум ешыкъылIэу. Адыгэм ди лъэпкъпсо насыпыншагъэм и къуэпсхэр жыжьэ дыдэ къызэрыщежьэм щыхьэт техъуэу...

IупхъуэTION

# ПСАЛЪЭГЪЭНАХУЭ

*Алыдж* — эллин (пасэрей грек).

*Ахын* — пасэрей адыгэхэр хы ФIыцIэм и тхьэм, езы хым зэреджэу щыта фIэщыгъэцIэщ.

*БлыгущIэт* — тепщэм и чэнджэщэгъу, и къуэдзэ.

*Гум дэгъэфэн* — наIуэ умыщIу гурыгъуз гуэр зехьэн.

*Гъэрэщ* — гъэрхэр щаIыгъ.

*Дамэгъу* — къызэрыбгуэтымкIэ жэуаплыныгъэ зиIэ («союзник»).

*Даурхэр* — пасэм щыгъуэ Къърымыр зи хэкуу щыта лъэпкъыжьщ.

*Джэгугъуо* — джэгур зэхэзышэ.

*Джэж* — къыхуеджэныгъэ.

*Дзэшу* — шуудзэм щыщ зауэлI.

*ДзыхьщIэгъу* — уи дзыхь зэбгъэз хабзэ цIыху.

*Къуентхъ* — зауэм къащыIэрыхьэ мылъку, Iэщэ (трофей).

*Мэуэтхэр* — адыгэхэр къызытехъукIыжа лъэпкъым и зы къудамэщ. Пьесэр зытепсэлъыхь зэманым «зауэ хабзэ — демократ хабзэ» зэхэтыкIэкIэ зэджэм тету псэуахэщ.



*Псэр щIэджэн* — зыгуэрым хуабжьу зыгуэркIэ щыгугъыу щытын (взывать).

*ПсыIусхэр* — адыгэхэр къызытехъукIыжа лъэпкъым и зы къудамэщ (тхыдэ тхыгъэхэм зэрыхэтыр мыпхуэдэущ: «пссесы»).

*Пщхьэмыпэ* — ущIэгузэвэн Iуэху.

*Синдхэр* — адыгэхэр къызытехъукIыжа лъэпкъым и зы къудамэщ. Пьесэр зытепсэлъыхьхэр къыщыхъуа зэманым пщыгъуэ яIащ (Босфор-алыдж пщыгъуэм и унафэхэри щызекIуэу).

*Си уэредадэт* — «си гуфIэгъуэшхуэт» жыхуиIэщ.

*Тэхъуанэ* — пасэрей адыгэхэм я унэ лIэужьыгъуэ.

*Уащхъуэдэмыщхъуэу* — ямыщIэххэу, пэмыплъауэ.

*Уэлэуащэ* — зыгуэрым пыщIа, лъихьэ-лъикIыу щыт; пыхъуэпышэ, кIамэлъамэ.

*Унэидзэ* — ягъэбэлэрыгъыу зэрытеуэ щIыкIэ.

*Фызшу* — бзылъхугъэ зауэлI.

*Хэгъэгу* — хэку, лъахэ.

*ХэгъэщхьэIу* — хэку гъунапкъэ.

*Хыджащхьэ* — хым и гущIыIумрэ уафэмрэ щызэхуэкIуэжыр (горизонт).

*Хысыдж* — хы къиуам и толъкъун лъагэ (вал).

*ХытIыгу* — зи хъуреягъыр псым къиухь щIыналъэ (остров).

*Хыуалъэ* — толъкъун.

*Хыжькуий* — хым, хы Iуфэхэм къыщыхъу борэн-псыдзэ ин (шторм).

*ХыӀу* — кхъухь тедзапӀэ.
*Хьэдэджадэ* — лӀам и ныбжь, нэкъыфӀэщӀ.
*Хьэдрыхэ псалъэ* — хуабжьу бзыщӀын хуей щэху.
*Хъурзэ* — хыӀум кхъухьыр Ӏуимыхын щхьэкӀэ, кӀапсэм пыщӀауэ псым хадзэ хьэлъэ (якорь).
*ШуукӀэкъалэ* — дзэм и кӀэм ирагъэувэ шу гуп хэха (арьергард).
*Шуупэкъалэ* — дзапэм ирагъэувэ шу гуп хэха (авангард).
*Шушэс* — хэку ӀуэхукӀэ зэрызэщӀэшасэ щӀыкӀэ.
*Шынэ-шынэ* — удз лӀэужьыгъуэ (ромашка).
*ЩуӀэгъэфӀ* — щхьэгъусэ, унэгуащэ.
*ЩхьэлъащӀэ* — бзылъхугъэ.
*ЩӀасэ* — гухэлъ, лъагъуныгъэ.
*ЩӀасэкъуэ* — зэщхьэгъусэу щымытхэм зэдагъуэта къуэ.
*ӀэщэхуэфӀ* — Ӏэщэр фӀыуэ зыгъабзэ; лӀыхъужь.
*Ӏуэгу* — пщӀантӀэ.
*Ӏуэдыщэ* — адыгэм я хэку.

# ЗЭМАНУ ДАХЭ, СУМЫГЪЭПIАЩIЭ...



*Адыгэ усыгъэм и макъамэр нэхъ гуакIуэу, щабэу зыгъэIухэм ящыщщ бзылъхугъэ усакIуэхэр. Езы Ухыгъэм псэ пIащIэу къигъэщI бзылъхугъэм усэн, тхэн зэчийр щIыгъужмэ, абы художественнэ дуней дахэ, къабзэ къыпкърыкI хабзэщ. Апхуэдэщ Вындыжь Марие. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1950 гъэм августым и 18-м къыщалъхуащ – усакIуэщ, уэрэдусщ, радиожурналистщ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Урысей Артиадэм и лауреатщ, 1991 гъэ лъандэрэ Урысейм и ТхакIуэхэм, 2004 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ.*

*Марие и япэрей лэжьыгъэ IэнатIэм Тэрч куейм хыхьэ Ботэщей къуажэм щыпэрыуващ щытащ. Налшык дэт педагогикэ колледжым (педучилищэм) къыщIашри, еджэным хуэзыгъэхьэзыр классхэм щылэжьэну ягъэкIуауэ щытащ. 1978 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу Сэрмакъ къуажэм щылэжьащ.*

*1995 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадиокомпанием и редакторщ. 2002 гъэм журналистикэм хуищI хэлъхьэныгъэм, и лэжьыгъэфIым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэтым и лауреат хъуащ. 2006 гъэм Урысей лъэпкъ Ассамблеем и Лъэпкъ Комитетым Дипломрэ дыщэ медалрэ къыхуигъэфэщащ. Урысейм тхыгъэхэр традзэн зэрыщIадзэрэ илъэс 300 щрикъум ирихъэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъ къратащ.*

*Мы гъэм Вындыжь Марие и ныбжьыр илъэс 70 ирокъури, ди гуапэщ иджыри илъэс куэдкIэ узыншэу лъэпкъым хуэлэжьэну.*

* * *



Вындыжь Марие и IэдакъэщIэкIхэм дунейм и теплъэ куэд къыщызэщIэкъуащ, ахэр гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм хуэунэтIащ. Абыхэм ящыщу сабийхэм папщIэ усэхэр, уэрэдхэр щызэхуэхьэса «Сабиигъуэ гъуэгу» тхылъыр 2005 гъэм къыдэкIащ. Сабий уэрэду щэ ныкъуэм щIигъу зэрыт а тхылъыр макъамэмкIэ ирагъэкIуэкI дерсхэм къыщыбгъэсэбэп хъуну Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIэныгъэ IуэхухэмкIэ и министерствэм къилъытащ икIи сабийхэм зэрахуэунэтIам, зэрахуэлажьэм папщIэ ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ.

Марие и тхыгъэхэр КъБР-м къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ, тхылъ щхьэхуэурэ къыдокI. 2018 гъэм абы и IэдакъэщIэкI «Бзу анэм и уэрэд» япэ адыгэ сабий мюзиклыр (композитор Къул Амир макъамэ зыхуитхар) дунейм къытехьащ. Мюзиклым и текстымрэ абы щIэлъ макъамэр къызэрыгъэлъэгъуа нотэхэмрэ

зэщIыгъуу тхылъым къыщыхьащ. Апхуэдэуи ар сабийхэр дэзыхьэхын сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. ЩIэблэр дахагъэм хуэущиинымкIэ, гъуазджэм къыхуэгъэушынымкIэ а тхылъыр куэду зэрысэбэпым, ар лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Мюзиклым гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэ зэриIэм щыхьэт тохъуэ ар зи IэдакъэщIэкIхэм тхылъыр зэрызэхуащIыж псалъэхэри: «Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ! <...> Бзухэм я образымкIэ мюзиклым къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, пцIы умыупсу, умыдыгъуэу, умыфыгъуэу псэ хьэлэлкIэ дунейм утетмэ, ныбжьэгъу куэд уиIэнущ, уи гъащIэри нэхъ гъэщIэгъуэну, нэхъ дахэу щытынущ. Ныбжьэгъу куэд уиIэныр – ар цIыхум и къулеигъэщ, зэкъуэтыныгъэр – ар и лъэщагъщ. Дэ дыхуейщ апхуэдэу ди ныбжьыщIэ цIыкIухэр фытлъагъуну. НасыпыфIэ цIыкIу фыхъухэ!»

ИщхьэкIи къызэрыщыхэщащи, Вындыжьым сабийхэм яхуэгъэзауэ усэ, уэрэд куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ахэр цIыкIухэр зыущийуэ, пэжыгъэм, IуэхуфIхэм, IуэхущIафэ дахэхэм хуэзыунэтIу, фIытеIуэу гъэпсахэщ. Псалъэм папщIэ, егъэджакIуэм и гугъуехьыр еджакIуэ цIыкIухэм зыхезыгъащIэщ, абы пщIэ хуэщIыным хуэзыгъасэщ Вындыжь Мариерэ Блашэ Владимиррэ зэдатха «Си егъэджакIуэ» уэрэдым хэт дэтхэнэ сатырри. Мис, абы щыщ зы пычыгъуэ, уэрэдым ежьууэ хэвауэ:

*Си егъэджакIуэ, си ущиякIуэ,*
*Ди гъащIэ гъуэгум и гъэлъэгъуакIуэ,*
*ЩIэныгъэ нэхум сэ сыхуэзышэ,*
*Дахагъэ псоми сыхуогъэушэ.*



Вындыжь М. и усыгъэм тематикэ гуп щхьэхуэхэр IупщIу къыхощхьэхукI. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ гупхэр къагъэщI *Хэкумрэ лъэпкъымрэ яхуэгъэза усэхэм* («Хэку-Анэ», «Си лъахэ», «Псэр щытыншкъым хамэ щIыпIэ»), *щIыуэпсыр къызыхэщхэм* («Гъэмахуэ махуэ», «Бжьыхьэ»), *гъащIэм и философие куур лъабжьэ зыхуэхъуахэм* («СфIэфIкъым», «СумыгъэпIащIэ», «Си гъащIэ лъагъуэ», «ЦIыхухэр», «ЩхьэгъэпцIэжщ»), лъагъуныгъэм хуэгъэпсахэм («Схурегъ и скрипкэр Паганини», «Насыпыр IэмыщIэм умыщIэу йолъэтыр», «Хэплъи хэдэж», «Уи фэ изоплъ»), нэгъуэщIхэми.

Марие и лъагъуныгъэ усэхэм бзылъхугъэм и псэ пIащIэм щызэрыхъа гурыщIэ зэхуэмыдэхэм я тхыпхъэ хэщIыхьащ. Нэхъ гъэщIэгъуэнхэм икIи, дэ дызэреплъымкIэ, усакIуэм нэхъыфI дыдэу къехъулIахэм ящыщщ «Схурегъ и скрипкэр Паганини» усэр. Мыбдежым дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа итальян скрипач Iэзэ Николэ Паганини и образыр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар цIэрыIуэ зыщIа скрипкэр усэм гъэщIэгъуэну хэухуэнащ: лирикэ лIыхъужьым и гухэлъ жэуапыншэр, лъагъуныгъэ насыпыншэр къигъэлъэгъуэн, абы къэрит гухэщIыр къиIуэтэн папщIэ, усакIуэм и тхыгъэм эстетикэ лъагэм и пкъыгъуэ (Паганини и скрипкэр, псэм хыхьэу абы къыпкърыкI макъамэр) къыхегъэхьэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Паганини и скрипкэм и «гъы макъымрэ» усэм и лирикэ лIыхъужьым и гум щыщIэхэмрэ зэтохуэ, зэподжэж. ЖытIахэм я щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, мы едзыгъуэр:

*Схурегъ и скрипкэр Паганини!*
*Си гухэлъ IэфIым тохэ жэп.*
*Къысхуимыгъанэу зы гукъини,*
*Мэужьыхыж, хэмылъу дэп.*

Марие и усыгъэм адыгэбзэр екIуу щыгъэшэрыуащ. Псом хуэмыдэу усакIуэм къехъулIэхэм ящыщщ зэгъэпщэныгъэ Iэмалыр гупсысэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэухуэнэныр. Ар Вындыжьым и усэ куэдми уэрэдхэми щынэрылъагъущ. Къэтхьынщ, псалъэм папщIэ, «Гъэмахуэ махуэ» усэм и пэщIэдзэ едзыгъуэр:

*Анэ быдзышэ хуэлIа сабийуэ,*
*Псы пэплъэ щIылъэм и жьэр ущIащ.*
*МэкъуауэлI щIыфэр, тIыгъуа балийуэ,*
*Гъэмахуэ дыгъэм къыхуриIащ.*

Мыбдежым усакIуэм уэгъум ихь щIылъэмрэ анэ быдзышэм хуэныкъуэ сабиймрэ я образыр, щытыкIэр зэрызэхуихьыр гъэщIэгъуэным къыщымынэу, лъэпкъ литературэм щыщIэщыгъуэщ. Апхуэдэщ къэтхьа едзыгъуэм и ещанэ сатырым деж мэкъуауэлIым и щIыфэ дыгъэрыжьэ хъуамрэ хъуща балий плъыжьыпсымрэ зэрыщызэхьэлIари.

Езыр зэрытхэм, зэрыусэм нэмыщI, Вындыжь М. зэдзэкIыныгъэми и зэфIэкI щигъэнэхуащ. НобэкIэ ахэр куэд мыхъуми, абы Къэшэж Иннэ и усэ зыбжанэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм къригъэзэгъащ. Апхуэдэхэщ «Сэри Кавказым сыщыщ Iыхьэщ...» («И я – Кавказ. И я оттуда...»), «КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ...» («Заговори, отец, по-кабардински») жыхуиIэхэр. ЗэдзэкIыныр Iуэху гугъущ, ар къызэхъулIэхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ, ауэ зы адыгэ бзылъхугъэ усакIуэм урысыбзэкIэ итха тхыгъэхэр адрей адыгэ бзылъхугъэ усакIуэм ди анэдэлъхубзэм къызэрихьэсыжар, ди бзэм къызэрыригъэзэгъэжар щIыхь зыпылъ къэхъугъэщ. Къэшэжым и усэ сатырхэу Вындыжьым зэридзэкIахэм Iэзэу къехъулIахэри, мащIэу зэгъэзэхуэжыпхъэ щIыпIэхэри хэтщ. Зи гугъу тщIыхэр нэхъ нэрылъагъу хъунущ Иннэ и IэдакъэщIэкIыу зы пычыгъуэрэ Марие ар зэрызэридзэкIамрэ зэщIыгъуу къэдгъэлъагъуэмэ. Псалъэм папщIэ, зэдгъэпщэнщ «Сэри Кавказым сыщыщ Iыхьэщ...» («И я – Кавказ. И я оттуда...») усэм и япэ, етIуанэ едзыгъуэхэр:

Къэшэж Иннэ:

*И я – Кавказ. И я оттуда,*
*где пахнет ледником роса,*
*где мне дарованы два чуда –*
*на мир взглянувшие глаза.*
*Где чуткий жеребёнок – детство,*
*лишь свистнешь – и примчит тотчас,*
*где так естественно соседство*
*долин и гор... И я – Кавказ.*

Вындыжь Марие:

*Сэри Кавказым сыщыщ Iыхъэщ,*
*Мылымэ къызыпихым срибынщ.*
*Зэгуэр уи тафэ сыныхыхъэм,*
*НэкIэ ажэгъуэмэ къэсщыпынщ.*
*Си сабиигъуэр шыщIэ цIыкIущи,*
*Нэр здэплъэм си псэри мэлъей.*
*Уи бгыжьри тафэри зэпытщи,*
*Си псэр хъыринэм щегъэжей.*

Къэдгъэлъэгъуа едзыгъуэхэм деж купщIэри художественнэ къэIуэтэкIэри хъума щыхъуауэ, зэдзэкIакIуэм нэхъыфIу къехъулIауэ къэлъытапхъэщ, псалъэм папщIэ, *«Си сабиигъуэр шыщIэ цIыкIущи, / Нэр здэплъэм си псэри мэлъей»* жыхуиIэ сатырхэр. Апхуэдэхэм тхыгъэм и адрей Iыхьэхэми ущрохьэлIэ.

«КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ...» («Заговори, отец, по-кабардински») усэри гъэщIэгъуэну зэдзэкIа хъуащ, усакIуэм и усыгъэм щIэлъ макъамэр, абы и хъэтIыр ихъумэным зэдзэкIакIуэр зэрыхущIэкъуар тхыгъэм щынэрылъагъущ. Абы щыгъуэми, къыхэгъэщыпхъэщ усэр щызэрадзэкIым абы и купщIэм хэщIыныгъэ гуэрхэр зэригъуэтари. Зи гугъу тщIыр гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, Къэшэжым и усэмрэ Вындыжьым адыгэбзэм кърригъэтIэсамрэ. Iыхьэ щхьэхуэ е пычыгъуэ гуэр мыхъуу, зэрыщыту къэгъэлъэгъуапхъэщ.



Къэшэж Иннэ:

*Заговори, отец, по-кабардински,*
*хотя б немного внуков поучи,*
*звеня уздечкой звуков, проскачи*
*в тот край, где ты на счастье им родился!*
*Заговори на языке отца,*
*отец мой, замолчавший от недуга!*
*Не значит, если лопнула подпруга,*
*что конь твой не доскачет до конца.*
*Заговори на языке родном,*
*таком гортанном и неповторимом,*
*пусть в нашем доме будет пахнуть дымом*
*костров пастушьих... Пусть греметь лавинам,*
*синеть горам, объятым снежным сном.*
*Заговори, отец, заговори!*
*Заговори назло проклятой хвори,*
*назло уколам вспомни иглы хвои,*
*сшивающие лоскуты зари*
*для твоего весеннего бешмета...*
*Прошу, отец, сегодня об одном:*
*заговори на языке бессмертья,*
*заговори на языке родном!*

Выndыжь Марие:

*КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ,*
*Пхъурылъхур тIэкIукIэ хэгъуэзэнщ.*
*ШхуэIу макъ къыщIэту гъэбзэрабзэ,*
*Ущалъхуа лъахэм срихъэнщ.*

*КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ,*
*Узыр щэлъахъэ пхуремыхъу,*
*Уи шыныбэпхыр къэлэламэ,*
*Ижын щымыIэу къыпщымыхъу.*

*КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ,*
*АдыгэлI макъ сэ зэхэзгъэх,*
*Мэлыхъуэ пщыIэм щащIа мафIэу,*
*Iугъуэмэ пэшым къыщIегъэх.*

*КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ,*
*Уи узым уи бзэр йолъэщэкI.*
*Къущхъэхъу псей цIыкIум и зы мастэу,*
*Хущхъуэ къыпхаIур къыщIрекI.*



*КъызжеIэ, си адэ, адыгэбзэ,*
*СызэролъэIур сэ а зырщ.*
*Анэм къыбдилъхуа анэдэлъхубзэр*
*МыкIуэдыныбзэ зыщIыр уэрщ.*

ИщхьэкIэ щызэкIэлъытхьа усэхэм гупсэхуу уахэплъэмэ, зы лъэныкъуэкIэ, зэрадзэкIа тхыгъэм мыпхуэдэ жыIэгъуэхэр къыхэщакъым: *«заговори на языке родном, таком гортанном и неповторимом», «сшивающие лоскуты зари для твоего весеннего бешмета...»*. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, зэдзэкIа хъуа тхыгъэм Иннэ и усэм хэмыт пкъыгъуэ гуэрхэм уащрохьэлIэ: псалъэм папщIэ, Къэшэж И. «хвоя» жыхуиIэр Вындыжь М. «Къущхьэхъу псей цIыкIу»-у зэридзэкIащ. Ауэ къэдгъэлъэгъуахэр апхуэдэ дэтхэнэ тхыгъэми дэплъагъунущ (псом хуэмыдэу ар художественнэу щытмэ), абыкIэ зэдзэкIакIуэри пхуэгъэкъуэншэнукъым.

Вындыжь Марие усэнри уэрэд тхынри зэхуэдэу къохъулIэ. Абы композитор цIэрыIуэхэу Къэбэрдокъуэ Борис, Блашэ Владимир, Даур Аслъэн, Чэгъэду Мухьэрбий, Тубай Артур, Къул Амир, ЗэрамыщIэ Заретэ, АфэщIагъуэ Зое, Лий Аслъэн, Балъкъэр Иринэ, Тхьэгъэзит Руслан сымэ, нэгъуэщIхэми ядитха уэрэдхэр цIыхубэм зэлъащIысащ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм яхуэгъэзахэри («ЖрыраIэ сабийхэм уэрэд», «Си егъэджакIуэ», «Си мамэ, си дамэ», н.ку.), балигъ уэрэдхэри («Дыкъыздэгъафэ», «Ар ди Къэбэрдейщ», «Нэ дахэ», «ЕфIакIуэ, адыгэ Хэку», «Шыгъуэ цIыкIур мэкIуэракIуэ», «Си лъэпкъ», н.). Вындыжьым и уэрэдхэм щIалэгъуэм, лъагъуныгъэ къабзэм, гурыщIэ дахэхэм ехьэлIа мотивхэм щIыпIэ ин щаубыд. Абы щыгъуэми а гурыщIэхэр

образ екIухэмкIэ икIи гъэщIэгъуэнхэмкIэ къэIуэтащ. Уэрэдхэм языхэзым гухэлъ дахэм къыпкърыкIа мыпхуэдэ сатырхэр къыщокIуэ:

*Къошхыр уэшхыр, си щхъэгъубжэр хузощIыж,*
*Уафэгъуагъуэм ди макъамэр докIуэдыж.*
*Уафэгъуагъуэм жыпIа псалъэхэр поджэж:*
*«Сыпхуеижкъым... сыпхуеижкъым!.. СыппокIыж!».*
*Си щхъэгъубжэм уэшх ткIуэпсхэри щожэх,*
*ГукъэкIыжхэри абы ирелъэсэх...*

Мыбдежым уэлбанэ махуеймрэ гукъэкIыж хьэлъэхэм хэт лирикэ лIыхъужьым и псэр зэрыт щытыкIэ гугъумрэ IэкIуэлъакIуэу щызэхэухуэнащ, художественнэ Iэзагъ хэлъуи къыщыгъэлъэгъуащ. Едзыгъуэм къыщыгъэсэбэпа рифмэ зэгуэгъуми гу лъытапхъэщ. Къэтхьа пычыгъуэм апхуэдэ рифмэ лIэужьыгъуитIым ущрохьэлIэ: зымкIэ япэ сатыриплIыр зэпыщIащ *(хузощIыж – докIуэдыж – поджэж – сыппокIыж)*, адрейм иужьрей сатыритIыр зэрепх *(щожэх – ирелъэсэх)*. Апхуэдэ рифмэ къэгъэщIыкIэм усэм и макъамэр еукъуэдий, псом хуэмыдэу, ар уэрэдыпкъмэ, абы и ритмикэ ухуэкIэм мыхьэнэ ин иIэщ.

Щхьэж хуэфащэ пщIэрэ увыпIэрэ гъащIэм щигъуэтыж хабзэщ. Вындыжь М. и IэдакъэщIэкIхэри и творчествэр зэрыщыту къапщтэми гулъытэншэ хъуркъым, ахэр лъэпкъ литературэми, щэнхабзэми, гъуазджэми я хэлъхьэныгъэщи, хуэфащэ пщIэ ягъуэт. 1970 гъэм ирагъэкIуэкIа «МакъыщIэхэр» республикэ зэпеуэм Марие и IэдакъэщIэкI «Адэжь лъахэ» усыгъэхэм япэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ. 

Марие и зы усэм щетх:

*Зэману дахэ, сумыгъэпIащIэ,*
*Жьыгъэр си лъэмбым къыумыгъэувэ,*
*ГъащIэ IэфIыпIэр сфIумыгъэмащIэ,*
*ТIэкIурэ зышыIэ, тIэкIу зыгъэгувэ.*

Зэманри Ухыгъэри къыхуэгумэщIэну, и гуращэ дахэхэр къехъулIэну, ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ иджыри илъэс бжыгъэ куэдкIэ жыджэру хуэлэжьэну адыгэ бзылъхугъэ Iущым, усакIуэм, журналист Iэзэм дохъуэхъу!

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# Вындыжь Марие хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Вындыжь Марие зи щыпэтхэхэм ящыщкъым, ар зи лэжьыгъэкIи, зи щIэныгъэкIи, зэхэщIыкIкIи балигъ гупсысэкIэ зиIэ усакIуэщ. Шэч къытумыхьэжыну ар уи фIэщ ящI Марие и усэ нэхъыфIхэм. Тхылъ щхьэхуэу къыдагъэкIыну зыхуэфащэ усэхэр и мащIэкъым Марие. Абы и усэхэр зэрыгъэнщIар гупсысэ къудейкъым, атIэ абыхэм ящIэлъщ пIейтей узыщI гурыщIи, псэр зыгъэнэху, гур зыгъэхуабэ макъамэ жьгъырууагъи, гъащIэм и къэхъукъащIэ куэдым укъыхуэзыгъэуши.

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Марие и уэрэдхэм куэдрэ седэIуа, макъамэ зыщIалъхьа абы и усэхэм сыкъеджа нэужь, си дежкIэ нэхъ нэрылъагъу хъуащ зы Iуэхугъуэ: япэрауэ, Вындыжьым иIэщ цIыкIухэм яжриIэни балигъхэм зэрызахуигъэзэни, етIуанэрауэ, Марие цIыкIухэм къехьэлъэкIын псалъэ и уэрэдхэм зэрыхимыгъэувэным хущIокъу. Апхуэдэу и тхыгъэхэм зэрелIалIэрщ Вындыжьым и уэрэдхэм яхилъхьэ гупсысэр, гурыщIэр зызыхуигъазэхэм я гум, я псэм щIыхыхьэр.



**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Вындыжь Марие и усэхэм сыдихьэхыу, сфIэфIу сыкъоджэ, ауэ Марие сэ нэхъ цIэрыIуэу зэрызбжыр и уэрэдхэращ. Дэтхэнэ усакIуэми къехъулIэркъым уэрэдым псалъэ щIилъхьэну. Макъамэм псалъэ щIэлъхьэныр зэфIэкI щхьэхуэщ икIи а зэфIэкI щхьэхуэр Марие хъарзынэу къехъулIэу си щхьэкIэ къысщохъу.

**IУТIЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Ди лъэпкъым игъащIэми къыдэгъуэгурыкIуэ щIыкIэ дахэ иIэщ: ар теплъэ екIуми, щыгъын лъапIэми я щхьэ къэхъуу, цIыхур, еплъ пэтми, зызыщимыгъэнщI, едаIуэ пэтми, зытемызашэ, псэр зыгъэгуфIэ, узыIэт гурыщIэщ. Апхуэдэ дэрэжэгъуэ къуат КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Вындыжь Марие и IэдакъэщIэкIхэм.

Вындыжь Марие и уэрэдхэм я нэхъыбэр цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуащ, абыхэм щIэдэIуну хуейуэ куэдым зыкъытхуагъазэ, уеблэмэ нэхъыбэр дзапэ уэрэду яIурылъщ жытIэмэ дыщыуэну къыщIэкIынкъым.

**МАХУЭЛI Хъаджэт,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

*Усэхэр* ВЫНДЫЖЬ Марие

## СХУРЕГЪ И СКРИПКЭР ПАГАНИНИ

Схурегъ и скрипкэр Паганини!
Си гухэлъ IэфIым тохэ жэп.
Къысхуимыгъанэу зы гукъини,
Мэужьыхыж, хэмылъу дэп.

Схурегъ и скрипкэр Паганини!
Гъэмахуэ гупкIэм сыкъыпоху.
Лъэхъэнэ дахэм гугъэ тхыпхъэу
ХуэсщIар сIэпокIри, си гур поху.

Схурегъ и скрипкэр Паганини!
Зэманыр сощIыр щхьэузыхь...
Къыщелъыхъуэж насыпыр дэни,
Гум щхьэуназэу зехущыхь.

Схурегъ и скрипкэр Паганини!
Псэр зэрыхъащи — мэкIэзыз.
ЩIалэгъуэм сынэсащ и гъуни,
ЩIэлъа IэфIыгъэр ди зырызщ.



## ЦIЫХУХЭР

Хуохъу зэран къандзэгур псынэм,
Хуохъу зэран шэмэджым мывэр...
Къоуэ си гум, къоIэ си псэм:
Хуохъу зэрани цIыхур цIыхум.

Йощэ дзыгъуэ джэду цIыкIур,
Йощэ бгъэр тхьэкIумэкIыхьым...
Поху аргуэру гызу си гур:
ЙощэкIуэжыр цIыхур цIыхум.

КъетIыр дзыгъуэм гъэтIылъыпIэр,
ЩIыIубнэфым къетIыр пабжьэр...

ЕщIыр си гум епIэскIупIэ:
КъетIыр цIыхум цIыху и лъабжьэр.

Ешхыр бзум хьэпIацIэр фIэфIу,
Джэд ишхынкIэ ерыщщ бажэр...
Пожыр нэпсыр си гум уэфу:
ЦIыхурэ цIыхурэ зэрошхыжыр.

## СИ КЪУАЖЭЖЬ

Хьэуа къабзэ лъыхъуэ си гур
Си жылэжьым ныхуозэш.
Сабиигъуэр щысхьа щIыгум
ЕпIэщIэкIыу сынешэж.

Сэрмакъыпсым, Хъутэтеикъуэ
Псыхъуэгуащэу къыщекIухь,
Къруукъуэ, Агубэчеикъуэ
Зыхидзау зыхегъэпскIыхь.

Чэфыжь щIыкIэу, Балъкъ и псыхъуэр
И кIыхьагъкIэ щIищыкIащ.
Салъкъын къабзэу псэм къилъыхъуэр
Хуэнэпсейуэ жьэдишащ.

Жэналъкъы удзыпцIэм лъапцIэу,
ФIэщIэщыгъуэщи, хохьэж.
Удз Iэрами, псэр ехъуапсэу,
Къэсщыпауэ сыкъожьэж.

Мывэжьыщхьэ къыщIэж псынэм
ЗигъэнщIыхукIэ гур хэфащ,
Къумэлмэзым щищIа унэм
Щыпсэхуати — хилъэфащ.

## ЖЫРАIЭ САБИЙХЭМ УЭРЭД

Дунейр мамыру ушамэ,
Ди уафэр къабзэу нэху щамэ,

Дыгъэпск1э махуэр къытпежьэм —
Жа1э сабийхэм уэрэд.

П1ырып1рэ щабэу щ1акхъуэшхуэ
Анэшхуэм жьэгум щигъажьэм,
Щ1ыху мэжэщ1алэ щымы1эм —
Жа1э сабийхэм уэрэд.

Унагъуэм щ1эсыр здэгуф1эм,
Зэщыгуф1ык1ыу щызэдэпсэум,
Гуф1эгъуэм я гур зэщ1ищтэм —
Жа1э сабийхэм уэрэд.

И папи мами узыншэм,
И дади нани хуэпсэум,
И анэкъилъхухэр джэгуэгъум —
Жа1э сабийхэм уэрэд.

«Адыгэ лъэпкъщ» къытхужа1эу,
Анэдэлъхубзэр т1урылъу,
Ди адыгэщ1ыр псэухук1э,
Жрыра1э сабийхэм уэрэд.



## АДЫГЭ ПШЫНАЛЪЭ

Щре1у нэхъ жыжьэ ди пшыналъэр,
Бгым адрыщ1к1э хым ф1рек1,
Хамэщ1 щыпсэу адыгэм я лъэр
Хуэбгъэпсынщ1энуи плъырек1.

Тхуэгъэ1у нэхъ ину ди макъамэр,
Лъэпкъ уардэр бжьыф1эу къре1эт.
К1эрылъу л1ым адыгэ къамэр
Утыку ихьамэ, лъэр щ1олъэт.

Зэхэх пшыналъэр, си къуэш жыжьэ,
Гур дэушынщ, къе1энщ си Хэку.
Гурыщ1эр гуащ1эм, уещ1ыр хъыжьэ,
Лъахэм псэр хуе1эм, ар зэхуаку?

Адыгэу хъуар, зыхэлъхьи лIыгъэ,
Къытхуешэлlэж адэжь и жьэгу.
Адыгэ къафэр фхуэтщIу тыгъэ,
Лъэпкъым тщIыжынт бжэIупэ джэгу.

## ГЪЭМАХУЭ МАХУЭ

Анэ быдзышэ хуэлIа сабийуэ,
Псы пэплъэ щIылъэм и жьэр ущIащ.
МэкъуауэлI щIыфэр, тIыгъуа балийуэ,
Гъэмахуэ дыгъэм къыхуриIащ.

Мэлыхъуэ гъусэу хьэ парий бацэм
И щхьэр гу лъабжьэм щIригъэхьащ.
Зыщаудыгъур бзухэм жыг къуацэм,
Удз гъэгъа цIыкIухэр къэнэщхъеящ.



Къуршыжь зэхуакухэм, жьыбгъэр щIэрыIэу,
Псышэ-пшэ фIыцIэр къыкъуилъэфащ.
Уэшхым дэгъагъэу, дунейр щIэрыщIэу
ЗигъэнщIыхункIэ щIылъэр ефащ.

## БЖЬЫХЬЭ

Бжьыхьэ дадэм, зэшу, папщэу,
Губгъуэ нэщIым зыщеплъыхь.
Пшагъуэ нанэм жьыбгъэр щIэпщэу,
Мес, къуэладжэм къыщекIухь.

Жыг тхьэмпэншэм и нэр плъызу
Тес къуаргъыжьри хъуащ нэщхъей,
Пшагъуэ щIыIэм хэкIэзызэ
Къуалэбзухэр гущIэгъу хуейщ.

Даущыншэ хъуа мэзыжьым
Тхьэмпэ гъуэжьхэр щогъуэлъыкI.
Щхьэхуэпсалъэу къуэм ди псыжьыр
Къыдэнащи, хощэтыкI.

## СУМЫГЪЭПІАЩІЭ

Зэману дахэ, сумыгъэпІащІэ,
Жьыгъэр си лъэмбым къыумыгъэувэ,
ГъащІэм и ІэфІым сумыщІ пэІэщІэ, —
ТІэкІурэ зышыІэ, тІэкІу зыгъэгувэ.

ЩІалэгъуэ пІалъэр сыту кІэщІыщэ,
Ара хъунщ, дауи, ар щІэІэфІыщэр,
ЗыщызгъэнщІакъым а зэман щІагъуэм,
ПхузэфІэкІынум, тІэкІу къысхупыщэ.

Зэману дахэ, къыумыщІ си жагъуэ,
ЗыпкІэрысщІэІуэми, къысхуэгумащІэ.
Си гугъэ ІэфІхэм гу ящысхуэну
Сыхунэсакъым — сумыгъэпІащІэ.

# Адыгэбзэм гуащIэшхуэ иIэщ, абы зыкъыуегъащIэ, зыкъыпхуеIуатэ



Адыгэ лъэпкъым, бзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэху щхьэпэ куэд зэфIэзыгъэкI цIыхущ Брам (Куэблэ) Алатин. Илъэс 25-м щIигъуауэ егъэджакIуэщ, Тыркум и къалэ зыбжанэм ирагъэблагъэурэ курыт школхэм, лицейхэм щылэжьащ, еджапIэм и унафэщIуи щытащ. Езыр хуабжьу дахьэх этимологиемрэ фонетикэмрэ.

Адыгэ Iуэхум зигури зи псэри хэзылъхьэ щIалэр Узун-Яйла къыщыхъуащ. Алатин щыгъуазэщ нобэ Тыркум ис ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм, бзэмрэ хабзэмрэ хъумэным и Iуэху зыIутым, хэхэс адыгэхэм я щыщIэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми. Ахэр къедгъэIуэтэн мурадкIэ, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.



**– Алатин, хэхэс адыгэм, псом хуэмыдэу Тыркум щыпсэухэм, я бзэр, хабзэр яIэщIэмыхунымкIэ, я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр яхъумэу къэгъуэгурыкIуэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэребгъэкIуэкIым сыщыгъуазэщ. ИнтернеткIэ долъагъу уэ уи лъэпкъым хууиIэ гуузлыузымрэ зепхьэ Iуэхухэмрэ. ТIэкIу зыкъэдыбгъэцIыхуу, уи лэжьыгъэм укъытхутепсэлъыхьыну сыхуейт.**

– Сэ нэхъ гъунэгъуу зыкъывэзгъэцIыхумэ, Узун-Яйла хиубыдэ адыгэ жылэм сыкъыщалъхуащ, си нэр къызэрызэтесхрэ адыгэбзэщ зэхэсхар, аращ псэлъэн зэрыщIэздзари. ИтIанэ школым сыкIуа нэужь, тыркубзэр зэзгъэщIэжащ. ЗдэкIуам Тхьэм щигъэтынш, си адэшхуэр хьэщIэщ унэм ису, къуажэ Iуэху, лъэпкъ Iуэху зэрихуэу игъащIэми къекIуэкIащ. Ар щIыжысIэр, адыгэ щэнхабзэр, псэукIэр тлъагъуу, тхыдэ хъыбархэр зэхэтхыу дыкъыдэкIуэтеящ. Балигъ сыхъури, университетым сыщIэтIысхьащ, школхэм, лицейхэм егъэджакIуэу сыщылэжьащ. Инджылыз, хьэрып, фарс, тырку, адыгэ – а бзихым иужь ситащ.

Зы лъэхъэнэ гуэрым дунейпсо эпосыр едгъэджырт. Ауэ абы ди нарт эпосыр яхэттэкъым. Дунейм япэ дыдэу къытеха эпосыр «Гильгамеш теухуа эпосращ». Ар шумер хъыбархэм къытращIыкIыжри, аккадскэбзэкIэ ятхыжауэ щытащ. Зи гугъу сщIы эпосыр къагъуэтыжщ, тыркубзэкIи зэрадзэкIыжри, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я программэм хагъэхьат. Ар щезгъэджым, куэд щIэзджыкIащ сэри, икIи Гильгамеш теухуа хъыбарым адыгэбзэм хэт псалъэ куэд хэслъагъуэри, къэстIэщIым-къэстIэщIурэ мы Iуэхум сыхихьащ.

**– Лэжьыгъэ нэхъыщхьэмрэ хасэ Iуэхумрэ екIуу зэдыбохь. Зы лъэхъэнэ Бандырма Хасэм и тхьэмадэу узэрыщытар сощIэ. Нобэ сыт я псэукIэ абы дэсхэм?**

– 2007 гъэм щегъэжьауэ Бандырма къалэ Хасэм и тхьэмадэу сыщытащ. А лъэхъэнэм абы къекIуалIэхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху

гуэри ящIэртэкъым, ауэ зэхуэс къудейуэ арат адыгэбзэкIэ зэдэуэршэрын щхьэкIэ. Абы щыгъуэми иджыри сэ псом япэ изгъэщыр бзэр зэгъэщIэнырщ, пхызгъэкIыну иужь ситри арат. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди къуэшхэм я нэхъыбэр хамэбзэм зэрыхущытым хуэдэущ анэдэлъхубзэм зэрыхущытыр, хуейм зригъащIэу, хуэмейм зримыгъащIэу. Ар мыхъун Iуэхущ. Лъэпкъыр щыщыIэнур бзэр псэумэщ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым цIыхухэми нэхъ зэхащIыкI хъуащ бзэм и мыхьэнэр.

2006 гъэм Тыркум къыщызэIуахауэ щытащ адыгэбзэкIэ езыгъэджэнухэр щагъэхьэзыр курсхэр, цIыху 40 щIэсу. Дэри Бандырма къыщызэдгъэпэщат ар икIи илъэсищкIэ хъарзынэу лэжьащ.

**– Нобэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр зыхэсхэм яхэмышыпсыхьын щхьэкIэ сыт мыхьэнэ нэхъыбэ зэтыпхъэр, сыт хуэдэ Iуэхухэра япэ игъэщыпхъэр?**

– Пэжым ухуеймэ, илъэс 15-20 ипэкIэ дызэрыта щытыкIэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыфI хъуащ ди Iуэхур. Тыркур къапщтэмэ, нобэ къэралым зыкъытщIигъакъуэ хъуащ. Гулъытэ хэха къытхуещIри, абы ди Iэмалхэр нэхъыбэ ещI. Нобэ Тыркум ит сыт хуэдэ къали Хасэ щолажьэ, абы бзэр щрагъэдж. УзыщыгуфIыкIын Iуэхущ мыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэхъапэм Хасэм щызэхуэс адыгэхэр тыркубзэкIэ я лъэпкъ, я щхьэ Iуэхум тепсэлъыхьу щытамэ, иджы зэрыпсалъэр адыгэбзэщ, ар бзэр егъэджыным къиша Iуэхущ.

ЩIалэгъуалэм я гугъу пщIымэ, нэхъыбэм бзэр яIурылъкъым, ауэ хуэмейуэ, яужэгъуауэ аракъым, атIэ зэрамыщIэр ягу къеуэу, зрагъэщIэну я нэ къикIыу апхуэдэщ. Илъэс 40 хъу щIалэр лэжьыгъэ нэужьым, жэщ курсым Хасэм макIуэ и анэдэлъхубзэр зригъэщIэн щхьэкIэ. Ар хъарзынэкъэ?!



ЕтIуанэрауэ, 2010 гъэм щегъэжьауэ къэрал школхэм адыгэбзэ щебгъэджыну хуитыныгъэ щыIэ хъуащ, ауэ абы папщIэ сабиипщI классым щIэсын хуейщ. 5-нэ, 6-нэ, 7-нэ классхэращ ар щрагъэджри, а классищми зэгъусэу адыгэ ныбжьыщIи 10 къыхэпшыфмэ, ирагъэджэфынущ. Ахэр зэредгъэджэн тхылъхэр къыдэдгъэкIынымкIэ, къэтщэхунымкIэ къэралыр дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъунущ.

**– Иджыри дызыщыгуфIыкIахэм ящыщщ Дюзджэ къалэм дэт къэрал университетым анэдэлъхубзэм зэрыщыхурагъаджэр. Ар факультет щхьэхуэ, щIэтIысхьэн, щеджэн ягъуэтрэ?**

– Адыгэ литературэмрэ тхыдэмкIэ факультет щхьэхуэщ ар, илъэс зыбжанэ хъуауэ мэлажьэ. Зы илъэсым цIыху 20 хуэдиз къащтэ. 2017 гъэм япэ гупым къаухащ. ЦIыху 17-м диплом иратыжащ. ЦIыху 20-р къэрал ахъшэкIэ еджэну къащтэ, езым и ахъшэкIэ еджэну щIэтIысхьэнуи хуитыныгъэ яIэщ.

Магистратурэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ щыпхыбгъэкI къудамэ иIэщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къайсэр университетми иужь щихьащ а Iуэхум. ДяпэкIэ Самсунри дигу илъщ, Тыркум ис адыгэхэм я нэхъыбэр щыпсэур а къалэращи, абы ещанэ къудамэр щылэжьэнущ. Абыхэм япэщхьэхуэу иджыри зы хуитыныгъэ щыIэщ Тыркум. Сыт хуэдэ Iуэхум удихьэхми, цIыхуипщI узэрыгъэхъумэ, курс къызэIупхыу, узыхуей IэщIагъэм ущыхуеджэ хъунущ, школми, университетми емыпхауэ. Апхуэдэуи бджы хъунущ адыгэбзэр, зыри пэрыуэгъу къыпхуэхъунукъым. Къэралыгъуэ хабзэм къеубыд, сыт хуэдэ предметри адыгэбзэкIэ егъэджу уней школ къызэIупхынри, къакIуэхэм мазапщIэр яту,

жэрдэмщIакIуэм школыр игъэлажьэу. А псори Iэмал хъарзынэу диIэщ, ди лъэпкъ зэхэщIыкIыр «къэлажьэрэ» къекIуэлIэн дгъуэтмэ.

**– Школым, университетым къыуит Iэмалхэри хъарзынэщ, ауэ анэдэлъхубзэр пIурылъыныр къыщежьэр унагъуэращ. Уэ дауэ уеплърэ, Тыркум ис адыгэ унагъуэхэм адыгэбзэр илъ хьэмэрэ Iэпэдэгъэлэл ящIрэ?**

– Дунейм уеплъмэ, зэманым зыдихъуэжурэ макIуэ. Лъэпкъри апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм демыкIумэ, адрей лъэпкъхэм ялъэщIыхьэнукъым. Къуажэхэм дыщыдэс лъэхъэнэм, дэ бзэ зэгъэщIэным теухуауэ зы гугъуехьи дыхэтакъым, уеблэмэ, нэгъуэщIыбзэ щыIэу дымыщIэу дыкъэхъуащ ди школ кIуэгъуэ хъуху. Зэманыр кIуэурэ цIыхур псэун щхьэкIэ, къалэхэм Iэпхъуэу хуежьащ. ЗдэIэпхъуам и щхьэ къатым тесри, и лъабжьэм щIэсри, къыбгъурысхэри нэгъуэщI лъэпкъыу зэрыщытым къыхэкIкIэ, нэгъуэщIыбзэкIэ упсэлъэн хуей мэхъу. Телевидением адыгэбзэ къызэримытым, школым узэрыщеджэр зэрыхамэбзэм ипкъ иткIэ, уэри абы нэхъ хуэшэрыуэ уохъу ухуейми ухуэмейми.

КъищынэмыщIауэ, дэ ди натIэ хъуар арати, дуней псом зэбгрыпхъа дыщыхъуащ, хамэбзэкIэ псалъэ лъэпкъхэм дахэсу. Абы къыхэкIкIэ, адыгитI зэхуэзар зэрызэпсалъэр инджылызыбзэщ е урысыбзэщ, ИнтернеткIэ зэрызэрыщIэр хамэбзэщ.

**– Иджыпсту бзэр нэхъ зыIурылъыр нэхъ ныбжь зиIэхэращ. Ахэр къуажэм зэрыдэсара апхуэдэу щIыщытыр хьэмэрэ иджы щыIэхэр хуэмеижрэ?**



– Си анэшхуэм тыркубзэкIэ «къакIуэ» псалъэмрэ «кIуэ» псалъэмрэ зэхимыгъэкIыфу дунейм ехыжащ. Ар щIыжысIэр, абыхэм адыгэбзэ фIэкIа ямыщIэу Тыркум зэрисаращ. Иджы дунейр нэгъуэщI хъуащ. Къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызэбгрыкIащи, езыхэр зэхуэзэркъым, нэхъыбэм зэрахьэ бзэр къагъэсэбэп хъуащ.

Интернет къудейм фIэкIа хэмытми, зэхъуэкIыныгъэкъэ?! Дыщыпсэу лъэхъэнэм и нэхъ революцэ ину къэслъытэр Интернетыр къызэрагупсысаращ. Абы Iуэху куэд дегъэкI, псэукIэр ирегъэфIакIуэ. Дэри ди лъэпкъым ифI къыпытхыфу къытхуэгъэсэбэпынут ар.

**– Пэжщ, Интернетыр IэмалыфIщ цIыхухэм я хъыбар зэIэпахынымкIэ, зэрыщIэнымкIэ, нэхъ гъунэгъу зэхуэхъунымкIэ. Ауэ, псори дызыгъэпIейтей адыгэбзэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, адыгэбзэр латин хьэрфыпкъым тету яджмэ нэхъ къащтэу илъэс зыбжанэ хъуауэ псалъэмакъхэр къокIуэкI, сыт хуэдэбзэ ирипсалъэ адыгэри апхуэдэу нэхъ тыншу зэхуэтхэнущи. Ар си щхьэкIэ къасщтэркъым, сыту жыпIэмэ, диалект зэмыщхьхэмкIэ псалъэ адыгэм дежкIэ аргуэру хьэрфыпкъ зэмыщхькIэ тха Iэлыфбейр лейуэ къызолъытэри. Сабийми балигъми сыт хуэдэ хамэ къэралыбзэри щызригъэщIэфкIэ, адыгэм кирилл хьэрфыпкъымкIэ адыгэбзэр къехьэлъэкIыну?**

– Мы Iуэхум теухуауэ бзэщIэныгъэрылажьэхэр хэту конференцхэр екIуэкIащ. Сэ сызэреплъыр къыпхуэсIуэтэнщ. Лъэпкъ къэс езым и Iэлыфбей гъэпсыкIэ иIэжщ. Дэ ди лъэпкъ Iэлыфбейр щызэрахьэр хэкуращ, Урысейрщ. Дэ мыбдеж дызэрисым щхьэкIэ езым ди Iэлыфбей дгъэпсыжыныр щыуагъэшхуэщ. Китайм езым и Iэлыфбей иIэжщи, ар зрегъащIэри бзэр ищIэ мэхъу, хьэрыпыр аращ, дэри ди бзэр зэрызэдгъэщIэнур ди лъэпкъ Iэлыфбейращ, школым зэрыщедгъэджэн

хуейр хэкум къыщыдэкI тхылъымрэ ар зэрытха хьэрфыпкъымрэщ. Абы дытемытрэ – хуабжьу дылъэпэрэпэнущ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, зы адыгэ псалъэм латин тхыкIэ лIэужьыгъуэу 7 иIэщ. Ар узыгъэлъэпэрэпэнухэм я зы щхьэусыгъуэщ. Аращи, ди Iэлыфбейм дытетыныр сэ нэхъ сфIэкъабылщ. Ари ныкъусаныгъэншэкъым, ауэ ар зэгъэзэхуэжын хуейуэ аращ, армыхъумэ, IэщIыб пщIы хъунукъым.

**– Илъэс тIощIым щIигъуауэ топсэлъыхь адыгэм зы тхыбзэ иIэн зэрыхуейм...**

– Мис ар зэдмыгъэхъулIэнкIэ Iэмал иIэкъым. ЩIэныгъэлIхэми, университетми, къэралыгъуэми и Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу дытехьэн хуейщ зы тхыбзэм. Мыр зы цIыхум хузэфIэкIынукъым. Хуэм-хуэмурэ телэжьыхьу, тепсэлъыхьу, илъэситху текIуадэми, илъэсипщI ихьми, гъэзэкIуэн хуей Iуэхущ.

**– Бзэр хъума хъунымкIэ, лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу къызолъытэ езым и бзэкIэ къыдэкI лажьэ газет, телевидение, радио иIэныр. Тыркуми къыщыдокI лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, бзэр хъума хъунымкIэ тхыгъэ хьэлэмэт куэд къызытехуэ, фи хъыбархэр зытет газет. Уэ абыхэм уадолажьэ, сыт нэхъыбэу зытеухуар «Жьынэпсым» къытрадзэхэр?**

– Сэ «Жьынэпс» газетым зы плIанэпэ сиIэу сыщотхэ. Мазэ къэс зэ къыдокI а газетыр, нэхъыбэу щэнхабзэращ зытепсэлъыхьыр. Сэ адыгэбзэкIи тыркубзэкIи согъэхьэзыр си тхыгъэхэр. Бзэм, этимологием, щэнхабзэм теухуа тхыгъэхэр къытохуэ. Ди бзэм гуащIэшхуэ иIэщ.

2009 гъэм Мейкъуапэ щекIуэкIа конференцым сыхэтащ сэ. ЦIыху 26-рэ хуэдиз къыщыпсэлъащ абы, жаIахэри тхылъу къыдэкIыжащ. Сигу хэхъуауэ сыкъэкIуэжащ абы щыгъуэ. Илъэси 126-рэ дэкIат сэ си адэжьхэр хэкум зэримысыжрэ, сэ адыгэбзэм сыхуеджатэкъым, итIани шапсыгъ, къэбэрдей, нэгъуэщI диалектхэри къызгурыIуэу сыщIэсащ абы. Ар сэракъым зи фIыгъэр, бзэм и гуащIэращ зи фIыгъэр. Уи анэдэлъхубзэм зыкъуегъащIэ, зыкъыпхуеIуатэ, зы псалъэм и мыхьэнэ дыдэр умыщIэми, къыбгуроIуэ. «Жьынэпсым» нэхъыбэу сызытетхыхьри аращ – бзэм зиужьа зэрыхъунырщ, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнырщ, адыгэбзэр тIурылъынырщ.

*Епсэльар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

*Нарт хъыбархэр*

# ЛIым и кIуапIэ и кIуэдыжыпIэщ

Зы нарт жьы хъури тIысыжащ. ТIысыжа щхьэкIэ, унэм изэшыхь хъуащ.

– Зэ сежьэжынщи, дунейм щыхъумрэ щыщIэмрэ зээгъэлъагъунщ, – жери и шым уанэ трилъхьащ нартым, гъуси ищIакъым, шэсри зекIуэ ежьащ.

ЩифIыгъуэм зекIуэ ежьамэ, ТэнкIэ игъазэ и хабзэти, ТэнкIэ иунэтIащ нартым.

Тэни нэсщ, къызэринэкIри, Тэн адрыщI ихьауэ, бжьыхьэ къытехъуащ.

Нартым и гум зекIуэнкIэ зимыгъэнщIауэ, бжьыхьэр икIри, щIымахуэр къыкIэлъысащ, шыц уэс къесын щIидзэри, губгъуэ нэщIым ириубыдащ. Шыц уэс къесмэ, узэрысым уимыкI жыхуаIэрати, губгъуэм къыщинэм, пщыIэ хисэри, гъатхэм пэплъэн мурад ищIащ нартым.

ЩIымахуэр кIыхь хъури, нартым и гъуэмылэр къыIэщIэухащ, и гъуэмылэр къыщыIэщIэухэм, и шыр иукIыжащ, уэсыр къесурэ пщыIэм щIиубыдащ, жьыр фийуэ къыщхьэщыуващ, дунейкъутэжщи, пщыIэм къыщIэкIи къыщIэплъи хъуркъым.

Гъатхэр къыхуэгъэсакъым нартым – Тэн адрыщI щIыIэм щриукIыхьащ.

«ЛIым и кIуапIэ и кIуэдыжыпIэщ» жаIащ, Тэн губгъуэ икIуэда нартым и хъыбар щызэхахым.



# Нартхэ я лIэужь

Нартхэ я хъыбар щызэхихым, зылI ежьащ:

– Мыпхуэдизрэ зи хъыбар зэхэтхым сахыхьэнщи, зээгъэлъагъунщ, – жери.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, лIыр фызитI ирихьэлIащ.

– Мы шу цIыкIур дэнэ къикIа? – ягъэщIэгъуащ фызитIым, зыр Iэбэри лIы цIыкIур уанэгум кърихащ, адрейм лIы цIыкIум и шыр иубыдри, лIы цIыкIури шыри я унэ къахьащ.

– Фриджэгу, – жари пщIантIэм дэт щIалэ цIыкIухэм лIы цIыкIумрэ шымрэ иратащ.

ЩIалэ цIыкIухэр лIымрэ шымрэ зыбжанэрэ ириджэгуауэ, унэм зы лIыжь набгъэ исти, щIалэ цIыкIухэм я дыхьэшх макъыр зэхихащ.

– Сыт ар? – жери щIэупщIащ лIыжьыр.

– Гъуэгум зы шу цIыкIу щрихьэлIати, уи ныситIым къахьащ, – жраIащ тхьэмадэм. – ЩIалэ цIыкIухэр ироджэгу.

– Ар хъурэ? – шхыдащ лIыжьыр. – ХьэщIэр джэгупIэ ящI хабзэ? Хэт щыщми, хьэщIэщ. Унэм къифшэ.

ЛIы цIыкIур тхьэмадэм деж ирашащ.

– Сынабгъэщи, услъагъуркъым: уцIыкIур пэж?

– ФэркIэ сыцIыкIущ, сыкъыздикIакIэ сыаслъэнщ.

– Мыр вгъэхьэщIи, футIыпщыж, – унафэ ищIащ тхьэмадэм.

ЛIы цIыкIур ягъэхьэщIэри яутIыпщыжащ. Я деж щынэсыжым, къеупщIащ:

– Плъэгъуа нарт?

– Слъэгъуащ, – жиIащ лIым. – Нартым деплъытмэ, дэ бадзэ дыхуэдизщ.

– Сэри сыкIуэнщи, зэзгъэлъагъунщ, – жери нэгъуэщI зыи къэшэсащ.

Нартхэ я мэшыпкъэм къэсауэ, шур фызитI ирихьэлIащ.

– Мыр зэрышу цIыкIу! – жари ягъэщIэгъуащ фызитIым.

Зыр Iэбащ, шур уанэгум кърихыну. Шур щIопщкIэ къыхуилъри, фызыр къыIуигъэкIуэтащ, къыщIэгубжьэри, фызитIри мэшыпкъэм къыхихуащ.

ФызитIыр щтауэ унэм ихьэжащ:

– Зы шу дрихьэлIати, мафIэр къыIуролъэлъ, – жари. – И шыфэлIыфэкIэ нартщ жыпIэнкъым, къыздикIар тхьэм ищIэнщ.

– Фыпежьи, къевгъэблагъэ, – жиIащ тхьэмадэм.

Шум пежьэри, кърагъэблэгъащ.

– УкъыздикIамкIэ сыт ущилIыгъэ? – еупщIащ тхьэмадэр хьэщIэм.

– СыкъыздикIам сэ нэхъ гуащIэмащIэ искъым, – жиIащ хьэщIэм.

– Уэ нэхъ гуащIэмащIэ зыхэмытыр гъунэгъу къытхуэхъуамэ, лIыфIыгъуэ дызэримыгъахуэурэ дызэрыухынущ, – жиIащ нарт тхьэмадэм.

Нарт тхьэмадэм и псалъэр пэж хъури, нартым я ужь адыгэр къинащ. Адыгэр нартым я лIэужьщ щIыжаIэр аращ.

## Натхъуэджымрэ Гъуаемрэ



Шууищэ зэрыгъэхъури, нартхэ хы Iуфэр тIысыпIэ ящIащ. Нарт шууищэм натхъуэджкIэ еджэ хъуащ, нарт къуажэм къытекIри.

Натхъуэджыр цIэ яхуэхъури, хы Iуфэм Iусурэ зыбжанэ дэкIауэ, мэзым зы бланэ щIэтти, бланэр къаукIащ. Бланэр яшхри, бланащхьэр, тхьэгурымагъуэм и чэнджэщкIэ, жыгей лъабжьэм щыщIатIащ.

ЛIыныбжь зыбжанэ дэкIауэ, Натхъуэджым зылI къихьащ, ГъуаекIэ еджэу. Къихьэри, натхъуэджым дауэгъу къахуэхъуащ.

– Мы лъахэм япэ къихьар натхъуэджыракъым, сэращ, лъахэм зэрихьэн хуейр си цIэращ, – къапиубыдащ Гъуаем.

Хасэм щызэдауэри – зэгурыIуакъым.

Хасэм зы щIалэ ирихьэлIати, къахэкIыжри и анэм деж кIуэжащ.

– Гъуаем ди лъахэр тфIиубыдынкIэ сошынэ, – жриIащ щIалэм и анэм. – Натхъуэджым япэ къихьауэ жеIэ мы лъахэм. Натхъуэджыр япэ къызэрихьам щыхьэт тепщIыхь хъун щыIэмэ, къызжеIэ.

– Хасэм гъэзэжи, къоупщIыху уи псалъэ яхыумылъхьэ, – къыжриIащ щIалэм и анэм. – Уи деж къэсрэ къоупщIмэ, нарт шууищэм хы Iуфэр тIысыпIэ щащIам щыгъуэ жыгей лъабжьэм щыщIатIа бланащхьэм и гугъу яхуэщI.

ЩIалэр хасэм яхыхьэжащ. Куэдрэ зэдэуащ хасэр. Гъуаер яхуикIуэтакъым. ЩахуимыкIуэтым, зи анэм къигъэIуща щIалэм и псалъи къахилъхьащ хасэм.

– Натхъуэджым япэ мы лъахэм укъызэрихьамкIэ щыхьэт пщIын уиIэ? – еупщIащ щIалэр Гъуаем.

Щыхьэт ищIын игъуэтакъым Гъуаем.

– Натхъуэджыр мы лъахэм япэ дыкъызэрихьам щыхьэт тетщIэн диIэщ дэ, – жиIащ щIалэм.

– Абы щыхьэт техъуэн сыбгъэлъагъумэ, мы лъахэм сыщIэдэужынкъым, – жиIащ Гъуаем.

Хасэр зыщIигъури, щIалэр лIыныбжь зыбжанэ зи ныбжь жыгейм бгъэдыхьащ.

– Мы жыгейм и лъабжьэр къэфтI, – жиIащ щIалэм. – Натхъуэджым япэ къихьа нарт шууищэм мы жыгейм и лъабжьэм бланащхьэ щыщIатIэгъащ. Жыгей лъабжьэм бланащхьэ къыщIэмыкIмэ, Гъуаем жиIэр пэжщи, лъахэр Гъуаем къыхуэнащ. Жыгей лъабжьэм бланащхьэ къыщIэкIмэ, лъахэр зейр натхъуэджыращи, НатхъуэджкIэ еджэнщ дяпэкIи.

Жыгейм и лъабжьэр къатIри, бланащхьэ къыщIэкIащ. Ар щыхьэт яхуэхъури, натхъуэджыр я лъахэм къинэжащ. Гъуаер икIуэтыжри, натхъуэджым я кIэкIэ къэтIысащ.

# Нартым и пщIыхьэпIэ

Жэщибл-махуиблкIэ жеяуэ, зы нарт къызэщыужащ. Жэщ къэс пщIыхьэпIэ и нэгу щIэкIырти, егупсыса щхьэкIэ зыхуихьынур къыхуэщIакъым. КъыщыхуэмыщIэм, тхьэгурымагъуэм деж кIуащ:

– ПщIыхьэпIэм жэщибл-махуиблкIэ сыхэкIакъым, къикIыр къызжеIэ, – жери.

– Сыт узэпщIыхьар? – къеупщIащ тхьэгурымагъуэр.

– Япэ жэщым сызэпщIыхьаращ: мэзым зы бланэ къыхахури, ди куэбжэм кърахулIащ, бланэр щаукIым, тхьэрыкъуитI къэлъатэщ, ди пщIантIэ къыдэтIысхьэри зафыщIыжащ, пщIантIэм зы вындыжь дэсти, и жьэ зэщIихакъым. Бланэр щаукIам деж щIым зы жыгыщIэ къыхэжауэ слъэгъуащ.

– Бланэр уэращ, – къыжриIащ тхьэгурымагъуэм. – ЗекIуэ уежьауэ уи бийр уи ужь къихьэнурэ уаукIынущ. ТхьэрыкъуитIыр уи шыпхъуитIыращ: я дыщым къэкIуэжынурэ уагъеижынущ. Вындыжьыр уи анэращ: уи анэм и нэпс къыщIэкIауэ яригъэлъагъунукъым хьэдагъэ къыдыхьэм. Уи щхьэгъусэр уэндэгъущи, щIалэ къыпхуалъхунурэ уилъ ищIэжынущ – щIым къыхэжа жыгыщIэр аращ.

– Ари хъунщ, – жиIащ нартым. – ЕтIуанэ жэщым слъэгъуаращ: мэл хъушэм сыхэплъэри, зытI фIэкIа яхэслъэгъуакъым. Ар зищIысыр сыт?

– Ар дэ ди псысэкъым, ар ди ужь къихъуэнум я псысэщ: жылэм я унафэр зы лIым и IэмыщIэ щихуэн зэман къэхъунущ.

– Ари хъунщ. Ещанэ жэщым слъэгъуаращ: щIопщыкъу къэсхьынщ жысIэри мэзым сыкIуащ, «мыр хъунщ щIопщыкъу» жысIэри, зы къудамэкIэ сыIэбати, нэгъуэщI зы къудамэ цIыкIуми зыкъишиящ: «Сэ сыпыупщI», – жери. Ари сытым хуэпхьрэ?

– Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: я адэхэр унэм къранэурэ я къуэхэр хасэм хыхьэ хъунущ.

– ЕплIанэ жэщым сызэпщIыхьар мыращ: хъупIэм шы псэф сыщрихьэлIати, езым сыкъищIакъым, и ныбэм илъым и щыщ макъ зэхэсхащ.

– Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: я шыпхъу нэхъыжьыр къыданэурэ я шыпхъу нэхъыщIэхэм дэкIуэу къаублэнущ.

– Етхуанэ жэщым лъахъстэн вакъэмрэ выфэ вакъэмрэ жыгым зэрыдэмыгъэкIуейуэ сепщIыхьащ. Сытым хуэпхьрэ?

– Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: бжьыгъуэр зэпаубыдынурэ цIыхур зэрышх-зэрылI хъунущ.

– Еханэ жэщым си нэгу щIэкIащ: мэшым и хъугъуэти, мэшых сыщыкIуэм мэшыр къуалэбзум яхъуауэ срихьэлIащ – ху напIэм ху исыжакъым. Сытым хуэпхьрэ?

– Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: щIым и Iэфiыр щIэкIынущ.

– Ебланэ жэщым сызэпщIыхьаращ: зекIуэ сежьауэ гъуэгум сыщепсыхри си щIакIуэр субгъуати, сышэсыжынщ щыжысIэм, си щIакIуэм хъумпIэцIэдж къежауэ слъэгъуащ. Ар сытым хуэпхь хъуну?

– Ари дэ ди псысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я псысэщ: ди ужь къихъуэнум хъумпIэцIэдж хуэдизщ я инагъынур.

# Нарт шумрэ щакIуэмрэ

Зы щакIуэ Афэбг лъапэ техьауэ нарт шу ирихьэлIащ. Нартым гуу кърихуэкIырт, кърихгъазэ щхьэкIэ, IэщIэкIыжурэ, гуур хъупIэм илъэдэжырт.

Къыщыхуемыгъазэм, нартым гуум и бжьэр иубыдри, щIым къытричащ, и шыплIэм къыдидзэри, Афэбг лъапэ къытекIыжащ. Ар щилъагъум, щакIуэр щтэри, нартым шы кIэбдзкIэ кърииуда кумбым итIысхьащ:



– СыIэщIэкIуэдэнщ, сыIэрыхьэмэ, – жери.

Гуур и шыплIэм къыдидзауэ хъупIэм къыздикIыжым, нарт шум кумбым ис щакIуэр къыIэщIэлъэгъуащ. Кумбым щхьэщыхьэри, щакIуэм еплъащ нартыр.

– Мыр сыт цIыху лъэпкъ, мыр зэрыцIыкIужьей, си шым и лъэмбым къищыркъым, – игъэщIэгъуащ нартым. – Пу, пу, пу уэ Iейр! Мыр къыщытхыхьакIэ нартхэ ди кIуэдыжыгъуэр къэсащ, – жери, нарт шур ежьэжащ, щакIуэр шы лъэмбым кърихэри.

# Бжьахъуэм и къуэ

Гъатхэр къихьэри, уэфI щыхъум, нартхэ я бжьахъуэм и бжьэр дишри, тIуащIэм бжьахъуэ пщыIэ щыхисащ. ПщыIэр хисауэ бжьэр игъэхъуурэ, бжьахъуэм щIалэ къыхуалъхуащ. Гущэм хапхащ бжьахъуэм и къуэр. Хапха щхьэкIэ, яхухэлъакъым:

– Си адэр, – жери гущэпсыр къызэпичащ.

– Уи адэр тIуащIэм дэсщ, бжьэ егъэхъури, – жраIащ щIалэм.

Гущэм къафIыхэкIри, жыхафэгум къытеуващ бжьахъуэм и къуэр.

ТIуащIэм ежьауэ гъуэгу здытетым, бжьахъуэм и къуэм шууищ кърихьэлIащ.

– Уий, мыр зэрыцIыкIунитIэ, нэщIэпкIэ хуэдизи узэрыхъур! – къыщыдыхьэшхащ шууищыр. – Дэнэ уежьа?

– Сэ сыздежьам сыт хувиIуэху, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – Фэ фыздежьар къызжефIэ.

– Шы дыгъу докIуэ, гъусэ укъытхуэхъумэ, уздэтшэнщ, – къыдэгушыIащ шууищыр.

– Сыфхуэхъунщ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – Сыздэфшэ.

Бжьахъуэм и къуэр ягъэкIэсри здрахьэжьащ. ЗдэкIуэм, уэтэр ирихьэлIащ. Iуэм вы итти:

– Iуэм ихьи, зыв къиху, – жраIащ шууищым бжьахъуэм и къуэм. – Выр дукIынщи, лэгъупыIэмпIэ зэфIэддзэнщ – дыгъуэмылэншэщ.

Бжьахъуэм и къуэр Iуэм ихьэри, шууищым къегуоуащ:

– Iуэм нисхунур вы къуэлэн, вы джабэху, вы джэмыдэ, вы уэгуш? – жери.

– УмыкIий – дыкъебгъэщIэнущ! – гузэващ шууищыр. – Сытми, зыв къихуи, Iуэм къикI.

Бжьахъуэм и къуэм Iуэм зыв кърихури, шууищыр мэзым щIыхьэжащ, хуейм ихьэри выр яукIащ, лэгъупыIэмпIэ зэфIадзэри, лыр халъхьащ. Псыр къыщытекъуалъэм, бжьахъуэм и къуэр лэгъупым хэпкIащ. Шууищым гу лъатакъым бжьахъуэм и къуэр лэгъупым зэрыхэпкIам.

– Си пэр ес, си нэр ес! – къыхэкIиикIащ бжьахъуэм и къуэр лэпсым, и щхьэр къыхигъэжри.

Къэхъуар къагурыIуакъым шууищым: зэрыгъащтэри мэзым щIэлъэдэжащ, яшхэр къагъанэри.

Бжьахъуэм и къуэр лэпсым къыхэлъыжащ, лыр вати, лэгъупыр и дамэм фIидзащ, зыш къэшэсщ, шитIыр IумпIэкIэ иубыдри къежьэжащ.



КъакIуэм-къалъэурэ, нартхэ я шыбзыхъуэм ирихьэлIащ бжьахъуэм и къуэр.

– Уанэкъуапэм укъыкъуэщыркъым: дэнэ укъикIрэ, дэнэ укIуэрэ? Шыри дэнэ къипха? – къеупщIащ нартхэ я шыбзыхъуэр.

– Сосрыкъуэ шыбз гуартэ къихуауэ егуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – УхокIыж.

– Iэгъу! – жери, шыбзыхъуэр ежэжьащ. Шыбзыхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм нартхэ я шыбзыхъуэм и шыбз гуартэр кърихужьэри, къежьэжащ.

КъакIуэм-къалъэурэ, нартхэ я выхъуэм къыIущIащ.

– Шыбзыр дэнэ къипхурэ? – къеупщIащ нартхэ я выхъуэр.

– Бэдынокъуэ шыбз гуартэ къихуауэ егуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – УхокIыж.

– Iэгъу! – жери, выхъуэр ежэжьащ. Выхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм вы хъушэр къызэщIикъуэри, и гъуэгу теувэжащ.

КъакIуэм-къалъэурэ, нартхэ я мэлыхъуэм Iууащ.

– Шыбзри вы хъушэри дэнэ къипхурэ? – къеупщIащ мэлыхъуэр.

– Ашэмэз шырэ вырэ къихуауэ егуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – УхокIыж.

– Iэгъу! – жери, мэлыхъуэр ежэжьащ. Мэлыхъуэр щежажьэм, шыбзымрэ вымрэ мэл хъушэри къыщIигъури, бжьахъуэм и къуэр къежьэжащ, и адэм деж нэсри:

– Шыи, выи, мэли къыпхуэсхуащ, – жриIащ.

– Уэ езыр ухэт? – къеупщIащ бжьахъуэр, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъымрэ иубыдри.

– Нартхэ я бжьахъуэм срикъуэщ, – жиIащ модрейм, къепсыхри. – Бжьэр къыдэпшауэ сыкъалъхуащ. Бжьэр къэпщIмэ, пIэщIэкIынкIэ сышынэрти, сыкъыпкIэлъыдэкIащ.

# IутIыж Борис теухуа псалъэзэблэдз




*ЕкIуэкIыу:* **8.** IутIыж Борис и трагедие цIэрыIуэ. **9.** «ЩIалэгъуэ алъпым ... уанэр / Тызокъуэзэжыр сэ, — уи ней!» (Борис и усэ сатырхэм щыщщ). **10.** «Жэнэт бзу дахэу къэтIысауэ, / Си ... Iэджи къызжеIэж». (IутIыжым и «Элегие» усэм щыщщ). **11.** «Тыргъэтауэ» спектаклым Джэгъэтей и ролыр щызыгъэзэщIа, РСФСР-м и цIыхубэ артист. **12.** «Сэ ... сщIэркъым зыри, Тыргъэтауэ, / Псэр хьэхуу къыуату укъалъхун нэхъ гуауэ». («Тыргъэтауэ» пьесэм щыщщ). **14.** ГущIэгъу, цIыхугъэ, пщIэ, ..., / Гуапагъэ, гу къабзагъэ, лъагъуныгъэ ... / А псори нобэ зыми имыщIыс / Зи гъуазэ закъуэм дежкIэ къулеигъэр». (Борис и усэ сатырхэм щыщщ). **17.** «Нартхэм я ...» — IутIыж Борис и драмэ. **18.** Гухэлъ, лъагъуныгъэ къикIыу IутIыжым и тхыгъэхэм къыщигъэсэбэп псалъэ. **21.** «АдыгэлI ... нэгъэса» — Бемырзэ Мухьэдин IутIыжым хуитха усэ. **23.** «... къимыхьар жьакIэм къихьыж-

къым» — Борис и «Кушыкупщ» драмэм узыщрихьэлIэ псалъэжь. **24.** «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Кушыкупщ», «Эдип», «Лъыгъажэ жэщ» пьесэхэми, гушыIэрэ ... зэхэлъ тхыгъэхэу «Гуащэмыдэ хьэблэ», «Шамхьун и фызышэ», «УгушыIэнумэ, къеблагъэ», «ГушыIэ махуэ апщий!», нэгъуэщIхэми театрым и пщIэр лъагэу къаIэтащ». (ЖьакIэмыхъу КIунэ IутIыжым хужиIахэм щыщщ). **26.** «Ажалыр ... гуфIакIэм зиудыгъуауэ. / Зым ищIэркъым абы зыкъызэкъуихыу / Хьэрш кIыфIым ди псэр щихьыжынур, тхихыу» («Тыргъэтауэ» трагедием щыщщ). **28.** «... жыг» — Борис и новеллэ. **29.** IутIыж Борис илъэс куэдкIэ зи унафэщIу щыта журнал.

*Къехыу:* **1.** IутIыжым и «Тыргъэтауэ» трагедием и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм щыщщ, Синдей (Синдикэ) къэралыгъуэм япщщ. **2.** «Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщIэм, — / Ар си гум ейщи, иреIэж. / ЩымыIэу зыри сыкъэзыщIэ / ... насыпым сыIуощIэж...» (Борис и «Элегие» усэм щыщщ). **3.** «Адыгэ ...» — IутIыжым и тхылъ. **4.** «IутIыж Борис бзэ телъыджэ ... . Абы и тхыгъэхэм сыкъеджа нэужьщ ди анэдэлъхубзэм и бзэрэбзэкIэр, и къарур, и дахагъэр щызызыхэсщIар» (Шыбзыхъуэ Басир IутIыжым хужиIахэм щыщщ). **5.** Драматургым и гушыIэ пьесэхэмкIэ ягъэува спектаклхэм Жьэмыгъуэ и ролыр щызыгъэзэщIа, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ. 6. «... гушыIэрей» — Борис и рассказ. **7.** «Тыргъэтауэ» спектаклым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ. **13.** «... , жьыбгъэ! Щыгъэт уи пшыналъэр! / Псалъэр Кавказ къуршыжьхэрщ!..» («Тыргъэтауэ» трагедием и прологым щыщщ). **14.** «КъэмытIэпIа ...» — IутIыжым и усэ. **15.** «... ар?» — прозэу тха усэ. **16.** «Абы итхам езым ... хуищIыжыфырт икIи ухэIэбащэу идэнутэкъым. Пэж жыпIэнумэ, ущIеIэбыжыни щымыIэу тхэфырт ар, щыщIалэ дыдэми къыщцыщIэдзауэ». (ТхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд IутIыжым хужиIахэм щыщщ). **19.** IутIыжым и трагедие. **20.** IутIыж Борис къыщалъхуа къуажэ. **22.** «Тыргъэтауэ» спектаклым Шупашэ и ролыр щызыгъэзэщIа, УФ-м и цIыхубэ артист. **24.** «... , чэнджэщ куэдым ухэмыту, / Сыкъащтэ, къакIуи, уэ сызэрыщыту». («Тыргъэтауэ» пьесэм щыщщ). **25.** «Ауэ дауэ уи гум узэребэкъуэнур, — / Абы и блэкIари нобэри ...». (IутIыж Борис и усэ сатырхэм щыщщ). **27.** «Уэрэдхэм я нэхъыфIыр зыхуаусыр / Зы цIыхум къыхуэщIакъыми зищIысыр, / Зым жеIэ ар тхьэ инхэм къабгъэдэкIыу, /Адрейм ... шейтIанхэм я гукъэкIыу. («Тыргъэтауэ» пьесэм щыщщ.) **28.** «... зи нэщэнэу щымыт дуней гъащIэм зэрытегъэпсыхьамкIэ хуабжьу зэщхьэщокI цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ» (IутIыжым и «Мазэгъуэ жэщ» новеллэм щыщщ).



---

**ЕплIанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** МахуэлI. **6.** Жагъуэгъу. **10.** Хьэсэ. **11.** Журт. **12.** Теунэ. **13.** Къалэн. **15.** Ныбгъуэ. **16.** ФитIнэ. **17.** НэхъыфI. **21.** Зыкъом. **22.** Жыгъыру. **23.** Алътес. **25.** Пэгун. **27.** Арэф. **28.** Андез. **29.** Ботэщ.

*Къехыу:* **1.** Балэ. **2.** Щэбэт. **3.** Гъатхэ. **4.** Чэнж. **7.** Бэлагъ. **8.** Мэуэт. **9.** Гурыгъуз. **14.** НатIэм. **15.** Нэхъыжь. **18.** ЦыкIуэкI. **19.** Уэтэр. **20.** Ерчэн. **23.** Аргъуей. **24.** Сыхон. **26.** «Нанэ». **27.** Агъэн.

**ІУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№5**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Essential Кармоков,
Астемир Татроков, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 28.09.20. Выход в свет 09.11.20
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.000 экз. Заказ №2209
Подписная цена на 2 месяца 34р. 73к.
Подписная цена на 6 месяцев 104р. 19к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ставрополь щІыналъэ, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».

Жинтым тетыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ ІутІыж Борисщ.

